

1, 2 Januwari 1868

Pawartos warni-warni

Kanjeng Tuwan Inggang wicaksana Guprenur Jendral kala tanggal kaping 9 wulan Dhesember ingkang sampun kapengker anampeni Kanjeng Tuwan Inggang wicaksana Yose Mariyah Dhaponte Hertoh, Guprenur ing Makao, saha para priyantun ingkang sami andherekaken sadaya, wah tuwan Mister, L.Y.H.Buman ingkang dados panguwasanipun Kanjeng Raja ing Portegal.

=====

Kanjeng Tuwan G.Pan Bisole, Residhen ing Borneo tanah sisih kilen ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

=====

Nitireja ing Magetan akintun serat kapacak ing serat pakabaran ingkang kawastanan Bintang Timur, menggah ungeling serat wau kados ing ngandhap punika:

Sakathahipun para tiyang wawadayan wonten ing peken Sima bawah Dhistrik Jagaraga tanah Ngawi Paresidhenan ing Madiyun punika sami kasusahan, menggah kasusahanipun kados ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika:

Kaleres ing dinten Akad sapriki sampun watawis lami, wanci enjing pukul gangsaal, kula kesah saking griya dhateng peken Sima ambekta barang gagramen, konca kula wonten tiyang tigangdasa, inggih sami ambekta bnamg gagramen, badhe kawade dhateng peken ing ngriku, sareng wanci pukul kalih welas siyang wonten tiyang nenem sami mirantos ing dadamel dhateng ing peken Sima, nunten ingkang satunggil saking titiyang nem wau amurugi konca kula gagramen awasta Mursilan, saha anedha ningali sinjang kalih badhe katumbas, Mursilan lajeng angulungaken sinjang kalih punika kamawi amratelakaken reginipun.

Sareng tiyang satunggil wau sampun anampeni sinjang kakalih, lajeng lumajeng dhateng salering dhusun Sima kalayan ambekta sinjang kalih wau, wonten ing ngriku tiyang punika lajeng ical, ing nalika punika inggih kabujeng dening kang gadhah sinjang, kaelokaken boten kendel-kendel, maksa tiyang wau boten kacandhak lajeng ical, menggah kancanipun gangsal tiyang ingkang malajengaken sinjang sanalika inggih sami lumajeng angener lumebet ing wana, ingkang tebihipun saepal saking peken ing Sima.

Kula eram sanget dene ingkang jagi peken sami boten wonten atandang-tulung, saha tansah kendel kemawon, boten purun anyepeng tiyangipun durjana.

Sakalangkung bedani pun kala mas Panji Prawira Atmaja taksih dados wadana wonten ing dhistrik Parang tanah Panaraga, Mas Panji Prawira Atmaja punika kakenceng ing pranatanipun saha prayogi, kala samanten boten wonten tiyang durjana purun-purun anyonyolong ing wanci rainten wonten ing peken, dene manawi wonten ingkang purun, amesthi lajeng kacepeng.

=====

Ambegal kalayan paksa wonten ing margi ageng, andakwa badanipun piyambak, pandakwanipun katulak dening pangadilan.

Wonten tiyang awasta Nusu, padamelanipun tatanen, agriya ing Palawali tanah Selebes, saha sampun dados mujanganipun titiyang estri anama: Dhe, punika kala tanggal kaping 18 Juni ingkang sampun kapengker kasowanaken wonten ing ngarsanipun pangadilan,

kadakwa gadhah niat amejahi ing tiyang.

Awit saking aturanipun para saksi sampun tetela kados ing ngandhap punika:

Tiyang ingkang nama Ruka panuju satunggil dinten ing salebeting taun punika kakesahan amebkta barang gagramen, saha badhe anumbasaken kopi dhateng tiyang estri wau.

Pun Nusu mireng bab anbggenipun badhe jejesahan pun Ruka wau, lajeng angadhang ing margi ageng, sareng pun Ruka katingal langkung wonten ing ngriku, lajeng kawaos dhateng pun Nusu saking ngajeng kenging sangandhaping iga butul ing geger, pun Ruka sasampunipun kenging kawaos, tumunten lumajeng, dene barang babektanipun kapendhet dening pun Nusu, barang punika wonten ing kang lajeng kaangge dening pun Nusu, saha wonten ingkang kawade. Menggah pun Ruka anggenipun sakit awit saking kataton wau, lami-nipun ing dalem tigang wulan.

Menggah aturanipun pasakitan pun Nusu sareng kadangu wonten ing pangadilan, manawi piyambakipun angadhang pun Ruka wonten ing margi ageng, sareng pun Ruka sampun celak kaliyan piyam baki-pun, lajeng kawaos dhawah ing siti kalayan asambat: aku mati, sareng waos kadudut dhateng pun Nusu, pun Ruka lajeng angadeg saha lumajeng, pun Nusu ing nalika punika taksih agentosi dhateng pun Ruka, bokmanawi wangsul, sarehning pun Ruka boten wangsul malih, barang babektanipun lajeng kapendhet dhateng pun Nusu, saha badhe kawade kalayan Tamban, manawi pun Nusu sampun angadhang dhatng pun Ruka, punika supaods sageda amejahi dhateng piyambakpun, awit pun Nusu isin dene pun Ruka angetengi dhateng titiyang estri ingkang kasebut ing nginggil wau, punapa malih punn Nusu ingkang wau boten gadhah sedya amendhet barangipun pun Ruka kadamel kauntunganipun piyambak.

Pangadilan boten anganggep aturanipun Nusu, kados:

Inkang sapisan bab amnggenipun amastani wawratipun tiyang estri wau.

Ingkan kaping kalih, manawi pun Ruka kalampahan remenan kaliyan tiyang estri wau, amesthi badhe boten andadosaken sabab anggeni-pun isin wau,

Ingkang kaping tiga, manawi pun Nusu boten saged gadhah sedya amejahi dhateng pun Ruk, awit manawi gadhah asedya amejahi, amesthi lajeng ambujeng dhateng pun Ruka sasampunipun kawaos.

Awit saking punika ing mangke pun Nusu katetepaken ing dosanipun ambegal tiyang kalayan paksa wonten ing margi ageng, mila kapa-trapan paukuman, katrapaken ing padamelan paksa laminipun 20 taun mawi karate wonten sawining tanah Selebes, katingalaken ing ngakathah rumiyin wonten sangandhaping pagantungan, danguni-pun saprapat jam.

Rad Luhur karsa angewahi ing tetepa ing dosanipun wau, pun Nusu katetepaken dosa dening Rad Luhur, anatoni tiyang kalayan kasedya, kanthi ambegal wonten ing margi ageng, dene paukumanipun wau sampun kaiden ing Rad luhur.

=====

Sakalangkung anggigirisi manawi sayektos bab lalampahan ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Kala tanggal kaping 2 wulan Agustus ingkang sam[un kalampahan ing Dhistrik Uhiyo, wonten tiyang estri manak medal rare wolu, tiga jaler gangsal estri, sami gesang sedaya saha seger kasarasan, ananging rare wolu punika sami alit-alit sanget, biyunging rare

sampun nem taun anggenipun imah-imah angsal bojonipun anama Enisemoweri ingkang sakalangkun lema saha wawratipun 273 pon kala angsal biyunging rare wau. Menggah biyunging rare punika ing ngajeng sampun manak medal kembar ngantos kaping kalih, ing mangke gadhah anak medal wolu, dados ing dalem taun gadhah anak sadhosin.

=====

Ngayogyakarta ping 9 Dhesember 1867

Sasampunipun ingkang tabe kaurmatan ingkang kathah-kathah, kaaur ingkang saudara tuwan F.Jaspres enko, ingkang kadya sapunika awiyos, mugi kkapacaka ing serat Jurumartani, sumerep panjurung kabar bab lampahipun ing nagari Ngayugya, kala wonten lindhu ageng punika para priyantun ageng ngalit, utawi tiyang sabrang sapanunggilanipun, sedaya sareng sampun sami tampi ganjaran wani yatra, wonten kantor, sami memuji, sokur, dhateng kang maha suci, mugi-mugi gusti Allah, anyembadanana, ingkang dados panuwunipun, ingkang paring ganjaran.

Wondene ingkang dados kumisi jawi, Raden Tumenggung Gondaatmaja, 2, Bupati Kumasilahir, Raden Tumenggung Sasrakusuma, Wlandi Tuwan Bikman, punika inggih sami kula puji, sami ya adil pala, marta, ingkang dados prenatalipun, o anamung kedhik anggenipun bage, tepsiran karisakan wau, kirang ngadil, tondha ingkang katepsir kathah, ganjaran angsal kedhik, ingkang katepsir kedhik,. dados angsal kathah, punika para bendara kumisi, wau kula nuwun priksa, punapa mendhet sangking tepsiran karisakan, punapa mendhet wewaton sangking kalenggahan.

Inggih punika sanget sanget palimarma kula dhateng bendara kumisi.

Kertalelana

=====

Ing sasaget sage kawula kepingin sumerep, bab kados pemanggihipun Wa. awit manungsa wonten kang tinitah luhur kadrajanipun, ing jaman kina dumudi jaman samangke ugi tasih lulus andhap luhuring kadrajan wau.

Utawi kathah kang merlikaken ambudi sageda tambah kadrajanipun malah wonten kang saget patangan amilujengi nglampahi melek sasaminipun, pamrihipun katrimaha kang dados pengajeng-ajengipun, lo punapa kadrajan wau medal saking karsanipun ingkang kuwasa apaparing.

Anggen kula matur ing sampeyan makaten wau supados angicalaken pamanggi ingkang sumelang, sab kula pirengaken limrah sami angajeng-ajeng ingkang mokal, punapa inggih sambetn tiyang pinter dados pujongga, rak inggih dereng tretamtu.

Wonten satunggiling priyantun agung boten sumerep sastra inggih kathah kemawon, kados ta ingkang nami karyastra inggih dereng dados wedana, leresipun sampun wasis damel sastra pantes pikantuk kadrajan wedana, nanging bilih karyastra ing Bogor sanes mantri namung pengakenipun piyambak mawon mantri lah punika kula sumongga kang dados penggalih sampeyan mas, Wa.

Sawab para kaum kathah anyorahaken ujaring kadis utawi kitab, nanging boten purun anglingmrahaken bab pemanggihipun satunggal tunggaling titiyang kang sampun kapacak ing serat kabar sasaminipun, Krawang ping 10 Dhesember 1867.

Katandhan Kramaruci.

=====

Ing serat Jurumartani angka 34 wulan September taun punika ugi, kula sampun anupiksani tapak astanipun JHP, saha mawi anyariyosaken menawi ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Ing Ngayogyakarta, sampun kagungan guru jawi priyantun taruna kekalih, saking kangjeng Guprenemen tilas murid calon guru jawi wedalan pamulangan ageng ing nagari Surakarta, sarta salajengipun tumunten kinen mulang para putra tuwin sentana abdi dalem alit sasamenipun, ingkang punika mila saleresipun kimawon ananging rehning kula punika penganan sanget dhateng bongsa kawruh wusana saking adrengipun manah kula badhe sumerep sareng kula klampahan sumerep ingkang dipun wulang sarta ingkang kawulangaken, o lajeng sake-langkung anggen kula jengre lenger-lenger jetung ngungun, alegeglegeg sarta jonblong sapanduratan saged angusap, anggen kula mengkaten wau dangu-dangu welas sanget aningali pamulangipun priyantun taruna kekalih, dhateng para siswanipun atyang ingkang kawulang kaliyan ingkang mulang, semu sami boten dados kajengipun wekasan inggih saragi kemba, dene jalaraning saragi kemba wau saragi wonten leresipun la inggih kagaliya, tiyang ingkang

kawulangaken namung tembung Wlandi kaliyan seratanipun thok
wangsul tiyang jawi sinaosa saged dhateng tembung Welandi mongka
tembung sarta sastranipun piyambak kathah ingkang dereng kasu-
merepan ingkang mengkatan wau rak kenging kawastanan pados cara
nilar tata, dados kawruh sanesipun boten dipun cakaken, mongka
saking pamireng kula boten satunggal kalih tiyang kathah kimawon
para priyantun ing nagari Ngayogyakarta, sami cacriyosan menawi
priyantun taruna kekalih wau sampun kathahh menggah ing kabang-
kitanipun kados ta bab etang, ngelmu siti ngukur tuwin damel kar,
punapa dene tembung tuwin saseratan jawi mlajeng sarta pugunan
sanesipun ingkang tumrap dhateng tiyang jawi sampun kalebet
anyekapi, anjawi saking punika tur ingkang sinuwun wau malah
sampun kagungan guru wlandi satunggal anamung ingkang kawulan-
gaken inggih namung tembung wlandi thok dhateng tembung jawi
teksih cotho, sarta kawruh sanesipun boten kaserepaken dhateng
siswanipun, mila kula gumun ambakna nami sekolah, upami para
putra wau, kasuwunan priksa gunggung nyengklong kimawon boten
sumerep dhateng jawi utawi mlajeng inggih boten sumerep ngelmu
siti malih yen sumerepa o, mila kula seklangkung eman sanget yen
amirengaken saking kuwasisanipun priyantun taruna kekalih wau
pami boten ngantos saha mradinaken kuwagedanipun ingkang anyekapi
ngatasipun dhateng musanipun ingkang teksih cupet kawruhipun, e
ananging tyang kula nembe mireng saking gethok tular,, yen pasu-
witanipun priyantun kakakliw wau malah ing sapunika meh boten
wonten damelipun, o, kula tan saya welas dene kula mireng kabar
anggenipun anglampahi ayahan kesakit-sakit puruita wonten pamu-
langan sampun pirung taun laminipun, wusana sareng sampun wang-
sul ing pasuwitanipunlami malih, meh boten patos kagem ing pasu-
witanipun, o, atyang kesangetan boten murwatir sanget delasan
tedhanipun namung seda sawang, ing dalem sawulan dados piyantun
kalih namung kalih dasawang. Ananging menggah lelampahanipun ing
saben dinten priyantun kekalih wau meksa teksih prangyogi tinelad
ing ngakathah bab taberenipun ing pasowanan tan kenadhat ing
saben dintenipun ingkang punika kula gadhah pamuhi mugimugi
sawrenining taruna ingkang sami suwita ing gustinipun mugisageda
gadhah lelampahan prasetya ing gusti, kados lelampahanipun pri-
yantun kekalih ingkang saking pamulangan ageng ing Surakarta wau,

saben dinten sah mabukuh wonten ngarsaning sang nata.
Sinerat ing Ngayogyakarta ping 8 Dhesember, onka 1867,
Katandhan, Tanyana.

=====

Cariyosipun Retnamanik, ingkang putra Prabu Brawijaya wekasan.
Kacariyos ing Majapahit, mangkya Prabu Brawijaya saweg sungkawa
dening putranipun pawestri ingkang anama Retnamanik anandhang
gerah roga, para usada boten wonten ingkang tumama, dados Prabu

Brawijaya andhawahaken undhang sayambara, singa ingkang maluyakaken gerahipun Retnamanik, badhe kadhaupaken sarta kaparingan nagari ing nalika punika waradin ingkan g dados undhang sayambara nata, mila akathah titiyang ingkang sami amarsudi usada, utawi angupados patakenan patraping gunasarana.

Gentos kacariyosAdipati ing Gegelang, kang anama Arya Urawan, matur dhateng Patih Gajahmada, manawi kala rumiyin sampun anglampahi sakit roga madal sakthahing ngusada, wekasanipun waluya dening Cina neneman saking Sidayu, anama cucu, kawarti sutanipun papatih ing nagari Cina, sareng sampun kalampahan sakit roga punika waluya, Cina pun Cucu kapendhet anak, samangke taksih wonten ing Gegelang, kacepengan sakathahi8ng pangawasa.

Ing nalika punika Patih Gajahmada dupi amiyarsa aturipun Arya Urawan teka andadosaken panggarjitaning galih, lajeng sohan ing ngarsanipun Prabu Brawijaya, angaturaken pawartos saking Arya Urawan, ing ngriku Prabu Brawijaya asny suka lajeng dhawah kinen animbali Cina nemneman ingkang anama pun Cucu punika, enggaling cariyos sampun dhateng kairifd sowan ing ngabyantara nata, sareng sampun Sinambrama ing pambage, pangandikanipun Prabu Brawijaya sarwi angrerepa mundhut usadaning putra, aturipun pun Cucu anuwun inah mangke dalu kalilanana angubengi sajawining pasareyanipun saputri ingkang gerah punika, Prabu Brawijaya sampun anglilani.

Sareng ing dalu pun Cucu angubengi sajawining pasareyanipun sang Retnamanik, sarwi amumuja satataning cara Cina, ing nalika punika pun Cucu katubruk ing sima nanging panggah lajeng dados prang rame, wadya punggawa ingkang angirid lampah sami giris aningali solah ing sima langkung galak anggigilani, ing wekasan sima sirna katingal wonten rajah kados gambar sima sinerat ing rontal, lajeng kaaturaken dhateng Patih Gajahmada, pun Cucu andumugekaken denira angubengi pasareyan, ing nalika punika sinaut ing naga agung, pun Cucu panggah lajeng dados prang rame, ing wekasan sawe naga sirna, lajeng katingal wonten rajah kados gambar sarpa sinerat ing rontal, kaaturaken dhateng Patih Gajahmada malih, sareng wanvi bangun enjing pun Cucu muja samadi wonten prenah ulon uloning pasareyan, ing ngriku katingal wonten cumalorot saking pasareyan dhawah wonten samadyaning sendhang pasiraman, enjingipun kaupadosan salebeting sendang kapanggih warni tigan wukan rinajah rara kawongan, lajeng kaaturaken dhateng Patih Gajahmada malh, konjukipun dhateng Prabu Brawijaya andadosaken pangunguning galih asmurudita, pangandikanipun, sapa baya kang amanggawe putraning sun iki, pun Cucu matur, manawi dereng kapanggih ingkang amandamel punika putra dalem dereng kening kausadan, mila prabu Brawijaya lajeng adhadhawah dhateng Patih Gajahmada, kinen amatah wadya punggawa ingkang angupados tiyang amandamel punika, Patih Gajahmada matur sendika lajeng damel pangrekadaya ingkang boten angreka dayanipun patiy Gajahmada anglempakaken para jajaka ingkang sami kalebet kawula warga,

punika dinawuhan kinen sami angguguru ngelmi guna pangasihan
dhateng para pandhita ajar tuwin dhukun ing sapanunggilanipun,
mawi kabektanan ingkang dados pisaratipun, sareng sampun wineling
weling suraosing karsa, poara jajaka lajeng sami mangkat sosowan-
gan.

Cariyos punika taksih wonten candhakistanipun.

=====

2, 9 Januwari 1868

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng tuwan Dhegrot-kolep enko ing nagari Surakarta, ing mangke sami kaemutaken ing wekasan sapisan punika, ambayara sambutanipun, supados sampun ngantos amanggih ingkang dados rengating manah.

Menggah prakawis sambutan wau sampun kaping pinten pinten kemawon kaemnutaken ing pambayaripun, malah ngantos kalampahan kaemutaken ing pambayaripun wau kapacak wonten ing serat Jurumartani, punapa malih sampun kakintunan serat kapurih bayaripun, ananging kathah ingkang sami gadhah sambutan wau boten suka wangsulan bab badhe pambayaring sambutanipun.

Inggang punika manawi ing dalem kawan welas dinten kaetang saking sasampunipun kapacak serat punika wonten ing jurumartani, mongka para tiyang ingkang sami gadhah sambutan kados ingkang kasebut ing nggiling wau dereng ambayar sambutanipun, punika mugi andadosna serepipun, manawi tuwan Dhegrotkolep enko badhe anyuwun pitulung dhateng para kanjeng tuwan residhen ingkang sami ambawahakendhateng para tiyang ingkang sami anyambut wau, punapa malih namanipun ingkang sami gadhah sambutan punika badhe kalebetaken ing serat Jurumartani.

Awit saking namanipun tuwan Dhegrotkolep enko.

Katandhan Tuwan Jaspres.

=====

Para tiyang ing mangke sami saged pikantuk atumbas serat pananggalan ing taun 1868 regi 1 rupiyah langkung 10 sen wonten ing tokoniopun tuwan Jaspres enko ing nagari Surakarta.

Menggah serat pananggalan wau pandamelipun sakalangkung pikantuk ing ngatasipun para priyantun tuwin militer, wah para tiyang partikelir. Sarehning serat pananggalan ing taun ingkang sampun kalampahan sakalangkung kathahing papajenganipun, dados ing mangke boten susah para priyantun kula aturana, supados sami amundhuta serat pananggalan ing taun punika, awit saking sampun uninga piyambak ing pikantukipun

Katandhan tuwan Jaspres enko.

=====

Para tiyang ing mangke sami saged pikantuk atumbas wacucal wonten pasamakan ing Baron, pratelanipun kados ing ngadhap punika:

Wacucal pirantos kadamel sul, kawade katosan.

Wacucal pirtantos kadamel kap, kawade blebakan.

Wacucal pirantos kadamel rangkepan jawi, kawade blebakan, satunggil tuwin satengah blebek.

Wacucal pirantos kadamel pakeyan kareta sapanungilanipun, kawade blebakan, satunggil tuwin satengah blebakan.

Menggah reginipun murwat saha panumpasipun bayar kenceng.

=====

Tuwan A.Y.Phut Kontelir Twedheklas, ing mangke kakula wisudha dados KOntelir Irsteklas.

Kanjeng Tuwan A.A.M.N. Keeniyus RESidhen ing Samarang, ing mangke kalilan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

=====

Wiji Nila

Tiyang ingkang padamelanipun ananemi nila amratelakaken bab pananemipun nila. kados ing ngandhap punika:

kathah tiyang ingkang sami ngresula bab bosoking wiji nila awit saking agenging jawah, ing mangke manawi badhe anjageni sampun ngantos saged bosok wiji nila wau, patrapipun makaten: Payoning gulan ingkang kasebaran wiji nila, punika kadamela kados payoning gulan ingkang kasebaran wiji sata, inggih punika inggilipun payon ing ngajeng tigang kaki, ing wingking sakaki, menggah payoin wau angaubi wiji nila kalayan isis, saha ing lebeta padhang, dene wiji nila kakendelna wonten ing ngriku ngantos kenging katanem ing pategilan, manawi wonten jawah ageng wiji nila ingkang taksih alit saha kaauban ing payon wau, amesthi boten patos anandhang karisakan.

Sasampuning jawah deres, ngadat wiji nila lajeng katingal alum, manawi kalampahan allum, punika prayogi gulanipun kasiramana.

=====

Kapitan kapal tiyang Inggris amratelakaken, kala salebeting baitanipun kapal kaambah ing sasakit kolerah, saha ing dalem sawatawis jam titiyang ing baita kapal wau, kathahipun tigangda-sa, sami kenging sasakit kolerah, ananging sareng kaombenan jampi sumpel gendul aggur utawi inuman sanesipun, lajeng sami saras, jampi ingkang kados makaten punika sampun nate kaangge anjampeni tiyang sakit kolerah wonte ing tanah bawah Inggris utawi wonten nagari Inggris ing ngrika-ngriki, kadadosanipun sakalangkung sae. Menggah pandameling jampi wau sumpel gendul inuman kabesmi lajeng kabubuk, kaombekaken dhateng ingkang sakit kolerah, kataker sasendhok teh ngantos kebak kamoran toya, utawi kamoran puwan, manawi ingkang sakit dereng saras, kaombenan kaping kaliyh utawi kaping tiga ngantos sarasipun babar pisan.

=====

Pawartos saking Surakarta.

Ing dinten Senen tanggal kaping 23 Dhesember 1867 utawi kaping 26 Ruwah Ehe onkga 1796, abdi dalem panewu jaksa pradata saking garapan prakawis kriminil, wasta Raden Ngabei Surasastra, kinulawisudha dados Kaliwon Pulisi ing Kartasura, kapatedhan nama Raden Angabei Sura Hardaya.

2. Abdi dalem Panewu Pulisi Anononon ing Kapatiyon nama Radenm Ngabei Tirtadipraja, salowongipun pandamelan panewu jaksa wau, kinarsakaken ngrangkep damel lajeng anggetosi dados panewu jaksa. Surakarta kaping 25 Dhesember 1867.

=====

Panjurung kabar ing Jurumartani

Wonten kabar saking nagari NGayogyakarta, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Litenan KOLONel Komandhan Surya Sasraningrat, ing sak mentasipun tampi arta tulunganipun kanjeng guprenemen sak abndi-abdinipun ingkang sami manggih kapitunan tuwin kasangsaran margi saking lindhu kala tanggal kaping 10 wulan Juni taun 1867 punika. Lajeng andhawahaken serat undhang ing sabawahipun kados dening ngandhap punika pratelanipun.

Penget iki layang manira parentah undahng-undhang, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Litenan KOLONel KOMandhan Surya Sasraningrat, dhawuh ing para sentana, senjata abdimanira, kang wis padha nampani tulungan paringge kanjeng Guprenemen, ing sakwise anampani mau manira arep-arep banjura ana antaraning kaundhakan, lan aja pisan yen tampaning dhuwit mau banjur radi gawe ropyan-ropyan kang bakal andadekake katunan mung buru sukane atine, kejaba kena uga keng pancen perlu, ananging ya kelawan wetara duga prayogane,

kayata toh-tohan sapanunggalane, kenane yen penuju ana kalam mangsane, utawa pengagguran keng memper kadrajatane, iku wus manira tamtokake padha weruh ing ngukur keng bakal kira ora yen andadekna kasusahan ing pemburine, poma titi.

Iku banjur dhumawah ing pepatih manira kawratakna keng mupakat, ing bawah wewengkon manira Pakualaman kabeh.

Namung kedhik wonten abdinipun 6, ingkang sampun kapratelakaken wah 4 ingakng dereng kapratelakaken pangunguning kathah, dene sami boten angsal arta tulungan, malah ingkang 6 wau satunggal mawi kasangsaran pernah kakangipun ngantos pejah, margi karebahan banon gedhong, mila sangking piwelasiipun Kanjeng Gusti, lajeng sami kaparingan pyambak, nanging kathah kedhikipun boten trang. Sinerat nagatri Ngayogyakarta kaping 26 Dhesember 1867.

Kula ingkang nandhani Sa, Ma

=====

Panuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, ingkang mugi-mugi, serat kula punika kapacaka ing jurumartani sayektos.

Den Mas Jarene Suteja, rekane, Amtenar, ambekke, mulanepun antara lawas kula lagi mangsuli, labete sangking balilu, kurang ati, cupetbudi, dadi kurang mangerti, sak niki pun olah pangreti trerang, dadi mangsuli.

Kula pun sumurup, layang dika kang kasebut ing Jurumartani, sengadi mangsuli, STP.

Niku paribasan gutuk lor, kena kidul, jatine sing dikatuju kula, marga oleh kula dhemen milu mengaggo kaya carane Amtenar Batawi, aninggal penganggo kula cara jawa, sarehning kula bodho, cekak budi, mangsuli cekak mawon, mulane kula dhemen menganggo tiru

penganggone AmtenarBatawi, sabab kula dhemen diarani wong lumrah, suthik diartani wong menjila aneh, kapara angur diaranana wong bodho, lan miskin la sar sanyatane, boten sugih keris kaya den jarene.

Balik kula, atakon teng den mas pengakune, Suteja, rekane, Amtenar, ambeke, petakon kula, prakara, ngisor niki.

1. Tegese, jarene: 2, tegese, rekane: 3, tegese, ambeke, 4, dununge wong maling nama, 5 dununge wong maling basa, 6, dununge wong maling sastra.

6, Prakara wau, kadunungna kang dumunung, yen dereng trerang, takona teng kantor Letrekindhe, pasthi oleh katrerangan, kabehniku dumunung dadi siji, teng kang aran den Suteja.

Wong jeneng ngesitega, dadi bature opsewator nuli syambat kang nganggo bisa gawe orang ngarang,

Sinerat Batawi kaping 17 Dhesember 1867.

Katandhan Panji Suryawijaya

=====

Sinome sastra turongga, kawuwus kang manjing ati, kathahe pitulas sastra, untu ilat siyung gusi, cethak titiyang tuwin, tapak yang idep lan catu, wawiron pacet praya, coblong sithak pathak tuwin, kuncung bathuk iku ingkang manjing manah.

Untu cilik putih rata, ilat ingkang kiyat gilig, siyung ingkang gedhe cendhak, gusi ingkang rtata resik, cethak kang jero becik, titiyang ganep panuju, ywa pedhot kang tapak yang, lan gandheng irenge becik, idep ingkang mulus rempeg kang prayoga.

Catu ingkang becik dawa, wawiron ganjil kang becik, pacet kang becik anglintah, praya ingkang kereng manis, coblong jro jembar

beck, cithak ngiwa ubengipun, pathak gedhe prayoga, bathuk ingkang rata becik, kuncung becik ingkang angumbala wudhar.

Balung bungur kuping wayang, jalak ula ula kutis, gigir galeng tepak iga, jagel kalen purus sampil, konthol gendhok lan sikil, sakang wadi dang lan pupu, gandhik lawan andheman, pancadan gares lan wajik, clekuthikan jengku tracak tunggarona.

Kehe iku tigang dasa, sring otot panjinginreki, balung kang gedhe prayoga, bungur turut kandel bcik, wuluh pinagas kuping, jalak kang gedhe mandhukul, kang tipis keke wayang, kutis becik ikang ramping, dene gigir becik ingkang mapah gedhang.

La ula gedhe prayoga, lan ros-rosane kang pipet, gegaleng gedhe prayoga, tepak gedhe papak becik, iga rata kang cilik, sartane becik kang landhung, janggal kang keke besar, kalen ingkang jero becik, dene purus becik ingkang cilik cendhak.

Sampil kang gedhe sembada, konthol kang nguwoh ing manggis, sakang ingkang lurus lenggang, sikil lurus gehde becik, gendhok mungal geng becik, kang ngarit wadi dangipun, gandhik kang keke besar, andheman kang jembar becik, kang pancadan becik kang

ingkang jembar malang.

GAres becik kang malira, pupu gedhe pantes becik, wajik kang lekik prayoga, tunggarona kang ngedhasing, tekek kang patut becik, tracak kang nguwoh ing tanjung, teles mujur kang serat, jengku gedhe malang becik, ingkang jero becike kang clekuthikan. Irung ugel-ugel uwang, kempung kintel kucur kulit, pasu pipi telabikan, p[user telapuk kancethik, calung surilan silit, supit wulu wangkong wadhuk, juluk jiling jompong lan, janggut gulu buntut tuwin, bau bokong ingkang ameksi bangar.

Iku sastra manjing badan, sangalikul kathahneki, irung kang pipit prayoga, uwanmg micis gobog becik, ugel-ugel kang becik, gedhe pindhalunge waru, kempung becik kang lenggang, kintel nguler jedhung becik, kulit tipis kucur ingkang nguku bima.

Pipi kang alus prayoga, pasuya kang alus becik, puser becik ingkang begang, tlabekan kang nglulang aking, telapukan winarni, becik akeh likeripun, calungbecik kang dawa, cethik ingkang mungel becik, supit jero turut suri ingkang pera.

Silit kang mapon prayoga, wangkong gedhe mungel becik, wadhuk ingkang kedhemalang, wulu ingkang pandhes becik, jiling kang gedhe gilig, juluk becik ingkang dhuwur, janggut turut prayoga, jompong, mendhukul kang becik, gulu ingkang anglenging ingkang prayoga.

Buntut kang akeh kang pera, bangar ingkang ngelung pakis, bau kang gehde prayoga, dene bokong ingkang becik, ingkang pindha bokonging: maesa iku panuju, dipun anget-angete, unine kang nedya bangkit, lan lakune mugi dipun lampahana.

Pantes luwes deles lawan, netes nyataning turanggi, tegese pantes punika, sembada dedegireki, luwes tegesireki, kang katemu sastra-nipun, ingkang manjing ing manah, kathahe kawan prakawis, cithak kuncung tapak yang lawan titiyang.

Dene deles tefesira, kulite ingkang atipis, ingkang pandhes wulunira, lan malih tegesireki, netes ingkan gturanggi, kang katemu sastra-nipun, kang manjing ototira, kathahe kawan prakawis, tracak kuping bungur lawan tunggarona.

Kupinge wuluh katingas, netrane kacici guling, mukane kang bekalathakan, sirahipun anironti, ilat alit kang gilig, untu kawetu ing pucuk, ales menles kang nglemat, gulu dawa ngukel pakis,

ngarep mekar dene ingkan gcelkuthikan.

Anguku dawa katingas kang mangkureb tur maryageng, keboning jagung wentisnya, kang turut lurus tur alit, pupu kang mupu gangsir, kang aos bebokongipun, pukang kiyal sembada, bebokong nyongkok imbaning, dedegipun kang tangkil-tangkil asinga.

Kang bunder gantanganira, kang pindha uwoh ing manggis, lambe ingkan gnglambe kidang, kang tipis-tipis kang nglungsi, cendhak purus tur alit, kang keraket wetengipun, genep ingkang titiyang,

tapak yang gandheng tur langking, iku pantes kuda tunggangane raja.

Kaserat ing Bojanagara kaping, 21 wulan Saban, Warsa Ehe, onkwa 1796, Kula pun Pha.

=====

Punika candhaking cariyos ing Majapahit.

Gentos kacariyos ing wukir Tengger, wonten ajar anglampahaken ngelmi guna dhesthi panenungan, anama Ajar Kiripan, ing nmalika punika rare jajaka saking Majapahit ingkang satunggal, anama pun Pandhu kapanggih kaliyan Ajar Koripan, tinakenan angaken rare saking dhusun ing Karandhegan, anama Jaka Pandhu, sumedya aguguru ngelmi guna pangasihane, sabab adarbe kajeng dhateng parawan dhusun ing Wawar, anama pun Wanti, punika katampik amarfi pun Pandhu awon warninipun, telas wicantenipun pandhu sarwi angaturaken ingkang dados pisaratipun, Ajar Koripan anyagahi mulang ngelmi guna pangasihane, sareng ing wanci dalu lajeng winarah saliring guna pangasihane pn Pandhu sampun cakep, kala samanten Ajar Koripan kadhatengan murid ingkang saking Prabalinga, anama Raden Bambang, inggih punika puranipun ADipati Ondakara ing Prabalingga, wuwusipun Raden Bambang dhateng Ajar Koriipan awawarti manawi ing mangke Prabu Brawijaya sampun andhawahaken sayembara, singa ingkang maluyakaken gerahipun Retnamanik saestu katarimakaen, mila pangudinipun Raden Bambang aminta sarana usada, wangsulanipun Ajar Koripan manawi ing mangke sang putri sampun waluya dening tiyang sabrang, raden Bambang muwus malih, sanadyan waluya amongsa tulusa rahayu, manawi boten kapanggih wisaya ingkang kula pasang wonten ing pasareyanipun sang putri punika, nunten raden Bambang pamit badhe andhustha REtnamanik, Ajar Koripan kendel tanpa mawi wangsulan, sareng Raden Bambang mangkat, pun Pandhu pamit mantuk sampun kalilan.

Kawuwusa malih nagari ing Majapahit, Prabu Brawijaya tansah angungudi dhateng pun cucu enggalipun waluya ingkang putra, aturipun cucu anyuwun inah manawi sampun kapanggih ingkang aman-damel, ing mangke meh andhatengi badhe lampah pandung aguna. Sasampunipun makaten pun Cucu anuwun lilah badhe lumebet dhat-negn pasareyanipun sang putri, sampun kalilan lajeng lumebet kaliyan patih Gajahmada kemawon, kala samanten anuju ing wanci dalu sirep tiyang ownten katingal cumalorot kados antu, Cinanad-hak dhateng pun Cucu dados raden Bambang temah prang sami angaben kasekten, ing wekasan Raden Bambang kawon sampun kapikut katur dhateng Prabu Brawijaya, sareng enjing dinangu kendel kemawon, tiniti titi meksa boten amangsuli, ing nalika punika katungka dhatengipun pun Pandhu, matur dhateng patih Gajahmada ing salir-ing lalampahan sadya, katuripun ing Prabu Brawijaya lajeng dhawah animbali adipati Ondakara, enggaling ccariyos sampun dhateng, dhinawuhan yen pandung aguna ingkang kacepeng punika punapa yektos putranipun, Adipati Ondakara anyamanggakaken sarehning

sampun leresipun, mila raden Bangbang lajeng kapatrapan kabucal dhateng wana ing Lodhaya.

Kacariyos ing mangke REtnamanik sampun waluya kausadan dhateng pun Cucu, mila lajeng katrimakaken binayang kare ing dhaupipun, ing ngantawis dinten pun Cucu kakulawisudha dados punggawa, pinaringan nama Arya Sumangsang, pun Pandhu dados mantri Miji, pinaringan nama Rongga SATmata, ing ngalami-lami Arya Urawan pejah, Arya Sumangsang kagentosaken dados adipati ing Gegelang, amargi ARya Urawan boten darbe suta jalu, amung suta estri kema-won anama Dewi Sumemi kadhaupaken angsal Rongga Satmata.

=====

3, 16 Januari 1868

Para tiyang ingkang taksih gahdah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan September 1867, ing mangke sami kaemutaken ambayara sambutanipun wau saderengipun utawi satelas-ing wulan Januwari punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun sambutan bahe katagih medal saking panguwasaning parentah. Surakarta kaping 1 Januwari 1868

Katandhan ingkang nguwasani kantor lelang, Tuwan Bosuwer.

=====

Ing Magelang salebeting wulan Dhesember ingkang sampun kalampahan, amarengi ing dinten Senen wonten lalampahan ingkang adamel susahing manah, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Muridipun tuwan GPW, guru partikelir ing Magelang, anama Sinyobe, ngumur 13 taun, punika kesah kaliyan kancanipun murid sawatawis dhateng ing lepen Elo, badhe adus wonten ing ngriku, menggah ingkang tumut ing lampahipun para murid dhateng lepen, punika guru ingkang kabawah dhateng tuwan GPW wau.

Sareng dumugi ing lepen, Sinyobe lajeng acucul sandhangan, saha anyemplung ing lepen ingkang lebetipun amung watawis kalh kaki, salajengipun Sinyobe boten saged angadeg wonten ing toya ingkang lebetipun amung kalih kaki wau, lajeng silep salebeting toya, saha kabekta ing toya dhateng ing kedhung ingkang mulek toyanipun, kadadosanipun Sinyobe, sareng kaentas saking toya sampun pejah.

=====

Griya kabesmen ageng ing Hongkong tanah Cina.

Menggah griya kabesmen ing Hongkong kala taun ingkang sampun kalampahan, punika boten angungkuli agengipun, kados griya kabesmen ingkang dereng lami kalampahan ing Hongkong wau, wiwitipun kabesmen wanci sonten watawis pukul pitu, dene ingkang kabesmi rumiyin punika gudhang, ingkang kaprenah celak kaliyan griyanipun tuwan Sekelseako, saha isi jujutan, sareng jujutan sampun kabesmi sadaya, lajeng latu andilat empering griyanipun gebyog tuwan Sekelhaseongko, boten dangu griya gebyog punika lajeng murub, ing nalika punika salebeting kitha Hongkong titiyangipun sadaya sami uyeg sumerep wponten griya kabesmen wau, sareng makaten titiyang sami ambekta pompa, dhatengipun icir, saha pumpanipun ing ngriku inggih amung sakedhik, para pulisi, saradhadhu tuwin Matrus sami enggal amurugi panggenan kabesmen wau, saha atandang tulung, punapa malih guprenur tanah ing ngriku, saha ingkang dados panggenging para baita kapal, wah para opsir dharatan tuwin para opsir laut sadaya enggal sami dhateng ing panggenan kabesmen, ananging sarehning kirang rukunipun bab anggenipun amranata badhe amejahi latu, kados ing nalika wonten griya kabesmen kala ing taun ingkang sampun kalampahan, mila salajengipun ngantos kalampahan latu mraman-mraman, ewadenten titiyang tanah ing ngriku kedah sami asuka panrima dhateng ingkang gadhah pompa asep, awit

pumpa asep punika ingkang sampun amambengi latu mraman mangetan. Sareng griyanipun tuwan Sekelseangko kabesmi, latu lajeng maraman dhateng wingking, saha ambesmi gudhang ageng kebak isi sandawa, urubing latu gudhang sakalangkung ageng saha awarni pethak, punika amadhang muara saha kitha Hongkong ing kang sisih kilen, wonten griya satunggil ingkang kaprenah celak saking gudhang ingkang kabesmi rumiyin, sarehning sampun kakepang ing latu,

punika boten saged tumut kabesmi.

Sarehning latu purugipun mangilen, para tiyang sami angrebahaken utawi ambaledhosaken griya ingkang sami celak kaliyan panggenan latu, wah griya cina sawatawis sami krebahaken, pamurihing tiyang supados latunipun sampun ngantos amraman-mraman, ananging saderengipun para tiyang saged kadumugen ing pikajengan bab anggenipun badhe amambengi mramaning latu, tumunten wonten griya ingkang kabesmmi ing sanes panggenan salebeting kitha, ing dalem sawatawis menut griya-griya kaprenah celak kaliyan griya ingkang kabaledhosaken, sami kabesmi sadaya, saha latunipun ambesmi griyaaaaa-griya Cina ingkang sami celak panggenan ing ngriku, andadosaken maramaning latu anyarambahi salebetipun dhistrik ing ngriku.

=====

Ing Paresidhenan Surakarta dereng lamo wonten tuwan sakawan sami arurukunan, badhe ngebur siti angupados lisah petroleyum wonten ing siti dhusunipun tuwan Gustaf Winter, m,enggah buripun ageng ingkang badhe kangge punika dadamelan ing Prusen, saha badhe enggal dados ing pandamelipun.

Kala ing taun 1865, tuwan DP, sampun anyuwun lillahipun kanjeng gupremen, angupados lisah petroleyum saking dening mawi sarana anebur siti wonte ing tanah jawi tuwin madura ing tembing wetan, ananging dereng wonten pawartosipun, bab rampunging prakawis wau, utawi punapa tuwan DP taksih gadhah pikajengan angupados lisah petroleyum kala ing taun 1867, lajeng wonten pranatanipun bab pangupadosipun lisah petroleyum, kasebut ing Setatblad.

Manawi pangupadosipun lisah petroleyum saged amikantuki, punika amesthi badhe andadosaken kauntungan kathah, boten amung kadamel lisah dilah ingkang badhe andadosaken mirahipun kemawon, inggih ugi badhe andadosaken gagramen dhateng tanah Ustraliya.

=====

Ngayugyakarta kaping 18 Dhesember 1867.

Inkang serat saha ingkang tabe kaurmatan ingkang kathah-kathah katur ingkang saudara tuwan F.Ajaspres enko, ing nagari Surakarta.

Sasampuning kang kadya sapunika awiyos, menawi dhangkan mugi serat kula punika kapacak kawonten serat Jurumartani, kula sumerep manjurung kabar, bab kencengipun ing kapulisen, ing BA, O, punika

kantos anddosaken gumu ngungunipun ing manah kula, kala kula dhateng ing pasisir kidul, kala tanggal kaping 17 Dhesember ugi taun punka, wondene rencang kula lumampah, 1, den mas YU, 2, Denmas, Kar, Ngya, denmas, du, sami abekta punggawa, 4, sareng sampun dumugi ing pességgrahan lajeng kinten serat dhateng Demang, Kra, Ing Gra, ijemanipun, yen kula sampun dhateng sarta wilujeng.

Punika, toh demang boten wonten wangsulanipun, dhateng kengkenan kula wau, sampun dilalah rencang ingkang kalere jagi wau, boten purun kula kengken, dhateng ing pundi-pundi, panggenan sareng kula rukun mawi srat amemanis warni yatra ingggih lajeng sami lumampah sareng kula sipeng, wanci pukul 12 dalu, kula lajeng kepandungan, kenging barang kula arni-warni, dene rencang ingkang kaleres jagi wau awasta pun Padi ugi teksih melek, sareng kula nututi tyang dursila pandung, Padi lajeng kula aken damel obor anglacak plajaripun tiyang awon, icalipun wonten dhusun Gra, punika kula lajeng kepanggih kaliyan Demang GRA, wanci pukul 2

daluh, mratelakeken yen kla kepandungan, supados wau demang lajeng nglamrah pundi tiyang ing dhusun, wonten ingkang sami kekesahan, ing wektu dalu punika, sareng sak wentawis jam, kula-lajeng pamit mantuk, naming demang Gra, supados repot dhateng pulisi ageng JA ING PE utawi ing DA Ing BA, supados lajeng karepotena ing nagari.

Mekaten malih ing pemancingan wau asring asring katindakan benda-ra ageng-ageng, tuwin tuwan-tuwan, sinasak panunggilanipun, yen pulisi boten kersa angencengaken lampahanipun kadursilan, toh badhe boten andadosaken sekecanipun para ageng-ageng sedaya.

Punapa malih barang ingkang sampu kapratelakaken ing pulisi punika punapa mawi tetempah, yen katemapah na dhateng sinten, punapa dhateng padi, ppunapa dhateng Gra, salah satunggilipun kula sumongga kagalih utawi boten kula nyumanggakaken.

Kula ingkang suka tondha, BA, Ca: Restu.

=====

Sasampunipun ingkang kadya sapunika awiyos kula asuka kabar bab tiyang kabesem sukonipun ingkang sisih tengen, kantos melonyoh, awasta pun Kramadirja, dene suku wau lajeng pincang, semper, namung gumnipun manah kula wau, brama boten kenging kapejahan, punika punapa kenging kula basakaken bramasalat, kados dene semahipun Cina Katandhan

Inggang punika kula sumongga, mitrakula sedaya,

Kaping 22 Ruwah Ehe 1796.

Katandhan Pun Junjang.

=====

Kula sampun aningali serat kabar Jurumartani, katitimangsan kemis kaping 2 Januwari 1868, angka 1. Ing ngriku wonten pitakenipun

Kramaruci, ing Krawang. Dhateng pun Wa.

Suraosippun makaten: ing sasaged-saged kawula kapengin sumeep bab kang dados pamanggihipun WA. Awit manusa wonten kang tinitah luhur kadrajanipun ing jaman kina dumugi jaman samangke ugi taksih lulus andhap ruhuring kadrajan wau, utawi kathah kang mrelikaken ambudi sageda tambah kadrajanipun, malah wonten kang saged petangan amilujengi nglapahi melek sasaminipun pamrihipun katrimaha kang dados pangajeng-ajengipun, lo punapa kadrajan wau medal saking pikajenganipun ingkan gadhah pangajeng-ajeng: punapa medal saking karsanipun ingkan kawasa apa paring. Dene pun krama apitaken makaten wau: supados angicalna pamanggihipun ingkan sumelang ing salajengipun, Krama Ruci nyariyosaken kathah kemawon priyantun agung boten sumrep ing sastra. Salajengipun malih angaos sami mantri Bogor, Karyasastra, anggening ngaken dados mantri punika bobab saha, bab para kaum anggening asosorah pangandikaning kadis kitab: sarta boten purun anglimrahaken pamanggihipun wau supados kapacakna ing srat kabar. Inggih punika mas Krama: kula sampun pirsu bilih pitaken punika boen dhateng kula, ananging ugi kawajiban anjawabaken soal kang dhateng pun WA, awit dening mitra kula pun Wa. Wangsulun kula makaten: Bab kadrajaning manusa, punika pamanggihipun kula, boten saking kang maha kuwasa: boten saking kang nunuwun kang antuk darajat wau, ugi loyogipun rehning Asmakawasa: inggih estu darbe pangawasa, lipipun: kasuwuna yen dereng pareng. Katampika bilih papasthenipun.

nanging saestunipun saking paparengan ingk kawulagusti, wahyu tumunaduk sarta condhong kang nampani. O: kisanak pitaken jen-

gandika niku lukik tur boten kenging nisih pangesthinipun, awit bilih anisih: kacendhok sisikuning wardaya, lah jengandika pendhet ing tengahipun mawon sae, tur rahajeng ngandhep nginggil pun yen sarta karontogan wahyu. Mangke nunten pitaken dununging wahyu: sampun ngantos lomas.

Lan malih: kok jengandika taken bab drajat punapa medal saking kawula kang nunuwun miwah medal saking karsaning kang kawasa. Ola: tundhabeka, yen kula punika sageda adamel darajat miwah jujulunk kang mahakawasa, lah kadamel punapa mawi taksih nunuwun rak sae drajat saking kaagungan panguwasanipun pyambak rak inggih ta.

Ananging wangsul-wangsul inggih awit saking kabegyan kanugrahanipun kang paring sih, inggih punika Hyang Maha Purba, nanging wasesa saka anampeni, drajat wau inggih saking Hyang Sidhi: Dipaningrat, dede Dipaningrat Srengenge: lo mas, inggih punika dipa: damar, utawi dipa: ratu, kingkang murub ing alam.

Dening bab wonten priyantun ingkan boten sumerep ing sastra wau: estu saking kirang taberi ing wadining sakolahanipun dados ing

drajat priyantun wau: namung saking kapuhunging asli. Dening pun Kaywa Sastra kok boten dados wadana mongka ing jengandika pirit jarwaning namanipun pantes sampun angsal pangkat wadana, kang punika: pramila dereng dados wadana: punapa mas Krama amastani yen Karywa Sastra sampun sampurna ing kasastranipun dumeh nami mawi sastra, dene kaurusanin gkasastranipun taksih kados kula kimawon. Wondene konca kaum gening boten purun sasorah bab kitab ing serat kang kalimrahaken ngankathah punika: awit pun kaum ngraos pakeded awit kitab wau dede panggenanipun tumrap ing Jurumartani, ananging wuwulang agami: dumugi ing maksudipun, sampun pitaken maksud lo mas.

Kalih dene sumlang yen kalintu, mila jrih amedharaken ing srat kang kalimrahaken, wangsul titiyang kang sampun tumanceb ing pangrawhipun kados sampeyuan punika: boten gadhah sumnlang anglairaken wiraos kang lukik adakik dakik ing sakaliripun.

Cirebon Sgyaragiping: 8 Ramelan 1796

Katandhan Kyai Werda: Ronggajanu.

=====

Atur panjurung ing serat Jurumartani, kairing tabe kaurmatan akathah-kathah, katur panjenenganipun tuwaningkang ngarang serat jurumartani, mugi karsa amacak pratela kula ngandhap punika. Awit kapencut kula badhe uninga pakurmatanipun Gusti Ratu kula ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing nagari Surakarta Adiningrat ing taun baru walandi punika 1868, kula melokaken lumampah dhateng nagari Surakarta, perlu badhe nonton miyos dalem tindak dhateng Residhen dumugi kula nagari Surakarta, habis bulan Dhe- sember kang kapengker mondhi griyanipun mitra kula: tilas abdi dalem niyaga panjidhur, griya sakilen kuburan walandi kilen mergi ageng, ing nalika dinten rebo kaping 1 wulan Januwari taun 1868 kula medal saking pindhok wanci pikul sakawan sonten lumampah mangaler: ing radinan ageng wande kaliwon tilas peken kaliwon lami: ing kados Paten lampah kula nekik mangilen medal radinan Bathangan lajeng lumebet nganlun-alun ler, sadangu kula lumampah ing radinan ageng wau, sawet gumun aningali kathahipun tiyang langkung, jaler estri sepuh anem lare, tuwin para priyuantun kang sami sowan badhe andherek miyosdalem wonten radinan ageng: sami angear songsong, langkung asring tiningalan sadumugi kula nga-

lun-alun para jajaran bandera lelayu: umbul-umbul sampun sami tata, awit saking pagerlaran tinata wetan kilen ambanjeng mangaler dumugi kidul wringin sekaran, saler wringin sekaran anglajur turut margi ageng dumugi residhenan saha para gamelanipun priyagung santana, tuwin nayaka, awit saler wringin sekeran tinata wetan kilen jinejer mangaler urutan kang sami lumampah sowan alur angrp ngebeki radinan ageng, sanalika ngiku kula rumaos kraos wonten nagari Surakarta, ing wanci pukul gangsal langkung kedhik

yen kula boten lepat kang eng gusti pangeran dipati arya amangku-
nagara niti rata, ginaretek ing wadya prajurit kapalan lumebet
ing residhenan dumugi sangajeng beteng loji ageng, kinurmatan
ungeling meriyem rambah kaping 9, antawis saptrapat jam kanjeng
tuwan residhen bidhal lumebet ing kraton nitih rata ginarebeh ing
wadya prajurit Dragunder, methuk miyos dalem ingkang sinuhun
gamelan kang urut satepining margi ageng wau, mungel sadyua
umyung asrang kang aninnigali, watawis wanci ngajengaken pukul nem
ngkang sinuhun miyos saking kraton amengakem prajuritan ngaem
sokok saking pangemper kula kados prabu karna warna tuhu pekik
cahya mancur anelahi, ngagem bintang munggeng jaja, ngunguwung
sarawungan lan tejaning muka, kanthen astha kaliyan kanjeng
tuwan residhen para bendara pangeran sami anjajari ing ngarsa
dalem kula perlu malebet salebet ing kori brajanala, saking
enggen kula badhe auninga dene miyos dalem wau: tindak ing sit-
inggil kagungan dalem gongsa monggang kang wonten ing sitinggil
mungel angawang-awang, kula lajeng ngrumiyini: medal sawetan
sitinggil anjogetan pagelaran nekat lumebet pagerlaran nanging
wetan ampingan tamba gayam sawetan bangsal pangrawit dados kula
uninga enmggenipun nitih rata titiyang dalem kang nama Kyai
Garudha Kancana, kanejgntuwan residhen anunggil sarata, lajeng
lumampah alon-alon-alonan ginarebeg abdidalem kaparak kang angu-
pacara, jinajaran abdidalem panakawan kang anemut gatel kagungan
dalem panjidhur, mungel sangajenging titiyan dalem rara, sanga-
jenging panjidhur, abdi dalem prajurit kapalan ingkang anjajari,
mungel tambur sulingipun angalik-alik sawingking titiyan dalem
titiyanipun rata para bendara pangeran ing sapangkat pangkat sami
sinongsongan ginarebeg para abdi sianng amberranang para gamelan
saurut margi ageng wau, sami mungel sadaya, swara umungnucung,
dumugi sangajeng beteng loji ageng, kaurmatan ungelung mariyem
gambah kaping 21 dumugi ing dalem residhenan pinarak majeng
magnetan ing palenggahan kang rinengga-rengga, kanjeng tuwan
residhen pinarak ing sakiwa dalem para tuwan opsir, saha kanjeng
gusti pangeran dipati Arya Amangkunagara, para bendara pangeran
para tuwan mardika, para nyonyah wonten ing ngarsa dalem sami
pinarak kursi: amarik-marik rawuh dalem ing residhenan dereng
antawis dangu abdi dalem bedhaya, sami numpak joli, jinajaran ing
ngurung-urung waos loligan nusul andherek dhumateng residhenan
ing ngriku para dilah, awit saking pagelaran dumugi residhenan
sami sinumedan ing palataran residhenan dilah sewu, amyang am-
beranang kados inten para bedhaya wau; saudhunipun saking joli,
sowan ing ngarsa dalem lajeng sami ambeksa sasampunipun kendel
ambeksa lajeng sami mundur numpak joli malih, wangsul lumebet ing
karaton ingkang sinuhun lajeng pinarak ing kamar, kaliyan kan-
jeng tuwan residhen kanjeng gusti pangeran dipati Arya Amangku-
nagara, saha para tuwan sanesipun stungal kalih, sami kakersakak-
en main kartu walandi akaliyan ingkang sinuhun para tuwan para

nyonyah lajeng sami dhansah kula lajeng kloyang-kloyong turut radinan ageng, saking remen kula aniningali boten angaosaken sayah, pangungun kula inggih tallah dene sami karaton teka sanes temen kaliyan Ngayugyakarta, kula ningali pakurmatan Ngayugyakarta boten rame kados ing Surakarta mekaten.

Enggen kula wonten nagari Surakarta, mondhoek sakilen kunuran walandi ngriku wau, ngantos sapeken lamnipun kula asring mlancong niningali angleresi satunggal inten wanci pukul nem sonten kula mlancong dhateng pacinan kalih mitra kula kang kula pondhoki, wonten radinan peken kalwon kapethuk priyantun kekalih saking ler, sami cundhuk serat penyupalengkung, ukel kadhal wenek mawi ngagem gamparan kalih pisan kang satunggal mawi ngaem singep sakelad abrit kang satunggal ragi alit namung ngagem rasukan kimawon lurik kang ngagem singep wau, lampahipun andinding, polatan ringasa agedandap niningali, kula pestani bendara raden tumenggung kados paten ngriku, kersa nylamur mlampah-mlampah namung kadherek putra satunggal enggen kula mestami putra wau, dene ngagem gamparan kados kang rama, kula mapan badhe urmat andhodhok dippun candhak mitra kula, kapenging andhodhok wicantenipun mitra kula puniku dede bendara raden tumenggung, tiyang ngalit kimawon dhalang ringgit gedhog nama Dajiwa, mantune mbok Wirakrama: kang misuwur mendhet setan gundhul mila sawetawis ragi sugih, dene kang alit niku nama den Kintel tiyang kalih niku: sampun damel lengsering mimindhha bendara, pondhoke tiyang kalih niku, dados satunggil sami mondhoek griyane byang Penthong, sareng kula mireng wincantenipun mitra kula kang mekaten wau, sak nalika ical rumaos kula kraos wonten nagari Surakarta; kados cipta ajeng wau, lajeng rumaos boten kraos awit ningali tata lampah ing tiyang kabupaten ing kados paten mangkaten wau, kenging winastan boten tata, tiyang alit dhalang kimawon wonten radinan ageng: mimindhha kados tumenggungipun ngangge gamparan acundhuk serat penyupa lengkung, ukel kadhal menek, singep sake-lat abrid boten wonten kang dipun neringi, saupami bendara raden tumenggung, pinuju tindakan kapranggul piyambakipun punapa boten sura, utawi kepranggul para priyantun sanes-sanesipun, wonten tiyang wangge gamparan ing nagari kula ngrika, yen wonten griyanipun piyambak wisu dhateng sumur, lumebet ing griya supados sampun wambahing jemekan pamanah kula boten dados punapa, rehning wonten griyanipun piyambak bnoten wonten tiyang uninga, sareng lumampah wonten radinan ageng, kathah ingkang ngambah, anjawi bendara raden tumenggung, terkadhang para bendara pangeran tuwin para priyantun sanes-sanesipun, yen nagari kula ngrika, tiyang kang lampahipun remen mamindhha mengkaten punika, kenging paukuman kaetrapaken saking pipiritaning setruksi kapulisen kasebut ing Artikel menawa ana wong mindha jeneng sunan wali, utawa pangeran wali, sapapadhane, iku enggal cekelen katur ing parentah gedhe nagara, bakal kapatrapan paukuman ing sapantese, mangkaten ugi tiyang alit wonten radinan ageng damel solah bawa: memindhha priyantun ageng, adamel tata: tuwin kageting tiyang kang

sami lumampah, ppunika pipiritanipun nunggil ing artikel ngajeng punika wau, tiyang memindha priyantun ageng, kenging kapatrapan paukuman sapantese sakalayan dosane, punapa para bendara tumenggung ing nagari Surakarta ngriki, boten wonten kang sami kersa anggalih tata tentreming bawahipun pyambak-pyambak, kang kedah aken netepi kuwajibanipun, mitra kula mangsuli, punika rehning

kula tiyanbg alit, boten sumerepp bab kuwajiban kang dumunung para bendara tumenggung wau, sumerep kula namung kang katingalan pireng, bendara raden tumenggung kados paten kersa anggalih nyaru, dados kula cariyos kepanjanga dhateng sampeyan, dhalang Dajiwa: kang kirang ajar, damele memindha bendara niku wau, mara sepuhe kang kula cariyosaken ngingu setan gundhul nama bok Wirakrama, puniku griyane sakilen daleme bendara raden tumenggung, boten let tebih, yen pinuju dinten wedalane si gundhul satan Wirakrama wau, nabuh gamelan sadinten sedalu, sanadyan dede dinten wedalane, asring nabuh gamelan kang boten wonten perlune gadhah damel para bendara raden tumenggung kados paten kang rumiyin rumiyin, tiyang alit inggih kathah kang langkung sugih ngungkuli Wirakrama setan gundhul, wonten kang nama Demang Kertasampora, langkung kasugihanipun wonten malin nama mbok Secapreylan inggih sugih sanget nanging boten wonten sami purun lampahj kirang ajar, memadha tumenggungipun saben wedalane nabuh gamelan kados sigundhul mengkatan, dangu dangu pamanah kula, bendara raden tumenggung kang samangke punika, boten patos dipun ajrihi dhateng tiyang alit kang kalet wawengkonipun.

Sinerat ing Sidayu kaping 11 wulan Januwari ing taun 1868

Katandhan Singawikrama.

=====

4, Kemis kaping 23 Januwari 1868

Raden Pringgakusuma, patih ing Banyuwangi, ing mangke kakula wisudha dados Bupati ing Banyuwangi, dene Mas Embanan Praja, wadana ing Raga Jampi, kakula wisudha dados patih ing Banyuwangi.

=====

Pamanggihipun apyun peteng.

Dereng lami panuju ing dinten senen tiyang amanggih apyun peteng kathah wonten salebeting gudhang pancen pasimpenan barang gagramen ing Batawi, cariyosipun kados ing ngandhap punika:

Sampun antawis kawanwelas dinten laminipun salebeting gudhang ingkang pancen kadamel angrawati barang gagramen ing Batawi titiyang sami ambekta senik kathah isi gereh, badhe kapariksaan wonten ing gudhang wau, saderengipun gereh lumebet dhateng nagari, supados kawade wonten ing ngriku. Kados pundi liripun tuwan Osterwihhel ingkang dados Ufsekaut saget dipun anitik saking ambet, bilih sakathahing senik sami ambet apyun, punika titiyang sami gumun, salajengipun tuwan Osterwihel tumunten angaturi uninga dhateng kanjeng tuwan Asisten Residhen pulisi, boten dangu lajeng tindak dhateng ing gudhang wau, wonten ing ngriku kanjeng tuwan Asisten Residhen animbali dhateng tuwan Osterwihel ing gudhang, kaaturan dening komis ingkang nyambut damel ing gudhang wau, supados anedhahena senik ingkang kawastanan wonten apyunipun, ing sanalika tuwan Osterwihel anedhaken senik ingkang sami isi apyun, boten dangu kapanggih senik 50 iji, saking seni Ela (L), dene isinipun apyun senik, 50 wau 1200 tail.

Sareng senik ingkang kalih kadhudhah, kapanggih cepuk bleka kalih isi canu, tumunten senik sadaya sami kadhudhah, ing ngriku titiyang amanggih apyun kathahipun wawrat 1200 tail.

=====

Kala tanggal kaping 20 wulan Oktober ingkang sampun kapengker wonten jajaka rabi angsal rondha ingkang ambekta anak, titiyang sepuhipun ingkang jaler punika sami pripeyan, ingkang jaler wau prenah ipening paman tuwin bibekipun, sarta prenah pamaning sadherekipun jaler tuwin estri, punapa malih prenah bapak kapenakanipun jaler tuwin estri, menggah ingkang estri prenah mantuning ipe tuwin sadherekipun estri, sarta prenah kapenakaning sadherekipun jaler tuwin estri, ingang sami pancen dados paman tuwin bibekipun, punapa malih ingkang estri wau prenah ipe ning kapenakanipun jaler tuwin estri. Wonten ingkang amastani manawi ingkang jaler kaprenah pamaning badanipun piyambak, dene ingkang estri inggih kaprenah kapenakaning badanipun piyambak, punika ewet anggenipun angraosaken manawi kapitadosa.

=====

Kados ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah, ing Paris kithanipun ageng tanah Prasman ing saben taunipun titiyang ingkang sami gagramen lintah sakalangkung kathah, kala rumiyin saking tanah Sepanyol tuwin Italiye titiyang ingkang sami angrami lintah sakalangkung kathah kabekta dhateng tanah Prasman, anang-

ing salajengipun kendel awit saking kathah ing panganggenipun lintah ing tanah kakalih wau. Ing tanah Eropah tembing kidul acelak kaliyan sawanganing lepen Dhonao sakalangkung kathah lintahipun, saking pawartos manawi tityang ing saben taunipun sami anggrami lintah saking TRIyes bawah Dhitslan kabekta dhateng tanah Prasman, ngantos pikantuk pangaos kalih tengah yuta rupiyah, punapa malih tanah Polleh tuwin tanah Ruslan sami dados

kadhatonipun lintah, ananging sarehning kathah panganggenipun lintah tanah ing ngriku, saha ing tanah sanesipun bawah Eropah, dados tansah kikirangan lintah kemawon, menggah lintah ingkang saking tanah ing pundi-pundi, kabekta dipun grami wonten ing tanah Prasman, manawi boten telas ing pamadenipun, punika lajeng katandhowan wonten ing panggenan wiyar, sarta kapendhetan sapinten kanggenipun kemawon, tanah Ostraliye inggih dados kadhatonipun lintah, saking ing ngriku titiyuang sami ambekta lintah kagrami dhateng tanah Prasman tuwin Inggris, para dhukunn sami angalembab ing saenipun lintah ingkang saking tanah Ostraliye. Wondening tanah amerikah awit saking sakedhiking lintah ingkang sami wonten tanah ing ngriku, punika badhe dados panggenan gagramen lintah ingkang sakalangkung ageng. Pangagenging tanah Egipt ingkang ajujulik Ismail Pasah, saha ingkang dereng lami apapara dhateng Paris tuwin Londhon, punika sampun amaringi lilah dhateng tiyang ingkang pancen pandamelipun anggrami lintah, bab pamendhetipun tuwin pamadenipun lintah, tiyang punika angsalipun lintah tigang yuta iji, dene lintah tigang yuta saking Egipt, sarta lintah tigang yuta ingkang saking tanah Ostraliye punika badhe ambiyantoni ing panandhonipun lintah ing tanah Eropah, andadosaken cekapipun.

=====

Panjurung dhateng Jurumartani.

Benjing ing dinten malem Rebo tanggal kaping 3 wulan Sawal utawi tanggal kaping 28 wulan Januwari ing ngajeng punika, tuwan-tuwan sawatawis badhe kasukan komedhi, sumedyanipun anyaos kurmat dhumateng kanjeng tuwan Residhen Y.P.Sutelif, menggah lampahani-pun kanamakaken Supepratondha pangendet-engetipun tiyang imah-imah.

Namaning ringgit.

Fandhegenweret Mayur

Herman Wah Mister

Lurah Dhusun

Setein Tiyang kabuwanan

Luwise, mantonipun Setein

P(f)ris putranipun Luwise ngumur 10 taun

Sabinesetekel, sami rencang estri ngabdi dhateng lurah dhusun

Susanah Rus, sami rencang estri ngabdi dhateng lurah dhusun

Magister Engel Guru

Bider, kapala Opas

Opas kakalih.

Setein punika gadhah putra anama Karel punika imah-imah angsal Luwise, Karel remen ngabotohan ngantos kawon kathah, mila lajeng nyambut arta mawi ngangge namanipun ingkang rama, inggih tansah kawon kemawon anggenipun ngabothohan mangsanipun ambayar sambutanipun Karel boten saged lajeng los saking balegriyanipun malebet padamelan militer dados saradhadhu, mawi atilar bojonipun tuwin putera satunggil.

Boten antawis lami kaliyan losipun Karel ingkang rama katagih dhateng ingkang sami nyambutaken dhateng putranipun kalampahan dipun bayar sadaya dhateng Setein samanten punika andadosaken kamlaratanipun, awit saking awising tatedhan wonten ing kitha ingkang dipun enggeni dhateng Setein Setein wau ngalih dhateng dhusun kadherekaken dhateng mantonipun sarta putunipun ing ngriku awit saking kasekelanipun Setin amanggih gerahan dadosaken kabu-

wanapun, kamlaratanipun sangsaya mindhak Luwise aanyambut damel andondomi rintén dalu, barang dondomanipun lajeng kawade, Magister Engel ingkang madekaken, ewa samanten angsal-angsalanipun dereng anyekapi kadamel tedha, Pris gadhah paksi dara satunggil ingkang dipun remeni sanget, ewa samanten sarehning ing griya sampun boten wonten ingkang dipun tedhakaken dhateng Setein Pris wau paksinipun dara kalambangaken roti sairis badhe kasukakaken eyangipun anjawi saking punika Setein sampun kuwaledan prabeya dhateng nagari tigang taun laminipun dipun tagih ngantos rambah-rambah dhateng lurah dhusun boten saged bayar Magister Engel sarehning ing ngajeng sampun dipun saeni dhateng Setein sarta mantonipun mila sasaged saged badhe males anganggit serat tuwin angsal angsalanipun kasukakaken dhateng Setein ananging boten anyekapi kadamel ambayar prabeya dhateng nagari, mongka lurah dhusun sampun boten purun asuka inah malih, anjawi manawi Luwise purun bedhangan kaliyan piyambakipun setin duka sanget dene kabetahaanipun dipun angge garan dhateng lurah dhusun kadamel maksa dhateng Luwise amituruta pikajengipun mila badhe kapenthung dhateng Setin lurah dhusun saking Seriking manahipun dhawah manawi Setein badhe kakunjara amargi purun dhateng lurahipun sarta kuwaledan prabeyaning nagari, barang gadhahanipun Setein pundi ingkang boten prelu kanggenipun sampun dipun sade sadaya, dados sampun boten wonten ingkang kadamel upados arta, saking bingunging manahipun Luwise mendhet supe anggenipun nyukani pun imah-imah, supe wau katampekaken dhateng Magister Engel kapurih anggentosaken.

Karel bojonipun Luwise awit saking lalabetipun sae sasampun minggah dados Mayor, Karel wau kataton anggenipun perangan wonten

sacelakipun dhusun panggenanipun ingkang rama, lajeng kabekta dhatng dhusun wau mondhoek wonten griyanipun lurah dhusun, Magister Engel sumerep manawi sabine Setekel rencangipun lurah dhusun sampun nate gantos barang, mila jujuk dhateng griyanipun lurah dhusun badhe anggantosaken supenipun Luwise, sabine boten purun anggantos supenipun wau awit saweg napsu anggenipun kabalithuk dhateng wah minter Herman wah mister punika ingkang dados ababipun Mayur boten kapejahan wonten ing paparangan mila wah mister asring nuiweni dhateng mayur wonten griyanipun lurah dhusun sareng mayur sampun saras saking bingah ing manahipun wah mister angambungi rencangipun lurah dhusun sadaya, ingkang dipun ambungi rumiyin pun Sabbine Setekel, mila Sabine nginten bilih dipun remeni dhateng wah mister, mong kaleresipun ingkang dipun remeni dhateng wah mister wau pun Susanah, sareng Sabine sumerep manawi panfintenipun kalentu lajeng nepsu boten purun anggentos supe babektanipun magister Engel, ananging masgister lajeng kapanggih dhateng wah mister ingkang dados muridipun kala taksih alit punika kacariyos sanalaring dhatengipun magister wonten griyanipun lurah dhusun wah mister amangsuli manawi mayur ingkang mondhoek griyanipun lurah dhusun wau saestu badhe amitulungi dhateng Setein boten antawis dangu mayur medal kapanggih kaliyan magister, sareng katawenan supe babektanipun magister mayur kaget amargi emut manawi inggih supe punika ingkang kasukakaken dhateng semanipun, magister lajeng kadangu sarta anyariyosaken lalampahanipun Setein mayur angakeni manawi piyambakipun putranipun Setein ingkang dados nalaring kamlaratanipun ingkang rama, mayur kapurih amanggihi ingkang rama amindhha-mindhha nganggeya

nama mayur Fandhegenweret supados sampun adamel kageripun ingkang rama bokmanawi badhe andadosaken kasangsaranipun, mayur inggih purun sareng kapanggihaken Setein asuka tarima kasih akathah kathah dhateng mayur, sarehning rumaos agenging kalepatanipun mayur jengkeng ing ngarsanipun Setein badhe nyuwun pangapunten ananging boten saged wicanten namung nangis kemawon Setein dereng sumerep manawi mayur punika putranipun ananging sarehning mayur anuyarisaken lalampahanipun mongka punika sami kaliyan lalampahaning putranipun Setein mila mayur anyariyosaken lalampahanipun mongka punika sami kaliyan lalampahaning putranipun mongka sami kaliyan lalampahaning putranipun Setein mila mayur kapurih wangsul dhateng ingkang rama anyuwun pangapunten tiyang ingkang ambekt utami makaten kados mayur amargi purun amitulungi arta kathah dhateng tiyang ingkang dereng dipun wanihi mongka purun nyuwun pangapunten sampun boten sumelang kaparingan pangapunten arta kapanringan pangestu dhateng ingkang rama kados piyambakipun asuka pangestu dhateng mayur, mayur ing waktu samanten sampun boten betah kasekelanipun lajeng kesah kaetut wingking dhateng

magister, boten dangu lurah dhusun dhateng kadherekaken dening Opas damelipun badhe anyepeng dhateng Setein Setein awicanten manawi sampun saged bayar prabeyaning nagari lajeng nampekaken artanipun dhateng lurah dhusun kathah ingkang arta 112 dalder, ewa samanten lurah dhusun tansah badhe nyepeng dhateng Setein anggenipun mastani arta punika paringanipun tiyang ingkang mame-las kamokalaken arta wau kawastanan arta pandungan Setein sampun kacepeng dhateng opas badhe kabekta dhateng kunjaran lajeng kapambengan dhateng magister sarta dhateng wah mister, wah mister awicanten dhateng lurah dhusun manawi Setein boten kaliwaran tumunten sampun saestu piyambakipun badhe amanggih bilahi amargi arta ingkang katampenan dhateng lurah dhusun wau paringan saking mayur ingkang mondhoek wonten griyanipun mongka mayur punika putranipun Setein dados sampun saestu mayur punika putranipun Setein dados sampun saestu mayur badhe boten narimah ingkang rama dipun aniaya, lurah dhusun saking ajrihipun lajeng andhawa-haken angluwarei sebein sarta umunten mantuk, Setein bingung ing manahipun boten sumerep ingkang dados nalaripun piyambakipun kaluwaran malih mila nerang, wah mister kadugi nerangaken anang-ing Setein dipun ejak malebet ing griya rumiyin sareng sampun sami malebet mayur wangsul malih badhe kapanggih kaliyan bojonipun rumiyin lajeng badhe kesah ingkang tebih boten purun wangsul malih awit saking lingsemipun boten dangu putranipun Prings medal kadangu bab ibunipun sareng prings acariyos manawi ibunipun rintem dalu tansah emut dhateng ingkang jaler, Prings kapurih nimbali ibunipun Luwise lajeng medal Luwise pandung dhateng ingkang jaler dangu dangu sareng sampun raraosan lajeng sumerep manawi mayur punika pun Karel bojonipun sarta putranipun Setein mayur nyuwun pangapunten dhateng Luwise, Luwise inggih suka lajeng sami rarangkulan boten antawis dangu Setein nedal kaliyan putunipun kadherekaken dening wah mister tuwin magister, mayur anjengkeng nyuwun pangapunten dhateng kang rama inggih kaparingan lajeng sami rarangkulan.

Tiyang boten kencing sesa lebetipun komidhen.

=====

Panuwun kula dhateng tuwan ingkang ngarang serat jurumartani, mugi karsaha amacak serat kula panjurung pawartos ingkang kasebut

ing ngandhap punika, adrenging manah mugi-mugi serat kula panjurung pawartos wau andadosna kaparengipun amacak wonten ing jurumartani, manawi tuwan ingkang ngarang serat jurumartani sampun amrayogekaken ing panjurung kula pawartos ingkang kados ing ngandhap punika, kula inggih badhe anglanjengaken akintun panjurung pawartos wau.

Wasana kula nyuwun wangsulan, mugi kapacak kawontenan ing jurumartani.

Katantadhan Mas Dahwen.

=====

Pakabaran tuwin lalampahing kang kalebet aeng saking pundi-pundi. Raden Mertadireja ing Bandhung awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kaundur saking kalenggahanipun kalayan kurmat, mawi kalepas atampi pensiyun, menggah anggenipun kaundur saking kalenggahanipun wau, amesthi kemawon kaundur saking padamelan nagari, dene raden Mertadireja punika dados litenan saking prajurit Jayeng Sekar.

Serat pakabaran saking tanah Sumatra anyariyosaken manawi ownten tiyang estri ingkang sakalungung ayunipun, saweg ngumur pitulas utawi woluas taun, anakipun pangageng ing tanah Sumatra, punika kacidra ing titiyang, lampahing panyidranipun sakalangkung anggigirisi amargi saking dening kapaku gulunipun butul ing gorokan manjing ing siti, dene tanganipun ingkang satunggil kakethok awit angangge gelang, pangethoking tangan punika amung badhe kapendhet gelangipun kemawon, malah wonten tabetipun tiyang estri wau mentas karamuhan ingkang sakalangkung siya lampahipun, o, memelas sanget tiyang estri wau.

Ing Pakalongan wonten baita kerem awit saking molak maliking toya, menggah baita ingkang karem wau katumpakan ing tuwan Montero kalayan matrus tiyang jawi sadasa, dene kala keremin gbaita ingkang pejah kabalabak amung matrus satunggil, tuwan Montero kaliyan sakantunipun matrus sanga sami katulungan sadaya.

Ing Surakarta sapunika pulisi kathah sanget padamelanipun amarik-sani para rencang bab anggenipun sami anyanyolong. Wonten opsinder ing dhusun kekecalan barang suwek dene tuwan tanah satunggil kecalan arta 300 rupiyah.

Pawartos saking tanah Borneyo tembing kidul wetan amratelakaken manawi pangagenging dhusun ngandhap ing Borneyo, anama tumenggung Jayakarsa punika pejah kacidra.

Sakathahing dhusun bawah dhistrik Tengger kala tanggal kaping 13 Dhesember ingkang sampun kapengker ajawah awu ingkang sakalangkug sanget, dangunipun ngantos tigang jam, menggah jawah awu punika saking resi Brama.

Palanging kareteging lepen Jenes ing Surakarta, kaprenah ing margi ingkang dhatng tanjung anom, punika ambruk awit saking kadhawahan sempalan epang ageng begja sanget dene karetekipun boten tumut karisakan sareng elet kalih dinten palanging kareteg wau kadadosan ing tiyang kalih.

Kanjeng Tuwan Y.C.Dhekok Panlewen ingkang wau dados residhen ing Batawi, ng mangke kakula wisudha dados residhen ing Samarng.

Sinten ingkang manggih uwang kertas ingkang ical pangaos 1000 rupiyah mawi ongka 2500 punika kabadhe kasukunan mamanis 250 rupiyah bilih amangsulaken dhateng ingkang gadhah.

Ing Pasuruwan tiyang saged pikantuk atumbas tismak sae, dene ing Batawi tiyang saged pikantuk atumbas keker, reginipun sakkalang-

kung murwat.

Ing Samarang tiyang saged pikantuk jampinipun sasakit sadaya.

Ing tanah Samarang kala tanggal kaping 22 dhseember ingkang sampun kapengker wonten banjir, andadosaken pitunan kathah, tuwan Y ing Bulu bawah Samarang anandhang pitunan ngantos pangaos 10000 rupiyah, awit ing Bulu wau banjiripun ageng piyambak.

Ing tanah Inggris wonten tiyang manak medal rare jaler tiga.

Menggah ingkang andaosaken elokipun bapa-biyungipun kacariyos sami picak.

Tiyang Japan sawatawis ingkang dereng lami sami dhateng ing tanah Eropah, punika sami eram aningali piyano, piyano punika warninipun kaupamekaken kados kewan suku sakawan, sangajenging kewan punika dipun lenggahi tiyang estri satunggil ingkang mawi ngidak buntuting kewan wau, saha darijinipun kadumukaken ing untunipun ingkan gsami kabuntuel kaliyan rumput garing pethak, pandumuking dariji andadosaken ungelipun kewan wau ingkang sakalangkung sae. Ing bata bodhonipun tiyang Japan punika.

Ing Batawi watawis tiga utawi kawan wulanpunika tiyang amedalaken serat pakabaran cara Melajeng, kanamanan: Biyangelalah, mawi kadekekan gambaran dados ing sapunika wonten serat pakabaran cara melajeng tiga, ingkang satunggil serat pakabaran anama Bintang Timur saking Surabaya kalih: serat Pakabaran Salompret Malayu, saking Samarang tiganipun: Serat Pakabaran Biyangelalah saking Batawi, dene serat pakabaran tiga wau ingkang mirah piyambak Biyangelalah, punika wedalipun kaping kalih ing dalem sawulan saha reginipun 2 rupiyah ing dalem sataun para priyantun ingkang sami karsa amendhet serat pakabaran Biyangelalah punika tuwan Jaspres enko saged amikantukaken.

=====

Wangsulanipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani dhateng ingkang nama mas Dahwen, kados ing ngadhap punika:

Kula boten gadhah sumelang ing manah, bilih para priyantun ingkan gbadhe maos panjurung sampeyan pakabaran ingang kasebut ing nginggil wau, sami badhe ea ha ing galih, mila ing mangke panedha kula ing sampeyan, mugi karsaha anglajengaken paparing sampeyan panjurung pakabaran wau.

=====

Ing panedha kula dhateng ruwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi karesoha macak serat kula punika ing jurumartani.

Kula ingkang sampun mriksani seratipun Kertalelana, wonten ing serat jurumartani angka 1 Kemis Januwari taun 1868, kasebut ing seratipun katitimangsan Kemis tanggal kaping 9 Dhesember taun 1867.

Ing ngriku amratelakaken para kumisi pambagenipun yatra k kirang adil sarta nedha priksa punapa mendhet tepsiran saking karisakan punapa mendhet saking kalenggahan Kertalelana ngangge nedha priksa punapa badhe ngewahi pernatane para kumisi, ingkang sampun dados parengipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana gubernur jenderal ing Nederlan Indiya, Lo Kertalelana boten priksa ingkang

sampun kadhawuhaken dhumateng kanjeng tuwan residhen ing Ngayogyakarta, sarta ingkang sampun biyantu akaliyan ingkang sinuwun kanjeng sultan.

Kula eram sanget dene kok sami tyang Ngayugya, boten purun pitak-en piyambak, reringkesanipun kula nedha priksa, Kertalelana namanipun ingkang temenan lan kalenggahanipun punapa.

Punika Kertalelana kula suprih, anyukanana katrangan yen mila ingkang nama palsu wau, teksih adreng kua suprih sowana piyambak akaliyan kanjeng tuwan rtesidhen anyuwuna priksa bab ingkang sampun kasebut pikajenganipun kertalela, yyen boten purun kapang-gihya piyambakipun dhateng para kumisi, salah satunggilipun supados angirid wonten ngarsanipun kanjeng tuwan residhen dados saged angsal katrangan ingkang mesthi.

Ngayogyakarta kaping 10 Januwari taun 1868

Katandhan Raden Tumenggung Gondaatmaja.

=====

Panuwun kula dhumateng panjenenganipun C.F.P. mugi sampun kantos kare pyambak bab paribasan. Desa maca cara, negara mawa tata, punika sayektos boten dora.

Amila sakathah-kathahipun kawula nuwun sumongga, kakilapan punapa panjenengan.

Kawula pun Patik, sumongga.

=====

[Note: this undated fragment was evidently attached to, or inserted in, an issue of *Jurumartani*. To judge from the dated notice below, this was probably the issue of 23 January 1868.]

Para tiyang ing mangke sami saged pikantuk atumbas wacucal wonten pasamakan ing Baron, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wacucal pirantos kadamel sul, kawade katosan.

Wacucal pirantos kadamel kap, kawade blebekan

Wacucal pirantos kadamel rangkep panjawi, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebek

Wacucal pirantos kadamel pakeyan kareta sapanunggilanipun, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebekan.

Menggah reginipun murwat saha panumbasipun bayar kenceng.

=====

Para priyantun ing Surakarta ingkang teksih sami gadhah sambutan dhateng tuwan H.Weber, yen boten bayar ing dalem tigang wulan kaetang sangking titimongsa serat kabar punika, sakestu badhe aturaken ing kangjeng parentah ageng.

Surakarta 23 Januwari 1868

Panguwasanipun bab barang tetilaranipun tuwan H.Weber, Ja, Na,(J.N). Kiliyan.

5, Kemis Kaping 30 Januwari 1868

Para tiyang ing mangke sami saged pikantuk atumbas wacucal wonten pasamakan ing Baron, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wacucal pirantos kadamel sul, kawade katosan.

Wacucal pirantos kadamel kap, kawade blebekan

Wacucal pirantos kadamel rangkep panjawi, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebek

Wacucal pirantos kadamel pakeyan kareta sapanunggilanipun, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebekan.

Menggah reginipun murwat saha panumbasipun bayar kenceng.

=====

Para priyantun ing Surakarta ingkang teksih sami gadhah sambutan dhateng tuwan H.Weber, yen boten bayar ing dalem tigang wulan kaetang sangking titimongsa serat kabar punika, sakestu badhe aturaken ing kangjeng parentah ageng.

Surakarta 23 Januwari 1868

Panguwasanipun bab barang tetilaranipun tuwan H.Weber,

Ja, Na,(J.N). Kiliyan.

=====

Santun Nama

Raden Ngabei Surakusuma, wadana ing Samarang, ing mangke anama

Raden Ngabei Yudanagara. Mas Ngabei Wongsareja, Onder Kolektur

ing Demak, ing mangke anama Mas Ngabei Wongsanagara. Raden Ngabei

Yudakusuma, Wadana ing Sela Katon, ing mangke anama Radenm Ngabei

Prawira Yudanagara. Raden Ngabei Rejawijaya, Asisten Wadana ing

Grobogan, ing mangke badhe anama Raden Arya Reksanagara.

=====

Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Gupernur Jendral sampun anjenengi papriksanipun para dhokter jawi kalayan sakalanbgkung anggenipun karsa amrelokaken, sarta aparing pangalembana dhateng kasagedanipun ingkang sami kapariksaan, tuwin dhateng ingkang sami amariksani para guruning dhokter jawi wau.

Menggah ingkang sami pikantuk sae papriksanipun kapratelakaken kados ing ngandhap punika.

1. Y.A.Martanis, saking Bandhah

2. Mahakir, Bangkahulu

3. Jayasentana, Bagelen

4.Sastrakarya, Madiyun

5.Gabir, Banyumas

6.Jama, Banyumas

7.Muhammad Ngumar, Mentok

8.Said Dani, Pasuruwan

9.Mangun Sujalma, Ngayogyakarta

10.Kasna, Pasuruwan

11.Jaman, Banyumas

12.Kasad, Banyumas

=====

kala tanggal kaping 19 wulan Dhesember ingkang sampun kapengker ing Manoreh bawah p[aresidhenan Kedhu wonten jawah sakalangkung deresipun, andadosaken banjir, kathah kareteg banon tuwin kareteg kajeng ingkang sami karisakan, sarta margi saking Manoreh dhateng Barabudhur panjangipun 54 kaki punika larut babar pisan sitini-pun.

=====

Para tiyang ingkang sami gadhah paedah kasukanan serep, manawi jampinipun tiyang kacadot ing sawer, kados ingkang sampun kapratelakaken dening kanjeng tuwan Asisten Residhen Pan Prinwise menggah pikantukipun, punika awarni godhong meniran kaliyan godhong patikan utawi ingkang kawastanan godhong susu-susu, dene kathah kedhikipun godhong meniran kaliyan godhong patikan wau amung anyatekem, katekem ing jempol kaliyan dariji panusuh, kabadhol uwitipun oyod kakatutaken, nunten kagecek lajeng karajang, manawi sampun ing pangecek tuwin pangrajangipun, kalebetaken ing lodhong ingkang rapet tutupipun, lajeng kaesokan arak sakopi, tumunten kaepe ing sawatawis dinten, manawi pangpenipun sampun angsal sawatawis dinten laminipun, jampunipun lajeng dados menggah panganggenipun jampu punika gumantung ing kakuwataning badanipun ingkang badhe kajampenan, manawi ingkang sakit wiwit kaombenan sasendhok dhahar punika kenging kemawon, malah sasampunipun ngombe sapisan kenging sukanana langkung saking sasedhok wau. Wondening jampi punika boten wonten awonipun, anjawi amun gadamel mendem sakedhik dhateng ingkang ngombe.

=====

Saking pawartos badhe wonten karsanipun ing parentah ageng adamel patih pulisi wonten ing Ngambahrawa bawah paresidhenan Samarang, awit kawatawis prelu sanget kadekekan patih pulisi punika, amargi sakingkathahing prakawis.

=====

Cikating wadana ing padamelanipun.

Kala tanggal kaping 2 wulan Dhesember ingkang sampun kapengker tiyang jawi estri anama Bok Mus ing dhusun Bendhul dhistrik Jabakota bawah Kabupaten Surabaya, punika ing wanci dalu kaget anggenipun tilem, amargi wonten pandung ngkang lumebet ing griyanipun, medal saking babahan, awit saking sangeting bengok-bengokipun Bok Mus, Pandung boten sged memendhet barang, andadosaken muring-muringing pandung, sarta lajeng angobat-abitaken dadamelipun angegnigni bok Mus tuwin mantunipun ingkang nama Kiman, wasana pandung lajeng ical lumajeng medal saking ing babahan. Sinten ingkang dados pandung, saha saking pundi utawi dhateng pundi pandung wau, punika bok Mus tuwin mantunipun sami boten sumerep, awit kala lebetipun pandung wonten ing griya, dilahipun

ing griya pejah, dados peteng dhedher salebeting griya, tiyang boten saged aningali ananging ingkang katingal wonten kala samanten amung kulambi cemeng satunggil tuwin wrangkaning dadamel kadekekaken ing uuwit pisang sajawining griya.

Boten ngantos dangu saking anggenipun kalebetan pandung bok Mus wau, wadana ing Jabakota dhateng ing griyanipun bok Mus, saha lajeng amariksani anggenipun kapandungan bok mus wau, nunten wadana punika dhawah ngupados titik, ananging kala samanten dereng saged asaling titik.

Salajengipun mantri aris ing Krangmenjangan sumerep manawi ing dhusun Wanapringga wonten tiyang amonca dhateng, punika lajeng kabekta wonten ing ngajenganipun wadana, sareng kadangu aturipun tiyang ngamonca dhateng wadana, bilih wastanipun pun Kolidin, saking Bangil, dene dhatengipun ing dhusun Wanapringga awit saking bapakipun ingkang gagriya wonten dhusun ing Wanapringga wau gadhah damel, anetakaken anakipun wuragil.

Sareng pun Kolidin kadangu malih dhateng wadana, punapa piyam-

bakipun sumerep bab anggenipun kapandungan bok Mus, aturipun amesthi kemawon manawi boten sumerep, ananging sarehning anggenipun andangu wadana kalayan anandukaken pambudi alus tuwin akal, pun Kolidin lajeng mugag-mugeg aturipun, kadadosanipun pun Kolidin boten saged majeng utawi mundur, wekasanipun pun Kolidin matur balaka, manawi piyambakipun ingkang dados pandungipun, menggah kulambi tuwin wrongka dadamel ingih kaaken manawi gadhahanipun, dene dadamelipun wau lajeng kapendhet dening pun Kolidin saking kalen ingkang boten tebih saking griyaning bapakipun wau, awit kala piyambakipun mantuk saking mandung, dadamel punika lajeng kabucal wonten ing kalen wau. Sareng dadamel kasarungaken lebetipun lajeng nyamleng kemawon, wekasanipun pun kolidin lajeng kabekta dhateng kunjaran, wonten ing ngriku pun Kolidin kasimpen ngantos dumugi tampining paukumanipun.

Sareng elet tigang dinten saking kacepengipun pun Kolidin, ing dhusun kejawan putih, inggih ugi bawah dhistrik Jabakota, punika wonten tiyang kapandungan malih, dene ingkang kapandungan inggih mawi kaget ugi anggenipun tilem saking dening wonten pandung, saha katatonkados bok Mus ing dhusun Bendhul, ananging ingkang kapandungan wau anututi pandungipun, saha saged anatoni dhateng pandung punika, kalapahan ngantos sothon kaliyan pandung, wekasanipun panfung saged lumajeng, sarehning ingkang kapandungan sampun sakalangkung sayah, saha tatu ing dhadhanipun dados boten saged anututi pandung malih, mila pandng wau saged oncat.

Menggah ingkang kapandungan wau awasta Pak sakiman, punika tumunten anglapuraken anggenipun kapandungan dhateng wadana, saha apratela gadhah panginten dhateng ingkang nama Jaliman kancanipun ing dhusun Kajawan Putih, manawi punika ingkang dadon pandung.

Ing ngriku wadana sami sanalika kalajeng amariksani dhatng pun
Jaliman, ananging enggal sumerep, bilih pun Jaliman wau dede
pandungipun, saha lajeng kaluwaran.

Sareng makaten wanci sonten taksih tunggilin dinten lurah dhusun
ing Ngemblong alapur dhateng wadana, manawi tiyang ingkang nama
Tariya rencaningipun alit ing dhusun Ngemblong angubeng-nguben-
gaken wedalipun ing padamelan wonten ing Bendungan, saha saking
aturaning semahipun, manawi pun Tariya wau sakit angathang-athang
wonten ing ngamben kemawon.

Ing nalika punika wadana lajeng andhatengaken pun tariya sareng
pun Tariya wau kasowanaken dhateng wadana, katingal manawi pun
Tariya tatu wolulas, saha wonten tabeting anggenipun sothon,
wadana tumunten andangu kathah kathah dhateng pun

Tariya bab anggenipun kapandungan pak Sakidin, awit saking luwesa
asagedipun wadana ing pitembungan anggenipun apitaken, pun tariya
boten saged amungkr, saha lajeng angakeni dados pandungipun,
malah gadhah pangetmbet tumut amandung dhateng tiyang kalih,
satunggil anama Masiya, satunggilipun Sandin, tiyang kakalih wau
sareng kadangu inggih sami angakeni ing dosanipun.

Salajengipun Kolidin kaliyan pun Rariya sakancanipun kakalih sami
kasimpen tunggil sakunjaran.

Menggah namaning wadana ing Jabakota ingkang cikat ing padamela-
nipun kalayan taberi punika Mas Arya Bratakusuma.

=====

Serat Pakabaran saking Samarang anyariyosaken lalampahan ingkang
elok, kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:

Dereng lami wanci enjing titiyang sami mirteng sabawaning tiyang

ajelh-jelih, tuwin sababwaning kapal kerah sakalangkung sora,
kaprenah wonten ing gedhoganing tukang girekaken kapal, para
tongga ing sanalika sami dhateng ing gedhogan wau, ing ngriku
para tongga punika sami aningali ingkang damel girising manah,
awit kapakipun tukang girekaken kapal taksih nem aringas, angerah
dhateng bendaranipun ingkang sakalangkung sanget, tukang angire-
kaken kapal kacakot ing kapal ing kapal nem wau, kaobt-abitaken,
kasepak katujuh ngantos gubrah rah, para tongga tumunten sami
atandung tulung, supados saged dipun uwal anggenipun angerah
kapal dhateng bendaranipun, kapal kajohan ing canggah, saha
kapenthungan, kadadosanipun saged uwal, ananging tukang angire-
kaken kapal sampun rakaos sanget, sareng makaten para tongga
aningali kapal satunggil wonten ing gedhogan, sakalangkung angge-
nipun amemelas awt kapal punika badhe pejah, katingal mentas
dipun niaya ngantos sanget, rah medal kathah saha mripating kapal
ingkan gsatunggil moler, cekakipun kapal amecati badhe pejah.
Menggah jalaranipun kapal punika anggenipun ngantos anandhang
sakit kados makaten wau, awit saking mentas kapenthungan ing

bendaranipun bendaranipun wau remen mendem, saha kalebet tiyang wadhag boten gadhah welas dhateng kewan ing nalika samanten bendaranipun wanci sonten amendem sanget, panuju kekesahan dumugi ing radinan ageng gadhah sedya badhe amejahi kapal wau, awit kapal punika sampun sepuh boten saged amedalaken kauntungan ingkang cekap kadamel tumbas ingonipun, mila kapal punika lajeng kapenthungan linggis wonte ing radinan gnatos ambruk, sasampunipun kapal kapenthungan ngantos ambruk, lajeng katilar mantuk, awit kapal kamanah sampun pejah.

Kala samanten leres manawi kapal kadugi pejah, ananging sayektosipun taksih gesang, sareng wanvi bangun enjing kapal wau saged ngadeg, saha lajeng mantuk dhateng gedhoganipun, sarehning ingkang gadhah kapal kala mantuk mendem sanget, dados kasupen boten angancing korining griyanipun, mila kalampahan kapal saged lumebet ing griya anjujug ing gedhogan, ing nalika samanten kapal ingkang wonten ing gedhogan, sareng aningali kancanipun mantuk, sami ambrengingeh ngantos soraaaaaaa, andadosaken kageting kang gadhah kapal ingkang taksih mendem, tumunten ingkang gadhah kapal dhateng ing gedhogan, ing ngriku ingkang gadhah kapal aningali kapalipun ingkang kaknten pejah wau sampun mantuk dhateng gedhoganipun, ing waktu punika sakalangkung naspunipun ingkang gadhah kapal, anyandhak linggis, lajeng kapal kapenthungan malih, boten mawi gadhah welas sakedhik-kedhika, aningali kapalipun gubras rah saha kataton sanget, ananging kala smanten wonten ingkang murinani dhateng kapal ingkang pinenthungan, inggih punika kapal nem ingkang celak wonten panggenan ing ngriku, kapal punika lajeng medhot tangsulipun saha medal saking gedhogan, sareng makaten ingkang gadhah kapal kabrakot gegeripun, kageret medal saking gedhogan, wonten ing ngriku ingkang gadhah kapal kawasuh dening kapal nem kados ingkang sampun kasebut ing nginggil wau, manawi para tongga sampuna atandang tulung, amesthi ingkang gadhah kapal bdhe anemahi pejah.

=====

Tuwan Patersen kapitan kapal ing tanah Amerikah anyaos tuladha baita kapal ingkang mawi lapis saking pamanggihipun enggal katur ing Kangjeng gupremen Prusen, baita kapal punika dhapuripun kados piring dhahar kakalih katangkebaken, ebahing baita saking dening

sumuking toya panas, kumabangipun ing toya jenjem. , sarta awit saking cepering baita amesthi badhe saged angambahing toya ingkang cethek, dados sawarnining sunglon saganten badhe kenging kalebetan ing baita wau. Manawi baita kapal punika kaganthol ing mengsah badhe kapendhet utawi katubruk ing baitaning mengsah amesthi bdhe boten saged tumama amargi saking dhapuripun wau, punapa ,malih mimising mengsah ingkang ngengingi baita punika dhawahipun badhe malesed.

=====

Ing panggean satunggil boten nganlih-ngalih ing tanah Amerikah, sampun gansal welas taun laminipun wonten sawe sakalangkung ageng. Dereng lami sawe punika katingal kados cariyosipun tiyang ingkang kenging kapitados, menggah panjanging sawe watawis wonten 28 utawi 30 kaki, dene agengipun kirang langkung saking 30 dim, kala rumiyin sawe wau sakalangkung anggenipun adamel karisakan wonten ing padhusunan, ananging samangke boten patosa anggenipun adamel karisakan, ewadenten sapinggiring panggenanipun sawe ageng wau kathah lembunipun ingkang sami anedha rumput, saking pangintenipun tiyang manawi sawer ageng wau purun anusu dhateng lembu, awit ingkang gadhahlembu sami ngrsula bab sakedhiking angsalipun puwan ing saben enjing, terkadhang boten angsal puwan babar pisan, sawe punika saking ngadatipun sakalangkung karem dhateng puwan ingkang taksih anyaran, mila tiyang saged anamtokaken, bilih sawe ageng punika saben saben anusu dhateng lembu ingkang sami anedha rumput wonten sapinggiripun panggening sawer. Wasana wonten tiyang tanah ing ngriku prajangi badhe anyukani arta 1200 rupiyah dhateng sinten-sinten ingakng saged anyepeng gesang dhateng sawe ageng wau, manawi kacepeng pejah, badhe kasukanan 120 rupiyah.

Parentah ing tanah ngriku inggih amrelokaken bab sagedipun kacepeng sawe ageng ingkang andadosaken sakalangkung girisipun tiyang ing padhusunan, malah titiyang dhusun tanah ing ngriku kathah ingkang badhe sami kesah saking balegriyanipun manawi sawe ageng punika boten enggal kasirnakaken.

=====

Ing Jurumartni angka 4 kula maos sasebutan amung sacuwil ungeli-pun makaten: Panuwun kula dhumateng panjenenganipun CFP mugi sampun kantos karepyan bab paribasan Desa mawacara nagara mawa tata, punika sayektos boten dora, mila sakathah-kathahipun kawua nuwun sumongga, kakilapan punapa panjenengan. Kawula pun patik sumongga.

Lo punika kajengipun punapa kok mawi dadakan akutbah, desa mawa cara, nagara mawa tata, mawi kasukanan panjarwa bilih CFP saestu boten kakilapan dhateng ujar makaten wau, lah yen kawastanan boten kakilapan sabab punapa kok mawi jengandika emutaken den; Pamikir kula tragi sumaput tuwin liwung awit kawrata donga sepi ingkang medal saking gabuging sirahipun mas sumongga, e samanten wau yen taksih gadhah sirah. Ananging kabaripun para sarjana yen anglairaken pirembag amung ngangge pitembungan sakecap kalih kecap, sampun cekap punika dados katulad dening tiyang ingkang api-api nyarjana, nanging ingkang dados pammrih amung anutupi gendhingipun, mas sumongga wau punapa kalebetaken wawicalipun sarjana punapa nyarjana.

Paribasan nagara mawa tata, yen kula tumrapaken dhateng mas sumongga boten mencok leresipun nagara mawa cara, sabab mas su-

mongga anggenipun ngetrapaken ukara taksuh cara desa, duka sam-
peyan babing watak wantunipun.

=====

Sasampuning ingkang kadya sapunika, awiyos menawi dhangsan ingkang
penggalih, mugi kapacak ing serat Jurumartani, sumerep panjurung
klayan urmmat cangkriman ingkang medal manah suci.

=====

Pupuh Durma

Padha-padha rupa mulan rupaning wang, kacek ing relan putih,
Kresna lan Kakrasana, apan iya tunggal makna, kaciwa sanes ne-
gari, sarining praja, ing sun kanuksmeng wukit. Titi.

Ngayogyakarta 21 Dhesember 1867, kula ingkang suka tondha, marja-
ban.

=====

6, Kemis Kaping 6 Phebruwari 1868

Tuwan Jaspres ing Surakarta asuka uninga dhateng para priyantun ingkang sami mendhet loting lotereinipun tuwan Y.A.Tribel, manawi loterei punika badhe kamain benjing ing dinten Akad tanggal kaping 9 wulan Pebruwari punika, ing wanci pukul wolu enjig, wonten ing griya kumidhi, ingkang punika para priyantun wau sami kaaturan ambayar pangaosing lot anggenipun mendhet, kabayara ing saderengipun loteri kamain utawi ing dinten nalika badhe kamain, manawi boten angleksanani ing pambayaripun wau, punika badhe boten kenging tumut agebag loterei wau.

Surakarta kaping 3 Pebruwari 1868

Katandhan Tuwan F.H.Jaspres.

=====

Para tiyang mangke sami saged pikantuk atumbas wacucal wonten pasamakan ing Baron, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Wacucal pirantos kadamel sul, kawade katosan.

Wacucal pirantos kadamel kap, kawade blebekan

Wacucal pirantos kadamel rangkep panjawi, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebek

Wacucal pirantos kadamel pakeyan kareta sapanunggilanipun, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebekan.

Menggah reginipun murwat saha panumbasipun bayar kenceng.

=====

Anggugat dhateng lurah

Kala wulan Dhesember ingkang sampun kapengker, Mas Mangunreksa ing kampung Karang Po salebeting nagari ing GResik, anggugat patingginipun bab anggenipun tansah anarekah dhateng kalerehanipun, saking pawartos patinggi punika anedhani arta dhateng tiyang 26, ing dalem tiyang satunggil katedhanan arta kalih welas rupiyah salebeting taun ingkang sampun kapengker, anjawi saking punika patinggi wau anedha paos ing dalem sataunipun dhateng para triyang ingkang sami ngingah titiyang estri awon, kathahipun kalihwelas rupiyah, punapa malih bab bau sukunipun tiyang ngalit, patinggi asring boten angengingaken tiyang dhateng padamelaning bau suku wau, ananging titiyang sanesipun kadamel awrat ing bau sukunipun, punika inggih awit saking lampahipun patinggi badhe pikantuk arta.

wonten Rondha anama Bok Cas, punika sampun pitung taun laminipun katedhanan arta 10 rupiyah ing dalem sataunipun, arta samanten wau kaserepaken lepating damel bau suku. Manawi wonten tiyang estri awon aenggal lumebet ing griyanipun tukang, punika katedhanan arta 1 rupiyah tiyang satunggilipun, kalampahan patinggi wau pikantuk arta kathah saking anggenipun anarekah titiyang, ing dalem sataun lajeng saged angadegaken griya enggal kalih iji.

Menggah gugatipun Mas Mangunreksa ing mangke taksih gumantung kemawon, ananging wadanaing patinggi punika kawatawis manawi arujuk kaliyan patinggi wau.

=====

Kados pundi wadana boten saged anarekah tiyang.

Raden REksadiwiryang anglawanaken ing prakawisipun wadana ing Ge, ingkang sampun kacariyosaken anedhani banggi dhateng titiyang ngalit ing salebeting dhusun utawi wonten ing peken bab pamadenipun maesa. Menggah pitembunganing anggenipun anglawanaken raden Reksadiwiryang ing prakawisipun wadana ing Ge makaten: tiyang ingkang acariyos, manawi wadana gadhah lalampahan anarekah tiyang punika amesthi awit saking gethingipun dhateng wadana wau, mila tiyang punika purun anyariyosaken prakawis ingkang mokal linampahan dhateng wadana, amargi ing kang sapisan, wadana punika badhe adamel cilakanipun piyambak, bilih anarekah tiyang ngantos kasesrepan ing ngakathah kaping kalih wadana punika awit saking kalenggahanipun kedah anglampahaken adil, kaping tiganipun wadana punika manawi sampun lami anggenipun anglampahi padamelanipun amesthi anelakaken boten saged dipun anarekah tiyang.

Menggah tiyang ing kang purun anglawanaken prakawis kados makaten wau, punika mindhak adamel awon boten adamel saenipun.

=====

Pak Karminah,

Manawi bongsa kulit pethak boten saronta kapranggul kaliyan ingkang amutawatosi, punika sakedhap asring andadosaken kagetipun, saha asring kandheg sakedhap anggenipun badhe anrajang kalayan teteging manah dhateng ingkang amutawatosi wau, wangsul wonten tiyang jawi ingkang tansah teteg ing manah, manawi kapranggul kaliyan samukawis ingkang amutawatosi, awit sampun wonten pratandhanipun ing bab punika. Dereng lami ingkang nama pak Karminah, agriya ing dhusun Talok bawah dhistrik Gondhanglegi tanah ing Malang, punika anelakaken teteging manah, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Menggah pak Karminah wau kala tanggal kaping 8 wulan Januwari ingkang sampun kapengker kesah kaliyan kancanipun kalih ingkang sami tunggil sadhusun dhateng pasisir kidul, prelunipun angupados tigan bulus, tiyang tiga wau ing malem jumungah dados tanggal kaping 9 wonten ing wanagara, tebihipun kirang langkung saking sapal kaprenah sawetaning Trigonca wonten satengah ing wana, ing ngriku tiyang tiga punika sami boten gadhah rumaos kuawtos ing manah, awit sampun pitados dhateng ing papesthening badanipun. Kala samanten ing watawis wanci pukul sadasa dalu, Pak Karminah angilir saking anggenipun tilem, ing dalu punika pak Karminah sakalangkung sayah saking lumampah tebih, sareng pak Karminah nuju ngilir amirng panggeroning sima tuwin sabawaning tiyang ambengok, sarehning taksih ayub-ayuben pangraos anggenipun mireng sabawa wau kados wonten salebeting supena, dereng ngantos padhang ing paningalipun pak Karminah sareng mireng gerenging tiyang saha sabawanipun sima, wah krosaking bobondhot, katingal mripating sima mancorong anedahaken panggenaning kancanipun pak Karminah ingkang anama Pak Senen kaulenan ing sima ingkang anyekerem githok tuwin pundhak, saha Pak Senen badhe kabekta ing sima lumebet dhateng wana, ing sanalika pak Karminah angunus bodhingingipun, saha kalayan teteging manah lajeng malajengi tandang tulung, nunten sima kabacok ing bodhing dhateng pak Karminah kenging

githokipun ngantos kaping kalih, kalampahan sima anguculaken ing panyengeremipun dhateng pak Senen, saha lajeng lumebet ng wana, kala samanten pak Senen katingal meh pejah angathang-athang wonten ing siti. Sareng pak karminah badhe angekreng gorokaning sima, sima punika kalajeng anyakar dhateng pak Karminah, kalampahan pak Karminah kataton, ananging amung tatu cakaran kemawon, menggah pak Senen kataton ngantos lebnet ing sukunipun, awit ingkang katubruk rummiyin dhatng sima suku wau, ananging pak Senen salajengipun kamanah badhe saged asaras.

=====

Kula sampun aningali saseratan sampeyan mas CFP. Ing Jurumartani, ing taun 1867 ing kang amratelakaken bab ing mangke sampuning wontenipun sakolahaning kasusastran king kasultanan nagari Ngayogyakarta. Witing suraosipun, prakawis arjaning praja punika tan len awit saking utamining titiyang bumi, utamining tiyang bumi, awit saking kawontenaning pamulangan ingkang prayogi, ene pamulangan prayogi makaten waton saking guru ingkang pancen wasis dhateng pakaryanipun.

Inkang punika CFP bab panyerat sampeyan punika: kula sakelangkung sagnet amrayogekaken saha leresipun yen ingkang purun marsudi dhateng kautamen tamtu tumut nayogyani, ing pratelan sampeyan punika, sarta saestu badhe anggampilaken utawi mayar ing anggeripun anggep piyanggepipun murid dhateng guru, miwah guru dhateng siswanipun, ingkang wasanaipun badhe ananarik raharjaning praja. Ing sasampuning kula sakalangkung andherek mastani prayogi ingkang makaten wau: ing mangke kula badhe angempelu piyambakan amratelakaken wiwinihipun ruwed rentenging praja, menggah ruwedrenteng punika kula boten pisan-pisan bilih sumerepa ing kalajenganing pratingkah ingkang makaten wau. Dados ingkang badhe kula linduraken punika kula piyambak boten mangertos ing lidipun, sarta meh kenging winastan kosok wangsulipun saking panyeratipun TFP dene pratelan kula ngandhap punika inggih sumedya kula cekak kemawon.

Menggah wiwinih ing ruwed renteng punika: babasanipun saking tutur katawur-tawur, boten tumama anggening mamrih kayakten, wah saking kageryan agagap gugupan sarta boten satap ing tata titi, kirang waskitha obah osik wahyaning praja. Saha kirang awaskilating cipta, miwah ng panginglingipun sasmitaning pranaja. Ruwed renteng punika inggih tingkah mandhep manginggil, kadosta: punggawa dhateng warongka. Warongka, dhateng ratu, ratu dhateng sadayanipun bratya punggawa. Nanging saking bodho puguh kula dados pratelan kula punika inggih tumut puguh, boten saged marinci nalar, dene winihing renteng punika bobodhon cekakipun inggih saking dumadakan, bilih badhe ruwed renteng prajanipun teka sami dene. Tegesipun: kok sarwa sumekta, nginggil ruwed renteng: ngandhap budnhet angureng, nangig semunipun ingkang katempah kula kirang praja miwah karajan ingkang manggh sasaradening saking ngandhap, lajeng tumama nunulari pangagengipun, kados dening, pangageng camah dening bongsa rucah jinis cacah-cucah, munjuk corah. Punika kula sanget kodheng, sabab deni punapa teka pun corah ngantos saged trumama dhateng pangageng wau, kados inggih

saking gugupan boten gagapi, temah pun corah saged mosil em inggih dening pun kirang waspada wau. Saking boten awasipun temah ingkang satya tuhu kang yakti ing nganggep juti, ingkang duryasa ing ngaken utama tyas arja, nanging manusa punika yen matuh awaspada; boten-botenipun matuh, inggih namung kerepa waskitha, saestu awis kasangsara, tumusipun dhateng praja estu awis sengeran bujad.

Lah samangke kula mugi kalilana anggelaraken sanepanipun pratingkah mangandhap, kadosta: pangageng wau saweg kalimput-limput anggelar utamining luri ing nguni-uni, saha wawaton babar lupyan adi, nalar wau kathah liripun, inggih bobodhon nalar wau langkung kekah. Mongka pangagengipun saweg nguntet ing pikir, tamtunipun sapangandhap inggih andherek pun nginggil, inggih bilih wonten satunggaling bratya punggawa ingkang satya tuhu krusmina rumeksa-nipun estu purun anggegendholi ing karsa kang sisip ragi tebih saking wawaton ngajeng ingkang utami, sarta kinten badhe dadosaken boten sayogi, mongka titiyang ingkang wonten salebeting praja wau emperipun boten anmtokaken sae mulyarjuning manahipun sadaya, mila kados kemawon manusa punika kedah boten kenging nindakna wowor dhompo ing tindak dados kedah waspada tuhu.

Nanging inggih yen Bratya punggawa ingkang kajarwa ing ngajeng wau ragi seneng manah saha kapracaya, wangsul bilih boten makaten saesetunipun punapa purun atoh patik layan atur yakti, tamtunipun ajrih.

Anjawi bilih pangajeng wau gadhah panyipta yen sadaya ingkang wonten ngandhapipun sae tresna rumeksa sayekti, punika kajhawikunun. Ananging panyipta makaten wau kados kirang urus, ananging anggeripun boten raregi, yen makatena sae.

La, weh kasupen ta, nggen kula mratelakaken bab andel piyandeli-pun bongsa pangajeng dhateng pawingking, inggih tiyang sepuh makaten, em wong namung andekeki lusi kemawon kok meh kandhegenetanipun boten lumampah. lah makaten, saupami pangageng wau kirang ngawaspada ing panawang saha kirang awas dhateng dhateng mosikipun para punggawa, punapa kasupen bilih ingkang nama titah punika boten tetep ing mulya sukanipun saha tiyang wauc wonten awon sae, punapa leres panyipta makaten punika. Kados inggih sisip, yen raosing manah kula mekaten: manah tuwin raosing manah punika ing satunggiling tunggiling tiyang tamtu wonten bedanipun sampun ingkang antawis dhawah ing sanes jisim bilih botena beda, upaminipun kados ta: ratu dhateng patih, patih dhateng punggawa, sapanunggilanipun langkung malih dhumawah titiyang ngalit nomer unyik ngandhap dhingklik kados pun kula, yen carema kalayan galih ing tiyang ageng wong manah gadhah anipun kawengku ing dhahanipun pyambak kabekta awit dhateng ngantos dumugi ing kesahipun boten ajeng wedaling gushinipun ing sadinten-dinten mawi suka suka. O punika angel malih, awit teksih ngemumurad, tegesipun: pundi wonten tiyang anunggil panyipta, ananging liripun pangjeng wau: angajengena kedah sumedya ajembaring cipta, tepa, waspada, ngadil eling. Dene gangsal prakawis punika busana padintenan anjawi kawajiban pangagemaning pangajeng ingkang sampun kapasthi ing angger, pungkasanipun inggih kedah boten kakathahen sare, yen

boten makatena lah kadosa pundi. Kawuningana mas STP dene kula angempelu malih, ing bab wiwinihipun kasangsaraning praja punika, bodhon kemawon kados saking pangageng wau gadhah manah songgarugi gajeg dhateng ingang pancen kawajiban angrembag ruwed rentenging praja, sarta ingkang sampun katondha satya tuhunipun yen makaten agelengan kirang waskitha.

Wasana sadya saseratan kula punika tenta suraosipun kenging kagalih dening para saged inggih boten malah kaneseki papan nanging saking angrenkula badhe amupakati seratipun ingkang nama STP dening kula sampun anayogyani ing sratipun.

Wondening panyerat kula punika amung anglairaken saking pangepelu pyambak sarta supami wonten para saged miwah sadhengah amongka wa boten sreju, kula inggih sukur sumongga, kawastanan prayogi kula ugi sumongga trus lila ning manah, tegesipun kapppiyok inggih purun boten oncat, kagugunga mapan kula boten nywyn pangalem wekasan dhateng andherek sakarsaning kang mastani. Ananging pelenging manah amung cipta atur panjurung ing senisening papan longkang yen kagalih ragi wonten pigunanipun kaecapaken, dening panjenenganipun tuwan Sakalilan ingkang sami angasta panguwasaning pangecapanipun serat Jurumartani.

Sugyara Giping; 28 Ramlan, 1796

Katandhan dening pun Jredha; Ronggajanur.

=====

Atur panjurung ing serat Jurumartani, kairing sakathahing tabe urmat sayogi katur panjenenganipun tuwaningkang ngarang serat Jurumatrtani, menawi pareng saseratan kula punika, mugi kersa amacak ing serat Jurumartani: ingkang kawedalaken kemis ngajeng punika, kawedalna kaping kalih rambahan sabab kalebet cariyos aeng sanget.

Kula sampun maos serat jurumartani kemis kaping 23 Januwari 1868 onga 4 wonten saseratanipun kyai Pra ing kampung Gedhong kiwa mratelakaken boten penerdipun priyantun Rongga polisi: ing dhusun kaelca bawah kawedanan kapolisen Kartasura, nama Raden Ronggasura wadana, kang remen andhawahaken dhendha, dhumateng tiyang alit bawah kaelreyanipun.

Inggang punika sarehning kula tampi saha uningani saseratan prahtelanipun Kyai Pra tiyang maos seratanipun Kyai Pra ing kang temtu inggih dipun suraos ing sapikantukipun menggah suraosing manah kula kyai panacad jengandika dhateng raden Rongga polisi Sura wAdana, kapacak ing Jurumartani punika pamanah kula tanpa damel ingkang ngalem sinten ingkang badhe anggega sinten jeng ngandika tiyang sampun sepuh kyai Pra, mindhak angsal satru ing kebatosan sabab kula samapun asring kimawon maos serat jurumartani, wonten seratan ingkang mratelakaken awoning patrap kalakuaning satunggal priyantun ngantos caca, cacadipun karpatelakaken sadaya supradosisipun boten wonten wahananipun ingkang cinacad wau, malah antuk pangkat luhur, sanes kaliyan priyagung bongsa kulit pethak, semongsa tampi kabar, lajeng kagalih kasuraos saengga manggih katranganipun ing ngriku lajeng katetrapaken ing dana siyasatipun yen bongsa sanesipun bongsa kulit pethak yen tinitah luhur lajeng wegungaken ing kaluhuranipun asma peraken panguwasa-

nipun iku sanadyan ala wus tak pilih tak dadekake anu sapa kang malang akukuwasa sareng sasampun kalampahan inggih raden Rongga pulisi sura wadana punika. gambaripun utawi kaliwonipun ingkang dipun copot enggal punika pamireng kula inggih margi saking rakus gragasan kados raden Ronggasura wadana mengkateng jengandika kyai Pra kula cariyosana saestu sanget gumun ngngun kaworan kaku keju. Kejeng ngececeng daids tangisan ing dhusun Serenan wonten satunggal tiyang nama Jaya Panembung ing satunggal dinten pun Jaya Panembung kasipengan tiyang pepara, sawetawis raga kathah babektanipun pun Jaya Panembung wau, dhasaripun durjana, saeng tina-wang tiyang kang sipeng griyanipun wau kathah babektanipun wanci dalu jaya Panembung kesah dhateng dhusun Padhas angundang kanca-nipun durjana, wasta Pak Kamid dipun ken ambabah griyanipun Jaya Panembung kapurih mandungi babektaning tamunipun tiyang pepara kang sipeng ngriku wau, pak Kamid tandarana, sanalika mangkat sareng lan Jaya Panembung sadumugining griya Jaya Panembung sedalu apitilem pak Kamid lajeng tumandang ambabah enggalanipun babektaning tiyang pepara kang sipeng wau kenging sadaya, kala-jenganipun prakawis dados rame barang kang pinandung ngan jaya-penbung lan pak Kamid wau kepanggih wonten ing dhusun Majasta, Jaya Panembung lan Pak Kamid sami cinapeng ing parentah kapolisen kartasura, katur ing parentah ageng nagari cekakanipun Jaya Panembung lan Pak Kamid kenging paukuman bucall enget kula

gangsal taun laminipun, sareng sampun mantuk saking bucalan samangka jaya panembung wau kadadosaken priyantun Rongga Pulisi ing Serenan bawah Kartasura kaparingan nama Mas Rongga Jaya Karya sumongga kyai Pra jengandika manah punapa boten elok sanget karsanipun priyantun ageng ingkang kados mangkateng wau dene durjana pandung kang sampun pinatrapan nagari teka dipun dadosaken rongga pulisi punapa badhe penet paprentahanipun kados kirang tiyang kang sae inggih punika saking pamanah kula boten langkung priyantun ageng namung anggenipun kersa nedahaken panguwasanipun sanadyan maling trak gawe rongga pilisi sapa kang malang mangkelang aku uwasa dangu dangu nagarinipun sang ratu kang badhe karisakan mila gumun kula boten sanes kyai Pra kalih gumun jengandika ananging sareh niku latinitah tiyang alit boten saged manceni karsanipun priyantun ageng tiyang alit wau namung mendeg gumun artakepyur kepyuring manah rumaos kekes.

Kala wulan rejeb ingkang kapengker salebetipun warsa Ehe punika salebeting bawah kapolisenipun mas rongga jaya karya wonten satunggal udur bab kabektelan namung sapara tigan kikil bekel pamingking rebad udur kaliyan bekel pangajeng mas ronggajayakarya sampun trang resik papriksanipun leres bekel kang pamiking, kalih-kalihipun lajeng pinundhutan gantungan tiyang satunggal 30 rupiyah bekel pangajeng turi warni sabed blongsong pethakan bekel

pamiking angaturi 15 rupiyah bekel pangajeng kang pancen kawon
wau lajeng atur ruruba amemanis bekel pamingking kang kaleres
menang wau, lajeng kaenggek-enggekaken badhe kadamel kawon ngan-
tos sapriki prakawisipun derengt dipun rampungi tansah kaubeng-
ubeng punapa priyantun ronggapolisi tilasan pandung patrapipun
mengkatan wau priyogi pangrasos kula priyantun polisi bawah
kartasura kathah kang boten jujur, menggahpanerat kula punika
kyai Pra, kula sampun sumerep yen tanpa padamel, namung enggen
kula kedah mangsuli dhateng jengandika kyai Pra.

Ing dhusun Punukan kaping 28 Ramelan ing warsa Ehe angka 1796
Katandhan Kasanreja.

=====

7, 13 Pebruwari 1868

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Okktober 1867 ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasing wulan Pebruwari punika, manawi boten anglekksanani ing pambayaripun wau, badhe katagih medal saking panguwasaning parentah.

Surakarta kaping 1 Pebruwari 1868

Katandhan ingkang nguwasani kantor lelang tuwan Bosower.

=====

Jamur

Tiyang jawi punika sampun akathah ingkang kula anedha jamur, ananging boten wonten sumerep dhateng kukuwataning jamur, saha dhateng kadadosanipun manawi jamur sampun katedha. Boten mesthi sakathahing jamur punika manawi katedha andadosaken kasarasaning badan, kathah kemawon jinis tuwin awon saenipun jamur, sampun asring kemawon kasumerepan, titiyang jawi ingkang sami anedha jamur sasampunipun dados sakit saha lajeng pejah, kados kenging sasakit kolera, dene titiyang ingkang sami anedha jamur kalampahan dados sakit utawi lajeng pejah, punika ing Banyumas kathah. Menggah jampinipun tiyang sakit jalaran saking anedha jamur, punika ingkang sakalangkung saes lisah kajeng pethak kalih tetes kaombe, utawi kaombenan konyak, langkung prayogi malh manawi tiyang punika sami sageda anyegah sampun ngantos anedha jamur.

=====

Tiyang sedya angendhat boten saged kadumugen.

Wonten tiyang dhusun anama Dhesoponton, badhe angendhat boten saking susah ing manah utawi boten saking kacingkranganipun, anggenipun badhe anglampahi angendhat wau wonten ing wana panuju ing wulan Oktober ingkang sampun kapengker, kala samanten para tongga anak bojonipun anuju sami dhateng greja, sareng dumugi ing wana pun Dhesoponton angupados panggenan ingkang awis kaambah ing tiyang, sasampunipun amanggih panggenan punika pun Dhesoponton lajeng anyampiraken tangsul ing ngepanging uwit kajeng, katangsulaken wonten ing epang punika mawi kadekekan kolongan, supados kenginga kadamel agantung badanipun piyambak sareng makaten pun Dhesoponton saderengipun anglebetaken gulunipun ing kolonganing tangsul, ing ngriku tangsul badhe kacoba rumiyin, punapa kuwawi ginantungan ing badanipun boten ngantos pet'dhot, mila tanganipun kakalih lajeng kalebetaken dhateng kolonganing tangsul, sareng sampun kalampahan tangan kakalih wau kalebet ing kolonganing tangsul dumadakan anggi cilaka tumpukanipun sela ingkang kadamel ancik-ancik sami jugrug, andadosaken singsetipun kolonganing tanmgsul angsal tangan kakalih wau, wekasan badanipun Dhesoponton lajeng gumantung awit saking tanganipun kakalih kasingsetan ing tangsul pun Dhesoponton boten saged anguculi tanganipun piyambak, dados tansah genteyongan kemawon, sarehning panggenan anggenipun badhe angendhat pun Dhesoponton awis kaambah ing tiyang, anjawi amung bubujengan wana ingkang sami saba wonten ing ngriku, utawi

para grema terkadhangsan sami ambubujeng dumugi panggenan ing ngriku wau. Pikajenganipun Dhesoponton boten purun agesang lami awit saking anggenipun badhe angedhat, kadadosanipun boten saged pejah tumunten, malah badhe anemahi pejah awit saking kaluwen ingkang sakalangkung anggigirisi. Menggah anggenipun ngupados pejah pun Dhesoponton wau, kadadosanipun boten saged kalampahan, ewadenten pun Dhesoponton sakalangkung miris ing manahipun,

sareng aningali sima dhateng wonten ing panggenan anggenipun gumantung wau, sima punika amandeng dhatng pun Dhesoponton ingkang kala samanten lajeng anggadahi pangajeng-ajeng badhe agesang wonten ing ngalam dunya, pamandengng sima asring boten kendhet, pun Dhesoponton ing nalika punika sasaged saged badhe angluwaraken badanipun saking panggantungan, ananging tanganipun boten saged ucul saking kolonganing tangsul ingkang sangsaya sanget aningseti, wekasan karosanipun Dhesoponton bonten saged amikantuki, mila andadosaken meh boten saged dipun angunjal ambekan, kalampahan pun Dhesoponton ngantos dangu lajeng amireng panjuguging sagawon kathah sagawon punika kasami angambet sima, sarta lajeng sami amurugi dhateng panggenanipun sima wau, sareng makaten sima tumunten lumajeng lumebet ing wana ingkang peteng, boten dangu para sagawon kairingaken ing grema kakalih sami dhateng ing panggenan panggantungan badanipun Dhesoponton sareng grema kakalih aningali dhatng Dhesoponton gumantung ing uwit ka jeng, lajeng sami anyandhak ingkang dados pikajenganipun ing nalika samanten grema sami anggugujeng dhateng Dhesoponton, nunten Dhesoponton amung gumantung kiranag saking kawan jam danguipun, ewadenten sareng kaudhunaken saking uwit, pun Dhesoponton boten saged lumampah, ing ngriku lajeng kagotong mantuk dhateng grema kakalih wau, wiwit kala samanten pun Dhesoponton sirna pikajenganipun badhe angendhat saha lajeng aremen gesang.

=====

Kala ing dinten Setu enjing tanggal kaping 21 wulan punika ugi, tuwan kaiten Bekman, sampun tilar dunya kondur dhateng jaman kalanggengan, anggenipun metak enjingipun ing dinten Ngakad, layon kajajaran poara militer meh sak bataliyun ing Ngayuggyakarta, sami busana Gruttenu, lurubing bandhusa cinepengan dening kapitan Sakawan, sareng dumugi ing pasareyan welandi, layon kakurmata del, nulya sareng bandhusa sampun kaselehaken ing kaluwat lajeng muni wara satunggal nami tuwan Oping majeng saha anglairaken sabda, saking bab lalampahanipun tuwin amratelakaken saking kawasisan lan lalabetanipun ingkang nembe lalis. Sanadyan ingkang seda wau ngajeng sampun pinaradi kengrat, inggih ugi teksih asring asring ambyantoni atasing padamelan negari, utawi ing liyanipun pakaryan ingkang mila migunani dhateng salir barang ingkang kangge, utawi ingkang anuntun dhteng kasaenan,

kadosta bab ing pawulangan welandi, sak panunggilanipun.
Dene ingkang katingal mojak, anggenipun anglampahi pedamelan
kumisi atasing kamitunan kala wonten prcalika ageng ing Ngayogyakarta, kala tanggal kaping 10 Juni taun 1867 boten mawi kraos sayah utawi kewran sakedhik-kedhika, amurih mitulungi utawi angenthengaken rerembatanipun ingkang sami kasangsaran rinten dalu anggenipun ngrakit sarupining pirepotan sak panunggilipun, mila kalam[ahan kanjeng gupermen ingkang sipat rahman karsa anuruti menggah atur pinuwunipun kangjeng tuwan residhen ing Ngayogyakarta, amaringi babantu warni yatra, punika sadya margi lelandhesan pasang rakiting pirepitan ingkang kareka kaperang-perang, saha kaleksanan dening tuwan kapitan Bekman.
Mila kathah para tiyang sarupining bongsa ingkang sami nuka sukur, samanten wau, salong wonten ingkang boten rena, nanging manawi katraju, bilih umat makaten boten saged sae sakojur, punika lajeng kapanggih nalaripun, mila boten kawajiban bilh anempuhaken dhateng ingkang nembe musna.

Wasana dados gumuning ngakathah, dene nalika ngubur layonipun tuwan Kapitan Bekman liyanipun para amtenar Welandi, para upsir saha para tuwan tuwan mardika, boten wonten satunggal priyayi jawi ingkang katingal turkathah ingkang sami tepang, dalasan ingkang sami runtang-runtung kapatah dados para Lid Kumisi, nalar saking lindhu, inggih boten wonten, aming Litnan Cina Li Ti Yam Kim, punika katingal semerep dhateng pamitran, ingkang gumunaken sanget, para upsir ing Pakualaman inggih boten wonten katingal andherekaken layon, mongka ingkang tilar wau, lungguhipun ing ngajeng inggih upsir ugi, mokal yen boten wanuha, dhateng lid ing kumisi onga satunggal kapitan Bekman.
Dangu-dangu kasingiyan dununging paribasan, bilih tebih saking tingal inggih tebih saking wedaya.
Katandhan, Kondhestu.

=====

Manawi andadosaken pareng ing panggalhipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi serat kula punika kapacak ing Jurumartani.

Semarang tanggal kaping 8 Pebruwari 1868

Sapa mireng kula kathah priyantun jawi ing Surakarta ingkang kasengsem main bolah, sarta anglangkungi kasagedanipun.

Para priyantun wau tuwin tiyang Cina sami main bolah wonten ing Kopihis ngantos byar, ingkang punika pamanggih kula boten prayogi, bilih para priyantun ingkang gadhah pangkat ageng sami karsa kasukunan ing kipihis amargi Kopihis punika sasamenipun warung panggenan tiyang sade panganan tuwin wedang bubuk sarta sok tiyanga kennging tumut kasukan anggeripun saged ambayar punapa ingkang kaombe utawi katedha.

Sarehning kula mireng ing Surakarta sapunika wonten kamar bolah tiga, mila ing mangke kula amrayogekaken, bilih para priyantun ingkang remen main bolah wau sami lumebet dados Lid ing kamar boalh salah satunggal.

Katandhan Mas Guna Prawira.

=====

Ing serat Jurumartani, kula sampun amaos piwulangipun ingkang nami Sumongga, kasuprih engeta dhateng paribasan, desa mawacara, neagra mawa tata, o inggih sangetr sanget panuwun kula, dene karsa angemutaken, manawi boten lepat babasa welandi inggih ugi wonten paribasan makaten, suraosipun, Selanseir, Selanseweis, saha kula inggih berkah ing sumongga, boten kakilapan, ananging ingkang teksih dados kodheng pituduh wau dunungipun dhateng pundi, manawi karsanipun sumongga, anyimberi anggen kula asring amacakaken artikel ing srat Jurumartani, lah ingkang pundi kema-won ingkang boten dados parengipun, utawi ingkang kagalih lepat punika kadhamangna.

Dene penggrayangan kula piyambak boten manawi anyemoni atrapipun babasa panjenengan dalem, kang dumunung ing Dherdhepersun, ingkang sampun kapacak ing serat Jurumartani taun 1867, angka 52, mamanwi panyakra kula wau mencok, kula kumedah amangsuli malih, yen paribasan wau, inggih dhateng kasinggiyan sanget samanten wau bilih kagem ing dhusun utawi negarinipun, wah kapacak ing serat kabar, mila kla lajeng lapur dhateng kyai juru, namun nyuwun piwulang, dipun leserna, bilih nyimpang pamanggih kula, wasana kula sumongga para saged anggenipun ngadili.

Ngayogyakarta, 8 Januwari 1868

Katandhan C.F.P.

=====

Wangsulan dhumateng ingkang nama: Singawikrama, ing Sedayu.

Kula sampun maos serat sampeyan mas singawikrama, ingkang pinacak ing jurumartani, angka 3 taun 1868 punapa ing suraosipun ugi kula sampun magretos sedaya.

Inggih punika sakathah-kathah ing saseratan sampeyan saha ingkang nyariyosaken bab prayogining lampah-lampah pranataning wiyos dalem ingkang sinuwun kanjeng susuhunan Tedhak dhumateng loji Paresidhenan wah raramen sarta kathah ing titingalan nalika dinten taun baruning nagari Surakarta, langkung dening sae ing salajengipun, ingkang makaten wau mas dening pratelan sampeyan punika kula sampun sakalangkung andherek mastani leres apradonggi. Wondening pok-pokaning pratelan wau rak namung angen sampeyan prelu wawadul dhateng titiyang kathah dening wonten satunggiling prikonca dhalang ugi titiyang Surakarta, purun amimindhoo dening pangagemaning para bandara bupati, ingkang andadosaken kaget sampeyan saha meh jengandika dhodhoki, ngantos jengantika dipun

eneng-enengna konca andika menging dhodhok rak inggih ta.
 Wasananing srat sampeyan mawi anglairaken raosing manah jengandi-
 ka animbang-nimbang dene sami sami karaton Yogya lan Sala punika,
 teka sanes temen, kathah ing titiyang konton punapa dene raramen
 sapanunggilanipun yen wonten pakurmatan. Ingkang punika panuwun
 kula ing sampeyan mas bok inggih sampun mawi anibang nimbang
 dening rame sepi, asring sanginipun nagari kakalih punika nun,
 mongsa kiranga wiyosipun kondha kakandhan wah kokojah, kabar kang
 adi aeng pantes tinerapna ing Jurumartani, mila kula anyegag
 karsa sampeyan ingkang makaten wau, sayektosipun biluh sampeyan
 mawi makaten saestu badhe boten andadosaken prayogi, malah kula
 purun anamtokaken yen badhe anyuda ing kapedahan kawontening
 jurumartani dene panyanyegah ingkang makaten punika boten pisan
 yen ta kula akanthiya awon nganggur ananging kalayan pamambenga
 sanget arta sun cinimanah. Raden punapa kula kalilan medhar
 raosing manah raos wau mekaten punapa sampeyan derengt dhamang ta
 bilih karaton Sala Yugya punika saweg bab asma jujuking nagari
 kemawon rak sampun beda ananging inggih sami sami kautamenipun
 makaten malih raharja tata tentremipun boten wonten kaotipun
 sademi. Pungkasanipun nagari kakalih wau sala ingih wonten kauta-
 men kaluhuran kaawicaksanan makaten nugi ing Yogya: inggih ugi
 wonten kautamen kaluhuran punapa dene kawicaksanan punika sajati-
 jatnipun. Sasampuning rampung anggen kula nglairaken rasaning
 manah ssaha panimbang, bab sami-samining kaluhuranipun kraton
 kakalih wau samangke kula badhe andumugekaken raraosan kalayan
 sampeyan pyambak sampun kasinggiyan jengandika niku titiyang
 saged tur pantes dumununga ing enggen papadhang, nanging andika
 samangke saweg kawilet ing papeteng dene acumanthaka purun nim-
 bang nimbang ngaosi karaton sakaliyan kula wau sampun matur yen
 pratelan jengandika ing ngajeng, satuhu kula sampun andherek
 mastani prayogi, wangsulan sampun mawi mamastani mawi sae emper
 pangerang-erang. Sumongga sampeyan galih upaminipun, kadosta:
 sampeyan niku tiyang sawetaning redi merapi, awasta Singa Wikra-
 ma, saestu beda klayan pun kula, awit kula titiyang sakilen
 Marapi, anama Ronggajanur, lah punapa boten beda asma sampeyan
 kala yan wasta kula. Ananging rehning nama jengandika beda kalih
 nama kula punapa jengandika ngupados sakit susah, cilaka yen

sampeyan makaten inggih kula ingkang upados bungah sarta kamulyan
 tur ta pratelan sampeyan mung sabab paninmbang asri-srining
 rarengganipun negari, nanging rak inggih amikenani, pramila boten
 dumeuh beda aran beda enggan saestunipun titah punika sadya rak
 inggih sami mamrih bener, beecik mulyarjotama. Ewa makaten malih
 bilih jengandika boten makatena kula inggih sumongga sakarsa,
 nanging sampeyan badhe dados manusa punapa arane, mila raraosan
 pamambeng kula angajeng wau, yen jengandika sarju, inggih karsa

ambotena, sukaha: dukaha estu kula aturi kendel.

Lan malih kawuningana mas deniing kula badhe anglajengaken raraos sam ngalit kados ta kula kalayan sampeyan, ing jengandika niku rak priyayi sampun yuswa sepuh, tur saged wah titiyang kathah mastani Sarajana, utawi pujongga, saupami kula timbang-timbangan kalih jasadipun ppun Ronggajanur supados mongka totondha, saestu sampeyan wau boten karsa sarta angandhut serik ing galih awit kula punika saweg tinitah papa nistha.

Lah inggih makaten kemawon jengandika boten karsa minongka ngibarat totondhaning manusa sakilen marapi inggih kula timbang sami sawetan marapi kemawon, sami sami priyayi pujongga sampeyanniku teka sanbes temen timbang klayan rayi jengandika raden ngabei Ronggawarsita dene sanes wau pun Ronggajanur boten saged marinci nalar wontenanipun, pupungkasanipun sampeyaniku, kula caosi nama: Wasta Pujongga.

, anging kados rare ingkang ngereng waged basa. Yen sampeyan sampun na dhenger ing tatakrama tamtunipun ing saulah tapsi lajeng jengandika rak kados rayi sampeyan Ronggawarsita, kon sampeyan niku boten teka sumela dora kumapurun nimbang-nimbang dening kasultananing karaton wartosipun pujongga punika kalebet wicaling saloka: Caturmanggala.

Mila yen kula manah-manah, sampun sakalangkung leresipun mitra kula pun Wigyanitisastra, anggening suka paribasan dening Yerusalem kalabetan bongsa Sin aguggundhulan, eh, eh, eh, semunipun dika niku anjawi ggen sampeyan kokojo, dados saking sanget anggen andika serik bendu srengeng duka dhateng kidhalang mimindha wau, dening meh jengandika dheproki, minongka kurmat, tujunipun sampeyan lajeng kadhadha tyang mitra jengandika murih ngadega, saengga sampuna makaten pami wonten kareta bandhang kapale jawining margi tengah, emperipun katunjang, erehning jengandika sampun sepuh, sakikinten kula jengandika sampun boten wasa rikat indha, boten dumeh sampeyan sampun nate dhateng tanah Eropah.

Inggang punika mas Singawikrama ing sakathah-kathah ing pitembungan kula yen wonten kasikuning ngatasipun sampeyan mugi sampun sanget sanget andadosaken rengating galih. Dening pancenipun Rongga rak badhe sumedya pitepang kalih sampeyan, yen sampuna jengandika samangke sawefnandhang kasisipan ing ngajeng wau dene ing benjang tembe menggah kula kalih sampeyan punika walahuallam. Wasana nggen kula mambengi sisipipun panrata sampeyan punika, kok kawajiban inggih boten rehning sami sami kawula kasiti toya ing ratu, dados kedah marih prayogi ing kalih kalhipun, wondene pancenipun ingkang darbe wajib mangsuli srat jengandika kang manggepikan ngajeng punika wau, ing ngatasing wawangsulun kang kala yan mamrih prayogi, inggih punika wajibipun kanjeng para dhyana ing nagri Ngayugya piyambak nanging dereng wonten ingkang karsa makaten pramila kados mati-matiya anggen kula sangsaya kodheng.

Katandhan dening pun Kyai Wrendha, Roggajanur ing Sunyaragi.

=====

Kula apratela dhumateng ingkang sami numbas serat Jurumartani, awit ing ngajeng kula ngungelaken ing suraosipun serat selompret malayu angka 49 ing ngriku wonten seratanipun sastralengkara, ingkang anyebutaken bab pedamelanipun, priyantun pulisi kang wonten bawah parentahanipun Wedana.

Kados ta onder wadana asisten demang ageng demang alit mantri mantri pulisi kang pangkatipun sami kalayan demang.

Kula adreng sanget angicapaken wonten Jurumartani, awit ing tembung sastra Welandi cara mlajeng, punika sedaya kepala dhusun kathah kang boten saged maos angungelaken sastra gedrig letre walandi, malah para priyantun kemawon kathah kang taksih grathul-grathul anggene ngungelaken mawi kasepel, mila boten terang bilih kula amangsulana ing kabar nami Slompret.

Gumun kula dene paresidhenan Kedhu mawi kasebutaken sedaya demang demang adamel kumpulan prapotan 7 dinten sapisan punika mirit saking anggre dhusun bab kaping pinten.

Ewadene yen kawangaken dhateng para residhen ugi kenging, para kapala dhusun repotan ing kawedanan samben wulan sapisan utawi satengah wulan sapisan.

Wangsul demang ing paresidhenan Kedhu sampun damel pakumpulan prapotan pyambak dhumateng para glondhong penatus bekel kepala dhusun petinggi sapanungguilanipun lo, griyanipun kepala dhusun kalayan griya kademangan punika kang tebih pyambak kantos pinten pal, sarta griya-griyaning kademangan kala yan griya kawedanan kang kalebet celak pyambak pinten cengkal dene kok prelu repotan ing kademangan punapa wedananipun keset nampeni prapotan, miturut bab ing 8.

Kejawi ingkang punika bilih ing griya kademangan paresidhenan Kedhu kadamel pakumpulan prapotan, punapa boten prayogi griya kademangan tanah Kedhu kadandoson kalayan ongkosipun kanjeng gupremen, sabab boten wonten bedanipun kalayan griya kabupaten tuwin kadhistrikan mengkat.

Kulasampun mireng terang yen paresidhenan kedhu ing mangke ing dhusun duhusun kathah juruserat dhusun, amergi sampun dipun tanemi matra setak-setik samben dhistrik satunggal ingkang karan mantri dhistrik utawi mantri dhusun. Sampun tamtu ing samben dhusun-dhusun paresidhenan Kedhu saget maos serat kabar Jurumartani, ingkang isi serat kula pratela punika.

Mila ing mangke kula apitaken saupami ing ngajeng griya-griya kademangan wragat utawi bau suku bekakas sapunika punapa taksih kados kina, medal saking titiyang ngalit ing dhusun punmapa boten pantes saengganipun kangjeng gupremen boten karsa galih kadandoson kalayan ongkosipun kanjeng gupremen pyambak rak inggih tumrap kalanggengaken kados kang wau-wau mmedal saking pasal raja pundhut.

L. wangsul malih atur kula, para demang ing ngriku punapa pikan-tuk bageyan arta penganten saking kauntunganipun kaum tuwin

pangulu anggane nikahaken titiyang, awit kang sampun kula sumerepi liya paresidhenan sampun ngkang priyantun bawahipun wedana kang nami Amtenar, ingkang para wedana kepala dhistrik boten pikantuk kasilan satunggal punmapa ngatasipun punika ningkah ing panganten sapanunggilanipun.

Kejawi bekel dhusun sapanunggilanipun niyaka dhusun lah punika

ugi wonten kang dherek angraosaken ing kamelikaning arta pengan-
ten.

Konca carik dhusun utawi mantri dhistrik mantri dhudhuk amangsu-
lana wonten jurumertani kemawon supados kadamel nimbang prayoge-
nipun para ahli praja kados pundi, sarehning demang demang ing
Kedhu sampun kasebut ing Slompret ongka 49 taun 67 punika nami
Asisten Wedana utawi Onder Wedana utawi Demang. Punapa inggih
juru serat kantor anggane nyerat ing buslit naminipun renteng-
renteng kantos tigang pangkat, mugi katrangna ungelipun seratipun
Akte, punapa demang alit punapa demang ageng punapa Asisten
wedana tuwin kapala dhistrik punapa Onder wedana kemawon.

Miwah agemipun songsong asisten wedana ing Semarang punapa kados
songsongipun mantri pulisi ing Bagelen demang ing Kedhu sami ugi
mengkatèn.

Kalayan kula pratelan malih griya-griya balungan kajeng taun
sapanunggilanipun ing paresidhenaningkang kula panggeni, nalika
sapengkeripun lindhu mangke punika, ing mange sami katingal aben-
abenanipun weah utawi renggang, malah sareng katetah wonten jawah
ageng sami dhoyong utawi bocor sarehning kathah kang nguwatosi,
wonten amtenar ingkang sampun pindhah panggenan utawi mondhoek
adamel griya piyambak kalayan ongnosipun pribadi, ,bai.

O mugi-mugi bilih griya kademangan ikedhu kangge pakumpulan,
kadadosana, awit bilih wonten karisak badhe rebah sampun kantos
aniwasi tiyang, 130, para kapala dhusun kang kumpulan wau, sanes
prekawis yen mila tasih sami prayogi boten amutawatosi, sabab
sadherek kula pamili pamili kang wonten Kedhu dados kepala dhusun
kathah.

Cekakanipun panuwun kawula, ing panjenenganipun ingkang ngasta
kuwasa pundi kang dereng mupakat tumunten kapranataha, supados
sampun andadosaken sumelanging penggalianipun, ki sanak Astra-
lengkara. Tumunten ng liya-liya paresidhenan sami karsaha ama-
ringi katrangan kados pundi pranatranipun paringing panguwasa
pendamelanipun satunggal-tunggal amtenar, bab wajib wawenanging
piyambak piyambak kang cocok kalayan karsanipun kanjeng gupremen
miwah pangkat galaran miwah songsong pangiring sapanunggilanipun
sampun adamel tumpang soni prakara, tembung reget empanipun,
boten mng saking kapengin kula srawungan lan manggih sadherekan
ing sanes.

Sinerat kaping 28 Dhesember 1867.

Katandhan Baresab alias Bares Putih.

Sanes saking titimongsa, mantri mantri demang mangsa tunggiltung-
gilipun kakalebet ageng piyambak, tegalipun pinten bau, sabinipun
pinten bau, gadhah tanah kang dereng lumebet cengkal nalika taun
1831, punapa boten, ing sapunika tiyangipun cacah pekarangan
pinten ewu, cacahipun jiwa pinten ewu, paosipun pasilan sabin
pategalan pukl radin, ing dalem taun kang sampun lumampah pinten
ewu, gunggung sadhistrik-dhistrikipun pinten ewu. Lepat leres
mugi andadosna pirenanipun kang sami maos utawi numbas serat
Jurumartani atur kula sadaya wau. Ba, Ba, ugi nyuumanggakaken ing
penggalhipun Selomporet Malayu Semarang, nomer 3 Sestu 18 Janu-
wari 1868 katiten 1 Januwari 1868 ingkang tertandha Sastralengka-
ra, ti.ti.

=====

8, 20 Pebruwari 1868

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng tuwan A.H.G.Blokseil, Asisten Residhen ing Buleleng tanah Bali, sarta ingkang kabebahan amratikelaken bab prakawis ingkang sami prelu linampahan wonten ing Bali tuwining Lombok, ing mangke kalilan pamit dhateng nagari Walandi laminipun kalih taun amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan Y.Pansluten, Sekretaris ing Paresidhenan tanah Borneo sisih kilen ingakng ngiras dados pandhimester wonten ng ngriku, ing mangke kalilan pamit kalih taun dhateng nagari walandi, amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan Y.DH.Mispel Blombeiyer, ingkang wau sampun kakula wisudha dados residhen ing Krawang, ing mangke kakula wisudha dipun lih dados Residhen ing Banyuwangi, mawi kapatah amakili murih kauntunganipun kanjeng gupremen ing ngatas prakawis ingkang sami prelu linampahan wonten ing Bali tuwin ing Lombaik wah mawi sasebutan komisaripun kanjeng gupremen ing ngatasing prakawis ing Bali tuwin Lombok.

Kanjeng Tuwan L.W.C.Bos Residhen ing Banyumas ing mangke kakula wisudha dipun lih dados residhen ing Krawang.

Kanjeng Tuwan H.C.Pan Eibergen Asisten Residhen kareh ing kanjeng Tuwan Residhen ing Ambon, ing mangke kakula wisudha dipun lih dados asisten residhen ing Buleleng tanah Bali.

=====

Pakabaran tuwin lalampah ingkang kalebet aeng saking ing pundi-pundi.

Tiyang saking Tulungagung kekesahan dhateng Madiyun, amratelakaken pangresulanipun kawrat ing serat pakabaran saking Surabaya, bab bedaning para margi ageng tuwin karetegiipun ing Tulungagung kaliyan ing Madiyun, punapa mlaih ingkang kalebet preluning kabar bab pulisi, saha wonipun pulisi ing Tulungagung, punika dados sae saenipun pulisi ing Madiyun, ibata: badhe sakecaning manahipun pulisi ing Madiyun manawi amireng pitembungan ingkang kados makaten wau.

Palanging kareteg ing Lepen Jenes ing Surakarta, kala ngajeng kacariyosaken risak, ing mangke sampu rampung anggenipun andadosi.

Ing Japara kala tanggal kaping 16 wulan Dhesember ingkang sampun kapengker wonten caleret taun, kala samanten ing sanalika lajeng banjir ageng.

Garwanipun kanjeng Sultan ing Turki anggenipun akrama kaping sakawanipun punika dereng lami seda ayuswa 130 taun, kramanipun kanjeng sultan angsal garwa wau, punika kala ing taun 1864, dados kala samanten yuswanipun ingkang garwa 57 taun.

Kanjeng Tuwan F.H.W.Panranso, ingkang wau dados Sakretaris ing Samarang, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Ngayogyakarta.

Ing Surabaya kala tanggal kaping 6 Januwari wonten rare anak Cina

kacempung ing lepen, saha lajeng badhe pejah kabalabak, manawi boten enggal katulungan ing tiyang ingkang ambekta tembo, kala samanten bapaking rare lajeng anykani pituwas dhateng tiyang ingkang mitulungi wau, kathahipun saringgit, ananging ingkang mitulungi boten purun anampani arta punika. Punapa arta saringgit murwat kadamel asung pituwas dhateng tiyang ingkang apitulung gesang dhateng rare ingkang badhe pejah kabalabak wau.

Ing tanah Switser samangke para tiyang estri kathahipun 20000 sami gadhah garapan adamel jam kandhutan.

Kala ing dinten Rebo tanggal kaping 22 Januwari ingkang sampun kapengker wanci siyang, wonten saradhadhu walandi ingkang mendem anyotho tiyang jawi ingkang sampun ngumur 60 taun kenging pupung manahipun amung sapisan lajeng pejah megah anggenipun anyotho wau wonten peken ageng ing Surakarta.

Ing losmen Samarang wonten sagawon wedalan saking Niweponlan, kathahipun sakawan punika badhe kawade, menggah panjanging badanipun sagawan wau 6 kaki 6 dim inggilipun kaukur saking pundhak 29 dim dene agenging badanipun mubeng 35 dim sagawon punika dereng wonte ingkang anyemeni bab ageng tuwin saenipun ing tanah jawi dereng wonten sagawon saking Nweponlan ingkang sae kados sagawon wau.

Ing pundi-pundi titiyang sami angresula bab awoning margi ageng, ing Surakarta inggih boten purun kasoran bab awoning marginipun ageng. Dereng lami wonten tuwan anumpak kareta saking Kedhung kopi dhateng nagari, sareng makaten karetanipun kabladher, kusiripun anyambuki kapal kalayan ambengok, supados kapalipun sageda amajeng ing panarikipun kateta wekasanipun kareta tugel dados kalih. Sareng kareta sampun tugel dados kalih, kapalipun karaos entheng, lajeng amajeng ing panarikipun kareta, kusir tumut katarik ing kapal, dene tuwan wau kabladher wonten ing jeblogan kaliyan sapalih ing kareta.

Ing NIweyoren tanah amerika dereng lami ingkang jagi pakebonan pancen damel panggenan satokewan, punika atanglet kaliyan Singabarong, sareng ingkang jagi pakebonan wau sampun atangled ingang sakalangkung sanget kaliyan Singabarong, wekasanipun Singabarong pejah, dene ingkang jagi pakebonan amung kataton sakedhik ing tanganipun kiwa. Menggah ingkang dados jalaran anggenipun tangled tiyang ingkang jagi pakebonan kaliyan Singabarong, punika awit saking panedhanipun titiyang watawis ingkang sami aningali Singabarong ingkang jagi pakebonan lajeng lumebet dhateng kandhanging Singabarong mawi ambekta dading sacuwil, ing ngriku ingkang jagi pakebonan ambebeda dhateng Singabarong, ing sanalika Singabarong anempuh dhateng ingkang jagi pakebonan manawi ing waktu punika ingkang jagi pakebonan boten ambektaha lading, sampun saestu badhe anemahi pejah dening Singabarong jalaran sakini gkapurunani-

pun ingkang elok.

Ing tanah Inggris wonten lelang amade ayam kathahipun 114 iji papajenganipun 5000 rupiyah wonten sawungipun satunggil pajeng 342 rupiyah langkung 80 sen menggah ayam ingkang kawade wau sami sae sae, saha wonten ingkang ngantos wawrat 15 pon ayam satunggil.

Taun baru Cina tuwin garebeg siyam ing Surakarta sampun kalampahan kados ngandatipun, salebeting taun baru Cina sakalangkung kathah titiyang Cina angungelaken mercon, dene kala garebeg siyam para ageng saha priyantun walandi tuwin jawi sami dhahar wonten dalem paresidhenan kanjeng tuwan residhen Sutelip kala samanten angunjuk suka wilujeng dhateng kanjeng tuwan residhen Lamres Pantoren Bureh ingkang sampun kagentosan dados residhen wontening Surakarta.

Kala ing wulan Nopember ingkang sampun kapengker, kapalipun tuwan Markis Arting ing nagari Inggris sami kawade ing lelang, kapal sakawan papajenganipun kawan kethi kawanlekha kawanewu rupiyah,

kapal ingkang satunggil pajeng kalih lekha kawanewu rupiyah, satunggilipun malih pajeng kalih lekha pitungewu nematus rupiyah, kantunipun kapal kakalih pajeng 151200 rupiyah.

=====

Panuwun kula mughi kaersa amacak srat kula punika wonten ing srat Jurumartani, minangka dados panuwup kaca.

Sareng kula kesah dhateng kitha Ngawi, panuju satunggal dinten, kaleresan malem Senen Pon tanggal kaping 19 Januwari 1868 wanci jam 9 dalu kula kaajak dhateng mitra kula tyang nami Singa griya ing kampung Parembangan Ngawi, kesah klinting-klinting dhumateng kampung Pacinan Ngawi, sumeja badhe kasemerepaken awon saenipun Pacinan, sareng kula dumugi wonten ing mergi sangajengipun griya Ngepakan Candu, wonten bendi lumampah rakitan dhawuk pethak, katitiyan satunggal priyantun saha satunggal pawestri, kakenakan satunggal lare jaler alit sareng wau bendhi dumugi ig sangajengipun epakan candhu kakendelaken, kula kakalih mitra kula pun Singa, sami mampir tumbas tike, dhateng Ngepakan, sumeja kula angge cegah elek, boten antawis dangu wonten satunggal lare jaler alit lumebet dhateng griya Ngepakan, kula pitakeni ngaken nami pun Midi, dados abdi panakawanipun dara Rahaden Mas Ariya, Surya-direja kautus tumbasaken candu ingkang tigang wang katedha wangsul.

Wau lare kula pitakeni malih, dalu dalu keok purun lumampah pyambak tumbas candu, wangsulanipun rare tyang kula dherekaken dara, wonten bendhi kalayan tandhak ingkang nama pun Jani: rama, ma, ma, dadi kang nitih bendhi rakitan dhawuk mau daramu, Bendara Raden Mas Arya Suryadireja, karo tledhek, kang aran si Jani, dadi perlune nggone nitih bendhi mau mun gmerlikake tuku candu bae,

kula lajeng medal saking Ngepakan, sareng-sareng kalayan mitra kula pun Singa, sareng sami lumampah wontening merfi ageng, kula pitaken dhateng pun Singa, Dara Riya Suryadireja punika putrani-pun sinten, wangsulan kula, lo, kados pundi kok satunggal putra-nipun, Bupati teka mekaten lalanpahanipun punapa boten kagungan lingsem, kersa nitih bendhi jajar kelayan tandhak sarta tumbas candu dhateng ngepakan namanipun satunggal dara, tur putra Bupati. Wangsulanipun Singa, o punika punapa yen dara Suryadireja punika sampun kining kawestanan ni;ar namanipun dara, sampun boten kagungan isin, aluwung pundi terkadhang punika asring kimawon waktu dalu lumampah mlampah wonten ing margi ageng kalayan tandhak pun Jani punika, mongka unten kapapak kelayan tiyang sade sade, inggih lajeng mundhut tumbas sarta lajeng kadhahar wonten ing griya gerdhu gerdhu, utawi dhateng ing pundi panggenan anggening pinanggih tiyang sade sade inggih lajeng kadhahar wonten ing ngriku kimawon, kalayan malih angger wonten tiyang nenanggap ringgit utawi tandhak, sampun mesthi yen dara Suryadireja ningali kempal kaliyan tiyang kampung kapung, sarta angger dara Suryadireja wonten katingal ningali sampun tamtu pun Jani inggih wonten dhrek ningali. Kula pitaken malih dhateng mitra kula pun Singa.

Punapa dara punika dereng kagungan garwa, kok mekaten puka ingkang dados kersanipun. Wangsulanipun Singa: "lo sampun kagungan garwa nama Rahaden Ayu, mekatena punika tyang kalih pun Jani punika meh nyoben kening benggang, mila garwanipun punika ngantos kera sanget kining kabasakaken kanton balung kaliyan kulit kimawon kados inggih sangking sangetipun anggene prihatos angrao-

saken lelampahanipun ingkang raka atyang kados mekaten kening kawestanan awis-awis sare ing dalem mipun, wonten dalem sedalu kalih dalu wonten panggenanipun Jani sekawan utawi gangsal dinten rinten dalu sawek kundur, terkadhang kunduripun mawi mabuk wuru ngunjuk awis utawi jene wer, sareng rawuh wonten ingdalem mawi ngangge gelar serana duka, meja kagolingaken piring tuwin gelas sami pecah, la sumongga ta sampeyan galih malih, nalika malem jumungah legi kang kapengker punika dara punika rak kependungan meh telas telasan, dara inggih boten wonten ing dalem pinuju sare wonten ing pagriyanipun Jani, amung kang rayi piyambak kaliyan abdi estri alit satunggal miwah tyang kuli jagi paringipun ingkang rama kangjeng, ewa mekaten kaaturan kunmdur waktu kependungan punika boten kersa ngantos let sedalu sawek kersa kundur, kula punika boten punapa kang kula kuwatosi sarehning pun jani punika panedhanipun candu ngelangkungi ageng ing dalem sadinten tadhahipun tunggal rupiyah perak, sumelang kula lami lami menawi dara punika ketularan dhrek ses candu, inggih bawenipun nem palan saban dinten kaliyan tiyang ses adat sok nulari. wondening ing-

kang rama kanjeng sampun boten kakirangan anggenipun pring deduka utawi wawulang, nanging sampun boten pisan yen kaestokna, tandhanipun atyang kados mekaten.

Sareng kula mireng pratelanipun singa kados mekaten lajeng legek lengetr-lenger sarta gerun ngungun ing dalem manah, dening eowel sanget satunggal putra bupati kagungan kaengetan ingkang kados mekaten punapa boten ngeman dhateng namanipun Ariya, punapa punika kang minongka dados jalaranipun manggih pangkat sagetipun ngansta pakaryanipun kangjeng gupermen mongka jaman sapunika sanes enget kaliyan kala kejawen senjata putra Bupati utawi asal luhur saupami adat utawi pertingkah kang kirang pantes sampun tamtu badhe tanpa damel sumawuna katempelan bodho kirang manger-tos utawi mah yening ngali wujudipun mingis-mingis, wusana sareng kawaos saken andhapan utawi segawon gemadul kimawon. Kula sumongga anggenipun muradi paribasan celengkeng timah wau, dhumateng sedaya pryagung kang sami mirsani srat Jurumartani.

Tanggal kaping 25 Janawari 1868 Kula kang ngaturi tondha pun.

Sura Mercuri

=====

Panuwun kula dhateng tuwaningkang ngarang serat Jurumartani, mugi karsa amacak serat kula ingkang kasebut ing ngandhap punika.

ing Serat Jurumartani katitimangsan kaping 13 Pebruwari taun 1868 angka 7 kala sampun amaos seratipun mas Guna Prawira ing Samarang, menggah ungeling serat wau sadaya leres malah sapa mireng kula priyantun jawi ingkang sami karsa main bolah ing Kopihis utawi ingkang sami nempil tohipun asring menang kathah, saupami kula mangerosa pamainipun bolah, sarta saged kados tuwan El(L) ing Jebres saestu kula saben dinten saba ing Kopihis, angupados Pokil, amargi para Cina tuwin para priyantun ingkang dhateng ing Kopihis sami totohan kathah, prasasat main Po, kenging kula pasthekaken ing pamenang kula saben dintenipun dados kula boten susah nyambut damel awit ingkang kula budi namung main bolah kemawon, sabab menangipun kenging kula tedha saanak bojo kula boten ngantos kakirangan.

Ananging sareng kula mireng manawi sok tiyanga kenging tumut kasukan wonten keipihis ing Kabalen kula lajeng boten purun malebet ing ngriku, amargi kathah tiyang ingkang sami ngunjuk inuman

ingkang keras, ngantos wuru, lajeng paben kalampahan songkolan, anggegeraken tongga tepalih tuwin kathah tiyang ingkang dhateng anonton ngantos jejel kados sakatenan, utawi dikir Maulud, nuju ing satunggiling dalu wonten priyantun ingkang ambekta demanging siti dhusunipun ingkang sowan angladosaken paos dhateng priyantun wau, sareng wonten ing Kopihis demang wau kadhawahan lengah ing resban sarta katawenan brenduwin, ingkang punika pamanah kula saru sanget dene demang purun purun lenggah ing resban, kadadosa-

nipun anelakaken bilih para priyantun ageng ingkang sami wonten ing ngriku sadaya boten wonten ajinipun.

Saking pakabaranipun ing nagari walandi ingkang nyepeng Kopihis kados ing ngriki, boten kenging sade inuman kados ta: Apesan Jenewer tuwin brenduwin sapanunggilanipun inuman keras namung kalilan sade wedang bubuk soklat teh tuwin roti sapanunggalanipun, sarta boten kenging tiyang kasukan ngantos byar, kados ingkang kasebut ing seratipun Mas Gunaprawira.

Dereng antawis lami Kopihis wau katutup amargi ingkang sami main bolah wonten Kopihis ing ngriku kathah ingkang kether ing pambayaring rekening, kalampahan wonten ingkang anyukani serat pratondha sambutan Aseptasi.

Ing sapunika Kopihis sampun kabikak malih, ananging titiyang kedah sami bayar kenceng punapa ingkang dipun ombe utawi ingkang katedha wah wragading main bolah, sanadyana abayar kenceng para tiyang Cina tansah akendhangan dhengkul awit saking bingahipun badhe angsal akuntungan malh, amargi sampun kalimrahan titiyang Cina punika damelipun amung angupados pikil kemawon saking Ngabotohan gagramen sapanunggilanipun.

Sakathahing priyantun wau wonten satunggal ingkang kawon kathah ing pamanipun bolah wonten ing Kopihis priyantu punika taksih nem saha gadhah pangkat ageng, awit saking anggenipun kawon main bolah priyantun wau ing sapunika boten saged amrabot kados kala rumiyin saderengipun remen main bolah wonten ing Kopihis, O, kados pundi kadadosanipun para priyantun ing tembe, bilih boten enggal kamantunan anggenipun sami main bolah kaliyan Cina, wekas-anipun asothal-sathil, saha badhe anglingsemaken dhateng ingkang kagungan abdi. Punapa para priyantuningkang sami kasukan bolah punika karsa ngupados pokil kados Cina, manawi makaten karsanipun luwung sampun tumut angrembag nagari, mindhak adamel camah. Supados para priyantun wau esmut dhateng kauluran anggenipun sami gadhah kalenggahan ageng, ing mangke kula aturi babasan kalih warni, pundi ingkang kapiluh, babasan punika ingkang satunggil gadhahanipun sudagar sugih, ingkang stunggilipun cecepeganing priyantun, kadosta:

1. Kopat-kapita kaya ula tapak angin, kekejera kaya manuk branjangan, dak sawat ringgit ambruk andhepani lemah.

2. Duweya bumi lan langit dak sabet ilat sida ringkes.

Lo punika kula aturi milih, punapa kamilih angka satunggil, punapa angka kalih. Wasana kula tansah adreng ing pandhesek dhateng para priyantun ing nginggil wau, manawi sawedalipun serat kula punika wonten ing Jurumartani, para priyantun taksih sami dhateng ing Kopihis, punika sampun ngantos andadosaken renbgating galih, bilih kula ing wingking badhe amacak malih wonten ing Jurumartani, mawi amratelakaken bab ing namaning satunggil-tunggilipun priyantun sadaya punika awit saking pangowel kula dhateng para priyantun wau.

Surakarta kaping 16 Pebruwari 1868, katandhan
Jonggalana

=====

Ing sasampunipun angaturaken tabe saha kaurmnatan akathah-kathah, kaatur panjenenganipun tuwan F.H, Yaspres enko, ing Surakarta. Serat kula punika bilih pantes. Sarta andadosaken pareng ing panggalhipun tuwan, mugè karsa amacak ing Serat Jurumartani. Saking pamrih pikajeng kula. Asageda nunggil kasusulaken kalayan serat Jurumartani ingkang tinengran Kemis kaping 9 Januwari taun 1868 angka 2, katranganipun kados ingkang kasebut ngandhap punika.

Rarasing kang roning kamal, den aksama apuniki, adrenging driya sumela, mawimbuh nelad palupi, wiridan saking tulis, jawa ing katuranggeku, yata ingkang winarna, bab kuda kang denitungi, ngalihipun mring kandhang setal gedhogan.

Punika etanganira, yena ngalih ing turanggi, amilih dinten pekenan kaetangneptunireki, panitunganne ugi, mmung sakawan kathahipun, suku buta lan gajah, watui sakawanireki, dinten Akad Legi mapan tibeng buta.

Akad Wage suku ngetang, de Akad kaliwon nenggih, suku etangireki, Isnen Legi tibeng suku, Isenen Paing ngetang pan suku dhawaireki, Isnen Pon etangira tibeng gajah.

Isenen Wage dhawah sela, Isnen Kaliwon marengi, sela punika etang nya, Salasa Legi marengi, wau Salasa Paing, sela nenggih etangipun Slasa po tibeng buta, Slasa Wage tiba esthi, pan Salasa Kaliwone tibeng gajah.

Arbo Legi dhawah sela Arbo Paing ngetibeki, wau Rebo Pon ing ngetang, buta Arbo Wage esthi, Arbo Kaliwon esthi kemis Legi tibeng suku Kemise Paing tiga, suku Kemis pon esthi, Kemis Wage watu Kemis Kaliwon.

Watu Jumungah manisnya, gajah dyan Jumungah Paing, Gajah Jumungah Ponira, suku Jumungah Wageki, buta tibanireki Jumungah Kaliwoni-pun, buta Saptu Leginya, iya buta Saptu Paing, paning ngetang inggih sami dhawah buta.

Saptu Pon wau etangnya, saptu Wage suku nenggih, saptuKlowon suku ngetang, lamun ngenggahken turanggi mring gedhogan den eling, sampun ngetang dhawah suku,panjenengan watekira, lamun tibeng buta nenggih, mapan gangsal watekne ingkang turongga.

Yen etungan tibeng gajah, tan lemon adate nenggih, yen itungan tibeng sela, punika langkung prayogi, kukuh awetan ngalih, yen didol bathi glis payu, dene ta lamun arsa, nginggahken kudaha putih, mring gedhogan pekenan legi prayoga.

Yen kudha dhawuk miliya, pasar kaliwon kang becik, yen nginggahaken gedhogan, dening lamin kuda abrit, nginggahna pasar Paing, yenkuda cemeng puniku, Wage dipun piliya, dene kuda ules kuning, kang prayoga pasaran epon punika.

Tamat ing tangan Turongga, wastanya wau kang nulis, wus aneng wiwiting pada, ling sadumugi wekasing, pada lingsa wolnyaki, nyandhak bab kuda ing ngitung, swa asanget tur amba, dhumateng

para gung pyayi, E lah sampun sampun ta wonten kang nyual.
Saingga kalampahana, jinawat tansah rudatin, rih ning ngraos
maksih tuna, kathah kirange kang budhi, swapami den wangsuli, O
inggih ta sampun bodho, bodho bodho ngakathah, temen tyas tanya
walani, malhipun mindhak tan ngantuken pala.
Gya den anggep pasasama, samaning reh nular warti, ing wau ardan-

ing driya, sru sanget kedah jurungi, nadyan tampine nempil,
saprapat sapranemipun, jurumartani koran, tyang kenging kimawon
ugi, mila mila kedah sumela kalingan.

Mangsuli kang suka tondha nama ing serat puniki, didalem ing
kadipaten, nom nagri Surakarteki, kathah kithal kang tulis,
tembung Kyeh asasar-susur, wantune tan iskolah, mung Eskolah
ngong rumiyin, lawan nyambi sakedhap kedhap kewala.

Kang dados wajib kawula, nalikanipun rumiyin, rehning ngalit
pados kasab, siyang ratri maring loji, damel kitiring jampi,
sarta ing pangracikipun, ngingta dereng anelas, wantune wong
bodho iki, kang miyara tuwan Maseider nama.

Potekir ing Surakarta, wit ngangge jru serat jawi, ginendeng
saking wong tuwa, kang kathah labet mring walandi, ambatuk kawan
warsi, enget minta ing sih prabu, manakawan betakmal, ing kadipa-
ten Kapinggir, sing sapriki barkah dalem mindhak-mindhak.

Sakedhik-kedhik lumintya, ing barkah dalem puniki, kawula suwun
lulusa, kalawan karsaning widhi, saha lan supangting gusti jeng
nabi panutup, gusti kang paring barkah, luhura karatoneki, ginan-
jara, gung ngagung sadaya putra.

Titipan daming tyas amba, kaciteng nalika ari, tumapak tanggal
tigang dasa, ramlan mongsa kasapteki, pinuju tanggal kaping
tigangdasa nenemipun, nata mongsa tigawlas, Ehe sangkala winilis,
ras:lodra:prawat:ekangwaksuta.

=====

Para tiyang ing mangke sami saged pikantuk atumbas wacucal
wonten pasamakan ing Baron, pratelanipun kados ing ngandhap
punika:

Wacucal pirantos kadamel sul, kawade katosan.

Wacucal pirantos kadamel kap, kawade blebekan

Wacucal pirantos kadamel rangkep panjawi, kawade blebekan, sa-
tunggil tuwin satengah blebek

Wacucal pirantos kadamel pakeyan kareta sapanunggilanipun, kawade
blebekan, satunggil tuwin satengah blebekan.

Mengghag reginipun murwat saha panumbasipun bayar kenceng.

9, 27 Pebruwari 1868

Para priyantun kang karsa utusan atumbas barang dhateng tokonipun tuwan Jaspres enko, ing mangke sami kaaturan ambektanana serat dhateng utusanipun mawi kasukanan tondha astha, langkung prayogi manawi kasukanan pratondha cap, awit sampun asring kemawon para utusaning priyantun sami angaken kautus ing bendaranipun amendhet barang ing tokonipun tuwan Jaspres enko, wekasani pun boten kautus salajengipun sareng bendaraning para utusan wau katagih, punika sami boten rumaos angutus dhatng abdinipun amendhet barang ing tokonipun tuwan Jaspres enko wau, malah sami amratelakaken bilih para utusan wau sampun sami boten angabdi malih, dados sampun sami kesah saking bendaranipun punika wau.

Katandhan tuwan Jaspres enko.

=====

Pratikele angel bab patrapipun angupadosi tiyang pejah kabalabak, ingkanng jisimipun dereng kapanggih pratelanipun kados ing ngandhap punikka:

Wonten tiyang Cina anama Suntik kaprenah mantunipun kapala titiyang Cina salebeting kampung Pacinan ing Kendhal anama: Kutwante, punika kala tanggal kaping 5 wulan Januwari ingkang sampun kapengker kesah angupados bingah dhatng Perbuwan, saha ambekta tiyang Cina sakawan iji.

Sareng para tiyang Cina wau sampun sami anedha, lajeng gadhah sedya badhe adus wonten lepen Pegadhon sidhatanipun lepen Bodri, kala samanten babah Suntik anyemplung rumiyin ing lepen, toyaning leppen lebetipun ingkang kacempungan ing babah Suntik amung dumuggi ing dhadhanipun, sareng makaten babah Suntik boten marem adus ing toya ingkang amung sadhadha lebetipun, nunten amantengah ngantos dumugi ing toya ingkang lebetipun dumugi ing gulunipun, kadadosanipun babah Suntik boten saged angadeg jejeg wonten ing ngriku, lajeng keli kabekta ing toya santer, kancanipun Cina sakawan amung sami bengok-bengok anedha tulung kemawon, boten wonten salah satunggil ingkang purun atutulung, punapa dene para tiyangjawi ingkang sami wonten panggenan ing ngriku inggih sami boten purun tandang tulung, amung angingetaken kemawon, wekasani pun babah Suntik pejah kabalabak.

Sareng sanak sadherekipun babah Suntik sumerep ing kayektosanipun manawi babah Suntik pejah kabalabak, lajeng angundhangaken, badhe asuka pituwas 100 rupiyah, dhateng tiyang ingkang saged amanggihaken jisimipun.

Kala samanten kathah tiyang jawi ingkang sami angupadosi jisimipun babah Suntik, ngantos kalih dinten laminipun, ananging jisim boten saged pinanggih.

Wasana wonten tiyang ingkang anandukaken akal, rekanipun kados ing ngandhap punika.

Tiyang wau anyemplungaken menda gesang satunggil wonten ing lepen kaleres panggenanipun kelem babah Suntik, menda lajeng kabekta ing toya santer, kalampahan pejah, lajeng kaetuting wingking

dhateng tiyang ingkang anyemplungaken mawi ambekta baita, ing wekasan jisimipun babah Suntik dados kapanggih wonten panggenan kaprenah celak ing dhusun Lanje, ing ngriku amarengi jisim kumambang, lajeng kaentasaken, dene pituwas satus rupiyah wau inggih lajeng kasukakaken dhatng ingkang amanggihaken jisim. Menggah kapanggihipun jisim wau sayektosipun amargi saking sampun kapanujon, ananging ing ngatasipun tiyang jawi kadamel piyandel,

bilih tiyang pejah kabalabak kawastanan Pejah Kalap, punika jisimipun kagendholan ing dhemit, boten kauculaken manawi boten kasajenan.

=====

Katemenaning sagawon ingkang awit wonten.

Ing tanah Inggris wonten dhokter gadhah sagawon satunggil, dhokter punika dereng lami malampah-malampah ngantos tebih kairingaken ing sagawonipun, sahantukipun ing wanci sonten tuwan dhokter sumerep manawi seratipun sawatawis ingkang kadekekake ing kanthonganipun jas punika ical saha sagawonipun ing nalika kasamanten inggih lajeng boten wonten, menggah icaling sagawon tuwan dhokter boten patosa eram, awit kamanah manawi sagawon punika asring salewengan ing lampahipun, ananging icaling seratipun wau adamel susah ing manahipun tuwandhokter, pangintenipun tuwan dhokter bokmanawi seratipun wau rentah saking kanthonganing jasipun, boten mawi karaaos, mila sedyanipun badhe wangsul malih anurut margi ingkang sampun dipun wedali, ananging sarehning kala samanten sampun dalu, dados saenggenipun badhe amangsuli margi ingkang dipun wedali wau kaprantosaken ing dinten enjingipun, pangajeng-ajengipun sageda kapanggih malih serat ingkang sami ical wau, sareng makaten enjingipun tuwan dhokter lumampah angupadosi seratipun, wonten ing margi ingkang kawedalan kala wingi, dumugi ing panggenan tebihipun watawis kawan epal sakini griyanipun, tuwan dhokter aningali sagawonipun angadhep serat sawatawis ingkang sami sumeleh ing siti, sarta serat punika kajagenan ing sagawon, menggah sagawon wau anggenipun anjageni serat sadalu muput boten kesah, awit saumerep manawi serat punika gadhahaning bendaranipun.

=====

Bab Nyai BLorong

Ing Paresidhenan Kadhiri wonten rawanipun kawastanan: Rawa Sobrak saking pawartosipun salebeting rawa ing ngriku dipun enggeni Nyai Blorong, punika sayektosipun sakalangkung mokal, ananging manawi kamanah Nyai Blorong punika ing samangke dede bangsanipun manungsa saha kalebet dados badan alus, mila saged manjing ing ngajur-ajer. Kala rumiyin Nyai Blorong punika manungsa, ananging sareng pejah, lajeng asantun warni, saha kalebet bangsaning lelebat, mila kacariyosaken amanggen wonten ing rawa Sobrak wau.

Saking pamatawisipun ing tiyang Nyai Blorong punika gadhah budi welasan dhateng tiyang, sarta sampun tetela saking pikajengani-pun, bab anggenipun remen atunggil kaliyan manungsa wonten ing ngalamdunya, punapa malih bab anggenipun dhangman adamel sugih dhateng manungsa, manawi manungs sapunika anuhoni ingkang dados prajangjeyanipun.

Sinten ingkang badhe pikantuk sihipun Nyai Blorong, punika kedah ambektakaken anakipun wuragil dhateng ingkang sampun atepang kaliyan Nyai Blorong, tiyang punika lajeng ambekta anak wau dhateng rawa Sobrak, tiyang wau kawajiban amampir rumiyin dhateng Giri tuwin Surawiti, anak ingkang tumut ing lampahipun tiyang wau kedah ambekta gebyas kakalih ingkang isinipun wados, boten wonten tiyang ingkang sumerep bab isining gebyas kakalih wau, anjawi tiyang ingkang sampun atepang kaliyan Nyai Blorong punika amesthi sumerep, manawi Nyai Blorong sampun aningali anak ingkang ambekta gebyas, lajeng asuka raja brana dhateng bapakipun anak wau.

Wonten tiyang jawi awasta Pak Tasmin, punika gadhah begja saged

atepang kaliyan Nyai Blorong, nunten wonten lurah ing padhusunan mireng saking kandhanipun pak Tasmin, bilih piyambakipun sampun atepang sae kaliyan Nyai Blorong, lurah dhusun punika sakalangkung kapenginipun dados sugih, lajeng ambektakaken anakipun estri anama Mariyam saweg ngumur 13 taun dhateng pak Tasmin, awit saking panedhanipun pak Tasmin anak estri wau kabektanan arta dening bapakipun, kathahipun 6 rupiyah langkung 10 sen, wah kabektanan dodot satunggil tuwin uwos.

Sareng makaten pak Tasmin kaliyan Mariyam lajeng sami mangkat dhateng Rawa Sobrak, dene bapakipun Mariyam kaliyan tiyang ingkang wasta Sarijan sami tumut ing lampahipun pak Tasmin dumugi ing kampung Praban, wonten ing ngriku pun Mariyam kaliyan Sarijan kaparentahan dening pak Tasmin kapurih sami kendel wonten ing gerdhu, dene Pak Tasmin kaliyan lurah dhusun sasampunipun lurah dhusun katedha dhuwungipun saha dhuwung sampun kaulungaken dhateng anakipun estri, lajeng sami anglajengaken ing lampah, mawi ambekta conthong godhong isi sekar conthong punika kasaelehaken wonten ing margi ageng, sarta lurah dhusun kapurih anenggani.

Pak Tasmin tumunten wangsul dhateng gerdhu, sanjangipun badhe ngundhang dhateng pun Mariyam kaliyan Sarijan, sareng dumugi panggenanipun Sarijan, Pak Tasmin lajeng asuka gebyas kalih isi warni duduh dhateng Sarijan, ananging ing wingking kasumerepan manawi isining gebyas punika lisah, sareng makaten pun Sarijan kaparentahan dening pak Tasmin kapurih ambekta gebyas kakalih wau dhateng kampung Pacinan, saha kinen amendhem wonten ing ngriku, saderengipun Sarijan mangkat dhuwungipun katedha dening pak Tasmin, ing ngriku dhuwung kasukakaken sami sanalika, saha lajeng kasengkelit dening pak Tasmin, kala samanten pun Mariyam kaajak

kesah, sanjanguipun pak tasmin badhe kasusulaken dhateng bapaki-pun, wasana pun Mariyam kaliyan pak Tasmin sami lumampah. Sareng ing wanci serap surya, Pak Tasmin kaliyan pun Mariyam dumugi ing dhusun Wanabriti, lajeng sami anyipeng wonten ing ngriku, sareng enjingipun anglajengaken lampah dhateng ing Giri, ing ngriku pak Tasmin andekeki sekar wonten ing pakuburan. Pun Mariyam sayektosipun boten dhangane kesah kaliyan pak Tasmin, sakedhap-sakedhap gadhah panedha dhateng pak Tasmin, supados kabektaha dhateng panggenaning bapakipun, ingkang rumiyin pak Tasmin anyakecani manahipun Mariyam kalayan panglipur, ananging sasampunipun lajeng angancam-ancam dhateng Mariyam, manawi boten kendel badhe kajeguraken ing toya, punapa malih pun Mariyam dipun ken ing pak Tasmin, asanjanga manawi dados anakipun pak Tasmin, menggah arta ingkang kabekta dhateng pun Mariyam, punika kadamel sangunipun tiyang kalih wonten ing margi, wasana pak Tasmin dumugi ing dhusun Kemplang, wonten ing ngriku pak Tasmin kaliyan pun Mariyam sami kapradhahan dening lurah dhusun. Sareng enjingipun pak Tasmin lajeng kesah piyambak, sasampunipun anykani gebyas kalih dhateng pun Mariyam, isining gebyas pun Mariyam boten sumerep, saha pun mariyam kapurih ngandhut gebyas kalih wau, sampun ngantos purun-purun amendhet saking kandhutan. Sareng pak Tasmin sampun wangsul saking kesahan wau, acariyos dhateng lurah dhusun ingkang kapondhokan, manawi piyambakipun punika saged amanggihaken barang ingkang ngical, kaleresan sanget cariyosipun pak Tasmin, awit lurah dhusun ing Kemplang wau panuju dereng lami kekecalan pendhok mas kakalih sadhuwungipun, mila lurah punika anganggep sanget menggah aturipun pak Tasmin wau,

saha lajeng ambektani pendhok mas satunggil dhateng pak Tasmin, supados sageda amanggihaken dhuwung kakalih ingkang sami ical sapendhokipun mas, dene pak Tasmin anilari cecepegan dhuwung satunggil ingkang kabekta dening pun Mariyam, ingkang sampun kacariyos ing ngajeng dhuwunging lurah ing padhusunan ingkang kasukakaen dhateng anakipun pun Mariyam.

Pak Tasmin lajeng mangkat angupadosi dhuwung kalih sapendhokipun mas ingkang ical wau, wonten ing margi kacariyos manawi pak Tasmin saged anilapaken kancanipun titiyang ingkang sami kakanthekaken dening lurah dhusun ing Kemplang, supados angetuta wingking ing lampahipun, wekasanipun pak Tasmin lajeng miruda. Sareng angsal kawandasa dinten saking kesahipun pak Tasmin lurah ing dhusun Kemplang kapanuju sumerep manawi pun Mariyam tansah angandhut gebyas kakalih, kala samanten lurah dhusun gadhah manah sujana, sarta lajeng amendhet gebyas ingkang kinandhut, gebyas kapecah, sareng gebyas sampun pecah, pun Mariyam katingal saras kados waunipun, awit kala pun Mariyam angandhut gebyas kakalih wau, katingal manawi kados rare gingsir ing pikiripun, ing

wekasanipun Mariyam lajeng asanjang, manawi anakipun lurah dhusun ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau.

Salajengipun pun Mariyam kaantuken dhateng griyaning bapakipun, dene pak Tasmin lajeng kacepeng dening pulisi.

Sarng pak Tasmin kasowanaken dhateng ngasranipun pangadilan ing Sidaarja, lajeng dipun patrapi paukuman ing padamelan pak Samawi karante wonten sajawining tanah jawi, laminipun sadasa taun wah katingalaken ing ngakathah dangunipun saprapat jam, amargi kadak-wa ambekta kesah rare estri ingkang dereng diwasa, saha angapusi tiyang kakalih, dosanipun punika sampun katetepaken awit saking aturanipun saksi saha pangakenipun piyambak ing sawatawis.

Menggah dodot, slendhangipun Mariyam tuwin dhuwungipun Sarijan, sareng katitipariksa wonten ingkang kawade, wonten ingkang kagan-tosaken utawi kadamel rangkepan sandhanganipun, dene kandelanipun mas lurah ing Kemplang dereng kapanggih.

Wasana karampunganing pangadilan ing Sidaarja wau sampun kaiden ing Rad Luhur, ananging paukumanipun kasuda, katrapaken ing padamelan pak Samawi karante wonten sajawining tanah jawi, inggih ugi katingalaken ing ngakathah dangunipun saprapat jam.

=====

Samarang tanggal kaping 25 Pebruwari 1868

Panuwun kula dhateng tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi karsa amacak serat kula kang kasebut ing ngandhap punika:

Ing serat Jurumartani ingkang medal ing dinten Kemis tanggal kaping 20 Pebruwari taun ppunika angka 8 kula sampun amaos serat pakintunanipun kang Jonggalana, menggah ijemanipun kang Jonggala-na amratelakaken manawi ungeling serat kula ingkang kapacak ing serat Jurumartani katitimangsan kaping 13 Pebruwari 1868 angka 7 sadaya leres.

Inggang punika kula asuka tarima kasih dhateng kang Jonggalana, sarta andadosaken bingahing manah kula bilih pun kakangJonggalana purun tumutaken dhateng priyantun ingkang gadhah pangkat ageng, bab kadadosanipun tiyang ingkang kasengsem main bolah mawi totohan ingkang nglangkungi kathah, sarta pun kakang Jonggalana ngaturi babasan kalih warni, ingkang saklangkung prayogi ddos cepenganipun para priyantun ingkang karsa kasukan ing Kopihis. Sanadyan serat kula sampun kapacak ing Jurumartani, sapa mireng

kula taksih wonten priyantun jawi kalih ingkang sami dhateng Kopihis nalika ing dalem paresidhenanwonten pista dhansah tuwin dhahar, priyantun wau ambekta konca tiyang Cina satunggal ingkang baut main bolah sarta sugih wah purun totohan kathah, ananging priyantun wau kacelik anggenipun badhe kasukan margi Kopihis dalu wau katutup.

Kula angredhatos sanget bilih priyantun kakalih wau sasampuning amaos serat kula ing Jurumartani, kok taksih karsa badhe kasukan

malih wonte ing Kopihis mongka priyantun wau sami anyanggi pandamelaning nagari, dados upisir sakaliyan mengggah namaning priyantun kalih tuwin Cina wau saestu pun kakang Jonggalana boten kakilapan.

Saking kabaripun priyantun jawi ingkang karsa kasukan ing Kopihis sami rumaket anggenipun sobatan kaliyan para Cina ingkang saged main bolah, mila pamanah kula manawi sakathah ing priyantun jawi wau sampun mupus dhateng Kopihis saestu titiyang Cina sami kaicalan kauntungan.

Sarehning pamanipun bolah mawi totohan kathah mawi sisingidan ing pambayaripun toh saha boten mawi bayara beya dhumateng kangjeng Gupremen kados main Po, saestu para Cina salah satunggal ing tembe badhe tumbas meja bolah piyambak supados sageda tulus angsal kauntungan boten kapiirengan titiyang sanes ingkang sami boten tumut main utawi totohan, pambatangipun kang Jonggalana boten lepat bilih kathahpriyantun jawi ing tembe badhe sothal-sathil amargi anggenipun badhe main bolah wonten ing Pacinan, Mas Gunaprawira.

=====

Panjurung Jurumartani

Ing Jurumartani angka 4 nyebutaken yen prayayi Rongga Polisi ing Kleka kabuapten Kartasura, sampun andhendha dhumateng kancanipun bekel ing dhusun Mayang, katembungaken kukudhung serat undhang siradat, sareng nagari mireng ingkang makaten lajeng atitipariksa, terangkang kasebut ing jurumartani wau dora, tetep indhaking pawarta, katranganipun ingang tamtu makaten bekel dhusun Mayang wau kapandungan boten lapur dhateng polisi, ing sawatawis dinten kamirengan polisi raden Rongga Surawadana, tumunten badhe kaaturaken ing nagari sakancanipun tiyang alit 4 iji kang nuju patrol wonten tiyang kapandungan wau, anetepai ing srat undang wiradat, wusana tiyang 5 iji kalebet bekel kang kapandungan sami nyuwun pangapunten sarana ruruba arta saking kanjengipun tiyang alit piyambak satunggiling tiyang 2 rupiah, tiyang 5 iji dados 10 rupiah, sasampuning trang papriksanipun nagari anamtokaken raden Rongga Surawadana, dosa nutup prakawis tiyang anglanggar perintah sarana nampeni ruruba arta, mila lajeng kaundur sangking kalenggahanipun mantri polisi ing Klexa kabupaten Kartasura.

Anetepaken saungeling serat undhang Wiradat tiyang kang kapandungan boten lapur wau, kaukum katutup ing kunjara lamnipun 6 dinten, tiyang 5 iji kang patrol wonten tiyang kapandungan boten amarsudi katranganipun kapatrapan paukuman Res Patrol wonten ing patrolan dhusun Mayang lamnipun 8 dinten, sarta anampeni wangsuling arta kang sampun katampen Rongga Surawadana, menggah dhawah karampungan punika, nagari amradinaken dhateng para bupati polisi ing Surakarta sadaya, kantos waradining sapanekaripun samiya nyumerepi supados sampun kantos wonten satunggiling prayantun abdidalem polisi apurun-purun anglampahi ingkan gkados

makaten, awit badhe manggih kasusahan.

Mila kula suka panarima dhumateng kiyai, Pra kang sampun amrate-
lakaken ing Jurumartani, awit enggen jengandika cariyos wonten
tumempelipun temen.

Kaserat ing Surakarta kaping 25 Pebruwari 1868.

Katandhan abdi dalem panewu Jaksa Pradata saking Prakawis Krimi-
nil, Raden Ngabei Tirtadipraja.

=====

10, Kemis kaping 5 Maret 1868

Pawartos medal saking Telegrap ing Batawi kados ing ngandhap punika.

Kanjeng Tuwan Y.F.Ase, Asisten Residhen ing Japara, ing mangke kalilan pamit dhateng nagari Walandi, laminipun kalih taun, amargi saking sakit.

Kanjeng Tuwan N.Altir, Sekretaris ing Gupremen Selebes, ing mangke inggih ugi kalilan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi, amargi saking sakit.

Tuwan Y.L.Weit, Komisionpanger tuwin BukOder ing Samarang, ing mangke kakula wisudha dados komis KONTelir ing Surabaya.

Tuwan B.Semiser, Kontelir Twedheklas, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Irseteklas.

Tuwan A.H.Wolter Bikmuller, Priyantun kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing Surabaya, ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Twedheklas.

=====

Pawartos saking Magetan kala rumiyin ingkang dados bupati ing Magetan, punika Raden Adipati Kartanagara, mengah anggenipun dados Adipati wonten ing Magetan wau ulami sanget saha tnsah andadosaken bingahipun tiyang alit, punapa malih andadosaken suka pirenaning kanjeng gupremen, ing wasana raden Adipati Kartanagara kalilan kendel anggenipun dados bupati, saha kaparingan pansiyun kathahipun 300 rupiyah ing dalem sawulan, menggah pensiyun samanten kathahipun punika awis para bupati sanesipun ingkang pikan-tuk.

Sarehning Raden adipati Kartanagara boten kagungan putra jaler, ing mangke ingkang kagentosaken dados bupati putranipun mantu anama: Mas Arya Bratawirya, patih ing MAGETAN< Mas Arya Bratawirya kaparingan pangkat dening kanjeng gupremen anama: Mas Tumenggung Arya Sura Adiningrat.

Mas Tumenggung Arya Sura Adinigrat punika anggenipun angabdi dhateng kanjeng gupremen sampun salangkung taun, saja boten gadhah cacad sakedhik-kedhika dhateng kanjeng gupremen ing dalem salangkung taun anggenipun ngabdi wau, malah asring kaparingan pratondha parenging galihipun kanjeng gupremen.

Mas Tumenggung Arya Sura Adiningrat tansah angudi dhateng karaharjaning kalerehanipun titiyang alit, saha anyaei dhateng kabupatenipun awit saking adamel marfi ageng ingkang lumebet dhateng padhusunan urut pinggiring margi punika kaadegan griya kathah katharik-tharik, griya-griya wau sami kadekekan emper tuwin jandhela wah mawi kalabur pethak, dene griya-griya punika sami kaubengan ing pakebonan ingkang sami kataneman kitri, pager pagering para griya, tuwin margi-marginipun sami kawewahan ing saenipun, andadosaken bingahipun para tiyang alit, manawi wonten tiyang amonca dhateng ing Magetan, punika amesthi lajeng angalem-bana dhateng saening pasang rakitipun tiyang gagriya, saha saen-

ing margi-marginipun, wondening tiyang amonca ingkang sami dhateng ing Magetan inggih kathah, dhatengipun wau bokmanawi awit saking badhe sumerep kemawon dhateng kabupaten Magetan, utawi awit saking badhe ngupados kasarasaning badan, amargi kabupaten Magetan punika menggah papanipun sakalangkung adamel sakecaning badan, dunungipun ing prenah kaleres wonten sangandhaping sukunipun redi Lawu, punapa malih ing SARangan kaprenah celak ing

kabupaten Magetan punika wonten telaganipun ingkang sakalangkung sakeca kadamel adus, menggah wiyaring talaga satengah epal pasagi.

Sinten sintena ingkang badhe aningali panggenan ingkang sakalangkung sae saha anyakecani badan, utawi ingkang titiyangipun sami karaharjan sadaya awit saking lampahipun tatanen wah ingkang para sabinipun sami katata saha sakalangkung saenipun, punika mugi dhatenga ing Magetan, saha sami sukaha urmat dhateng Mas Tumenggung Arya Sura Adiningrat.

=====

Pakabaran tuwin lalampah ingkang kalebet aeng saking ing pundi-pundi.

Ing Paris kithanipun agent tanah Prasman sapunika titiyang sami adamel kertas sakalangkung sae saking kajeng.

Ing Japara wonten rare jawi saweg ngumur kawan taun kalelegen arta tembagi dhuwitan amanjing ing gorokan boten saged kalebet ing weteng, nunten raden ARya Citrasoma atutulung saged amedalaken arta dhuwitan wau, awit saking jajampunipun cula warak.

Irung ingkang kalebet ageng piyambak ing ngalam dunya boten wonten kados irungipun Jamesput ing tanah Inggris, menggah panjanging irung punika boten kirang saking 16 dim Nederlan, kaukur saking pucukipun, dene lenging irung satunggil-tunggilipun awiyar 4 dim, saking pawartosipun tiyang, manawi Jamesput wau sisi, sabawanipun kados salompret.

Tiyang estri ing tanah Prasman ing salaminipun agesang sampun anglampahi wade rambutipun kaping gangsal welas, saha papajenganipun sadya pikantuk 400 ringgit.

Ing Paresidhenan Krawang wedalanipun panen pantun ing salebetipun taun 1867, sakalangkung kathah, anyameni angsal-angsalipun pantun ing dalem tigang taun dados satunggil, kados ta angsal-angsalipun panen kala ing taun 1864, 1865, tuwin 1866, kakalempakaken dados satunggil, punika sami kathahipun kaliyan angsal-angsalipun panen kala ing taun 1867, tau.

Kala tanggal kaping 8 wulan Pabruwari ingkang sampun kapengker, ing Ngayogyakarta wonten pangeran seda, namanipun Pangeran Surya ing Ngalaga, menggah pangeran punika manawi sare alenggah kemawon, laminipun anggenipun asare lenggah wau sampun kawanwelastau.

Ing panggeling sawarnipun samukawis wonten ing tanah Inggris, punika wonten tiyang ambekta babi satunggil dhateng panggenan pangelar ing ngriku, babi punika sakalangkung agengipun, saha wawrat 1120, pon Inggris.

Katandhan Mas Dahwen.

=====

Sapa mireng kula ing taun punika kathah gendhis pasir pamedalipu pabrik ing Malangjiwan kintunaken dhateng Surabaya, kirang langkung saking 19000 pikul, ingkang punkka saestu andadosaken kauntunganipun ingang kagungan pabrik wau, ananging samanten punika adamel susah ing tiyang ngalit, sabab kala rumiyin saderengipun wonten pabrik ing Malangjiwan, margi ageng ing Jebres, boten ngantos risak kados sapunika, amargi kaambah ing grobag ingkang ngusung gendhis wau saking Malangjiwan dhateng gudhang ing Jurug.

Margi ageng punia wiwit saking Mesen dumugi ngajenganing griyanipun Tuwan S, sapunika sampun kadadosan ragi sae, wondening margi

ing ngajenganing dalemipun raden tumenggung Bratakusuma punika boten pisan kamanah ngantos jeblog anglangkungi margi maesa ing padhusunan.

Sapa mireng kula kangjeng Raden ADipati sampun rambah-rambah anggenipun utusan Kaliwon, andhawahaken parentah, supados andadosna margi ingkang risak wau, ananging ngantos sapriki taksih kakendelaken kemawon, punika adamel susahing tiyang kathah, sarta pitunanipun ingkang nyepeng pasewan kareta, kadadosanipun manawi kula badhe tuwi sanak sadherek kula ing Jebres, boten saged pikantuk kareta sewan, sabab sampun kathah kareta ingkang ngambah margi wau risak piriipun utawi tugel indhenipun.

ING mangke angodhengkaken pamikir kula, bilih dhawahipun papatih dalem ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan boten kaagep, mila ingkang gadhah bebahan andadosi margi ageng ingkang kasebut ing nginggil wau, utawi ingkang boten angleksanani dhawahipun kanjeng Raden ADipati punika pantes kaukuma badan, utawi kadhendhaha arta.

Surakarta kaping 29 Pebruwari, 1868, Jedhulana.

=====

Panuwun kula dhateng tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani mugi karsa macak serat kula ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Ing serat Jurumartani katitimangsan kaping 20 Pebruwari 1868 angka 8, kula sampun amaos seratipun Mas JOnggalana, saking panimbang kula, sadaya kang kacriyosaken wau leres awit tuwan M ingkang anyepeng Kopiheis wau kendel tuwin narimah kemawon, dene saking pamireng kula para priyantun jawi tuwin tiyang Cina ingkang kala rumiyin asring sami dhateng main bolah ing Kopiheis wau, wiwit ing dinten wedalipun serat Jurumartani wau ngantos

sapriki boten wonten ingkang dhateng ing ngriku malih, bokmanawi sami rumaos isin, ananging sampeyan ma Jonggalana kok mawi dajwen ing pikajenganipun tiyang, bok kajenge para priiyantun jawi tuwin tiyang Cina sami bingah bingah utawi ngupados Pokil wonten ing Kopihis.

Sinerat ing kampung Tongga kaping 26 Pebruwari 1868.

Katandhan Cik Mahmutketu.

=====

Tabé kaurmatan akathah-kathah katur ing tuwan ingkan ngarang Jurumartani.

Ing sak pamireng kula ing Jurumartani angka 7 mungel yen para Opsir Pakualaman boten wonten ingkang suka kurmat tetuwi laya n dherekaken pangubur layonipun tuwan Kapten Bikman, ing bab punika sak pamirsa kula tamtu asring marlokaken sami kurmat sami ngagem Grutni namung ing wektu punika penuju boten pisanwonten utusan, agengipun saking karesidhenan tuwin sangking sanesipun pata tuwan inggih boten wonten, mila sak watawis ugi andadosaken pangungunipun tuwan wau teka boten wonten ingkang ngaturi priksa ingkang jeng gusti pangeran adipati.

Pakulaman kaping 16 Pebruwari 1868.

Katandhan Jurusrat Ngabehi Sestrakarya.

=====

Kula sampun maos serat Jurumartani angka 4 ing taun punika ugi.

Ing ngriku wonten anggitanipun ingkang nama: Mas Dahwen ing bab pakabaran tuwin lalapah ingkang kalebet aeng saking pundi-pundi.

Inggih punika mas sareng kula maos ing bab anggitan sampeyan punika kok sanget andadosaken suka bingahing manah kula, sarta

kapanujon ing reh sampun anayogyani. Saha ing panedha kula mugi wontena karsa sampeyan anglajengaken suka panjurung pakabaran wau dhumateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani. Amargi kula purun anamtokaken bilih para priyantun ingkang sami maos anggitan sampeyan punika, sami boten badhe ewa ing galih, tuwin saestu bilih sami dhangsan sarta anjurung ing karsa sampeyan punika. Awit dening para tiyang ingkang sampun sami amendhet serat Jurumartani punika esmperipun boten anamtokaken yen sadya amendhet serat kabar ingkang temtu malajeng tigang warni, ingkang sampun kajarwa ing serat sampeyan ing Jurumartani angka 4, wau, tamtunipun para tiyang ingkang sami boten mendhet seat kabar cara malajeng titiga wau, lajeng dhamang ing manah saking mireng kabar ing pundi-pundi, ngamungaken maos pawartos panjurung sampeyan ingkang sampun ingarang salebeting Jurumartani kemawon.

Kalih dene yen raosing manah kula makaten mila sanget sanget anggen kula sarju saha amurih sampeyan anglajengna anggitan wau, E dene tembangipun tembung jawi awit sayektosipun bongsa kula

titiyang jawi, punapa dene ingkang bodho puguh kados pun kula punika, yen kaaturan maos serat ingkang tembung malajeng, inggih ta sanadyan tembung malajeng rendah, langkung malih tembung malajeng inggil wah seratanipun cara Walandi, punikataksih dereng kathah wiwicalanipun ingkang sampun pinter leres sarta sumerep terang ing tembung punika.

E kok pun Rongga ngingilani kawigyaning tiyang innggih boten nun, ananging panginten kula punika wong ing sayektosipun anjawi yen titiyang ingkang sampun kenging kaanggep impenipun punika sumongga kula kirang priksa, rak inggih ta mas.

Sasampuning punika amung panedha kula malih ing sampeyan yen sarta kapanujon dhanganing karsa, ing bab pasetutaning asma, yen sampeyan kenging kula rembagi nama sampeyan punika bok inggih sampun mawi santun malih, inggih namaha Mas Dahwen kemnawon, sabab bilih raosing manah kula mas yen tiyang kerep kerep sanget santun nama punika, kados kemawon kok andadosaken ragi nanarik kembane raosing serat anggitanipun pratandhaning wonteningkang sanget karempun ngalih paparab kok inggih kados atur kula punika. Wondening ingkang karempun ngalih nama wau inggih punika pun PA WA GA. ING dalem sadinten ngalih nama ping sawidak kapal, sake-mis, nama Singa Awikrama, sakemisipun malih: nama Kasanreja, wastaning griyanipun inggih ngolah-ngalih, terkadhang ing dhusun banggala, ngalih dhateng Balali, lajeng dhateng Sidayu, punapa dene ing nagari dhusun Punukan.

Makaten punika rak kenging kula wastani anjajelehi, nanging kulainggih sampun namtokaken bilih mas Dahwen boten badhe anjajelehi kados pun PA WA GA ing dhusun Banggala.

Inkang punika mugi sampun andadosaken rengating manahipun Mas Dahwen, dening pamurih kula wau, prelunipun aming supados anyoba ing para sumitra, ingkang sami semunipun angaken sampurna ing wigyaning kasusastranipun ananging sampun kacobakaken ing popotho kados kula, awit kathah para mitra wau ingkang sampun sami angarangaken seseratanipun tinrap ing srat kabar sapanunggilanipun srata wonten salah satunggil saking para mitra wau inkang sring temen amemelehaken titiyang bodho, ingkang sasaminipun tiyang tanpa upaya kados pun kula, inggih kula kula puniki tur ta yen mila dereng titih satuhu. Tiyang kuminter wau mongsa puruna katar

karepot miwah winastan taksih cotho ing kasusastranipun, pamrih kla mas suwawi sami katondha akalayan cecethekan kemawon, pamrih kula punapa para kuminter wau sami saged angyaktosi ing panatani-pun okaraning sastra sampeyan wah kawontenan ing jengandika kang sayakti kuminter wau punapa waskitha punapa boten.

Ing wasananipun ing bab panedha kula wau inggih yen kapareng klayan karsa sampeyan ananging saking panginten kula yen sampeyan sampun tampu leresing estunipun pikajengan kula emperipun inggih

karsa nembadani saking pamirhipun tiyang agahan ing Sunyaragi, ingkang punika kulanuwun sumongga ing mas Dahwen. Katandhan dening pun Kyai Wredha, Ronggajanur, inggih kimas Kentholpatiopen.

=====

Sareng kula maos Jurumertani angka 5 Kemis kaping 30 Januwari 1868, ing tondha astanipun mitra kula A LA ragi sumakeyan api-api kailapan dhateng watakipun pun Patik Sumongga. Inggang punika mas pun Suongga wau kula upamekaken titiyang kewedan anggane badhe damel wewangsulana tumrap ing Jurumartani, ananging saking adreng-ing kumedah temen kawastanan Arjana, mila lajeng nyarjono angobat-abitaken tembung, wangsal-wangsul cara mawa nagara mawa desa, kok kalentu cempelut nembungaken nagara mawa tata. O la konangan satemah dipun gegujeng kados lare alit ingkang sami lelucon sabab anggane katingal lucu dene kajarwa salebeting serat jurumertani. wondening kudbahipun saengga kang sami kasrempet ing sepi kumandhang sepi abab sepi lisus ingkang mijil gabuging sirah yen tasih anggadha sirahpun patik Sumongga wau. Saking sangeting panyrempet angodhengaken saengga sumaput kula boten maiben, la tyang sampun ical dhapuring wonda, la tyang sampun tanpa wujud manungsa, atyang boten uman piwulang namung anyunggi pawulangipun pyambak saengga ical wujuding sirah namung mendhol kawratan nyunggi dongga sepi, temtu kemawon gela-gelo ambijig-bijig. Punika mas watakipun bilih sumerepa raosipun kang dipun sunggi merasuk kasaenanipun, gelonipun kados areringgitan wekasan saget andhalang la, pahanipun purwa bedanipun Kresna lan Kakrasana, pethak tinimbangan cemeng, sareng boten cemeng boten pethak punapa boten kenging katumrapaken ngayawara, kumandhang tanpa suwara, inggih punika swaraning Sasaleh utawi Rijal. Bilih kang sami maos serat Jurumartani dereng gayuh watakipun pun Sumongga, awit anggening ngali-ngalingi gendhengipun tetep kara nyarjana, kula aturi pitaken dhateng pemanggihipun Kuruf wawukajabar, awit punika ingkang karem amarsudi kasusastran.

E mila kula amangsuli mengakten menawi kemawon dados wawaton angicalaken penggalih ingkang sumelang. Pratondha Ki Ka.

Wangsul kula asuka pralambang dhateng mitra kula upami kandelig kajeng amurih sageda tipis, puniku jengandika perang jengandika pasah kang ngalus menawi anipisaken wesi, kabakar kapalu utawi kagrenda sapanunggilanipun.

Kados ta, keretanipun tembung Kresna, kakerasane ana, ugi boten sepi-sepi.

Dene keretanipun Kakrasana kakerasane manggon ugi kaken dados kirang tlatos boten kadunungan ttaberen.

Sedaya punika kula tasih kumedah sumerap dhateng pemanggi kula nginggil wau condhongipun kalayan pemanggihipun ingkang sami karsa marsudi kawruh ingkang andadosaken paesah ambiyantoni wedalipun serat jurumartani selame-lamenipun, kula boten sumelang sakedhik-

kedhika saking wedalipun srat jurumatani punika andadosaken tambah kesaenan dhateng priyagung jawi sumerap pipun lelepiyan pitembungan utawi ukaranin gkasusastran awit biyantunipun para saget, tumrapipun dhateng para titiyang ingkang nami bekel ingkang tetep karan desa Kluthuk sasaminipun ingkang kawastanan Jawa-Jawal, kunun ingang sanget terwelun lo punika pitembungan aneh mas.

=====

Menawi pareng karsanipun tuwaningkang ngarang serat jurumartani sseratan kula punika mugi kersa amacak minongka atur panjurung. Kula maos ing serat Jurumatani Kemis kaping 13 Pebruwari 1868 onka 7 wonten saseratanipun kang nama Ki Ronggajanur mliringi dhateng paman kula Singawikrama ing Sedayu, paman kula Singawikrama wau embikipun asli ing Gresik prenah neinek kula cer. Menggah saserata jengandika sadaya ki Rongga pandugi kula awis tiyang kang sumerep murad maksudipun sanadyan ki Rongga piyambak kang darbe saseratan kula nemtokaken yen ki Rongga boten summerep murad maksudipun ing saseratan punika. Ing mangke sami gentos cariyos inggih ki Rongga tur gampil kemawo nanaging ki Rongga sampun rengu galhipun, samukawis kang katitah ing dalem dunya punika tumindakipun nnamung kalayan animbang-nimbang tetinggalan kang sami gadhah timbangan kadosta:, Surya, punika panimbang ing tiyang, timbanganipun ing ngandhap timbanganing pun nginggil kilen timbanganipun wetan ler timbangannipun kidul bumi tibanganipun langit dharat timbanganipun seganten, bapa timbanganing biyung, kaki timanganing nini, sumongga ki Rongga jengandika galih, mongka paman singawikrama, ing Sidayu, nalika ningali pakurmatan ing nagari Surakarta, miyos dalem taun baru walandi, saking katemben uninga, ing Ngayogyakarta piyambakipun sampun asring-asring uninga, pondhokipun wonten mertalayan lami, awusana pun paman wau wonten ing Surakarta langkung pangunguning manah kalayan animbang-nimbang ing saleresipun boten awit saking pang-erang-erang, jengandika mestani pun paman badhe manggih susah sakit cilaka, punika sila kakang pundi ki Rongga dene sanget temen enggen jengandika miraos Ngayugya, Sala, punika titah ing Allah, sadaya sami ugi o, yen makatena ki Rongga, jengandika punika dereng sumerep ing Alip[bengkong, ing dalem dunya punika, gusti Allah enggenipun anitah, kasebut ing dalem kitab Anas pun tegesipun warni-warni, boten sadaya, katitah sami, jengandika miraos piyambak tiyang kilen redi Mrapi, tiyang wetan redi Mrapi, beda, punika leres sangaet ki Rongga, inggih punika ingang kasebut Anaspun wau, enggalanipun ki Rongga, kula namung sumedya ngringkes tembung, amrih cekak sampun kapanjang-panjang, kala kaping 10 wulan Juni taun 1867 bumi iing Pulau Jawi, molah kalangkung sanget inggih punika lindhu ageng, ing pulo jawi tengahan awit saking Tlacap mangaler, magnetan dumugi kilen redi Mrapi, kathah kang sami karisakan gempur jugrug dening lindhu, langkung sanget malih ing Ngayogyakarta saurutipun kathah ingkang rusak wah kathah papejah, punika sakilen redi Mrapi, sawetan

Redi Mrapi, nagari Surakarta, sampun ingkang risak rempit kimawon boten, sawetan Surakarta, ing Madiyun mangetan dumugi Pranaragi, lan sakiwatengenipun sami karisakan dening lundhu sadaya, ing Surakarta wau kados pulo kang sami karisakan wau kula pamekaken toya saganten pulo kinubeng ing karisakan nagari Surakarta, kaot temen lan nagari kang kathah-kathah, punapa tiyang kathah kang

sami gumun ngungun saleresipun kados mangkaten wau, sadaya badhe manggih susah, sakit cilaka kados wiraos jengandika wau, o, kados pundi ki Rongga, ki Rongga sampun jengandika panjangaken kalitu serep jengandika mindhak dipun gugujeng tiyang wade bakmi, pang-gujengipun wau, menawi dipun tumbasi priyantun penuju wonten satepining margi ageng, kaleres putra wayahipun ki Rongga, mongka penuju wonten kareta kapalipun ambandhang, anggiles kang wade lan katumbas boten wande badhe dados dhedhabyangan kados wiraosipun ki Rongga piyambak ing Jurumartani, dene pun paman Singawikrama, jengandika junjung kanamakaken Sarajana, pujongga, kasamekaken kaliyan priyantun pujongga ing Surakarta, inggih sokur setwu mugi angala sawab donganipun ki Rongga, dene tyang busuk ing pasisir kasamekaken kaliyan pujongganing prajawira, kula langkung gumun malih dene meni wonten udur ing serat Jurumartani, Raden Angabei Ronggawarsita, pujongga ing Surakarta, asring-asring kasembet punika kados pundi karsanipun ki juru, awusana kula nyuwun pangaksamanipun ki Rongga, saha sami amit-amitan boten macak malih malih ing serat Jurumartani, punika yen sampuna kalerespun paman ing Sedayu wau, boten perlon. Ing Gresik Isnen kaping 17 Pebruwari 1868

Katandhan Pan Longik.

=====

Kawulanuwun sewu inggih tuwan Redaktur kula anyelani atur dhumateng A, L, ing Jurumartani angka 5, ingkang tembungipun agendheng-gendhengaken utawi satengah nampi lingi dhumateng Sumongga, sapiturutpunkados dening ingkang sampun kasebut wau.

Inggang punika tuwan Redaktur suraos ingkang makaten wau kinten kula bokbilih badhe andamel kapokipun para tiyang ingkang sami suka panjurung kabar ing Jurumartani, wekasan damel gelaning penggalhipun tuwan Redhaktur, utawi agengipun badhe andamela pitunan ing sawatawis sabab ing saestunipun para tiyang ingkang sampun sami purun suka panjurung kabar ing Jurumartani wau sami kapik badhe boten purun suka panjurung malih awit saking jrihipun tiyang jereh mawi bodho bokmanawi dipun cathek dhateng A, L, kados dening ingkang sampun kasebut ing Jurumartani taun 1867, utawi penyawelipun dhateng pun Sumongga punika, punapa dening tiyang ingkang dereng nate suka panjurung saweg badhe kemawon inggih lajeng ajrih, awit mireng caroyos utawi nyumerepi piyambak A, L, ngaglah ing nglurung angadhang-adhang tiyang ingkang sami

lumampah kedah sami dipun cawel kemawon, wekasan lajheng boten tamtu lumampah saking jrih kuwatosipun bok bilih kacawel sayektos. Dening para kendel ingkang sami kacawel kok kapok boten purun lumampah malih, inggih saking jrihipun sakit.

Mila punika saking pandugi kula menawi boten lepat kados pun Sumongga inggih boten purun wangsul, awit sumlengeren pangguweli-pun wau.

Tur makaten punka saking kajengipun A.L. ing Jurumartani wau boten sanes pamrihipun supados kathaha para tiyang ingkang sami purun suka panjurung kabar ing salajengipun tumbas, awit dening saking sagetipun A.L. kilap medal saking serenging penggalih utawi saking renaning penggalih dening A.L. omglamg da,el bebuka jalaran saking galakipun kedah anyawel sabab A.L. punika kados dherek enko angarang kabar Jurumartani, sabab yen boten makaten temtu badhe adamel kapitunan. Mongka kawontenanipun tiyang sami purun tumbas kabar jurumartani punika ingkang dipun remeni boten

langkung namung saking serat kintunan, saupami boten wonten serat kintunanipun sayektos badhe wonten tiyang ingkang mantuni tumbas srat kabar jurumartani, tandhanipun menawi ingkang tumbas jurumartani tampi kabar punika, mongka boten wonten sratipun kintunan lo punika pamaosipun lajeng gela, dongeng-dongeng wah cariyosipun nagari

Asiyah, Amerikah, Ustraliyah, utawi sanes-sanesipun lajeng boten dipun waos, awit boten remen saking caroyosipun atyang ingkang tumbas jurumartani wau tampi kabar punika, ingkang dipun padosi rumiyin inggih srat kintunan, menawi sampun rampung pamaosipun srat kintunan punika sawek maos tembung sanes-sanesipun.

Amila ingkang punika tuwan Redhaktur kula angemungaken sapisan punika kemawon dherek suka panjurung, awit saking jrih kula bokmanawi dherek kacawel mindhak sakit.

Ing wasana menawi amarengaken saha katimbag pantes mugi wontena kersanipun tuwan Redhaktur anglebgetaken kabar jurumartani.

Dhangungangan kaping 3 Pebruwari 1868 katandhan Kula pun Kapok.

=====

11, 12 Maret 1868

Tuwan Jaspres asuka pangemut-emut ingkang wekasan dhateng para priyantun ingkang sampun kakintunaken serat panagihing sambutan, supados ambayara sambutanipun, manawi para priyantun punika boten angleksanani ing pambayar ing sambutanipun wau ngantos dumugi satelasing wulan Maret punika utawi boten asuka wangsulan serat ng panaghipun tuwan Jaspres wau, punika tuwan Jaspres kuwajiban angundhangaken namanipun para pruantun wau kawrat ing Serat Jurumartani, saha ing serat pakabaran cara malajeng ingkang saking Batawi, Samarang, tuwin Surabaya.

Inggang punika para priyantun wau mugi mugi sampun ngantos amanggih kalingseman.

Surakarta kaping 12 Maret 1868

Awit saking parenahipun tuwan Dhegrootkolep enko

Katandhan Tuwan Jaspres.

=====

Para priyantun ingkang karsa utusan atumbas barang dhateng tokonipun Jaspres enko ing mangke sami kaaturan ambektanana serat dhateng utusanipun mawi kasukanan tondha asta, langkung prayogi manawi mawi kasukanan pratondha cap awit sampun asring kemawon para utusaning priyantun sami angaken kautus ing bendaranipun amendhet barang ing tokonipun tuwan Jaspres enko weksanipun boten kautus, salajengipun sareng bendaraning para utusan wau katagih, punika sami boten rumaos angutus dhateng abdinipun amendhet barang ing tojonipun tuwan Jaspres enko wau, malah sami amratelakaken bilih para utusan wau sampun sami boten angabdi malih, dados sampun sami kesah saking bendaranipun punika wau.

Katandhan tuwan Jaspres enko.

=====

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Nopember 1867 sami kaemutaken mugi ambayara sambutanipun sadereng ing utawi satelasipun wulan Maret punika, manawi boten angleksani ing pambayaripun wau badhe katagih medal saking pangawasaning pangadilan.

Surakarta kaping 1 Maret 1868

Katadhan ingkang nguwasani kantor lelang tuwan Bosower.

=====

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng Tuwan O.Panris Lid Rad Nederlan Indhiya, awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kalilan kendel kalayan urmat anggenipun angasta damelan dados Lid Rad Nederlan Indhiya, amargi saking sakit, ananging anggenipun kalilan kendel wau amawi anyar-antosaken ngantos kaiden dening kanjeng maharaja, kasebut ing serat kakancenganipun Kanjeng Tuwan Inggang Wicaksana Guprenur Jendral, punapa malih ing sapunika kangjeng tuwan Panris sampun kalilan pamit dhateng nagari Walandi laminipun kalih taun.

Kanjeng Tuwan Y.W.Moyen Asisten Residhen ing Berbek Paresidhenan Kadhiri, ing mangke kinula wisuda kaelih dados Asiten Residhen ing Japara.

Kanjeng Tuwan C.Panrein, Asisten REsidhen ing Anyer Paresidhenan Banten ing mange kinula wisudha kaelih dados Asisten Residhen ing Bebek Paresidhenan Kadhiri.

=====

Bok manawi para Dipongga saged tumpes.

Ing saben taun kemawon dipongga ewon ingkang sami kapejahan, pejahipun wau awit saking dipun bubujeng, amargi dipingga punika kala taksih wanaipun sami adamel karisakaning taneman pantun tuwin gandum, punapa malih anggenipun kapejahan wau awit saking badhe kagami gadhingipun, sanadyan dipongga punika kakatimbang kaliyan satokewan sanesipun ageng piyambak, ewa denten gampil piyambak ing pamendhetipun, utawi gampi anggenipun adamel tutut, lajeng kenging dipun madamelaken punapa malih gampil anggenipun badhe amejahi, awit manawi kasanjata kenging lajeng pejah, meng-gah dipongga wanan jaler ingkang ageng piyambak saha ingkang wawratipun ngantos tigang ngewu Pon Nederlan , punika manawi kasanjata kenging mripatipun, utawi kengng epiking talale, utawi kenging sawingkinging kupingipun amesthi lajeng pejah, sampun kathah kemawon tuladhanipun, bilih grema ingkang ambekta sanjata dhempat saged amejahi dipongga awit saking panyanjatanipun mawi amingert ngiwa nengen ing tanah Selong ingkang sisih ler ti-tiyangipun sami amejahi dipongga ing dalem tigang taun angsal dipongga kathahipun 3500 iji, anggenipun amejahi wau mawi angsal ganjaran sakingparentah, ananging sakedhik sanet, kaeta sirah dipongga satunggil amung sawatawis tangsul wonten tuwan anama Sepil punika atumbas sirahing dipongga ingkang sampun sami kapejahan ing dalem sawatawis taun laminipunngantos angsal 22000 iji, dene ingkang pinendhetan amung gadhingipun kemawon, gadhing punika lajeng kadamel dadosan wonten ing pabrikipun, punapa malih gadhinging dipongga punika kabekta dipun grami dhateng nagari ing pundi-pundi, prelunipun amung kadamel dadosan, sarehning dipongga punika boten saged dados kathah saking anggenipun awis anak-anak, amesthi kenging kawastanan manawi badhe tumpes, dados sirna ing kawujudanipun.

=====

Pakabaran tuwin lalampah ingkang kalebet aerng saking pundi-pundi.

Kala tanggal kaping 10 wulan Pebruwari ingkang sampu kapengker, ing wanci dalu tiyang sampun angsal-angsalan ingkang medal saking kapurunaning manah, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Tuwan Birheisen Ajudan Onder Opsir saking prajurit pulisi, punika

ing wanci dalu watawis pukul satengah sadasa kesah dhateng jaga ing Batawi ingkang kaprenah salebeting kitha, mawi ambekta sanjanta ingkang sampun kaisenana rumiyin, ing ngriku tuwan Biheisen sabawaning tiyang kathah sami alok-alok.

Sareng makaten tuwan Birheisen lajeng amurugi panggenanipun tiyang alik-alok wau, wonten panggenan ing ngriku tuwan Birheisen aningali buwaya satunggil ingkang panjangipun watawis 5 utawi 6 kaki, ing sanalika buwaya kasanjata dening tuwan Birheisen kenging ananging boten premana, kalampahan buwaya taksih saged lumajeng anglangi wonten ing toya.

Sareng tuwan Birheisen sumerep, manawi buwaya taksih saged lumajeng, lajeng anjegur ing jagang, buwaya kacepeng ngantos rame anggenipun agelut kalayan tuwan Birheisen, wekasan buwaya kenging kacepeng sukunipun kalih lajeng kaenggahaken dhateng dharat, wonten ing ngriku lajeng kapejahan, sanadyan kala samanten panyepingipun buwaya tuwan Birheisen kathah tiyang Jawi utawi Cina, watawis wonten tiyang 50 utawi 60 ewadenten boten wonten satung-

gil tunggil ingkang gadhah kapurunan atandang tulung.

Ing serat pakabaran saking Samarang ingkang kawastanan Lokomotif kala tanggal kaping 28 Januwari ingkang sampun kapengker wonten serat ingkangkapacak amratelaken kados ing ngandap punika.

Sarehning sapunika sampunkasumerepan manawi nyenggol kecu anama Surakarta kaliyan Kerayuda ing kang sampun sami ngecu ing dhusun Janglot,, punika sampun kaetrapaken ing paukuman dening pradata dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ing Surakarta, badhe katuweg ngantos dumugi pejah, sasampunipun pejah sirah lajeng katanjur, patrap makatenpunika amesthi badhe angicalaken pikajenganipun titiyang durjana ingkang sami angecu. Benggol kakalih wau kados ingkang sampun dipun serepi ing tiyang, sami nyuwun kamaning paukumanipun, ananging titiyang sami gadhah panginten, manawi panuwunipun punika badhe katulak supados angicalna reresah saking pandameling kecu. Ing ngattasing prakawis punika sakalangkung wonten prelunipun, bilih andadosna tutuladan dhateng para kecu ing sanesipun, kados ingkang sampun kalampahan kala ing taun 1843,para tiyang durjana kecu ingkang sampun amejahi tuwan Yo-seimerbung, punika sami katuwek, paukuman wau sampun andadosaken girising para kecu,kalampahan ing dalem kalih dasa taun laminipun boten wonten para tuwan ingkang kakecu malih.

Saking pawartosipun kanjeng tuwan residhen ing Surakarta sampun adhdhawah dhateng tukang sepir, sampun ngantos purun-purun anglebetaken pasakitan dhateng kunjaran manawi boten terang saking kanjeng tuwan residhen, menggah dhawah ing kang kados makaten punika sakalangkung prelu, awit sampun nate kalampahan manawi wonten pulisi ingkang dereng dipun serepi dhateng tukang sepir, punika anglebetaken pasakitan wonten ing kunjaran, boten wonten

para ageng satunggil ingkang anguwasani babkunjara anguni-uni ing lebetipun pasakitan wau, kala samanten manawi pasakitan punika boten gadhaha kapurunan asaos atur dhateng kanjeng tuwan residhen ingkang panuju amariksani kunjara, amsthi ngantos sapriki pasakitan wau boten saged amedal saking kunjara.

Pangandikanipun kanjeng tuwan residhen ing Surakartaing basa jawi nalika ing dinten wiyosanipun Kanjeng Maharaja Walandi, dhumateng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, tuwin sanesipun ingkang sami andherekaken kanjeng gusti pangeran Adipati Arya Mangkunagara, punika andadosaken eramipun para priyantun jawi saha sanesipun priyantun ingkang sami saged basa jawi, amargi saking saening pitebunganipun jawi wau.

Wonten priyantun jawi ingkang gadhah pamurih dhateng majenging tatatanipun ing nagari, saking pawartosipun badhe kagutat ing ngarsanipun pangadilan amargi priyantun punika purun amacak serat wonten ing Jurumartani, bab prakawis paparentahan jawi, tuwin paparentahan pulisi wah bab priyantunipun pulisi. Sanadyan priyantun wau kakinten badhe boten kenging paukuman, awit ingkang kacariyosaken amung prakawis lalampahan, ewadenten badhe andadosaken mirisipun ing wingking ingkang sami amratelakaken malih wonten ing jurumartani bab saserepanipun dhateng lalampah wau punika, makaten ugi inggih badhe adamel mirising sanesipun priyantun jawi ingkang badhe sami amratelakaken saserepanipun dhateng samukawis lalampahan.

Katandhan Dahwen.

=====

Serat sayogi katur ing panjenenganipun tuwan ingkang ngarang

serat Jurumartani, kang apilenggah ing nagari Surakarta adinigrat. Saking panyuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, mugi karsa amacak serat kula panjurung pawartos ingkang kasebut ing ngadhap punika, samanten ugi bilih manawi panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani sampun amrayogekaken panjurung kula pawartos ingkang kados ing ngandhap punika, kula inggih sumedya badhe anglajengaken ing sak saged-saged kula anjurung pawartos, kangge wewah-wewah ramening serat Jurumartani.

Panjurung kula pikabaran ing ngandhap punika, manawi wonten saruning tembung tuwin lipating ukara, mugi pun ageng sih pangaksaminipun para bongsa luhur miwah para priyantun ingkang sami atampi srat jurumartani, punapa malih panyuwun kula dhateng para Wigya ing kasusastran, manawi pitebungan wau kagalih kirang prayogi, kawula sakalangkung bingah asukeng tyas bilih manawi wonten ingkeng sudi paring pangajaran, sah akawrat ing Jurumartani, malar andadosaken saking kandhakaning kawruh, dados samargining pangartos kula, awit kula punika kenging kawestanan Bur.

utawi tiyang ingkang awis angsal pangajaran.
Kula kang suka tondhapun Ma Yar Li ndri

Kabaran saking Tegil

Mas Singasudira, mantri Twedheklas saking nayaka kaukuran, ing mangke sampun kaundur kalenggahanipun, kalayan urmat. Boten mawi kaparingan pansiyun. Denten ingkang gumantos saking padamelan mantri Twedhelas wau, anama Mas Estratanaya, bekas nayaka mantri Ukur pangkat satunggal, kang tembe amentas saking Perlop, kala wontening Magelang.

Mas Kramaatmaja, mantri Twedheklas saking ukuran sampun kinulawisudha katetepaken dados mantri dhudhuk ing Dhistrik Tegil, kadamel pangkat 3.

Mas Wirawarfaya, mantri klas 3, katetepaken dados mantri Dhistrik Pangkat 3 ing Panah kabupaten Tegal.

Sampun antawis kalih wulan kapara langkung, pamireng kula kareteg Kedhung Kesambi, engkang kabawah dhateng kabupaten Tegil, kenging risak sabab katrajang dhateng sarah ing banjiragan ageng. Sakanipun ingkang kaperang kidul kalih ical kabakta ing toya, terampa sapalih ing perangan baten kenging kaambah ing kuda tuwin kareta, wit dening sanget anguwatosi. kareteg wau saingga miring mangidul.

Panjenenganipun tuwan Insinyur saking Waterstat, sampun andamel akal tarekah, amurih wau kareteggenging pinasangan saka malih, ananging tansah andadosaken ing kasangsaran, awit dening banjiragan baten wanten sudanipun. Para titiyang sam anak sirsak kangkung prayogi bilih manawi kareteg wau kabikak sadaya, sampun ngantos andamel sumelanging manahipun para titiyang ingkang sami lalampah dalu.

Ing sak lebetipun wulan Pebruwari 1868 wonten satunggal baita saking Pakalongan, manggih katiwasan kerem wonten sak tengahing saganten. Dhapuripun anglewang. Baten sabab kathahen isi, amargi sangking urus tuwin genging ombak, kapernah caket dhateng muwara tegil, baita wau amerat katela pendhem, sumedya kasade dhateng ing Tegil, wasana wau katela ical sadaya wonten sanglebeting toya. Denten para titiyang baita wau, sadya sami wilujeng, sah asami angsal palaling pangeran tumunten saged bujeng ing dhara-

tan. Ti Ti.

=====

Nuwun ingkang awit saking panuwun kula, dhumateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat jurumartani, mugi karso amatcak serat kula punika wonten ing serat jurumartani.

Kula sampun maos serat jurumartani onkha 9 katitimangsan kaping 27 Pebruwari taun 1868 ing ngriku wonten serat ingkang katandhan Raden Ngabei Tirta Dipraja amratelakaken menawi anggen kula

ngaturi panjurung cariyos ing jurumartani angka 4 prakawis saking lelampahanipun kang boten pprayogi raden Ronggasurawadana, priyantun Rongga pulisi ing Kleca, ingkang punika sangking panggalihipun raden Ngabei Tirta Dipraja kula kakalih dora ananging dora kula wau antawis lajeng saget sirna, awit saking dene wonten tempel kayektosanpun mila sangking pangraos kula boten kalebet nama dora.

Anjawi saking punika kula mawi saget angsal tondha panrimah sangking kanjeng parintah ageng, inggih sakelangkung sangking sewu panuwun pamudhi kula, saha mawi pakurmatan ingkang akathah-kathah, dhumateng ing kangjeng parintah ageng dene sampun karsa ang laksanani sirnanipun lelampahan kang boten prayogi kados saking atur kula ingkang sampun kawrat ing Jurumartani angka 4 wau.

Boten kados nalika kula maos serat Jurumartani ingkang katandhan mas Kasanreja, punika sawetawis sanget andadosaken gumun ngungun kula utawi sakedhik meh gadhah raos kaduwung, sabab ing ngriku mratelakaken menawi pratela kula kang kapatcak ing Jurumartani angka 4 kamanah tanpa damel ananging ing sapunika sareng kula sampun mais serat jurumartani angka 9 ingkang wonten tandhanipun Raden Ngabei Tirtadireja ing ngriku samalika lajeng sirna bab anggen kula gadhah raos gumun ngungun saha badhe kaduwung wau amargi pratelan kula dene saget wonten ing wahananipun dados menawi mekaten kapara pratelanipun mas Kasanreja kang kinginging kamanah dora.

Wasana mugi sami andadosna kawuningan sadaya para priyagung tuwin mangandhapipun dhteng para mitra kula menawi ing sapunika sakelangkung sanget saking sewu ing pamundhi kula dene kangjeng parintah ageng nagari, mawi karsaha titipariksa awit saking atur pratela kula ingkang kapacak ing Jurumartani angka 4 taun 1868 punika.

Sinerat ing Surakarta kaping 9 wulan Maret taun 1868.

Kula Kyai Pra, ing Kampung bawah Gedhongkiwa.

=====

Srat saha ingkang pamuji kelayan kurmad katur saudara kula tuwan Jaspres enko, menawi kepareng dhangsan karsanipun saudara, sangking panuwun kula srat kula punika kapacak ing dalem Pustaka Jurumartani.

Kula sampun amrigsani srat Jurumartani, angka 5 ing ngriku wonten labet saseratanipun ingkang nama Marjaban ing nagari dalem Ngayogyakarta Adiningrat ugi anandukaken cecangkrimanipun sinawung sekar durma. 1 pada. wondene pambatang kula cangkriman wau, tegesipun tama sirah kelayan tama sinjang, mila kabasakaken sami-sami, kaot cemeng klayan pethak kaciwa sanes negari, sira neng praja tuma pethak manggen wonten seinjang, dene Kresna lan Kakra-sana tunggil makna dunung sadherek sami nunggil bangsaing tuma. Tetesing si pangejum kula punika, kula nyumangakaen ingkang nama

Marjaban.

Ngayogyakarta kaping 14 wulan Sawal ing taun Ehe sinengkalan
Rasaning Wiwara Pinuja semedi

Katandhan Saralukita.

=====

Serat ingkeng mugi kahatur ing panjenenganipun, tuwan Jasppres
enko, saha ingkang anguwasani ngarang serat Jurumartani, wonten
ing pangecapan nagari, Surakarta.

Kula sampun aningali serat Jurumertani ngkang medal nalika dinten
Kemis tanggal kaping 30 wulan Januwari 1868 ongka 5, bab cangkri-
mannipun tiyang wasta Marjaban,ing Ngayogyakarta, ingkang mawi
dipun sekaraken durma, punika, menawi boten klontu pembatang
kula, kados tuma, ewa sapunika menawi klintu kula sumongga.

Sinerat Nguteran tanggal ping 3 Pebruwari 1868

Katandhan Abdi Carik Dhistrik Ngutran, Cepon.

=====

Inggang serat akanthi tabe urmat akathah-kathah, katur dhumateng
tuwan kang angarang srat Jurumartani ing pan negari Surakarta,
ingkang mugi srat kula ing ngandhap punika kapacaka ing srat
Jurumartani.

Saking ing bodho kula, kang sarta dereng cepak ing saserepan
kula, mila kula perlu anglebetaken ing jurumarani bokmanawi
wonten ingkang palimarta apareng ing ggalih karsa amadhangaken
ing manah kula, kula pitaken dhumateng para pujongga ing Surakar-
ta, punapa dene dhumateng kang sumerep ing nujulipun sinten
ingkang anjarwakaken srat Partayagnya dene samangke ingkang nama
srat Cekel Endralaya, ingkang punika mugi sampun sumelang aparing
priksa dhumateg ing kula.

Sinrat ing Ngayogya Kampung Menduran, Januwari ping 28, ing taun
1868.

Katandhan Raden Mas Sang Sujanadi.

=====

12, 19 Maret 1868

Bab Grahana Srengenge

Benjing ing tanggal kaping 18 wulan /agustus ing ngajeng punika badhe wonten grahana srengenge katingal salebeting kapurlowan tanah indhiya, menggah wanvinipun jam-jaman kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Ing Padhang wiwitipun grahana jam 10 langkung 54 menit pulihipun jam 1 langkung 31 menit growahipun 7 dim.

Ing Riau wiwitipun grahana jam 10 langkung 54 menit, 9 sekon dhe pulihipun jam 1 langkung 55 menit 8 sekondhe growahipun 9 dim 2 setrip.

Ing Bangkahulu wiwitipun grahana jam 10 langkung 53 menit, pulihipun jam 1 langkung 43 menit growahipun 9 dim.

Ing Palembang wiwitipun grahana jam 11 langkung 6 menit, pulihipun jam 2 langkung 1 menit growahipun 8 dim.

Ing Mentok wiwitipun grahana jam 11 langkung 7 menit, pulihipun jam 2 langkung 3 menit growahipun 8 dim 3 setrip.

Ing Serang wiwitipun grahana jam 11 langkung 23 menit pulihipun jam 2 langkung 9 menit growahipun 7 dim.

Ing Batawi wiwitipun grahana jam 11 langkung 26 menit, 9 sekondhe, pulihipun jam 2 langkung 13 menit 1 sekondhe growahipun 7 dim 2 setrip.

Ing Bogor wiwitipun grahana jam 11 langkung 28 menit pulihipun jam 2 langkung 13 menit growahipun 7 dim 1 setrip

Ing Purwakerta wiwitipun grahana jam 11 langkung 35 menit pulihipun jam 2 langkung 17 menit growahipun 7 dim 3 setrip.

Ing Bandung wiwitipun grahana jam 11 langkung 37 menit pulihipun jam 2 langkung 28 menit growahipun 7 dim 5 setrip.

Ing Cirebon wiwitipun grahana jam 11 langkung 37 menit, pulihipun jam 2 langkung 24 menit growahipun 7 dim 4 setrip

Ing Tegal wiwitipun grahana jam 11 langkung 43 menit pulihipun jam 2 langkung 28 menit growahipun 7 dim 5 setrip.

Ing Pakalongan wiwitipun grahana jam 11 langkung 47 menit pulihipun jam 2 langkung 31 menit, growahipun 7 dim 6 setrip.

13, 26 Maret 1868

Badhe kasade

Satunggal segawon ageng saking negari welandi, ingkang badhe sumerep, mugè persabena dhateng tuwan Atministratir ing Pabrik Delanggu.

=====

Para ageng ing Surakarta ingkang sami taksih gadhah sambutan dhateng tiyang Cina awasta U Wi Cun Tik kang sampun ngajal kaaturan nyaur sambutanipun wau salebeting wulan April ing ngajeng punika, manawi panyauripun boten kalampahan ing wulan April namanipunpara ageng wau ingkang dereng nyaur sambutanipun akaliyan kathah kedhikipun sambutan wau badhe kasebutaken ing serat Jurumartani.

Babah Ki Yong Hu ingkang anguwasani tokonipun U Wi Cun Tik.

=====

Ongka 14, 2 April 1868

Tuwan Russen suka uninga dhateng para priyantun, manawi pasewan kareta gadhahanipun tuwan H.W.Panpirdhen ing Surakarta, benjing tanggal kaping 1 wulan April 1868, badhe kaelih saking loji wetan ing Setrat Balakang, dhateng losmen, dene tuwan Russen wau ing mangke dados wakil bab panyepenging losmen punika wau.

Surakarta kaping 25 Maret 1868

Katandhan tuwan Russen.

=====

Kulawisudhan

Mas Nitipraja Mantri Taneman Rosan ing dhistrik Mayong, ing mangke kakula wisudha dados Jaksa ing Japara.

Mas Yudadirja Mantri Kopi ing dhistrik Banjara, ing mangke kakula wisudha dados Mantri Jaksa ing Japara

Mas Sutadimeja Carik ing dhistrik Tambak ing mangke kakula wisudha anggentosi Mas Yudadirja dados Mantri Kopi ing dhistrik Banjara

Juru Serat Kantor Pos ing Pathi, ing mangke kakula wisudha dados juruserat dhistrik bawah ing Pathi, kagentosaken Raden Mangkudirwirya ingkang kaundur saking kalenggahanipun amargi anandhang kalepatan.

Raden Rejadipura Mantri Kopi ing Blimbing, ing mangke kakula wisudha dados Mantri Pulisi ing Sawangan bawah Ledhok ing Bagelen.

Raden Pusporeja, Juruseratipun Bupati ing Ledhok, ing mangke kakula wisudha dados Mantri Kopi ing Blimbing.

=====

Sarananipun angrawati woh anggur dhodhompson sampun ngantos saged bosok, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Tiyang amandheta pethi utawi tong ingkang rapet sampun ngantos saged kalebetan ing angin, nunten salebeting pethi utawi tong wau ing ngandhap kadekekan dhedhak salarap ingkang kagaringaken rumiyin wonten salebeting panggarangan roti, manawi boten angange dhedhak awu inggih kenging kaangge ananging kairigan rumiyin, sanggingiling dhedhak utawi awu punika lajeng kadekekan woh anggur ingkang sampun kareseikan, saha ingkang kaundhuh saking uwitipun ing wanci sonten wah ing mongsa terang, pangundhuhipun woh anggur wau ingkang sampun mateng ananging sampun ngantos kamatengen, sareng woh anggur sampun kalebetaken ing pethi utawi tong, sanggingilipun dekekan dhedhak utawi awu malih, lajeng katumpangan woh anggur sanesipun, patrapipun ing lalarapan salarap woh anggur salarap dhedhak utawi awu, ngantos kebak, ananging karumantosana sampun ngantos dhodhompsonipun woh anggepok panunggilanipun, punapa malih salarap ing nginggil piyambak punika dhedhak utawi awu, minangka tutup ingkang rapet sampun ngantos saged kalebetan ing angin, awit panuwutpon pethi punika kalebet prelu piyambak.

Woh anggur ingkang karawatan kados makaten wau, amesthi saged dados sae kemawon boten bosok ing dalem sangangwulan

utawi laminipun sataun, manawi woh anggur kapendhet saking pethi utawi tong, mongka badhe katingalaken seger malih kados kala saweg kapethik saking uwit, punika pucuking gagangipun

kairisa sakedhik, lajeng kacelubna ing anggur, kados rekanipun tiyang badhe angawetaken segering sesekaran ingkang gagangipun kacelubaken ing toya, bilih wohipun anggur pethak punika gagangipun inggih kedah kacelubnaken ing anggur pethak, dene manawi wohipun anggur biru, punika kacelubna ing anggur abrit.

=====

Sok tiyanga ingkang sampun nate amayu griya kaliyan welit, punika badhe sumerep manawi griya wau salaminipun payonipun dereng kenging jawah sawatawis ingkang sakalangkung deres, welitipun asring kemawon anglingkab bilih katrajang ing angin ageng, dene karisakanipun jalaran saking angin wau boten amung tumrap dhateng empyaking griya kemawon, inggih ugi andadosaken gumrajaging lebetipun toya ing griya, manawi anginipun akanthi jawah. Saweneh tiyang wonten ingkang andekeki gapit ing empyak wau, panggapitipun mawi kaeletan kalih utawi tigang welit, supados sampun ngantos saged anglingkab welitipun manawi katrajang ing angin ageng, ananging bilih empyak wau sampun sataun laminipun saha welitipun sampun garipis dados celak-celak, punika gapitipun lajeng katingal maringis saha andadosaken jalaraning tarocoh sanget. Menggah prayoginipun ingkang sami maos serat punika mugi karsaha amaspaosaken dhateng etrapipun anyaeaken pamayuning griya wau, kados pratelanipun demang satunggil ingkang sampun nate angalami piyambak, awit sampun wonten kayektosanipun manawi gudhang sata kakalih kapayu manut pratelanipun demang wau, kadadosanipun pikantuk sanget, kalampahan ing mongksa rendheng ingkang kantun piyambak boten wonten welitipun satunggil tunggila ingkang anglingkab katrajang ing angin, menggah rekanipun amayu demang wau kados ingkang kapratelaken ing ngandhap punika.

Ingang kapasangan welit rumiyin reng ongka kalih kaetang saking ngandhap, manawi sampun lajeng nyandhak masang welit wonten ing reng ongka satunggil ing ngandhap, pamasangipun katumpangaken ing welit ingkang wonten ing reng ongka kalih wau, dados welit ing reng ongka kalih punika minongka gapitipun welit ing reng ongka satunggil, sareng sampun ing pamasangipun welit wonten ing reng ongka kalih kaliyan ongka satunggil, lajeng wiwit amasang welit ing reng ongka sakawan, tumunten welit ing reng ongka tiga inggih ugi katumpangaken dhateng welit ing reng ongka sakawan ingkang minongka gapitipun, kados makaten ugi etrapipun pamasanging welit salajengipun, menggah etrap punika andadosaken welit satunggil tunggilipun anggapit ing panunggilanipun, wondening manawi pucuking kambengan katrajang ing angin, amesthi badhe boten andadosaken bolonging empyak ingkang amurugaken dhateng

tarocoh.

=====

Pakabaran tuwin lalampahing kang kalebet aeng saking pundi-pundi.

Menggah pakabaran saking tanah Eropah ingkang kantun piyambak punika amratelakaken tanah ing ngriku akathah sami katrajang ing paceklik, reginipun kapas ing tanah Eropah minggah tigang dasa presen, dados regi satus rupiyah apajeng satus tigang dasa rupiyah.

Saking pawartosipun Sela inten igkang ageng piyambak sajadad boten wonteningkang anyameni, punika kagunganipun raja ing Malan tanah Borneyo, kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur Jendral Slut Pandhebele anaweni badhe kalintanan baita kapal perang kakalih ing kang sampun sarwa amirantos ing dadamelipun, mawi kaparingan arta kathahipun 1800000 rupiyah ananging kanjeng raja wau boten pareng, menggah agenging sela inten punika satigan ayam.

Raden Natawerdaya Litnan Nomer Kalih saking prajurit ing Japara, ing mangke kaundur saking kalenggahanipun.

Ing serat pakabaran saking Batawi wonten sasebutanipun bab pancenipun wragading perang salebetipun taun 1868 ing serat pakabaran punika inggih wonten sasebutanipun bab leiyunipun Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Ariya Mangkunagara, menggah kawontenanipun leiyun wau kolonel Kumandhan Satunggil Opsir 29 Prajurit Infantri 600 prajurit kapaleri 150 Mayur satunggil opsir 8 prajurit Artileri 70 Kapitan satunggil opsir 3 wondening leiyunipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Pakualam ing Ngayogyakarta prajurit Infantri 112, Litnan Kolonel kumandhan satunggil opsir 4 prajurit kapaleri 52 opsiripun 4 wragading leiyunipun kanjeng gusti pangeran adipati ARIya Mangkunagara kirang langkung saking 120000 rupiyah ing dalem sataun, dene wragading leiyunipun kanjeng gusti pangeran adipati ARIya Pakualam kirang langkung saking 20000 rupiyah ing dalem sataun, menggah prajurit Drahonder salebeting karaton kakalih ing Surakarta kaliyan ing Ngayogyakarta, kathahipun wolungdasa kapalipun mawi Instruktur 6 dene wragadipun kirang langkung saking 85000 rupiyah ing dalem sataun dados kaetang tiyang satunggil langkung saking 1000 rupiyah punika awis sanget salajengipun ingkang kasebut ing serat kabaran wau punika menggah prajurit inpantri ing Nederlan indhiya kathahipun 21702, Upopsiripun 32, kapitan 148 Irstelitnan 265 Twedhelitnan 287 sami awarni bongsa Eropah, Ambon, Aprikah tuwin bongsa jawi sapanunggilanipun. Ing Samarang titiyang sami angresula bab kathahing pandung, menggah ingkang kapandungan amung lantera ing margi ageng. Kados ingkang kasebut ing serat pakabaran ingkang medal saben oitung dinten sapisan saking kaleresanipun, tiyang estri ingkang mriyantuni boten kenging angangge gelung sekar campaka, awit punika panganggenipun ringgit, mesakaken tiyang

estri ingkang mriyantuni wau, dene mawi boten kenging ang-
gangge gelung sekar campaka, manawi purun angangge lajeng
kawastanan ringgit.

Serat pakabaran medal saben pitung dinten sapisan wau amrate-
lakaken malih, bilih tiyang jaler kaliyan tiyang estri ing-
kang dede semahipun piyambak, boten kenging manawi tilem
tunggil sapatileman, punika kalebet aneh. Katandhan Dahwen.

=====

Serat saha ingkeng tabe kaormatan, sayogi katur ing panjenen-
ganipun tuwan ingkang ngarang serat jurumartani, kang api-
lenggah ing nagari Surakarta Adiningrat. Saking panyuwun kula
panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumaertani,
manawi pareng mugi karsa amacak ing serat Jurumertani menggah
panjurung kula wartos ingkang kados ing ngandhap punika.
Ing bagian Tegil wonten titiyang Misaya amendhet ulam dha-

teng ing saganten, sareng sampun antawis tebih saking angge-
nipun titiyang wau pangkat layaran, para titiyang engkang
wonten sanglebeting baita, sami sumerap bilih ing laut
ngriku wonten 6 iji ulam banyak wau, sadaya samianglangi
wonten satengahing jaladri, tumunten para titiyang baita sami
anyaketi, sarta amasangaken pirantosing ulam amurih wau
banyak sagedipun kenging, awusana kalampahan saengga wau
ulamn banyak kaentas saking toya dhateng ing baitanipun,
gumuning para titiyang kathah dene boten pantes bilih gangsa
wau saged ambyar wonten satengah ing sagara, saha taksih
pinanggi gesang, dening para titiyang baita wau, boten
wonten ingkang saged anerangaken ulam banyak ingkang tansah
lelana wonten sagara saking pundi dhatengipun.

Kareteg Kedhung Kesambi bagian tegil, ingakng sawau risak
sanget amargi saking katarajang dhateng sarah ing banjir
ageng, saingga kekalih sakanipun ical kabekta ing toya, saha
tarampanipun sapalih lajeng miring, ing sapunika sampun
kadadosan mawi ongkosipun jeng gupermen, sarta sampun ram-
pung. Nami ing wingking wau kareteg bahde kabikak sadaya,
awit sapunikanipun tansah andamel sumelang sawatawis dhateng
para titiyang ingkang lelampah, tiyang sami anaksir bilih
kareteg wau kabikak ongkosipun bikak utawi yasanipun ingkeng
enggal, kados cekap saking 40.000 kirang langkung kedhik.
Ing nalika tanggal kaping 29 wulan ingkang sampun kapengker,
pangepakan gadhe ing pacintenan Benjaran< dhistrik dhuukuh
wringin< kalebetan dursila. Kalayan bikak tiyam, antawis pun
dursila wau sumedya maendhet arta, awusana elok sanget
panggenan sipenaning arta. Dumados mendhet barang-barang rupi
sinjang, kintenipun wonten saking 150 iji katapsir regi 300
rupiyah dursila wau ing smangke sampun kacepeng satunggal
tiyang Muhalap kanggenan Butamal saking 50 iji sinjang,
sanesipun dereng sam pinanggi.

Ing nalika wulan ingkang sampun kapengker, mas REksawijaya
mantri pulisi ingkang kapatah amakili wedana dhistrik Tegil,

katamuwan tiyang dursila malebetipun ngangge bikak tembok,
ngantos kabeta barangipun warni-warni, katapsitr sadaya
karugiyaniipun wonten saking 200 rupiyah pethak.
Panjurung kula pawartos ingkang kdos ing nginggil punika,
manawi panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat jurumreta-
ni sampun amrayogekaken kula inggih sumedya anglastarekaken
suka panjurung pawartos ing jurumartani. Kula ingkang uska
tondha pun P.M.

=====

Atur tabe kula, kairing kaurmatan akathah kathah katur panje-
nenganipun tuwan F.H.Jaspres enko, ingkang nguwasani ngarang
serat jurumartani, sangking panuwun kula manawi kepareng saha
amriyogekaken kula ngaturi panjurung pawartos, mugi kapacak
ing serat jurumartani pratelanipun ing ngandhap punika.
Kula sampun maos serat jurumartani, ongka 52 wedalipun ing
dinten Kemis kaping 26 wulan Dhesember 1867 anyebutaken
panenenganipun tuwan Panprin, Asisten Residhen ing Bojanaga-
ra, amaringi jampi tiyang kacakot sawer, menggah jampenipun
godhong meniran kaliyan godhong patikan, dipun godhog kaliyan
arak, lajeng kajampekaken wonten pernah panggenan tatu.
Nalika ing dinten Senen kaping 16 wulan Maret punikaing nagar

Surakarta, wonten tiyang nama pun SetraSemita, gadhah anak
jaler umur 13 taun lare nama pun Gendhel, punika sumeja pados
ulam toya dhateng ing kalen sawek mendhet siti saha rumput
kadelamel ram ing bendungan darijining suku kiwa kacakot ing
sawer gadhung, sareng karaos sakit pun Gendhel wau badhe
mantuk sawek dumugi ing ngentasan lajeng ambruk, boten saget
lumampah, kok pinuju kakekipun nama Ki Surasetika, langkung
mirsa putonipun ambruk lajeng kapondhong mantuk, antawis 1/4
jam abuh sareng sampun sipeng sedalu, wau abuh agengipun,
tikel katandhing suku kang saras, kula lajeng nyatakaken,
kados perparingipun jampi, tuwan Panprin Asisten Residhen ing
Bojanagara, tetes sak kalangkung amitulungi menggah anggeni-
pun jampekaken wanci jam 8 enjing jam 12 siyang mantu nangis,
jam 4 sonten waget medal ing nglatar, dumugi kalih dinten
saras babar pindhah.

Sinerat ing Surakarta kaping 19 wulan Maret taun 1868.

Kula Kyai Kutis ing kampung bawah Kabupaten Ageng.

=====

Panuwun kula dhumateng panjenenganipun tuwaningkang angarang
serat Jurumartani, mugi karsaha amacak saseratan kula punika
ing Jurumartani.

Supados sampun ngantos andadosaken kalintuning panampunipun
ing panggalih ing ngantasing para mitra miwah ing
samudayanipun ingkan gpara sampun sami amirsani saseratan
kula ingkang dhumateng panjenenganipun mas Dahwen ngkang mawi
wonten unge-ungelanipun tembung anyonyoba.

Wondening ingkang punika boten langkung saking pamurih kula
wau namung umamrih kathah apara mitra punika ingkang andherek

angepaken saseratanipun wonten ing Jurumartani, amundhut punapa dening wewahing sabyantunipun ing kawontenaning serat Jurumartani.

Awit bilih kaleresan tampining pangalih dhateng tatembungan kula wau, emperipun tatembungan punika wonten ing paidahipun amargi ing sawatawis badhe andadosaken parebataning para marsudi kasastran, ing sairib sami mintonaken kawigyanipun. Dening ingkang sawatawis rumaos taksih kirang estunipun badhe karsaha marsudi ing kaindhakaning panguningan kasusastran wondenie ingkang sampun ragi andungkap punapa malih ingkang sampun rumaos saged lah punika sumongga kula anuhun kirang pariksa.

Cirebon Sunyaragi ping 23 wulan Dulkaidah ing warsa Ehe angka 1796

Katandhan dening kula pun Ronggajanur.

=====

Kula maos serat Jurumartani angka 10 ing ngriku wonten saseratanipun satunggiling mitra kula, suraosing seatipun amangsuli saking panyeratipun A.L.dhumateng Mas Sumongga, tinrap ing Jurumartani punapa dene sumitra punika mawi amratelakaken jarwa ing sauruting seratipun anggepok tuwin nyempet ing pun Rongga, ingkang sampun anjawab pitakening S.T.P kawrat ing srat kabar ugi. Inggih punika sakathahing sasertatanipun ki sanak kang sampun kapacak ing Jurumertani angka ing nginggil wau punika wangsulana kula inggih sakalangkung tarima kasih. Wondening sadaya sawiraosiing sanak saking pamanah kula, inggih namung kula pupus kemawonpunika bokmanawi jalaran

saking bab bedaning rasa, pangrasa kula kalayan piyambakipun amargi piyambakipun wau dede kula wangsul kula punika dede piyambakipun, dene emperipun kisanak punika saking panampining galihipun gening mirsani serat kula, kados kemawon kawatanan bilih tembunging serat kula ingguni punika tembung wantah tuwin nyata, mongka yen raosing manah kula piyambak tembung punika wonten ingkang boten tarima dipun warden sapisan dados ugi wonten tembung ing murad ingkang taksih ngembeng tuwin anympen murad leres serat kula rumiyin kang dhateng STP boten nerangaken bab punika wau nanging rak inggih mila makaten ta ing wigyaning tembung. Anjawi punika kula pitaken sakedhik ing kisanak menggah bab kagnganipun kisanak ebuk punapa dene papakem punapa inggih boten mawi tembung mirad kiyas, dados punapa sampun nganmungaken jarwa suta kemawon sedaaaya, liring anggen kula pitaken punika edane kisanak wau semunipun ngagem wah sanget rumaasuking wuwulang sae kang apik-apikan. Dene yen estu papakemipun kisanak makaten kados atur kula dados anelakaken yen piyambakipun wa boten anunggil keblat kalayan kula. Mongka yen sanesipun kados wonten ingkang pakemipun boten kados ingkang kula pitakekaken wau, awit sakathahing wujud ing bubuntel tuwin kukuliting pala, palakirna sapanunggilanipun punika

anutupi ing isinipun sanesi bilih kawujudan ingkang mila
pancen boten mawi kulit wah bubuntel e punika kajawi nun,
sabab mila pancen sampun wau watesing barang kabikak. Eh, eh,
sadyaning prakawis punika jumenengipun rak namung anggraita
saksinipun ta, e punika yen raos sing manah kula kilap ni;ih
wuwulang ing manah agemipun ki sanak piyambak. wondene
menggah kula inggih sampun angandemi yen boten uman wah
dhasar boten saged angangge ing wuwulang saking kisanak
ananging kencinging manah puguh punika kokteksih maksa ngad-
hemi pugal, saha emperipun boten anyipta tuwin sumedya
upados wardhi malih ing lyan, inggih namung sumedya atur
panjurung kemawon seratan ing jurumartani. Wasana sasampuning
kula mangsuli klayan serat punika dhateng kisanak panedha
kula ing piyambakipun mugil kalilana, yen samangke pun rongga
ngaturi andum wilujeng, dening srat punika boten langkung
amung mamrih andadosna pratondha kaengetaning pamimitran
sarta pramila kula anywun kendel wau, mindhak andadosaken
kapitnan kula ageng, dening anggen tula badhe lumaju angugung
kapunggungan sarta kula manah tanpa damel bilih kula kapi-
dreng anglajeng na murih ngruntutaken ttata ingkang mila
pancen salenca tuwin balero wah semunipun mila dhasar sanes
utawi dede garapan kula, tur ta sadaya titah punika sami
kemawon ngupados bener, beci, sarta upadosipun wau anunggil
wekasaning pamrih, sanadyanna sanes patrap tatrapanipun
warni-warni, anggenipun anyuankani upayaning pikantuk anang-
ing bab ing raos, pangraos punika sayektosipun boten kencing
tatarikan kapurih makaten makatena, bilih mila sampun pancen
beda ing panyuraosipun.

Katandhan dening Wredha, Ronggajanur, ing Cirebon Sunyaragi.

=====

Benjing ing dinten Rebo tanggal kaping 8 wulan April punika
badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan W. Magilapri ing loji
Surakarta, menggah ingkang badhe kasade barang warni-warni,

kadosta: Bangku, Krosi, Meja, Mejadhaharan ageng, kaca ageng
tuwin pigura wah sanes-sanesipun.

=====

Ongka 15, 9 April 1868

Badhe Kasade

Satunggal segawon ageng, sangking nagari Welandi, ingkang badhe sumerep, mugé persabena dhateng tuwan Atminisetratir ing pabrik Delanggu.

=====

Para tiyang ing mangke sami saged pikantuk atumbas waucaal wontenpasamakan ing Baron, pratelanipun kados ing ngandhappunika.

Wacucal pirantos kadamel sul, kawade katosan.

Wacucal pirantos kadamel kap, kawade blebekan

Wacucal pirantos kadamel rangkep panjawi, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebek

Wacucal pirantos kadamel pakeyan kareta sapanunggilanipun, kawade blebekan, satunggil tuwin satengah blebekan.

Menggah reginipun murwat saha panumbasipun bayar kenceng.

=====

Tuwan Russen asuka uninga dhateng para priyantun, manawi pasewan kareta gadhahanipun tuwan H.W.Panpirdhen ing Surakarta, benjing tanggal kaping 1 wulan April 1868, badhe kaelih saking loji wetaning Setrat Balakang dhateng losemen dene tuwan Russen wau ing mange dados wakil bab panyepenging losemen punika wau.

Surakarta kaping 25 Maret 1868

Katandhan tuwan Russen.

=====

Mandhor kopi ing kang mandung kopi.

Kala ing dinten Jumungah tanggal kaping 14 wulan Pebruwari ingkang sampun kapengker,, ing wanci dalu jam tiga, patinggi Purbasari panuju rundha dumugi ing gudhang kopi ing Panarukan aningali tiyang tiga sami ngusungi kopi, sareng tiyang titiga wau aningalipatrol lajeng sami lumajeng, ananging tiyang ingkang kalih sami kacepeng, ing ngriku wonten kayektosanipun manawi ingkang kacepeng punika sami tiyangjagi ing gudhang kopi wau, saking pangakenipun manawi dipun ken dhateng mandhor ingkang anama Asmad angusungi kopi punika, sarta sami amratelakaken manawi kancanipun ingkang lumajeng wau, mandhor Asmad piyambak, ingkang kawatawis dereng tebih, mandhor Asmad lajeng kabujeng kacandhak saha kacepeng, sasampunipun angkat-inalaken sajak badhe anglawan kalayan dhuwung, salajengipun tiyang tiga wau kalebetaken ing kunjaran.

Menggah papriksanipun ingkang rumiyin tiyang kakalih punika sami angakeni, manawi dipun ken dhateng mandhor Asmad angusung kopi dhateng pakuburan Welandi, mandhor Asmad sadhatengipun ing gudhang kopi wicanten dhateng tiyang kakalih wau, kapurih sami angulataken, bokmanawi wonten tiyang acelak ing gudhang, awit mandhor wau badhe minggah ing payoning gudhang, lumebet ing gudhang, manawi wonten tiyang sanes ngataingal, tiyang kakalih wau kapurih sanjanga dhateng mandhor Asmad, nunten mandhor Asmad ambikak gendheng saha lumebet ing gudhang medal saking korining gudhang ing nginggil, wontening ngriku ambucali kopi dhateng sajawining gudhang, kopi punika lajeng kapendhetan dening tiyang kakalih ingkang asareng dhatengipun kaliyan mandhor Asmad, tiyang

kakalih punika ingkang mawrat kopi wau ing kapal lajeng kabekta kesah, dene tiyang jagi gudhang kakalih wau sami boten sumerep ing purugipun, sareng kopi ingkang kawawrataken ing kapal sampun kabekta kesah, mandhor Asmad lajeng medhun saking payoning gudhang, sarta angleresaken gendheng ingkang kabikak wau, sadumuginipun ing ngandhap mandhor Asmad aparentah dhateng tiyang jagi kakalih wau, kapurih angusung kopi ingkang kecer wonten ing siti kabektaha dhateng oakuburan Walandi, ing ngriku kadamel panggenan andhelikaken kopi wau, ananging tiyang kakalih punika wonten ing margi kacepeng ing patrol.

Mandhor Asmad sulaya ing aturipun, punika anyariyosaken manawi kopi ingkang kabekta ing tiyang jagi kakalih wau, anggenipun manggih wonten ing pakuburan Walandi, nunten mandhor punika angundang dhateng tiyang jagi kakalih wau, kapurih angusungi kopi punika dhateng ing gudhang, awit badhe kasimpenan wonten ing ngriku ngantos dumugi ing dinten enjingipun, sareng enjingipun gudhang kapriksanan ing ngriku sampun tetela manawi kathah kopinipun ingang kecer wonten ing siti sawawining gudhang, kaprenah ing panggenan jandhela, tinedahaken dening tiyuan jagi kakalih wau, panggenan ing ngriku ingggih wonten labetipun taracaking kapal awit saking taksih ruweding prakawis mandhor Asmad kaliyan tiyang jagi kakalih ing mangke sami karawatan wonten ing kunjuran rumiyin.

=====

Raden Ayu Danu Wijaya ing Ngayogyakarta kala tanggal kaping 24 wulan Pebruwari ingkang sampunkapengkerpunika seda, lajeng kasarekaken wonten pasareyan ing Mulangi. Menggah ingkang raka anama Raden Riya Danu Wijaya sampun seda rumiyin, saha kala taksih sugengipun dados Biskal wonten nagari ing Ngayogyakarta.

Raden Riya Danu Wijaya wau sampun nate anglampahi dados demang wonten ing dhusun Salam bawah paresidhenan Kedhu, lajeng dipun elih saking ngriku dhateng Manoreh, ananging anggenipun wonten ing Manoreh boten ngantos lami, Raden Riya Danu Wijaya anyelehaken kalenggahanipun dados demang, saha lajeng mantuk dhateng ing Ngayogyakarta, awit wonten ing Ngayogyakarta akathah sanak sadherekipun, boten ngantos lami anggenipun wonten ing Ngayogyakarta, Raden Riya Danu Wijaya lajeng kadadosaken Biskal, kalenggahan punika linampahan ngantos tumugi ing sedanipun.

=====

Karampunganipun pamaining literi, minangka kauntunganipun pakalempakan main musik ing Surabaya anama Sesilayah, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Kauntungan ingkang sapisan angka 5981 angsal 33600 rupiah
Kauntungan ingkang kaping kalih angka 7000 angsal 12600 rupiah

Kauntungan ingkang kaping tiga angka 8802 angsal 8400 rupiah
Kauntungan ingkang kaping sakawan angka 871 angsal 840 rupiah

Kauntungan sakawan ij ing dalem satunggil tunggilipun 420 rupiah punika angka 2310, 2122, 7640, tuwin angka 9784.

Kauntungan satus iji ing dalem satunggil-tunggilipun 42 rupiah angka 384, 447, 511, 537, 575, 686, 738, 751, 820,

864, 867, 879, 1117, 1274, 1301, 1467, 1471, 1503, 1528, 1593, 1613, 1947, 2014, 2017, 2038, 2070, 2077, 2094, 2109, 2151, 2199, 2227, 2440, 2470, 2478, 2723, 2746, 2778, 2824, 2984, 3096, 3330, 3421, 3623, 3654, 3665, 3687, 4097, 4154, 4173, 4177, 4250, 4457, 4536, 4649, 4682, 4686, 4687, 4673, 4986, 5207, 5557, 5712, 5762, 6138, 6330, 6349, 6390, 6409, 6454, 6456, 6605, 7262, 7474, 7561, 7696, 7701, 7754, 7849, 7967, 8011, 8060, 8293, 8580, 8657, 8796, 8930, 9000, 9038, 9474, 9506, 9512, 9773, 9782, 9824, 9853, 9864, 9929.

Menggah ganjaran kathahipun 840 rupiyah ingkang angsal angka 7583, tuwin angka 9535.

=====

Pakabaran tuwin lalmpaha ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Danareda ing Madiyun amrratelakaken kawrat ing Serat Pakabaran ingkang kawastanan Bintang Timur, bab sarananipun tiyang saged angrawati barangipun sampun ngnatos kenging kapendhet-ing pandung sapanunggilanipun tiyang durjana, menggah sarana punika makaten: tiyangkedah angingaha sagawon ngkang wedalan tanah jawi ing ngriki, kathahipun wontena saking kalihwelasi, awit sagawon wau asring dipun ajrihi ing pandung sapanunggilanipun tiyang durjana.

Nonah Cina anama Kim Ni Yo ing Temanggung acariyos kawrat ing serat, katitimangsan kaping 20 wulan Pebruwari ingkang sampun kapengker, manawi ing Temanggung wonten uwit pisang satunggil ingkang amedalaken jantung gangsal iji, ing tembe nonah Kim Ni Yo punika badhe anyariyosaken babkadadosanipun jantung gangsal wau.

Sadongsa ing Temanggung inggih anyariyosaken manawi ing temanggung wonten uwit pisang sakalangkung Aeng, uwit wau agengipun amung sagagang songsong, sarta katingal seger, dene wohipun sae.

Mas Ngabei Gambir Sawit anyuwunaken wewah ing blanjaniipun para guru banton jawi, punapa dene manawi kenging kasuwunaken pisan kalilanana angangge songsong mawi seret.

Tiyang sampun ngetang, manawi titiyanging panggenan satunggal kathahipun 700000, badhe kapejahan sadaya, ing dalem 5 menit rampung, punika ingkangamejahi amesthi tiyang kathahipun saleksa, supados saged dipun rampung anggenipun amejahi tiyang samanten kathahipun wau ing dalem gangsal menit, manawi kapejahan ing tiyangkalih leksa, amesthi rampung ing dalem 2 1/2 (2,5) menit, punapa malih manawi ingkang amejahi tiyang 25000 amesthi saged rampung ing dalem kalih menit.

Raden Ngabei Condradiwirya, patihpensiyun ing Demak, kaliyan Mas Ngabei Sastradimeja, ingkang wau dados Wadana ing Kaliwungu, punika kalih pisan kadadosaken Komisi kaliyan tuwan Kontelir ing Samarang saking karsanipun Kanjeng Tuwan Residhen wau, samikapurih amariksani dhateng pandarbenipun siti wonten ing tanah jawi tengahan, kawangenan rampunging damel ing dalem 9 wulan laminipun ngantos sataun, para komisi sami angsal arta dhaharipun ing dalem sadinten 5 rupiyah, dene manawi kekesahan angsal malih arta kaetang sa pal 38 sen.

Kanjeng tuwan Residhen Netsering nagari Riyo, Ing mangke kagugat dening kalerehanipun priyantun, menggah gugatipun wonten saking 40 bab.

Menggah sasakitipun kewan ing tanah Sumatra sisih kilen punika sampun adamel pitnan kathahipun 8 yuta rupiyah. Kala Kanjeng Tuwan Residhen ing Ngayogyakarta kinulawisudha dados Rider saking Orde Nederlan Seleyo, para tuwan ing Ngayogyakarta sami dhateng ing dalem paresidhenan anyaosni pakurmatan dhateng kanjeng tuwan Residhen lampahipun mawi ambekta obor, dene pangeran ingkang jumeneng piyambak ingih asuka urmat dhateng kanjeng tuwan residhen wau, tindakipun dhateng dalem Paresidhenan mawi ambekta obor lilin, kala samanten kathah para priyantun ingkang sami nyaosi wilujeng dhateng kanjeng tuwan residhen mawi angunjuk sampanye, sasampunipun lajeng dhansah.

Serat pakabaran anyariyosaken bab mimis bom dadamelan enggal, mimis bom ingkang makaten punika manawi dhawah wonten satengahing barisan sumpelipun lajeng copot, ing ngriku mimis amedalaken ambet ingkang adamel budheg dhateng para prajurit ambet punika anyrambahi ngantos tebihipun 600 elo, saking dhawah ing mimis wau, para prajurit ingkang angambet lajeng sami tilem dangunipun 24 jam kadadosanipun gampil kemawon bilih kacepengana.

Ing tanah Prasman wonten prawan satunggil badhe laki, ananing lajeng sakite ewah, jalaran embokipun pejah kadadak, ing sarehning prawan wau sangsaya sanget anggenipun sakite ewah, bapakipun lajeng angupdos isarat kaamel mantunaken anankipun estri, dene isarat wau: anakipun kalakekaken saha angenipun manggihaken nganten jaler estri kasarengakenkaliyan pambektanipun layon dhateng kubur, kadadosanipun panganten estri lajeng saras.

Ing ngrika-ngriki titiyang sami angresula bab awoning radinan ageng, ananging amung ng surakarta kemawon ingkang boten wonten pawartosipun bab pangresulaning titiyang, ewadenten radinan ing Surakarta boten purun kawon menggah karisakanipun kaliyan radinan ing sanesipun nagari. Manawi tiyang badhe angyektosaken bab awoning radinan ageng, mugni aningalana radinan ageng wiwit saking Kalitan dumugi ing Teras kaprenah celak ing Bangak utawi ngantos anglangkungi Bangak Sakedhik, saking pakabaran radinan ing kang kasebut wau dede bawahipun ing Bangak tuwin ing Pengging, lah kabawah ing pundi. Punapa malih radinan sanes-sanesipun kadosta: Margi saking Baki dhateng Dalanggu, , sarta margi saking Kedhung Kopi. Kathah kemawon manawi kacariyosna bab margi ageng ingkang kados ing nginggil wau saenipun, titiyang sami kuwatos angambah ing argi wau sanadyan numpak kareta, bendi tuwin kapal punapa dene lumampah kemawoninggih kuwatos ugi, bokmanawi kabladher wonten satengah ing margi, punapa malih bokmanawi tubrukan kaliyanuwit ingkang sampun katefor amalang wonten satengahing argi ageng wau. Kadosta: ing peken Kaliwon wonten uwit asem sampunkategor taksih kaalangaken ing satengah ing margi ageng, anggenipun wonten ing ngriku sampun langkung saking sawulan laminipun.

Wonten malih ingkang kalebet aneh sanget, manawi dalu ing radinan ageng boten wonten padhanging lantera, inggih ugi wonten lantera ingkang kapasang wonten pinggir margi, ananging tanpa isi lisah tuwin boten wonten urubipun punapa sadya

punika kawau dede damel tuwin wajibing pulisi amriksani.

Katandhan Dahwen.

=====

Kinanthi ing sekaripun, cangkriman seklangkung edi, panuwun kula ing tuwan, kang ngarang jurumertani, mugi karsowa amacak, ing serat kula puniki.

Inggang kawuwus tumuwun, sekawan panwonten ugi, tetiga panawis uga, akersap inggang satunggil, katimbang lan kalih samya, punika lah kados pundi.

Dhadhanggula

Wonten cangkriman kang kawuwus malih, caritane kaum pegelen samya, duk lagya meksih gesange, nenggih nedha kinubur, lamun uwus angemasi, layon boten den kaluwat, kathah sami gumun, mugi samiu den batanga, kados pundi cangkriman kula ing nginggil, kawula nuwun priksa. Katiti sewulan tanggal kaping 10 Pebruwari 1868 katandhan Bakul Kelingan Dhusun Sewulan, Dhistrik Ngutreran, Madiyun.

Ngabdul Latip.

=====

Kabar saking Ngayogya

Saking getunipun ing manah kula, awisipun peksi dara, getakan, peksi inggang sae pengaos 25 rupiah seakit, inggang muluk piyambak pengaos 50 rupiah dene para priyantun meh saben ing kari. Waton pakuponipun dara wau punika para saged bok inggih kula wau kaparingana. Menggah inggang dados niyat utawi damelipun, boten ammung kula namung badhe ngingah wau peksi yen ta kerata sae, kula tansah angajeng-ajeng, ngingah, titi, Katandhan Mangunsuka.

=====

Ngayogyakarta ping 19 Pebruwari taun 1868. Kula sampun ningali serat jurumartani angka 7 inggang katandhan Kandhestu, anyariyosaken bab sedanipun tuwan Kaptin Bigman mintra kula, seklangkung dene eram tuwan kaptin Bigmen wau tur sugih tepłangan, para bendara ageng ageng, kon bboten sami tuwi, agengipun ngetreaken dhateng pakuburan rehning tepang kula sanget dhateng saudara kula tuwan kaptin wau, saklangkung getunipun ing manah kula bok inggih kasukanan priksa alitipun mireng kabar kimawon baten mireng kula sareng maos serat jurumartani angka 7 punika dados yen mengkatan sarta leres kathah paedahipun priyantun mundhut serat jurumartani punika. O namung ketdhik para kumisi, kok boten tumut angeteraken punika punapa, tyang kula sumerep kakla teksih sami sugeng asring runtang-runtung wau, ngantos sanjan sak ingga sadherek tuhu sareng seda kok boten sami tuwi, dados leres para basanipun mintra kula yen tebih sangking tengal inggih tebih sangking wedaya pamuji kula bendara kumisi priyogi maringana katrangan waten ing serat jurumartani. titi. Katandhan Gondapati.

=====

Serat cangkriman punika mugi kapacaka ing srat jurumartani, yen pun batanga mitra kula sedaya, yen taksih longgang.

Pupuh Durma.

Wonten putri dhapuring nguntal malela, pengaak purusani, swarane lir gelap, eseme kadi kilat yen cekoh metu geni

anggebyar-gebyar, yen mutah amejahi.
Sareng miyos sang retina ngasta gadhah sajatinya cinangking,

wus prapteng ngayudan, badhil muni brondongan tanana kang
ngunduri ramening ing prang, musuh pating gulinteng.
Ramening prang nora kaya duk semana, ana ping ggir pasisir,
umyung suwaranira yen kapirsa lir gongsa atela letan pagad-
hing, amongsa jalma pendhawa kang mejahi. Titi. Ngayogyakarta
kaping 17 Pebruwari 1868.
Katandhan Surakusuma.

=====

Mugi kapacaka ing serat Jurumartani yektos.
Amba mitra panduka ingkang waten ing pan nagari
Sokawati, Kampung Meteseh, amba mireng yen panduka raden mas
Seprot, menggah dados andi dalem bekel punika menawi minggah
sak estu, prayogi maringana kabar dhateng pun patik Sukawati
ka Meteseh rehning kula dugi panduka dereng sumerep ing
pakampungan amba, prayogi lebetna kabar waten ing jurumarta-
ni, katimbang panduka waten ing lebet asring nyerat uran uran
tanpa paedah, ngangge dahwen punika prayogi lebetna ing kabar
jurumartani kimawon tur ngidhakaken kasagetan, lejaring manah
kula sumangga.

Titi, Pun Katandhan Jayapana.

=====

Rinengga ing sekar sarkara mrih, andadosena parenging karsa,
ning tuwan kang ngarang mangke, srat jurumartani ku wit
panuwun kawula mugi, tuwan karsa amacak ambatur panjurung,
cangkriman selaning karsa.
Wonten wujud titiga kang warni, sanes panggenan sanes tare-
kah, kalih dhadhasar asline, satunggal asli ngluhur, supran-
dose kang wasta sami, limrah sami kadhahar lawan wanehipun,
kang kalih mateng lan brama, juga waged mateng karsanya
pribadi, lah punika punapa, I
Jayadiningratan kaping 13 Pebruwari taun 1868 Katandhan
Awimarjaman.

=====

Para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan dhesember 1867 uibg nabgje sanu jaenytajeb anvayara sambutanipun wau saderengipun utawi satelasing wulan April punika, manawi boten angleksana-ni ing pambayaripun amesthi badhe katagih medal saking pangu-wasanipun parentah,

Surakarta kaping 1 April 1868

Katandhan ingkang nguwasani kantor lelang Bosower.

=====

Benjing ing dinten Jumungah tanggal kaping 17 wulan April punika badhe wonten lelang ing geianipun tuwan W.Magilapri ing loji barang warni-warni, punapa malih lemari, meja, benet inuman manis setrup tuwin dandos pawon wah sanes-sanesipun ingkang badhe kawedalakken wontening lelang.

Surakarta kaping 14 April 1868

Katandhan ingkang nguwasani lelang Panlingen.

=====

Benjing ing dinten senen tanggal kaping 20 wulan April punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Misni, ing Kopihis Kabalen, awit tuwan Misni punika badhe ngalih, menggah ingkang badhe kalelang barang dandos griya warni-warni, kareta sakapalipun sarakit, wah meja bolah satunggil saprabotipun.

Katandhan tuwan Misni.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Puspanagara angalem dhateng raden mas Jaya Atmaja, mantri Guru ing Madiyun bab anggenipun saged ambikak engetaning para muridipun.

Raden REksawijaya, Asisten Wadana ing Selakaton bawah Samarang saking pawartosipun ing mangke gadhah woh kalapa ingkang trubus kakalih, punika badhe katanem pangajeng-ajengipun ingkang gadhah cikal ppunika sageda lestantun gesang kalih pisan dados badhe gadhah galega kakalih, ibata badhe anehipun saha awis-awis wonten kalapa ingkang kados makaten wau. Kathah pawartos ingkang anyariyosaken bab wedenipun titiyang estri, dereng lami ing tanah Amerikah wonten semah ing saradhadhu ingkang sampun medal saking padamelanipun punika gadhah anak medal 6 iji, ingkang 4 jaler, ingkang estri kakalih, biyung tuwin bayi nenem wau ing mangke sami ginanjaran wilujeng dene ingkang nusoni rare nenem wau inggih embokipun piyambak saha boten kikirangan punapa-punapa.

Kala garebeg besar ing Surakarta bab kawontenanipun ing titingalan sami ugi kados ngadat.

Dereng lami wonten saradhadhu ing salebetipun paprangan kacepeng, ing ngriku lajeng kaerut ing uwit sarta kasanjata kaping wolulas kasareng, sanadyan pupu kalih pisan tuwin cethikipun sampun sami remuk kening ing mimis punapa dene sirahipun katrajang ing mimis kalih, ingkang satunggil anrajang kuping, satunggilipun angrem wonten ing gorokan ewadenenten saradhadhu wau taksih saged awicanten pitembunganipun sampun ngnatos piyambakipun kabekta dhateng

griya panggenanipun anyimpen tiyang durjana, sakalangkung
sanget anipun saradhadhu wau.
Anuju ing satunggil dinten wanci siyang, ing Lepen Mas ing

Surabaya wonten titingalan ingkang andadosaken bingahipun
para tiyang ingkang sami aningali wonten babi satunggil
gadahanipun tiyang Cina, punika kajegur ing Lepen Mas wau
sakathahing kewan ingkang asuku sakawan punika sadya sami
baud anglangi, ewadene ingkang asuku kalih inggih punika cina
ingkang gadhah babi wau, lajeng nututi anjegur ing Lepen
sumedya atututulung dhateng babinipun, ing ngriku cina punika
saking dening kuwatos bilih badhe kecalan babinipun ingkang
lema, nunten anjegur ing lepen sarta lajeng nyepengi kuping-
ing babi kalih pisan, salajengipun bengok-bengok, saengga
ngantos andadosaken kaget saha kandhegipun para tiyang ing-
kang sami langkung, ananging titiyang wau sami ningali kema-
won saha boten wonten ingkang purun atandang tulung, nunten
wonten upasipun sekaut ingkang dhateng atuutulung, sarta
saged angentasaken cina kaliyan babinipun, saupami boten
katulungan dening upas punika, amesthi cina kaliyan babinipun
wau badhe anemahi pejah, kala samanten sakalangkung kathah
titiyang ingkang sami agugujeng dhateng cina, katimbang
kaliyan ingkang tandang tulung.

Mugi sami kauningana ing para priyantun ingkang sami maos
serat kabar punika, bilih kala ing dinten kemis tanggal
kaping 19 wulan Maret ingkang sampun kapengker, ing Pasuruwan
wonten pasamuwan ingkang Aeng, pratelanipun kados ing ngand-
hap punika.

Raden Adipati ARIya Adiningrat Bupati ing nagari Pasuruwan
punika karsa badhe anilar dalemipun lami ingkang sampun
kadaleman ing luhuripun ngantos satus taun laminipun ing
sapunika dalem wau sampun boten kenging dipun enggeni.
Raden Adipati wau karsa angenggeni dalem sanes, ananging
boten antawis lami anggenipun badhe adalem wonten ing ngriku,
wondering anggenipun adamel pasamuwan wau angleresi jangkepi-
pun 35 taun saking anggenipun kaangkat jumeneng dados bupati
ing nagari Pasuruwan, para santana tuwin para priyantun ingkg
kabupatosisanipun inggih sami kakatsakaken angalempak wonten
ing pasamuwan punika.

Raden Adipati wau karsanipun badhe boten angaturi dhateng
para tuwan supados sami dhatenga ing pasamuwan punika, anang-
ing manawi wonten para tuwan ingkang karsa pinarak, inggih
sakalangkung badhe panrimahipun saha rawuhipun wau badhe
kaanggep minangka trondha saking anggenipun amrelokaken
dhateng sariranipun tuwin dhateng para santanaipun sadaya,
inggih sampun kalampahan akathah para nyonyah tuwin para
tuwan ingkang sami rawuh saha sami suka pakurmatan dhateng
raden adipati wau akalayan suka pirenaning manah.

Wiwiting pasamuwan punika ing wanci enjing jam 8

Wonten tiyang inggris anama Walteralei punika ingkang ambekta

sata rumiyin piyambak dhateng tanah Eropah sarta asring udud
pipa, rencangipun enggal dereng nate sumerep tiyang udud,
sareng aninglai bendaranipun udud sakalangkung gumunipun dene
cangkeming bendera medal kukusipun, salajengipun rencang
amendht toya satimba bendaranipun lajeng kagrujug ing toya
kalayan alok alok anedha tulung pitembunganipun bilih bendar-
anipun kabesmi.
Sampun wonten kalih wulan laminipun kareteg celak ing ke
Kedhung kesambi badhe ambruk awit ing ngajeng cagakipun

kakalih larut kabekta ing banjir manawi kareteg wau sampun
boten kenging kadadosaken amargi wonten sababipun, prayogi
bilih kabibrah ababar pisan, supados sampun ngantos andado-
saken cilaka dhateng titiyang ingkang badhe ngambah ing
kareteg wau.

Pratandhaning kaurmatanipu titiyang dhateng parentah ing
tanah Amerikah praelanipun kados ing ngandhap punika:
Wonten sekaut dhusun ingkang anyepeng serat biwara angsalipun
saking parentah supados saged anyepeng tiyang satunggil
ingkang wasta Dhunkan, awit saking pamundhinipun dhateng
luwaring badanipun saking kunjara pun dhunkan ugi inggih
amurinai dhateng tiyang sepuhipun lajeng angestul dhateng
sekaut wau, kenging tanganipun nunten anakipun sekaut murina-
ni dhateng tiyang sepuhipun, lajeng amejahi anakipun sekaut
wau, wekasnipun sekaut Dhusun ingkang kataton ananging boten
anemahi pejah angestul dhateng anakipun Dhunkan, kalampahan
tiyang tiga sami pejah kadadosanipun parentah amung amanggih
papan kemawon.

Wonten panggenanipun Gadhing ingkang sakalangkung kathah saha
boten telas telas kapendhetan ing titiyang menggah panggenan
Gadhing wau wonten ing tanah Siberi bawah Tiyangrus, utawi
wonten ing pulo Lokon, ing ngriku Gadhingipun ngantos atutum-
pukan manawi panuju wonten prahara ing saganten, ombaking
saganten punika saben ambrucal gadhinging dipingga dhateng
ing gisik ngantos para tiyang sami saged mendheti gadhing
wau, salajengipun kagrami ngantos pinten pinten kathahipun
baita ingkang sami dhateng ing panggenan gadhing punika, dene
manawi panuju ing mongsa asrep ing ngriku kathah para sudagar
lumampah dhatat sami mendheti gadhing, lajeng kagrami dhateng
tanah Cina tuwin dhateng tanah Eropah, menggah gadhing wau
kadamel dadosan warni-warni. kados panganggenipun gadhinging
dipingga wedalan saking tanah Aprikah.

Titiyang Cina sampun gangsal ratus taun laminipun sami sumer-
ep dhateng panggenan gadhing wau, dene titiyang bongsa Eropah
saweg satus taun anggenipun sumerep manawi ing ngriku wonten
panggenan gadhing, sanadyan kapendhetan ing titiyang kathah,
gadhingipun boten saged telas manawi makaten ing bata
kathah ng dipingga utawi bangsanipun dipingga ingkang
kawastanan mahmut sami gadhah balung tuwin gadhing sar keng-
ing kadamel dadosan ananging bangsanipun dipingga wau sapuni-

ka sampun telas babar pisan dados ingkang wonten amung akntun balungipu kemawon.

Wonten Matrus lumbet ing griya panggenanipun tiyang wade jampi lebetipun anyaru tu ing ngreiku lajeng pitakon dhateng tiyang ingkang wade jampi punapa wonten jampinipun sakit waja wangsulanipun tiyang ingkang wade jampi inggih wonten tiyang ingkang anedha jampi untu lajeng kapurih angambet gebyas, ingkang isi toya keras gebyas kalampaha kaembet kkadadosanipun tiyang ingkang anedha jampi lajeng dhawah karaos kados kasamber ing gelap sareng sampun sareh juru jampi wau lajeng pitaken kados pundi sakitipun waja punapa wonten mayaripun maturs mangsuli saha mawi supaos pejaha kula boten gadhah sakit waja, ananging pun embik ingkang sakit wajanipun Katandhan Dahwen.

=====

Panuwun kula dhateng tuwan ingkang ngarang serat jurumartani mugè karsa amacak serat kula panjurung ingkang kapratelakaken ing ngandhap punika:

Sauruting margi ageng ing dhusun Baki ngantos meh dumugi delanggu sapunika karisak, punapa dene margi ingkang saking Pandheyan dumugi ing Wanasari inggih risak margi saking Pandheyan sadumuginipun ing Wanasari wau ingkang gadhah bebahan andadosi punika titiyang ing Kartasura< dene saeler tuwin kidulipun kareteg ing Tanjung Anom sadumuginipun ing Munyung marginipun meh boten kenging kaambah ing tiyang wah para kareteg ing ngriku sakalangkung sanget risakipun menggah ingkang andadosaken ngantos risakipun margi margi wau punika awit saking boten wonten ingkang kapatah amariksani punapa malih margi panggenan ing ngriku boten sami wiyaripun sarta tanggulipun boten kasami inggilipun wonten ingkang andhap wonten ingkang inggil.

Kados ingkang sampun kula serepi titiyang alit ingkang sami alaki rabi amung ambayar sarakah kathahipun 80 sen menggah tiyang ingkang kacekapan pambayaripun sarakah kalih reyal dene tiyang ingkang sugih utawi para lurah sami ambayar sarakah kawan reyal ing mangke kaum panaiban ing dhusun Baki anggenipun anedhami sarakah dhateng titiyang alit boten kenging kirang saking gangsal rupiyah tiyang satunggil manawi tiyangipun sugih katedhanan sadasa ngantos gangsal welas rupiyah, lampah makaten punika punapa medal saking pikajenganipun para kaum piyambak punapa sampun terang saking pangulu ing nagari, kula sayektosipun kodheng sanget mugè mugè wonten na para priyantun ingkang karsa anerangaken bab kathah kedhik ing kasarakah ingkang sampun kaiden dening parentah nagari. Bab titiyang patrol ing dhistrik Baki sapunika sakalangkung kendhonipun malah boten wonten ingkang partrol malih dene pulisi tanah ing ngriku katingal boten amraduli bab patrolan wau kalampahan ing dhistrik gawok wonten kecu, ingkang kakecu randhanipun tuwan F.Dh.N.

Katandhan Ka, Ma.

Punika serat sayogi katur, ing Panjenenganipun tuwan Jaspres enko ing Surakarta, Serat kula punika mugi kalebetna ing Jurumartani.

Kala ing dinten malem Senen kaping 20 Besar Ehe, 1796 ing kampung Loji Wurung kaleres pangindhungipun Mas Ngabei Marta-diwirya panewu jaksa tiyang nami pun Resa punika ingkang estri darbe lare medal 3 ingkang 2 jaler ingkang 1 estri dene lare tiga wau lairipun ugi sareng ing waktu dalu wau ing samangke lare tiga wau sami wilujeng.

Ing ngloji wutung kaping 20 Besar Ehe, angka 1796 kawula ingkang tunggil ing kampun gngloji wurung
Katandhan Pak Dal.

=====

Atur panjurung ing serat jurumartani kairing ingkang tabe kaurmatan ngkang kathah kathah kaatur ingkang ngarang serat jurumartani yektos cariyos punika raga kapara Aeng aneh sanget.

Kula sampun ningali serat jurumartani angka 6 Kemis kaping 6 pwbrowari taun 1868 ing ngriku wonten saseratanipun Kasanre-

ja, amangsuli dhateng Kyai Pra ing Kampung Gedhong Kiwa, mratelakaken boten penetipun Rongga pulisi ing dhusun Kaleca bawah Kartasura ingkang remen andhawahaken dhendha, ingkang dhateng rereyanipun sedaya, punika rehning kula tiyang ing tanah pareden inggih seklangkung bingahipun ing manah kawula pundi ta ingkang dados bingahipun ing tyas amba wau. baten kadosa Mas Kasanreja, kok saget martelakaken cariyos aneh, dados sareng kula maos serat kabar kula gadhah engetan, yen rongga kula anglangkungi anehipun yen katimbang klayan serat jurumartani angka 6 wau mas kasanreja yen ing jengandika kula ceiyosana gumun sanget ing tanah redi kidul bawah ing nagari Ngayogyakarta wonten priyantun rongga pulisi seklangkung aengipun, saged dippun ngetrapaken serana tuwin pirantosipun durjana mekaten ta raden rongga Reksanegara ing dhusun keringan, purun angingah tiyang awon awasta Wongsareja, asli sangking bandhung kadakwa mendhet papal peteng, sareng kabucal wonten ing ngayugya antawis kawantaun luwar lajeng pun Wongsareja wau kekesahan dhateng ing tanah redi kidul jujuk wanten griyanipun raden rongga wonten ing ngriku rtaden rongga kepencut memanis sawecana kalampahan kasukunan griya sarta bojo pun Wongsasukunan nama Raden Wongsadirja lajeng kasukunan buk ing tanah reddi kidul raden wongsadirja wau lajeng gadhah akal durjana angaken supiyon ing nagari yen wonten tiyang kanggenan apyun peteng tuwin kajeng jati lajeng kadhendha yatra kathahipun 30 rupiyah tiyang satunggilipun jangkep tiyang 150 iji kapetangan pinten pun wongsadirja wau menawi kekasahan dhateng padhusunan serana mawi kasukunan rencang 2, iji dhateng raden Rongga pulisi wau supados ing

tanah tiyang alit sami ajriya tiyang 2 sarwi wicanten mekaten
o konca 2 ingkang kula dherekaken punika utusanipun raden
Rongga trang sangking negari ta sami manut punapa ingkan
gdados dhawahipun rehning tyang dhusun inggih lajeng manut
bayar yatra yatra wau lajeng kapalih kaliyan raden rongga
satrehipun ing lami lamenipun dinten menggah tyang nedha wau
sampun tuwuk lajeng konangan supiyunipun negari trang ingkang
jeng tuwan residhen Supiyan wasta Kramadimeja wau pun Wong-
sadirja lajeng kacepeng kaladosaken ing negari kapriksa
inggih lajeng ngaken kemawon yen sampun biyantu kalih Raden
Rongga Resanegara wonten dene wong sadirja lajeng kabuwi o
namung getunipun ing manah kula wau sampun kaping 2 punika
rade Rongga kenging prakawis rumiyin purun anyanjata tiyang
kamisepuhipun den dmang Sambeng ing dhusun Kare, sareng sak
punika kok mekaten rehning kula wau tyang alit tansah akan-
thek akepyur kepyuring manah rumaos kekes, kula sumongga.
ti.ti.

Kaserat ing Ngayogyakarta kaping 18 Pebruwari 1868
katandhan Demang Arjasantana ing Peken Sonten.

=====

Wangsulun dhateng Sara Lukita reking dhateng jurusrat kadhes-
trikan Ngutran Cepon, mugi kapacaka ing srat jurumartani kula
sumongga kijuru yen kagalih priyonggi kula jumanggakaken.
Guladra wusina wuring sari, apan sampun kawula nupiksa, serat
jurumartanine, onga sawelasipun, kaliy welas ing dinten
Kemis, Maret wulanira, widakwolu taun katandhan Saralukita,
arta batang cangkrimanira pun patik saklangkung bingah amba.

Bingah amba wau ingkang pundi mung redhongin dados kajeng
kula, dados mencok pematange enggeh leres sedarum pematange
marang ing kami, amung teksih kaciwa menggah cara ulun atur
kula mawi sekar mung panduka rahaden datan ngarohi, dados
kirang utama.

Mitra kula ingkang satunggil abdi carik kadhistrikan Ngutran
Cepon inggih kiyase, pematange arujuk dhateng Saralukita
ranging, mung teksih melang-melang pematange bagus kawula
patik sumongga leres-leres pematange mitra kalih atah pun
Mangunsuka, titi.

Kula ingkang suka tondha Marjaban.

=====

Serat tamba punika kapacaka ing serat jurumartani cangkriman
namung 2 pada.

Yen sampun kabatang para mintra sedaya.

Pupuh Semaradana

Ana lara lara nangis, anangis neng pupukiwa ginarok garok
lulune nora malah amenenga saya sru tangisya, kang miharsa
sami ngungun, tangise dadi tuntonan.

Priyayi abisa rabi, pan winayuh sakembaran tur padha ayu
wrenane, cinakelan asta kiwa gunakaya pinadha yen gineseh
wewehipun, ingkang sawiji anjepat.

Katandhan pun Mangunsuka.

=====

Serat saha ingkang tabe akathah-kathah ingkang mugè kaatur
ing panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat jurumartani.
Panuwun kula dhateng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang
serat jurumartani mugè karsa amacak cangkriman kula wonten
ing serat jurumartani kang rinuksmeng ing sekar jurudemung
kados ing ngandhap punika.

Wonten warnendah sajuga, lir kukila warnanipun, niringnera
mawa cucuk myang buntut sukutanan, lan elar datan darbe
ebeku, kang tutuk mungging ing sirah, karemanira anginum.
Yen nginum anengnging kawah kawah langking warhipun dahat
tan uninga mabur, bisane mabur paseka kanthi poncarowangipun,
binekta mring langit seta, prapteng gon luntak kang manuk.

Panaraga kaping 12 wulan Sela 1796

katandhan pun Angsana Semedi

=====

Ongka 17, Kemis kaping 23 April 1868

Ing tokonipun tuwan A.Dhekes, titiyang saged pikantuk atumbas anggur abrit tuwin anggur sampanye warni-warni, sarta konyak, bir, madherah, pait, jenewer, setrup, likur, wah tatedhan tuwin sanesipun barang toko.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Magangipun tuwan Kontelir S. anama Raden Bagus Supat, punika tumut ing tuwan kontelir wau dhateng ing Surakarta, sawangsulipun saking Surakarta kecalan barang gadhahanipun ngantos telas sadaya, menggah barang wau kabuntel dipun dekekaken sawingkinging kareta, katangsulan tumumpang ing pethinipun tuwan kontelir, saking pangintening tiyang manawi barang wau icalipun sareng anglangkungi merak mati, dene warnining barang ingkang ical sinjang bathik parangrusak satunggil, sinjang bathik udanriris satunggil, iket bathik sawat byur kalih, sinjang bathik sawabyur satunggil, sinjang bathik sutra kembangan satunggil, sinjang bathik plangibyur satunggil, rasukan sembagi satunggil rasukan pethak satunggil calana laken satunggil, saptangan sutra abrit tuwin pethak satunggil sinjang bathik sawatboma satunggil salana ingkang kadamel saking benang mas mawi palisir renda mas satunggil calana punika gadhahanipun tiyang sanes ingkang kabekta badhe kasukakaen dhateng ingkang dipun kintuni, sarehning barang barang ingkang ical wau boten saweneh tiyang purun angangge bilih boten gadhah kalenggahan, amesthi badhe andadosaken ewed ing panyadenipun sarta kedah kasade dhateng para llurah utawi pangageng ing mangke raden Bagus Supat wau gadhah panedha dhateng sinten sintena ingkang saged anerangaken bab barangipun ingkang ical ppunika badhe kasukanan pituwasing anggenipun badhe anerangaken kathahipun kalih dasa rupiyah. Ing Samarnag wonten tiyang estri kakalih embok kaliyan anakipun punika sami amanak medal kembar kalih pisan, sarta anggenipun amanak meh sarengan ing wancinipun.

Kala tanggal kaping 29 wulan Maret ingkang sampun kapengker salebeting beteng wau woonten sandawanipun 12000 pon saking enggalipun pikantuk pitulung tiyang saged anyingkiraken sandawa saking panggenan ingkang kabesmen menggah pitunaipun saking kabesmen wau kathahipun 90000 rupiyah.

Saking pawartosipun kanjeng Pangeran Predherik prenah kape-nakanipun kanjeng ratu Nederlan punika badhe tedhak datheng tanah bawah Inggris ing Indhiya ngajeng, sarta saking ngriku badhe lajeng tedhak dhateng tanah Nederlan Indhiya.

Serat pakabaran Inggris anyariyosaken babpasta dhahar, titiyang ingkang sami anedha kathahipun 160 dene ingkang kadamel ulam punika ulam kapal, kaolah warni-warni, saha ngantos amragad kapal tiga, para priyantun jaler estri ingkang sami maos serat Jurumartani punika, amesthi badhe sami eram dene ulam kapal sami katedha, mila ing mangke kula suka cariyos bilih para tiyang jawi inggih kathah ingkang sami anedha ulam kapal ingkang kadamel sate, awit ityang wade sate ing Tanjung

Anom bawah nagari Surakarta, punika sampun kondhang anggenipun wade sate ulam kapal saha sakalangkung ecanipun punapa malih titiyang sanesipun ingkang sami wade sate inggih

asring purun tumbas kapal sakit utawi kapal pejah ingkang lajeng dipun wade kadamel sate, wangsul ingkang kadamel ulam pista dhahar wau, ppunika ulaming kapal ingkang pancen kalemakaken rumiyin, lajeng kapragad.

Menggah uler ingkang adamel karisakaning pakebonan kopi ing mangke parentah nagari sampun angingling setat pakabaran Inggris, katitimangsan kaping 23 wulan Oktober 1867, ing ngriku anyaryosaken bab uler ingkang wonten palebnonan kopi ing tanah bawahipun tiyang inggris uler punika saking pakabaranipun adamel risak dhateng tataneman kopi, sarta pangrisakipun saklangkung sanget, punapa malih uler wau taksih angrisak dumugi ing sapriki, ngantos andadosaken pitunanipun ingkang sami gadhah taneman kopi, menggah pangrisakipun boten saronta, awit taneman kopi kathahipun 400000 uwit, ingkang sampun gadhah pamedal 1000 dhacin wiji kopi sareng karisak dening uler wau ing dalem samongsa kemawon sampun telas babar pisan awit saking pejahing uwitipun dene katawising risakipun boten saronta, kalampaahan ingkang gadhah taneman kopi saged sumerep manawi sampun jene godhongipun, punika lajeng boten kenging kapitulungan malih.

Ing tanah bawah Inggris wau titiyang kathah ingkang sami kabentel angendelaken anggenipun ananem kipi, amargi saking tanemanipun kopi karisak dening uler wau, malah kalampahan wonten ingkang anilar balegriyanipun.

Saking pawartosipun Gupremen Inggris ing tanah Madras ing mangke kagungan karsa anglampahaken komisi, supados atitipraiksaha ing bab prakawis uler wau.

Katandhan Dahwen.

=====

Kula sampun anupiksani serat Jurumartani kemis kaping 19 Maret 1868 ing angka 12 ing ngriku wonten saseratanipun mas A.L. pitembunganipun bilih dereng angrujuki dhumateng serat kula, kang bab angraosi rehing praja, miwah karajan, punika wangsulan kula: sarehning panjenenganipun Abdulatip estu mongsa kikiilapan dhumateng pitembungan kula sanadyan karoncakna punapa dening kacekakaken mila wangsulan kula punika inggih kula cekak kemawon.

Kula sampeyan pangandikakaken amumulang tuwin kanthi tembung pupulasan punika boten mas awit ing sayektosipun kula boten rumaos asasendhon angripteng tembung kakawin saha boten pisan gadhah pamurih angindhakna tatapa ngrehipun ing praja, sarta kula boten badhe angrembag wah rarembagan bab punika. wondene serat kula rumiyin rak namung aninimbangi wedaling cariyos saking panratipun ingkang nama: C.F.P, kang amraelakaken wiwinihipun raharjaning praja, dados kondha kula wau angosok wangsul pratelan raharjaning praja, amrih pamewahipun panju-

rung kula saseratan ing Jurumartani, supados anekaneaning pawarti, kados ta: nalika turuh ing kalamipun mas Abdul amiyosaken katranganing elmi Kudarat sasaminipun, nanging kok pun Rongga katalanjuk mawi anyerat unge-ungelan babing praja, mila kula getun sanget ananging bokmanawi saking boten kadugi kula angarang cariyos saking sanesipun malih, wah saking boten gadugipun adamel cariyos kang warni-warni, temahan anglairaken wiraos ingkang piyambakipun boten pisan anyumerepana menggah ing lidipun.

Wondene mas Abdul boten anayogyani ing babasan pitembungan kula, awit kagalih bilih kirang aronca, ingkang punika kula sumongga dhumateng ingkang para sami amastani, ananging panginten kula ing sadaya pitembungan punika kados kok kedhik damelipun yen para tembung wau kedah kagenah-genahna, amargi ingkang sami kaaturan maos saseratan ingkang amrat suraos punika estunipun titiyang ingkang sampun kenging winastan saged temen anyuraos tuwin maos serat mila pun Rongga boten prelu anyaos mirad. Menggah anggen kula anyebutaken cupeting nalar piyambak punika boten saking alingan wah boten ananarka, sarta boten tumonja ing panarka dhateng satunggiling titiyang, lah sabab dening punapa teka kula mawiyaha jrih badhe winastan andakwa prakawis punika ing satunggiling sujana, awit panuerat kula boten anuding titiyang tuwin amastani ing satunggiling karajan, nanging amung anjurung saseratan kados atur kula ing ngajeng wau yen saing botenipun saged mawinci nalar mila leres wondene pratelan kula rumiyin ingkang minongka papathok ugi inggih boten amung satunggil praja saha kang kula damel wawatoning kondha saking sadayaning lulupiyang kang pancen kenging minongka waton tutuladani-pun sarta serat kula rumiyin tembungipun tak makaten: boten kirang praja miwah karajan ingkang lah kados pundi mas. Mas Abdul paring pepenget pamrayogi ing bab wedalipun tembung kula ingkang puguh, kawastanan semu angajak udur ingkang punika inggih sanget panuhun kula inggih mugi mugi kula pounika kasorotan ing watak wantuning para priyantun nagari, ingkang para alus amanis ing tingkah sarta pangucap. Anjawi saking punika mas Abdul paring katrangan bilih wiwinihipun ruwed rentenging praja, punika awit saking ing nginggil, sabab tukipun ingnginggil mili mangandhap dening ingkang makaten wau inggih sakalangkung kasuhun kalayan ing satehning kula boten sumedya badhe apapabenan dados inggih sampun narima yen lepat pinengetan tuwin sampun kula puhung, bilih bilih prtatlean kula kang linapataken wau mila kalintu sayektos.

Wondening saking bab pamurihipun Mas Abdil bilih seratipun wau kula dereng angujuki punika anyupwih ing kula yen amangsulana ing bab katranganipun pangreh tataning praja sapanunggilanipun menggah ingkang punika mugi sampun andadosaken cuwanipun ing panggalih mas Abdul, n dening pamurih

sampeyan punika kula boten saged angleksani amargi kula sampun boten saged angaturaken malih katranganipun kondha kula kados dening ing rumiyin ingkang sampun katupiksa sabab saking kula boten kadugi saha ajrih bilih winastan amamaosi tembung temah ical tuwin wudhar beningipun saking katutupan ing wreni, miwah ratrenggan sarta ing sasirnaning surya kantun balentongipun lo punika wau ajrih kula, sabab mangke mindhak ambaliwuraken kang sami maos lah punapa ta gunanipun. Wangsulana Rongga matur sakedhik e dados awis awis tiyang kang anyandhak dhateng pitembungan kula, ppunika inggih kados sabab bilih tembung kula wau teksih peteng ukaranipun sarta cara gunung Hem sanadyan mekatena inggih amung mas Abdul kemawon panuwun kula sampun tumut tumut abaliwur, ugi kula sampun narimah saha sewu sokur pinten pinten wonten saking satunggil ingkang boten kalebet wiwicalaning titiyang sempug

pikir, saged anjarwani tembung ruwed peteng awit bilih mas Abdul tumut a baliwur kula tansah kodheng amargi yen makatena saestu badhe anilar asma, utawi boten anetepi asmanipun manungsa kang tinitah lantip nanging inggih estu boten ta kados saujar kula.

Wasana kawuningana mas Abdulatip dening menggah rosipun kaajrihan kula amargi saking giris kula sareng maos Jurumartani serat pnajurung pawartosipun waraga sampeyan mas Dahwen ing sauruting pakabaran aeng saking pundi-pundi nagari, ingkang mungel aduduka dhumateng para tiyang ingkang sami amratelakaken wonten ing Jurumartani bab wiraos ingkang saes memper gugat-ginugat pamurinaning mamrih kaindhakaning tata-tatanipun ing praja arja.

Sampun inggih mas pun Rongga kalilanana angaso awit panyerat kkula sampun sayah, sarta dereng wonten malih wedalipun ing kaengetan kang badhe kinandhakaken tumrap dalancang, dening ing tembe menawi kula sampun angsal kojah tuwin wedalipun raosing manah ing sawarni-warninipun punapa dene angsal saking kikelak agethok tular dhateng para rare angen inggih kula anunten angaturaken saseratan ing Jurumartani ananging samangke kula kumedah anywun ngaso, amargi anggen kula linggih anyerat pangraos kula sampun dangu sarta tangan kula sampun keju.

Cirebon Sunyaragi 22 Maret 1867

Katandhan pun Wredha: Ronggajanur.

=====

Kula anupiksani serat Jurumartani angka 13 seratipun ingkang nama Kewusneder, suraosipun anacad sastra saking panyeratipun kang wasta pun CEpon kang pinacak ing Jurumartani. Menggah ingkang punika pamancahipun Kewusneder wau kula sakalangkung amrayogekaken saha angrembagi sanget, dene panjenenganipun Kewusneder karsa amaelu ing prakawis ingkang kalebet prelu saha angleresaken kang lepat bokmanawi ing tembe badhe andadosaken wewahing terangipun ing kawruh bab kasusastran

utawi angindhakaken terang dhateng panguninganipun ing para tiyang, ingkang panyeratipun kirang terang leres sarta patitis, langkung prayogi malih yen panjenenganipun Kewusneder karsa angarang kadamel buk wuwulang punika, kados dening serat karana utawi paramasastra, ing sarehning karsanipun Kewusneder anerangaken ing bab punika cinitra ing jurumartani mongka jurumartani punika serat kalimrahaken ing ngakathah mila panginten kula ing ngatasing kartsanipun Kewusneder punika yen para tiyang ingkang purun satumimbas serat jurumartani i wau mila karsa anggalih ing leres lepat utawi murih patitis ing reh kasusastran kados sangsaya gampil anggenipun pikantuk wuwulang saha uninga lerep ing pahalannng kawontenanipun serat jurumartani awit dening wontening wuwulang kasusastan wau boten angamungaken ingkang tumrap ing ebuk kang sawatawis wonten pangaosipun ananging ing serat ingkang kaehdik murwating panumbas ugi wonten wuwulanging kasusastran amung kuciwanipun sakedhik dening karsanipun Kewusneder aparing tuladan ragi sakedhiken.

Kalih dening ing sarehning kang dados wawaosnipun Kewusneder, punika sampun meh limrah kangge langkung malih ing tanah

Pasundhan Madura ingkang sawatawis gagepikan wawaosnipun Kewusneder kadosta: linta-lintuning warga, sa: dados sa, na:

dados na, nya: dados na, sapanunggalanipun. Tur sampun dados leresipun sanadyan nama maoni akanthiya pikantuk wah anglersaken ingkang lerpat nanging bilih kemawon karsanipun Kewusneder kang sampun kula condhongipunika dangu ing sagedipun

tumindak kalimrah amrgi sampun kathah ingkang angangge saha esperipun titiyang kang kalintu panyeratipun wau sampun anggep leres ing sastranipun piyambak anjawi punika turkadhang kemawon wonten ugi ingkang boten sarju agengipun serik wah boten karsa yen anuruta saking laleresanipun Kewusneder sabab tiyang wau lingsem bilih winastan atiru-tiru ing tiyan gkang sasami tuwin sumlangyen manggepikan winulang ing Kewusneder, dados panyiptanipun amung saking lingsem.

Sasampuning klula angrembai ingkarsanipun Kewusneder kula nyuwun piteaken menggah ingkang sampeyan wasatani kalintu punika rak dede panyerating sastra ingkang pancen sampun lenggah ing warga: sa dha, satha, nadha, natha, sa ja, saca, nyaja, nyaca, nada nata. Yen ing ngajeng punika leresipun rak sampun kathah kang anywrepi sarta mila kalimrahipun dene bilih dereng sumerep estunipun punapa badhe sampeyan wastani titiyangt taksi babadhe ing panyerat tuwin saserepanipun ing kasusastran dene kang dados karsanipun Kewusneder punapa makaten:

Kadosta : Wasta, karsa sampeyan makaten: wasta,kunta.
 Kondha, kontha, kontha, kotha
 Dwista, istha, dwistha, istha
 Masjid Panji, Wanci, MaSjid, Panji, Wanci
 Ascarya, Karsa, AScarya, Karsa.

Punapa inggih kados punika wu ing karsa mas.

Saha ing pangraosing manah kula mastani sastra jawi punika gampil tingalipun, nanging kayaktosanipun angel langkung malih angeling panyeratipun sanes kalayan sastra walandi malajeng arab sapanunggilanipun awit panyerating sastra walandi kenging winastan karacakaken sadaya bpten wonten ingkang amejahi aksara murda, namung lintu warni ageng-alitipun ing dhapur aksra, sarta boten mawi mawi tuwin kapas-thi dhawahipun ing sastra murda wonten na murdanipun ananging inggih naming anglenggahi wanda ngajeng, pasebutaning asma tuwin nagari wonten ingkang sawatawis aneh ing warga, namung yen tumrap dhateng basanipun piyambak tembung walandi. Makaten ugi sastra Arab malajeng inggih boten sanget riwilipun kados sastra jawi, sarta namung warni satunggil dhapur wonten sastra Arab ingkang boten wenang alintu warga namung yen tumrap ing tembung lapil kemawon ananging sastra jawi punika bokmanawi saking sakedhiking warga miwah gurunipun mila andadosaken jalaraning aaaangellipun mila yen sumedya winastan leres ing panyeratipun sastra jawi kedah sabyantuha ing pangrimbaging sastra kados panyukanipun pola Kewusneder awit panginten kula saking panyerating aksara jawi Kewusneder wau sampun leres.

Utawi malih kula anyuwun priksa ing panjenenganipun Kewusneder, dening ing jaman mangke sampun meh kalimrah tiyang anyerat ngangge sastra swara, punika anggenipun anumrapaken kok saenggen enggenipun kadosta: A, tarkadhang wonten ing tengah utawi dumunung ing wingking ing wekasaning gatra tuwin A, katali, kataling tarung, kahulu, sasaminipun dene sastra swara sanesipun saksat kasing kapejahan wonten panunggilanipun kadosta: Ja di ceret i, kaangep sami kalayan Nya, ing

pandunung saenggen-enggen. Makaten wau punapa inggih kalebet boten leres.

Wasana bilih serat kula punika kewusneder dereng anyondhong utawi wonten pamancangipun ing ngatas ing panyerat kula mugi panjenenganipun karsa aparing wangsulan supados andadosna terangipun ing manah kula sokur pisan bilih kaudanen sarta sampun kaiden ing embah jengandika, panyenenganipun kiyai Kerata, amargi mamriy andadosna sangsaya tambah trang manah, awit priyantun sepuh punika kagungan kawajiban paring wuwulang dhumateng para anem sarta angandika wekca ing saleresanipun punapa dene minggahipun malih kauningan ing panjenenganipun raden angabei Ronggowartsita tuwin Raden Panji Puspawilaga, abdi dalem Pujangga ing Surakarta, panjenenganipun priyantun kakalih punika ing salah satunggil mugi karsa aparing katrangan wuwulang ing bab kasusastran.

Sinerat ing Sukawati kaping 29 Maret ing taun 1868

Katandhan Mas Jayeng Santika.

=====

Ongka 18, Kemis kaping 30 April 1868

Tuwan E.Kalepasterman Asisten Residhen ing Kebumen bawah Paresidhenan Bagelen ing mangke kalilan pamit dhtegn nagari walandi laminipun kalih taun amargi saking sakit.

Tuwan P.H.Y. Mister Rosegerdhebiskop Presidhen saking Rad Panyustisi ing Samarang, ing mangke kinulawisudha dados Lid saking pangadilan luhur ing Nederlan Indhiya.

Tuwan G.H. Buleeower Upkomis saking paparentahan lebet ing mangke kinulawisudha dados sekretaris ing Banyumas.

Tuwan H.Dheibret ingkang wau dados kontelir dherdheklas saking Paparentahan lebet ing Gupremen Sumatra ingkang sisih kilen ing mangke kakula wisudha dados Kontrolir Dherdhekla saking paparentahan lebet ing paresidhenan Menado.

Tuwan A.W.P.Pherkeret Pistoriyus Kontrolir Dherdheklas ing Gupremen Sumatra ingkang sisih kilen ing mangke kinulawisudha dados Kontrolir Twedheklas ing Paresidhenan Palembang.

Kanjeng Tuwan H.C.Omul Asisten Residhen ing Tuban Paresidhenan Rembang, ing mangke kalilan pamint dhateng nagari Walandi laminipun 2 taun amargi saking sakit.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Kabar ing nagari Surakarta ingkang medal saking serat patikelir.

Kala tanggal kaping 24 angintenaken tanggal kaping 24 wulan Maret ingkang sampun kapengker wanci dalu wonten tiyang jawi kathahipun pipitu sami amrantosa dadamelipun, punika liumebet ing griyanipun nyonyah rondha satunggil ingkang griyanipun kajagi dening tiyang dhusun kakalih. Tiyang durjana pipitu wau saderengipun lumebet ing griya anyebari borang, supados sampun ngantos wonten para titiyang ingkang sged atandang tulung dene para kecu sanesipun inggih sami anjageni wonten sawining griya rumeksa dhateg kancanipun ingkang sami lumebet ing griya wau, ingkang supadis bilih wonten tiyang tandang sami sageda anglawan, durjana ingkang lumebet ing griya punika, sareng dumugi ing salebeting griya lajeng anyumed obor, dene rondha ingkang gadhah griya lajeng dipun cepeng dening kecu sarta kagebagan ing pedhang, salajengipun kecu lajeng ambikak pethi sarta amendheti dadosan kinten kinten wonten saking pangaosi tigang ewu rupiyah, sanadyan rondha punika sasaged saged anedahaken ing kapurunanipun ewadenten para kecu inggih saged angesahaken barangipun nyonyah wau ing dalem nem menit rampung. Sareng sampun antawis tigang dinten laminipun lajeng wonten pulisi ing Kartasura dhateng komisi ing griyanipun rondha ingkang kakecon, ing waktu punika ugi komisi saged anyepeng tiyangipun durjana, wadana pulisi ing Kartasura pitaken dhateng nyonyah ingkang kakecu wau p[unapa wonten durjanaipun ingkang sampun dipun serepi saking wangsulanipun nyonyah boten wonten tiyang dhusunipun satunggil tunggil ingkang dipun dakwa tumut angecu, ananging amung wonten walandi satunggil ingkang kadakwa tumut angecu sareng wadana pulisi mireng aturipun nyonyah

kakaten lajeng kesah dhateng griyanipun tuwan igkang dipun dakwa wau supados amariksani sarta anitik ing kawontenaning griyanipun tuwan punika ananging tuwan ingkang badhe dipun

pariksani griyanipun wau anulak ing pikajenganipun wadana pulisi punika saha wicanten bilh pratrip makaten wau sulayua kaliyan ngandat punapa priyantun jawi gadhah panguwasa ang-gledhah ing griyaning bongsa walandi punika sumpngga ananging boten antawis dangu ing wanci jam 8 sonten sanakipun tuwan ingkang kadakwa punika dhateng ing griyanipun raden tumenggung pulisi ingkang badhe amariksani griyanipun tuwan ingkang kenging dakwa, saha angulungaken soroging griya pitembungani-pun makaten inggih marengi griyanipun kapariksaan ananigng sarehning sampun kasep raden tumehnggung pulisi wau lajeng boten purun dhateng ing griyanipun.

Kala tanggal kaping 26 taksih tunggu wulan raden tumenggung ing Kartasura mantuk supados anyimpen durjana tiga ingkang sampun kacepeng wau nuntnen wangsul malih ing dinten wau dhateng panggenan anggenipun atitipariksa prakawis taden tumenggung Suradirja inggih tumut ing lampahipun raden tumenggung ing Kartasura, raden tumenggung kalih pisan punika anglajengaken anggenipun atitipariksa prakawis kala samanten dumadakan wonten tiang estri amedalaken pitembungan bab kafurjanan ingkang sawerg kaupadosan para tiyang pulisi sarreng tiyang pulisi mireng pitembunganipun tiyang estri wau lajeng pitaken dhateng tiyang estri puniia sarta aken nedahaken ing pundi griyanipun ingkang sampun dipin raosi wau pulisi sami sanalika lajeng kesah dhateng griyanipun cina satunggil ingkang agigriya wonten ing dhusun ing ngriku para tiyang pulisi lajeng anjageni griyaning tiyang ingkang keng-ing panginten sampun anglampahi durjana wau ananging para tiyang pulisi anggadhahi panginten bilih tiyang ingkang ala lampah durjhana sampun boten wonten ing griyanipun.

Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta ingkang sapunika wit sakingpakumpulan kaliyan priyantun jawi sakalangkung terang sanget ing kasagedanipun dhateng tembung jawi makaten ugi pamriksanipun prakawis kakecon badhe sakalangkung titi sanget.

Dereng antawis lami ing nagari Sepanyol wonten tiyang estri pejah umuripun sampun 106 taun tiyang wstri punika kalanipun taksih gesang sampun anglampahi laki kaping kalih dados salebetipun ing taun 1835 sampun rondha kaping kalih.

Tiyang estri punika salaminipun laki kaping kalih pisan ngantos agadhah anak jaler kathahipun 12 iji sarta salaminig gesang boten nate kenging sasakit saha pincadriyanipun boten ewah ngantos dumugi ngumur 99 taun sareng tiyang estri punika umuripun langkung 99 taun lajeng wiwit suda ing paningngal saha pamirengipun ananing tiyang estri wau kalanipun pejah rambutipun taksih cemeng menges saha dereng wonten uwanipun saele-elera, makaten ugi untunipun inggih boten wonten ing-

kang ompong.

Salebetipun wulan ingkang sampun kapengker ing Waren Sepel wonten sapi amanak , dene anakipunnalika medal sampun wawrat boten kirang 106 pon ngantos dados pangeram-eraming titiyang kathah.

Ing Kaliphorni wonten aben-abenan babi sami babi punika ing mangke dados reremenanipun titiyang ing ngriku.

Katandhan Dahwen.

=====

Jampenipun kewan kencing sakit potho

Saking pawartosipun kasebut ing serat pakabaran anyariyosaken manawi ing tanah Sumatra dereng lami wonten maesa 34420 iji, lembu 220392 iji, sami peja awit dening kencing sasakit potho ngantos sapunka ing Sumatra wau tuwin ing tanah jawi taksih wonten sasakit potho, mila para tiyang ingkang sami gadhah kewan utawi dhukun kewan ssami nymerepna bab jampeniun kewan kencing sasakit potho ingkang sakalangkung bares, jampi wau kapratelakaken ing serat pakabaran kang kawastanan Mitraning tiyang tani kala ing taun 1860 tuwan Ka anyariyosaken bab jampi wau kados ing ngandhap punika.

Dereng lami kewan kula kencing sasakit kakawastanan potho ing tantawis dinten kewan kula 12 iji p4ejah sadaya sanadyan kewan wau sampun kasanggrak utawi kajampenan sanesipun dene para dhkun kewan satanah ing ngriku sampun sami anjamperi kewan ingkang sami sakit kencing ing potho, kadadosanipu boten wonten kewan satunggil-tunggil ingkang gesang sareng anuju kula wanuh kalayan tiyang pul ingkang gadhah pasiten tiyang pul punika cariyos manawi ing pasitrenipun katrajang panyakit potho, tangganipun satunggil kecalan kewanipun 65 ii, dene piyambakipun kecalan 26 ji ananging kewan ingkang taksih sakit kajampenan kalayan toya sata sami saras sadaya. kula lajeng anyoba ing bawah kula piyambak kewan ingkang sampun ageng manawi kencing sasakit potho sampun boten purun nedha tuwin boten saged angayemi,lajeng anjerum kemawon punika kula ombeni toya sata ingkang kula godhog tuwin ingkang sampun kula asrepaken kathahipun 85 mace nederlan, samace wau watawis wonten sagelas anggur sasampunipun watawis menaut kewan ingkang kula ombeni wau lajeng saged anggayemi malih sarta ngadeg wah purun nedyha nunten saras babar pisan. Ananging namung kewan kakalih ingkang ngantos kula ombeni rambah kaping kalih sarta kewan kula sawelas ingkang kula jamperi boten wonten satunggil tunggal ingkang pejah sareng tuwan dhukun kewan wangsul ing ngriku malih lajeng kula cariyosi bab prakawis angsal-angsalan kula jampi tuwandhukun wau lajeng anyoba dhateng kewan ingkang sakit wonten ing ngajenganipun, ingkang sampun kawastanan sanget sakitipun kewan punika inggih lajeng saras , manawi kula wajib angombe- ni kewan ngantos rambah kaping kalih toya sata wau kula wewahi sarem saekothokan.

Sandyan jampi wau kapendhet saking wawatekanipun anyimpang sanget kalayan jampi ingkang sampun kangge ing ngadatipun kadamel anjampeni kewan ingkang kenging sasakit potho sarta jampi punika limrah sanget saha boten kathah pangaosipun mila panyobanipun manawi wonten sasakit potho malih prelu sanget bab kadadosanipun jampi potho wau prayogi bilih kapacak ing serat pakabaran
Katandhan PWD.

=====

Rosing saseratanipun ronggajanur kasebut ing Jurumartani ong 17.

Ronggajanur ambayawarakaken kawrat ing 10 larik bilih piyambakipun sampun sayah tanganipun keju pambudinipun melengme- leng awit saking sepen linggihipun sampundangu.

8 larik anyariyosaken rosing kaajrihanipun lo karjihan mawon

wonten kaonten rose lah kajrihan tanpa ros niku napaki Rong- ga.

13 Larik anyebutaken yen tembungipun taksih peteng ukaranipun sarta cara gunung sokur ta yen kyai rongga sampun karsa ngakeni piyambak.

14 larik anerangkaen bilh boten kadugi anggenahaken kandhani- pun kala rumiyin

Lah makaten ta kyai yen dhasar boten saged inggih prayogi ingkang bares kemawon.

8 larik mas rongga asuka panuwun dhateng Abdulatip awit saking kawastanan ngajak udur punika dumnunging panuwun wonten pundi.

5 larik mas Rongga asuka panuwun dhateng Abdulatip awit saking kawastanan ngajak udur punika dununging panuwun wonten pundi

24 larik ki rongga amreatelakaken yen kedhik damelipun bilih para pitembungan kagenah-genahna

M dados yen kula adamel serat ingkang suraosipun boten kan- ten-kantenan angewahaken ingkang sami maos inggih kenging

20 larik ronggajanur boten rumaos angrengga pitembungan angicalaken ujar temen.

Kula inggih sampun sumerep kyai bilih sampeyan boten rumaos nanging tiyang sanes ingkang rumaos.

9 larik Ronggajanur angondhaaken yen sampun amaos serat kula.

Wis karuwan yen durung diwasa olehe bakal mangsuli kapriye.

Lah punika kisanak pangobrolipun sarjana, gungunging pangob- rol wau anerangkaen dhateng kual bilih Ronggajanur baud angange tembung 111 larik boten wonten suraosipun punapa- punapa.

A.L.

=====

Panuwun kula dhateng tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani mug i karsaha amacak serat kula kados ingkang kasebut ing

ngandhap punika.

Kula sampun asring kemawon maos seratipun Ronggajanur, ing ngriku sakalangkung remen kula awit pitembunganipunjangkep saha sakalangkung sae wah wiled, kenging kawastanan pitembunganipun pujongga jawi sayektos ananging sakehdik ingkang andadosaken cuwaning manah kula, dene pitembungan wau kirang mathok ing bab suraosipun dados adamel bingung dhteng ingkang sami maos sakingpanginten kula awis wonten ingkang lajeng saged anggayuh ing pikajenganipun mila kalapahan cinacad dening Abdul Latip sanadyanna makatn ing mangke kula sampun acondhong ing bab wileding pitembungan wau panginten kula awis para priyantunjawu ingkang saged adamel pitembungan wiled kados ronggajanur, kadosta pitembunganipun tdhaking pujongga ingkang sampun kaecap ing nama Wreksa Candhana utawi Cina Gundhulan, o, punika dereng wonten emperipun upaminipun Wreksa Candhana dados raga, Ronggajanur nyawanipun dados jenangan katimbangaken kaliyann sela inten sanadyan kedhaking pujongga sampun nate dhateng tanah Eropah, antukipun ngajawi ngantos kasasar wonten ing pulo Kopah Semblah ewa denten dereng wonten emperipun dados satitimbanganipun Ronggajanur upaminipun ronggajanur wonten untuning ondha inggil piyambak

Wreksa Candhana sawg mancat untuning ondha ngandhap piyambak Ronggajanur dereng nate anganggit catriyos ingkang boten wonten kaanggepwonten dunungipun kados cariyos candhi maling anggitanipun Wreksa Candhana, punika punapa wonten sayektos para priyantun ing mangkunagaran ingkang andarbeni papanpun kadunungan cariyosipun candhi maling wau, sami boten sumerep bab wontenipun cariyos ingkang kados makaten, ananging Wreksa Candhana tansah kekah amastani ing wontenipun saha boten purun nganwon malah purun amastani manawi sakathahing cariyos ingkang boten kalebet ing serat babad sami dados cacepengani- pun para pujongga punika kula sumongga ing sampeyan kula kawastanan lepat inggih andherek bilih sampun wonten telaki- pun lepat awit leres ingkang kula upadosi menggah sampeuyan sapunika saweg kacawel dhateng Abdul Latip, punapa sampeyan inggih lajeng kendel kemawo bilih rumaos leres leres punika cacepenganipun titiyang kathah dene wontenipun pangadilan punika medal saking leres manawi sampeyuan lepat saha wonten pratandhanipun amesthi sampeyan karsa ngawon wangsul tedhak- ing pujongga Wreksa Candhana tansah ambijig kemawon boten praduli ing lepatipun bokmanawi anggenipun ambijig wau kadamel angaling-ngalingi cinanipun gundhulan.

Inggang punika panuwun kula dhateng Ronggajanur sampunngantos seling serep saha sampun ngantos rengat ing galih, dene kula purun purun angalem dhateng pitembungan sampeyan sayektosipun kula boten angonggrong dhateng sampeyan kados Puspa Nirdaya kala rumiyin sampun angonggrong dhateng kula, Abdulatip tuwin panji Puspawilaga mila ing mangke manawi pareng ing galih sampeyan kula aturi nglajengaken asuka panjurung ing jurumar-

tani supados para priyantun ingkang sami remen amaos pitembungan jawi ingkang sae, sampun ngnatos kasuwan ing galih manawi atampi jurumartani boten aningali serat sampeyan panjurung.

Kudus kaping 27 wulan april 1868

Katandhan Wigya Panitisastra.

=====

Panuwun kula kalayan urmat mugi panjenenganipun tuwan ing angarang serat jurumartani kersa amacak serat kula ing ngandhap punika semanten wau menawi sampun ginalih prayogi. Sampun kula ambahli saengga kaping tiga punika nembe kaleksanan anggen kula sumeja dherek anyenyelani ing serat jurumartani tur boten lepat badhe dados gegujengan ing ngakathah nanging inggih sedasa dasa kedah kula puhung sangking kathahing pamanggih. Kadreng ing manah kula sareng maos seratipun mas kapik ing Jurumartani tanggal kaping 5 Maret taunpunika angka 10 ing ngriku mas kapoo anggadhahi panginten menawi badhe adamel kapokipun para tiyang ingkang sami suka panjurung kabar ing jurumartani awit saking ajrihipun menawi dipun cathek dhateng A.L. kados dening panyawelipun dhateng pun sumongga sangking panginten sampeyan mekaten punika dereng temtu karojongan ing ngakathah mas sebab kawontenanipun ing ngalam dunya punika suka lan duka boten kenging katilar salah satunggal kalayan malih sampun kayektosan wedaling pamanggih ingkang dakik punika kedah medal sakini gipamanggih serep sumangga sampeyan galih, kala uduripun raden panji puspawilagakaliyan mas Wigya Panitisastra utawi mas Abdulatip sarta

raden Ngabei Ronggawarsita sinten tiyangipun ingkang boten remen maos seratipun priyantun sekawan punika utawi sinteningkang lajeng boten mestani dhateng priyantu sekawan wau tiyang saged wasis ing kasusastran kendelipun udur punika boten sangking jrihipun mas Wigya dhateng A.L. enget kula dhasar kajugaraken sangking ingkang dados marginin grudu. Malah boten kula pyambak ingkang mestani, bilih maos jurumartani boten wonten tandhanipun priyantun sekawan punika saestu lajeng gela sebabjalaranipun kula dherek tumbas Jurumartani, kasengsem ukeling uduripun priyantun sekawan wau awit badhe angsal lelepiyan dhateng lampahing tangkis sagedhagan punika srayan kula tumbas jurumartanbi tiyagn 4 sami mendhet pyambak-pyambak mila sangking pamanggih kula pinten pinten mas sumongga seratipun kajawab dhateng mas A.L. tandha kersa mirahaken ing kalantipanipun yen tesih sulaya ing pemanggih inggih prayogi kasereg ewed punapa lakar tesih sami denten ngangge sesinglon nami sampun kok lajeng badhe anyupet lelampahan la punika boten mekaten nun sanes kaliyan kersanipun mas wigya yen mirsani tapak saseratanipun tiyang bodho blilu kados pun kula boten pisan iersa anggaliyh paring pitedah awit badhe boten pikantuk bathining kawruh.

Winih tembung mamala gampang sirnanya: sangking dereng tinak-

dir dening kang murba.

Wasana sakathahing sastra kkula yen wonten sigug gangsulung
pitembungan mgi gengasih ingkang pangapunten.

Sinerat ing kampung Sidareja kaping 24 Maret 1868

Katandhan A.L.M.

=====

Ongka 19, 7 Mei 1868

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Serat pakabaran saking nagari Cina anyariyosaken kalyan temen-temen bab ulam ingkang memper ulam lodan saha meh saula modan agengipun menggah pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Kala taun 1862 gisikipun saganten ing tanah Cina wonten tiyang ingkang sampun ical raosipun awit saking kataton sareng tiyang punika enget malih lajeng acariyos bilih piyambakipun ingkang wau anumpang wonten ing baita, ingkang kapendhet sarta kajarah rayah dening bajag, kalampahan titiyanging baita sami dipun pejahi tuwin kaceguraken ing toya dene piyambakipun sanadyan kataton inggih lajeng ambyur ing toya, nalika samanten piyambakipun karaos dipun sanggi ing ulan sakalangkung agengipun ingkang lajeng ambekta dhateng pinggiring saganten, lampahipun alin, pratelanipun ingkang kasanggi ing ulam wau, manawi sampun amaspaosaken dhateng ulamipun, sasampunipun dumugi ing pinggir ulam lajeng kesah saha sileming toya.

Kala ing tau 1865 wonten pakabaranipun manawi wonten tiyang satunggil ingkang kapitulungan dening ulam ageng ulam punika kapancen remenipun atulung dhateng titiyang para jurumendhet ulam sami anggadahi pahadatan angundang dhateng ulamageng wau supados anggiringa ulam sanesipun ingkang badhe kapendhetan manawi ing saganten wonten baita ingkang badhe keremn ulam ageng punika asring atutulung dhateng titiyanging baita jalaran saking dening kasanggi sadya lajeng kabekta dhateng sapinggiring saganten lampahipun inggih alon mila para jurumendhet ulam tuwin para titiyanging baita sami amumundhi dhateng ulamageng wau menggah para pangageng ing nagari Cina sami amratelakaken bilih ulam wau agengipun sami kaliyan redi anakan, sarta bolong sanggingiling githokipun supados saged anyemprotaken toya medal ing bolongan wau punapa malih sampun kalebet ing wawatek anggenipun remen atutulung dhateng titiyang ingkang sami kasangsaran ing toya.

Kala tanggal kaping 8 wulan April ingkang sampun kapengker Kanjeng Sultan ing Ngayogyakarta asuka kurmat pista dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing Ngayogyakarta, awit kanjeng tuwan residhen wau kinulawisudha dening kanjeng maharaja dados Rider saking Ordhe Nederlan Seleyo, dene pistonipun wau sakalangkung endah andadosaken kurmat ageng dhateng kanjeng sultan menggah para tuwan ing Ngayogyakarta sami angubengaken serat panjurung badhe anyaos kurmat pista dhateng kanjeng tuwan residhen wau punika.

Sastra Permadi acariyos manawi kala ing jaman rumiyin ngadatipun kados ingkang kasebut ing angger kina titiyang jawi ingkang asli ageng mongka remen dhateng tiyang estri ingkang asli alit ingkang kabedhang saha lajeng kabekta kesah punika jaler estri tumunten upadosan sarta badhe kacepeng lajeng kapatrapan paukuman, menggah paukumanipun kados ing-

kang kapratelakaken ing ngandhap punika.

Inggang jaler kapisahaken kalayan inggang estri, sarta kapanggenaken woten ing ngalun-alun mawi kabethekan mubeng, manawi raiten rainipun sam kawedhakan upa saha lajeng kakuning mawi dipun kudhungi ing kalas sasampunipun makaten lajeng katingalaken ing titiyang kathah menggah anggenipun ningalaken ing ngakathah wau laminipun gangsal ngantos sadasa dinten punika andadosaken kanisthan ageng.

Paukuman inggang kados makaten wau ing jaman sapunika boten katindakaken punika andadosaken kabegjanipun ing nagari Ngayogyakarta, manawi paukuman punika taksih katindakaken bokmanawi ing Ngayogyakarta, boten wande kikirangan papan inggang badhe katingalaken ing titiyang kathah.

Kanjeng Tuwan H.M. Andrewiltenes, residhen ing Surabaya akaliyan kanjeng tuwan mister A.Y.W.Kornetdhegrut Adpokat Jendral saking Pangadilan Luhur ing Nederlan Indhiya, ing mangke sami kalilan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi.

Serat saking Purwareja anyariyosaken bab kathahing pasamuwan tiyang lai rabi, inggang sami angiringaken panganten para sanak sadherek sakalangkung kathah, mawi songsong palisiripun awarni-warni, mongka kaangge ing titiyang inggang sami boten gadhah leres angangge songsong wau, patrap makaten punika adamel camah ing kalenggahan tuwin panguwasa, pangajeng-ajenging tiyang, pratingkah inggang kados makaten wau sami kayektosan kemawon ing saderengipun kasep.

Mas Ngabei Martapura, Upjaksa ing Patrhi gadhahpikajengan badhe anyuwun pensiyun menggah Mas Ngabei Mertapura punika sampun ngumur 63 taun, sarta anggenipun angabdi dhateng kanjeng gupremen sampun 39 taun.

Ing Kudus tiyang durjana pandung sawatawis sami anyolong kursi wonten griyanipun Nyonyah satunggil sarta anyolong dilah setolup wonten ing griyanipun tiyang sanes, manawi para pandung wau sami arumanti saged dipun anyolong meja, sarta tatedhan tuwin inuman, lah punika amesthi saged anyegah rumiyin bab ing panyolongipun wau.

Sastra Permadi acariyos, manawi ing Ngayogyakarta badhe anglotrekaken pemahan, kaprenah sakiduling Pakualaman, sarehning pemahan wau katedha dening para tuwan tanah kathah, ananging boten sadaya sami saenipun lo punika kados pundi, inggang boten sami saenipun punika punapa pemahan punapa para tuwan tanah, ing Ngayogyakarta badhe adamel margi ageng kathah sarta kithanipun badhe kadandosane inggang sakalangkung prayogi.

Kala tanggal kaping 12 wulan April inggang sampun kapengker Raden Mas Abdul Sidik Aliyas Raden Panji Suryadiputra, putranipun Bupati ing Samarang punika krama angsal Raden Ajeng Nakis Subandiyah, putranipu Bupati ing Rembang, menggah pasamuwanipun wonten ing Rembang, sarta sampun sambad dadis pasamuwanipun bongsa luhur.

Pak Gumun inggang ngumur 40 taun kekesahan dhateng Kudus, wonten ing ngriku dipun tut wingking ing rare kathah, sarta sami anggugujeng, awit pak Gumun wau angangge canela. Para rare inggang sami tut wingking punika lajeng sangsaya kathah, sadaya sami angelokaken: ana wong jawa ngencik canela, ana wong jawa ngencik canela. Pak Gumun salaminipun gesang dereng

nate aningali rare bandhol ingkang kados makaten wau.
 Ing wanci tengah dalu pukul 11 wonten tiyang mantuk saking
 losemen sareng dumugi ing griya korinipun sampun katutup
 tiyang wau lajeng anothik kori, ananging bojonipun ingkang
 sampun tilem boten purun angengani, malah awicanten makaten
 kalwat jam sapuluh aku ora aweh wong lumebu ing omah, dene
 kowe amasthi kudu sore ulimu marang ing omah, ingkang jaler
 sakalangkung ing pamuring-muringipun, amireng pitembungan
 kados makaten lajeng awicanten kalayan napsu: Yem mangkono
 karepmu aku bakal angendhati ana ing banyu, ingkang estri
 amangsuli kalayan muring-muring: iya apa sakarepmu, boten
 antawis dangu tiyang estri punika amireng sababwa jumegur
 wonten ing lepen, sareng makaten tiyang estri lajeng anjlok
 saking patilemanipun tumunten medal ing jawi dhateng
 sapinggiring lepen sedyanipun badhe amitulungi dhateng ing-
 kang jaler, wonten sapinggiring lepen tiyang estri anyeluk
 dhateng ingkang jaler, ananging boten angsal wassulan para
 tangganipun ingkang kaget saking panjelih ing tiyag estri
 sami murugi dhateng panggenanipun tiyang estri, sarta angrem-
 bagi dhateng tiyang estri punika, kinen angangge sandhangan
 ingkang panas awit asrep sanget, sanalika tangganipun satung-
 gil mantuk amendhetaken sandhangan hdateng griyanipun tiyang
 estri wau, wekasnipun para tongga sami gumun amireng swaran-
 ing pun makaten: aku ora gelem angengakake lawang, manawa wus
 kaliwat jam sapuluh, menggah sabawa jumegur wau punika kan-
 jeng ingkang wonten sajawineing griya, kabucal ing lepen
 dening bojonipun tiyang estri wau, nalika tiyang estri medal
 saking griya angupadosi ing kang jaler dhateng ing lepen,
 ingkang jaler tumunten lumebet ing griya, anutup kori lajeng
 tilem.

Katandhan Dahwen

=====

Kula bok Rara Aliyas, Tluki ing kamulyan kula sampun aninga-
 li, serat Jurumartani ingkang angka 16 ing ngriku wonten
 tapak tanganipun Arja Santana, Demang kang lungsur ing peken
 sonten, ingkang suraos angerang-erangan dhateng den Rongga
 wau, sringsing damel gora godha dhumateng sak bawah kalereya-
 nipun sdaya, andhendha dhateng kancanipun bekel aweron sa-
 tunggal tiyang ingkang nama Wongsareja, tilas pesakitan
 cucalan saking negari Bandhung, sareng sampun luwar saking
 pesakitan, lajeng nglompreg sak puruk-puruk wonten salebetipun
 bawah Redi Kidul, cekakanipun sareng pun Wongsareja wau
 antawis lami wonten bawahipun den rongga wau, lajeng pyam-
 bakipun imah-imah ngsal tiyang tanah ing griku, boten antawis
 lami rehning pun Wongsareja wau rumaos kajepit kasongkrangan
 genipun ngupados tedha, lajeng damelo akal dora sembada,
 ngaken yen kamantu dhateng den Rongga sarta kajunjung nama,
 Raden Wongsadirja, asengadi dados utusanipun ing negari,
 kakresakaken nyupiyun punapa sak awisanipun negari, wusana
 pyambakipun lajeng andhawahaken dhendha, dhateng para bekel
 tanah ing keringan sadaya, ingkang sak wantawis ragi wonten
 amperipun ingkang amanggih prakawis ingkang manggepika awisa-
 nipun negari, saha ingkang sampun sarujuk kaliyan den Rongga,
 ing wekasnipun saking pangerang-erangipun Arja Santana wau
 lepat sadaya, sak estonipun Wongsareja wau tiyang Ngawu Bawar

angapur krama, wusana sareng den Rongga mireng yen bawahipun kalebetan tiyang Ngawubawar, saking jrih temen-temenipun angggenipun nyepeng pulisi, sak kala inggih lajeng kaplesana, wekasan kacepeng, lajeng kaladosaken ing negari, sareng sampun dumugi ing negari inggih lajeng dipun paben bab prakawisipun sadaya, sabab mawi sandhan menawi angsal pakenipun den Rongga wau, sareng kapriksa wonten ing ngarsanipun kanjeng tuwan Residhen ing Ngayugya, kainggahaken ing pulisi Rol, wusana pun ?Wongsareja, tetep awonipun yen tiyang Ngawubawar ngapus krami, sangking dhawuh paukumanipun ing pulisi Rol pun Wongsareja, kaparingan ukuman peksa, laminipun 3 wulan, ing wekasan dereng dumugi ing tigang wulan teksih wonten salebetipun paukuman peksan wau pesakitan pun Wongsareja lajeng minggat sapriki dereng angsal katrangan malih kacepengipun, ing pundi-pundi paresidhenan yen wonten tiyang nami Wongsareja, utawi Raden Wongsadirja, inggal akintuna priksa dhateng ingkang nyepeng pangadil ing nagari dalem ing Yugya.

O, ladalah, iba susah bingunge rama den Rongga di onar-onarake kang kaya mangkono iku eh wong nglakoni temen-temen arep di dagang pyayi, sing nggolek kabecikan anyar, Iyah si Arjasantana apa, rak mung digawe buwangan bae poatohk rak ya sing sok gawe wekasaning pitembungan, titi, kaemara dhek iya, wong pancen katutuh gone dhemensalin jeneng iku apa, sak jam ora trima ping 100 gone salin jejuluk, suprandene meksa di Aliyas, Tluki wepada, A kok kula wau katenta sanak ipun rama den Rongga utawi tepang boben, namung matur sakleresipun kemawon sabab ing ngajeng kala wonten ngatsanipun kanjeng tuwan residhen ing Ngayugya: kula kapareng wonten dados suemrep trang.

Ing wusana kula nuwun sumongga panjenenganipun tuwaningang ngarang serat Jurumartani, mugi kacithaka, kula pitados panjenenganipun tuwan saudara kula.

Kacitra ing Kamulyan tanggal kaping 28 Besar Ehe 1796

Katandhan Bok Rara Aliyas Baud, Tluki.

=====

Serat saha ingkang tabe akathah-kathah, sinaroja ing kaurmatan mawantu-wantu, ingkang mugi kaatur ing panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani.

Panuwun kula ing panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, serat kula punika mugi kapacaka ing Jurumartani.

Kula smpun aningali seratanipun mas Jayengsentika, ingkang dhateng kula suraosipun anyondhong karsa menggah pamancan kula dhateng seratanipun juru serat dhistrik Nguteran saha Mas Jayeng Amrayogekaken yen kula anganggit serat Paramasastira, punika inggih sanget panuwun kula. Salajengipun mas Jayeng boten anayogyani anggen kula suka tuladha dhateng juru serat Ngutran kagalih kirang kathah. Inggih punikakula nyumanggakaken dhumateng kang para sami amastani, ananging panginten kula ing sadayaning putembungan punika dados kedhik damelipun yen para tembung wau kathah kathah tuwin kaparin-ciya, awit kula boten sumedya adamel piwulang ingkang tumonnja dhateng satunggiling tiyang sanes kajawi kula namung amre tandhani gumun kula dhateng satunggiling juru serat ingkang kula timbang timbang piyambakipun taksih cotho dhateng sastra

mongka juru serat punika kedah terang sastranipun.

Saha malih mas Jayeng amastani yen anggen kula maoni sratanipun Juru serat Ngutran, [punika anggepok dhateng tanah Sundha tuwin Madura, O punika boten mas sampun malih yen kula sageda ngewahi seratanipun serep basanipun kimawon dereng. Mas Jayeng amratelakaken wonen ugi tiyang ingkang boten sarju mengah ewah ewahan kula wau, lah punika kula nyumanggakaken ingkang dados karsanipun sarju ing panggalih kula sokur, boten tunggil karsa kula sumongga sabab kula boten gadhah sedyo amumulang ing piyambakipun, sarta sampeyan anedha priksa menggah ingkang kula wastani lepat punika dede panyerating sastra ingkang pancen lenggah ing warga. Lah punapanipun mongka ingkang kula wancah punika inggih panyerat ingkang pisah panggendheting warga, kados ta panjalin, punika boten kaserat panjalin sabab ja warganipun nya yen wanda ngajeng sigeg ing na mongka kang nykani wanda tengah aksara ja punika na kening kalintu ing waranipun ananing manawi babakan jarak boten tan kening kaserat babakan jarak sabab ja wau sambet-ing tembung sarta lintalintuning nya dados na sasamnipun punika kengingipun kang boten angicalaken suraos.

Menggah anggen sampeyan anyemantakaken, kanggenipun aksara swara A, sasaminipun kanggenipun ing jaman sapunika boten urut punika kula boten kadugi angarubiru awit kula ajrih bokbilih wonten tiyang ingkang boten sarju lingsem angagem babasan kula.

Ananging ing sarehning kula sampeyan pundhuti priksa mila kula prelu amratelakaken dene temenipun aksara swara tuwin boten kening dipun angge nyerati ing basa jawi tulen kanggenipun kangge anuyerati tembung Arab ingkang kaemuta-emut ing tiyang jawi kados ta: Iman, Istijrat sasaminipun tuwin kangge anyerati tembungipun tiyang monca ingang kangge ing basa jawi, kadosta: April, Oktober, Eropah, Asiyah, Mei, sasaminipun, dene aksara ta murda punika pancenipun boten kening kapejahan sarta kawastanan aksara mahaprana, boten kangge ing sawiyah-wiyah, namung kangge anyerati, namaning tiyang tuwin nagari, punapa malih namaning barang ingkang dipun urmati dhateng ingkang nyerat nya, murda punika inggih aksara maha prana saminipun Ja, sarta awis awis kanggenipun lo mugi kawuningana Mas Jayeng kula boten anggayuh sanes namung amangsuli punapa kang dados pamundhut sampeyan priksani mawon kaliyan kula ngaturi priksa ing sampeyan yen kula punika sampun boten gadhah kaki, kaki kula sampun tilar dunya sadaya, mongka sampeyuan saged mastani kaki kula nama KYai Kerata, lo punika serep sampeuyanm saking pundi, punapa angawur kajawi punika kula nyuwun priksa ingkang sampeyan karsakaken amaringi tuladha seran kang nama raden Bei Rongga-warsita, tuwin Raden Panji, Puspawilaga punika abdi dalem ing Mangkunagaran punapa abdi dalem ing Kasunanan sabab saking pamireng kula panyebutipun abdi ing Kasunanan tuwin ing Mangkunagaran punika sami kemawon.

Saha malih punapa sampun limrah kangge ing tanah sampeyan Sokawati ngrika, nga lelet punika kening kadamel pasangan sok makatena panyeratipun jumbleng, sasaminipun boten susah kasingget ing pangkon kening kaserat jumbleng mongka ingkang kasebut ing PARAMASASTRA yen Nga lelet kaleres dados

pasangan punika mesthi kalintu ing la kapepet kados kawanlek-
sa.

Sarta pasangan ta, na, la, yen karaketan ing sandhangan
pambukanig wanda ngre, ngwa, pra, sami mantuk ing wujuding
aksara kadosta: Sastra, sasaminipun.

Ing Dalapaping, 26 April 1868

Katandhan Kewusnendar.

=====

Para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor
lelang ing Surakarta, kala ing wulan Januwari 1868 ing
mangke sami kaemutaken ambayara sambutanipun wau saderengipu-
nutawi satelasing wulan Mei punika, manawi boten angleksanani
ing pambayaripun amesthi badhe katagih medal saking panguwas-
anipun parentah.

Surakarta kaping 1 Mei 1868

Katandhan ingkang nguwasani kantor lelang Bosower.

=====

Ongka 20, 14 Mei 1868

Rewonda ingkang sami dados rencang wonten ing warung.
Kala panggalaripun titingalan samukawis ing tanah Prasman wonten tiyang bongsa Amerikah satunggil punika panuju wonten ing panggenan panggeling titingalan wau lajeng ambikak warung wawadeyanipun dene ingang sami angladosi wonten ing warung, punika rewonda kathahipun kalihdasa bilih wonten tiyang ingkang dhateng warung ing ngriku, rewanda ingkang kabusanan pangangge pameran punika lajeng sami ngrubung dhateng tamunipun, saha anyandhak topining tamu ingkang dhateng wau, manawi tamu sampun alenggah wonten ing warung, rewonda lajeng anedahaken serat pratelaning tatedhan ingkang wonten warung ing ngriku salajengipun sami mangadeg jagi tamu, saha angentos ing parentahipun bilih tamu anedha tatedhan para rewonda lajeng lumampah enggal-enggalan kalayan angatos-atos dhateng ing pawon, supados mendhet punapa ingkang dipun pikajengi ing tamu wau sawangsulipun rewonda saking pawon sami ambekta tatedhan ingkang lajeng kadekekaken ing meja sangajengipun tamu, punapa malih para rewonda wau bilih tamunipun para estri inggih sakalangkung sregep anggenipun sami angladosi supados andadosna bingah ing manahipun tamu estri wau, salajengipun para trewonda sami boten kasupen mendhetaken bangku suku manawi para tamu sampun anothok bangku kados ngadatipun, pararewonda ing sanalika lumajeng dhateng panggenanipun tiyang ingkang nothok bangku wau, sarta lajeng angentos wonten ing ngriku ngantos tamu amratelakak-enpunapa ingkang dados pikajenganipun para rewonda punika kainggih sampun sami sumerep, bilih sasampunipun anedha lajeng angladosaken serat rekeningipun bab wragading anggenipun anedha para tamu wau.

=====

Wonten tiyang ingkang cariyos manawi wonten tiyang estri satunggil dados semah ing kriya, punika sasampun agadhah anak ngantos sawidak pitu kathahipun dene anggenipun manak namung kaping pitulur, anggenipun manak ingkang kaping sakawan saposan pisanipun medal rare sakawan manak kaping pitu sapisan pisanipun medal tiga, sarta manak kaping nembelas sapisan pisanipun medal kembar.

Wonten tiyang estri sanesipun dados semahipun tiyang tukang tenun punika anggenipun laki laminipun kalih dasa taun anglampahi manak kaping sawelas medal rare tigangdasa kalih rar samanten punika ingkang gesang wonten wolulur, dados ingkang pejah sakawan ingkang jaler nemlikur ingkang estri nenem ratre samanten punika sami nunggil napa saha sami dipun susoni ing embokipun piyambak, menggah bapaking rare sasarenganipun kala lair medal kembar dene embokipun piyambak, menggah bapaking rare sasarenganipun kala lair medal kembar, dene embiking rare wau sasarenganipun kala lair medal sakawan.

Embokipun semah ing tukang tenun wau gadhah ana kathahipun tigangdasa wolu, sarta pejahipun saking dening gadhah anak kembar menggah rare lair kembar punika kathah kathahipun

ingkang sampundupun sumerepi ing titiyang amung kembar nenem
sami jaler sadaya naanging kala lairipun sami pejah sadaya
wondening tiyan gestri ingkang manak rare kembar nenem wau

sampun anglampahi laki kaping kalih ngantos gadhah anak
kathahipun kawandasa sakawan anggenipun laki ingkang kaping
sapisan ngantos gadhah anak jaler kalih likur ingkang estri
titiga anggenipun laki ngkang kaping kalihipun laminipun
namung tigang taun anglampahi gadhah anak kawanwelas, dene
anggeniun manak sapisan medal tiga, kaping kalihipun medal
gangsals ingkang kaping tiganipun medal rare nenem.

=====

Dereng lami ing tanah Prasman wonten lampahan ingkang kalebet
Aeng, ananging lalampahan ingkang kados makaten wau inggih
asring sampun wonten menggah pratelanipun kados ing ngnadhap
punika:

Wonten tiyang estri sugih saking tanah Sepanyol kaliyan
anakipun estri kakalih punika sami lumebet ing panggenan
toko, sarta atutumbas barang warni-warni, rencang ing toko
kakalih sami sumerep bilih embikipun anak estri kakalih wau
amendhet sarungan tangan, kaos, sutra gebyas, sapanunggilani-
ipun ingkang lajeng kadhelikaken wonten salebeting sandhanga-
nipun nalka samanten anakipun ingkang ngumur 18 taun sarta
sae warninipun angajak wicantenan kaliyan rencang ing toko
wau tansah kendel supados embokipun sageda anglampahi ingkang
dados pikajenganipun rencang punika inggih sami angrewes ing
wicantenipun anak esteri wau, ananging sareng tiyang testri
katiga anak sami kesah badhe anumpak karera lajen gkaangrak
dening pulisi, dipun purih tumut dhateng kantor pulisi, anak
estri kakalih wau sampun dipun lilani dening oulisi kantun
alenggah wonten wonten ing kareta, nuntun embokipun anggad-
hahi panedha mugi anakipun kakalih sami kaluwarna saking
prakawis, menggah kadurjanan ipun tiyang estri wau inggih
sampun tetep, dene kadadosanipun ing piawon booten kenging
dipun elaki, sasampunipun katitipriksa embokipun anak estri
kakalih wau lajeng kapatrapan paukuman dene anakipun lajeng
kaluwaran saking paukuman, salajengipun tiyang sami sumerep
bilih embikipun anak estri kakalih wau sugih ananging anggad-
hahi wawatek remen amendhet gadhahanipun tiyag sanes.

=====

Serat saha ingkang tabe akathah-kathah, sinaroja ing
kaurmatan mawantu-wantu ingkang mugi kaatur ing panjenengani-
pun tuwan ingkang ngarang serat Jurumarani.

Panuwun kula ing panjenenganipun mugi karsa amacak serat kula
punika wonten ing serat Jurumartani.

Kula sampun maos seratipun A.M. ing Sidaarja ingkang kapacak
ing Jurumartani medal kala dinten Kemis tanggal kaping 30
April 1868 Mas A.M. anyebutaken manawi anggenipun amaca serat
jurumartani tan sande dados gugujengan sarta sampeyan sampun
anyuwun pangawunten dhateng sadayaning priyantun ingkang sai

maos serat Jurumartani.

Sanadyan sampeyan sampuyn amaceki ing kang kados makaten ewa samanten kula kumedah anglairaken kang dados raosingmanah kula, awit sareng kula maos serat sampeyan manah kula katancean ing sasingleton nama tuwin dalem sampeyan ciptaning manah kula boten wonten ingkang saged angusadani kajawi namung pawaleh sampeyan.

Nalika kula mmaos serat sampeyan kula aguyu dene sampeyan rewa-rewa tiyang ing Sidaarja, ingkang sampeyan damel kukud-

hung yen dalem sampeyan ing kampung Sidaarja punika rak namung anggen sampeyan telad-telad tembung piyambek kersah tuwin sumangga dene tene tembung bokminanten sasaminipun kok boten sampeyan agem lah rak badhe meri. Anggen sampeyan alingan punika sansaya katingal aluwung sampeyan rewa-rewa tiyang ing Banyumas utawi tiyang ing Bagelen tembung sampeyan piyambek punika boten anelakaken ing sasingleton sampeyan.

Kalihan kula nyuwun priksa ingkang dados karsa sampeyan punapa namung perlu anggegosok dhateng pun kapok kemawon lah yen makaten kasa sampeyan rak kedhik daelipun kalihan tiyang macak serat Jurumartani punika rak sadhanganipun boten susah kaerang-erang, boten susah kaojok-ojoki, yen mila kalir sarta seneng boten susah dipun parentahi inggih macak piyambak sampeyan galih ta, bokmanawi anggenipun kendel wau, margi kesah dagang, utawi merepan damelan ingkang badhe kaingokaken dhateng anak rayatipun punapa inggih dipun perlokaken pijer manah serat Jurumertani.

Sampeyan amratelakaken menggah kawontenanipun ing dunya punika begya, kalihan duka, gentos gentos dhatengipun 6 em kula saweg mireng dongeng sampeyan punika kula wastani suka lan duka punika dhatengipun sareng nanging yen kula jawab kasarengaken punapa boten kening saha kula nyuwun priksa isining dunya punapa inggih namung kalih kedap punika wau dene yen sampeyan serep sanesipun prayogi sampeyan ppacak malih.

Saking kiranging pangocoh sampeyan amratelakaken menggah uduripun priyantun sakawan raden panji Puspawilaga, Raden Bei, Ronggowarsita, Mas Wigya tuwin Mas Abdulatip bab punika leresipun boten susah sampeyan umuk umukaken margi kangsampeyan obroli punika, sadaya priyantun wau sanajan panggalhipun boten sampeyan gugah inggih priksa yen priyantun kakalih wau pujongga ing Surakarta, dene mas Wigya panitisastra tuwin Mas Abdulatip inggih sampun katawis menggah kaprawiranipun sampeyan boten susah dongeng wonten ing Jurumartani.

Saha malih pangandika sampeyan remen sanget dhateng tembung tangkis utawi tangsil e, lah yen makaten sapunika kula sampun terang serep kula bilih sampeyan punika remen ing kadurjanan ukiran dene ingkang kula damel wawaton inggih pangandika sampeyan piyambak tiyang dadlasan nama sampeyan kemawon

inggihi sampeyan ukiri.

O, kadosa tamating pamaos sampeyan duka dhateng kula dene yen panggalih sampeyan dereng sakeca, kula aturi paring wangsulan kula kadugi mangsuli malih tamat katandhan Kewusnedar.

=====

Wawangsul dhateng Wigyanitisastra.

Kula sampun anupiksani Jurumartani angka 18 ing saseratanipun Wigyanitisastra, suraosipun angalembana dhumateng pun Rongga, ingkang punika saking pangalembabipun Wigya wau wangsulan kula inggihi sakalangkung tarimakasih, ananging samangke panuwun kula dhateng Wigya bok inggihi sampun mawi angalem ing kula mas sabab mangke mindhak andadosaken jalaraning udhukupun ing temening sedya kula amargi saking kayungyun kula dhateng tembung pangalem sampeyan, temah ical tuwin wudhar bening kantung balentongipun.

Sarta kula sampeyan unggulaken saking titimbangan, saening pitembungan kula akaliyan den panji Puspawilaga, o punika sanget ing sulayanipun mas amargi kula punika dee pujongga, tur dereng nate gadhah titilas anganggit serat wawaosan tuwin wuwulang saking satunggil kemawon utawi sayektos boten rumaos agaghah saserepan saged ing tembung tembung sae, tiyang inggihi saestu mila boten saged lah pinten sungsatipun katimbang akaliyan kasagedaning priyantun pujongga, Raden Panji Puspawilaga aleheng kula ngampil espikipun kemawon boten pantes mongka badhe karsa sampeyan unggulaken saking panji punika, lah kados pundi badhe tingalipun pramila kula sakalangkung ajrih dhateng pangalembana wau, sabab bilih wekasan kajrungup.

Wondene Wigya Panitisastra mangandikakaken: kula dereng nate anganggit cariyos kang boten wonten dunungipun anggep wonten kados panginten sampeyan ing ngatasing cariyos carndhi maling, punika leres mas awit kula boten kawedal saged angandhekaken cacriyosan kang boten wonten kaanggep wonten dunungipun mila sanget boten pantes saupami kula wiunastanan angobral ing para tiyang awit sanget botenipunmemper kalayan kayaktos-anipun sabab Ronggajanur punika kayektosaning titiyangpunkadis boten remen cariwir.

Inggang sabab panginten sampeyan dhateng cariyos candhi maling punika panginten kula bilih bilih kemawon saking kathah-kathah ing pamanggihipun titiyang, bokmanawi inggihi wonten sayekti, mila cariyos wau kalampahan ing ngarang salebeting jurumartani dados saking kalongkangan sampeyan piyambak ing ngatasing cariyos punika wau ananging kula piyambak angantos dumugi sepuh mangke inggihi dereng nate mirangguhi cariyos wau, ameng yen kagalih bilih kawagedanin gmanungsa punika ing satengahe lawan satengahe inggihi sampun mencok bab renkula, dados saking kirangipun saserepan piyambak mila kalampahan pujongga punika rak boten anyumerep ing sakathahing kasagedan, awit boten saged angengakaken piyambak

ing korining patamanan ingkang kinunci, amargi sorogipun kacepeng dening rare jaler ing dhusun ingkang ajagi patamanan, mila saupami anggen sampeyan mamang dhateng cariyos candhi maling linepat na ing titiyang saestunipun kula inggih tumut badhe linepataken sabab pun Rongga sampun tumut matur yen dereng nate mireng ing cariyos punika saweg samangke mirneg kok kula maiben inggih boten.

Menggah pangandikanipun Wigya Panitisastra, bilih pyamakipun angupados ingkang nama Leres sarta pamili nepataken yen sampun sarta telakipun mas wigya badhe anarimah ugi ingkang punika kula sakalangkung andherek condhong saking karsanipun sarta kados mila sampun kaleresipun yen manungsa amamad lepat amargi cok leres inggih estu asimpen sae, wondeneing kula sampeyan pitakeni punapa inggih badhe kendel kemawon bilih kalepataken mongka kula rumaos leres, sarta punapa boten badhe narimah linepataken bilih sampun sarta kapratandhan yakti, punika atur kula bab kang makaten wau inggih sami kemawon kalayan anggp karsa sampeyan ing nginggil wau saestu yen dereng narimah tuwin sampun narimah kalepataken yen sarta sampun dados leresipun.

Wangsul sandyan kula leres punapa dene malih yen lepat ing

sabarng prakawis sapanunggilanipun punika kenging sampeyan tamtokaken bilih Mas Wigya boten badhe maos tuwin mergoki ing serat kula minangka wawangsulaniipun saking duduka miwah laleresanipun Abdulatip, ing sayektosipun yen ta kula dereng nga kalajeng matur wau, bab anggen kula boten purun ngangsu-li, punapa sakarsanipun Abdulatip ing ngatasing piwulangipun dhateng kula pancenipun kula inggih teksih dereng bosen angraosaken mamanisipun mas Abdul ingkang dhateng kula " awit kula sakalangkung remen mirengaken pasrengnipun tiyang wicaksana katimbang angrewes ing rarenipun tiyang balilu, ingkang rosa ing kapunggunan.

Wasana panuwun kula ing sampeyan bilih sarta parenging galih mugi mas Wigya karsaha lumebet malih ing pasamoaning jurumartani, amargi saestunipun kathah para mitra ingkang para sami angajeng-ajeng, menggah kalaksananipun panuwun kula punika ananging pun rongga mugi mugi kalilanana angaso ing sawatawisipun.

Katandhan dening Wreda, Ronggajanur.

=====

Banjarnegari 11 Maret 1868

Kawula ugi sampun anglebetaken ing kabar Slompret malajeng, utawi Bintang Timur, bab cangkriman ingkang kapacak ing Almenak Jawi, taun punika 1868 ingkang kaangit ing Raden Angabei Sasradiarja, inggih boten punapaha, aming kadamel sasemben sakalanipun boten garap pedamelan ingkang sampun katemtu, pinuju anjagong ing wektu sonten bab wau nuhun ugi malebet ing serat kabar Jurumartani kados ngandhap punika batanganipun.

Cangkriman angka 1 Peksi Sandhang lawe
Cangkriman angka 2 Negari Surabaya
Cangkriman angka 3 Dhapur dhuwung, jalak Wilamsari
Cangkriman angka 4 Bangsa, Kelanan, kangkung, utawi uwi
Cangkriman angka 5 Sekar ageng Pandhakusuma
Cangkriman angka 6 Ulam toya, sili
Cangkriman angka 7 Sekar Macapat Dhandhanggula
Cangkriman angka 8
Cangkriman angka 9 Sekar Ageng Nagabanda
Cangkriman angka 10 Pulo Jawa
Cangkriman angka 11 Negari Banyuwangi
Cangkriman angka 12 Dereng kabatang
Cangkriman angka 13 Sukapura
Cangkriman angka 14 Uwit sekar nagasari
Cangkriman angka 15 Negari Surakarta
Cangkriman angka 16 Sitihingil
Cangkriman angka 17 Kekisik sapanunggilanipun
Cangkriman angka 18 Sandhanganing sastra 8 tarung
Cangkriman angka 19 Kramaning susu
Cangkriman angka 20 Negari Banyumas
Cangkriman angka 21 Negari Panaraga
Cangkriman angka 22 Sekar Sundel Malem
Cangkriman angka 23 Sekar Campur Bawur
Cangkriman angka 24 Jaladara
Cangkriman angka 25 Woh Timun
Cangkriman angka 26 Sandhanganing sastra ulu
Cangkriman angka 27 Sandhanganing sastra suku

Cangkriman angka 28 sandhanganing sastra taling
Cangkriman angka 29 sandhanganing sastra layar
Cangkriman angka 30 Dhadha, mata, lambe, cingur, alis, tangan, susu, pipi, kuping, sikil ula-ula
Cangkriman angka 0, Gedheg dirangkepi kajang, usuk dirangkepi reng, reng dirangkepi alang-alang, galar dirangkepi klasa,
Cangkriman angka 00, dereng kabatang.
Cangkriman angka 000 Selot gembokan klayan sosinipun

Ing batos sanget pengajeng kawula medalipu Almenak taun 1869
kados pundi lan pinten slayanipun klayan
batangan kawula wau.

Sanak sedherek sami anyampahi kamanah kirang perlu bab wau,
angig pamanah kawula kok boten mangkaten, amergi guru kawula
sekolah rumiyin asring amirah-mirahaken, bab ing ngelmi ageng
alita, prayogi sami kaprasudi, amergi wonten kathah wit
sanging sakedhik wujuding ngasepuh, wit saking taruna.
Mas REtna sesotya mulya, jamerut kelangkung adi, ya ginelar
ing buwana dinadar ing ngemi-emi, wirata makecilib, ya saking
gunging kaliput mantep petan kuwawa, trima nyaos kumitir,
bayumesum sumengah tan ngaku titah.

Wangsitira kang kuwasa, singgah anabangsa sirik, ngakuwa den
rumangsa, mertabate para dhingin, tata titi ing batin, bandha
bandhung ing jro kalbu, jarahe akanthi murah, komedheping
bangsa yekti, tatrapira taninggal yuda negara.

18 Ajisastra angkatan Padalingsa dados nami Pangkat utawi
dumunung kawula.

Nyuhun ingkang pamengku, bab batangan ingkang teksih slings-
erep.

=====

Kula aturi ngarang tumunten.

Serat kula mugi kapacaka wonten Jurumartani pebatangipun
cangkriman ingkang tumrap wpnte serat Jurumartani angka 15
April taunn 1868.

Inkang kaandhan Awi Marjaman.

Kadhung Sastra sinarjeng memanis pustaka anjrah buka cangkri-
man,kang munggend pada kadyane, ingkang sampun kasebut, neng
madyaning Jurumartani, ingkang wujud triwarna, nging sanes
nggenipun tuwin sanes eslenira, kang sajuga apan medal sang-
king nginggil kang kalih asli ngadhap.

Pan anamung aslenipun sami, ingkang sangking nginggil mateng
pyambak punika lombok artine,kang mateng lawan arun, mapan
sarem kalawan tresi, kalih asli ing ngandhap, punika yen
ulun, den tentri wastane sama, yen wus nglempak ing ngejur
dadya satunggil pan sambel westnira. titi.

Sinerat kampung Suleman kaping 24 April taun 1868 Katandhan
Supali.

=====

Ongka 21, 21 Mei 1868

Tuwan Jaspres enko saweg atampi ing tokenipun barang warni-warni, kadosta: pirantos wadhah cokak, pirantos wadhah most-er, mrica tuwin sarem sami sae sae sadaya, kandelar sarakit sakalangkung sae, pirantos wadhah ples, sendhok wadhah wowo-han tuwin sanes-sanesipun barang-barang wau ingkang kadamel saking bagnsanipunpethakan enggal.

Punapa malih wadhah mangsi sakalangkung saenipun pirantos wadhah srutu, gebyas lisah Audhur tuwin sanes-sanesipun, ing wasana pirantos kadamel anyerat tuwin kadamel agambar boten kikirangan.

Menggah reginipun barang barang wau punika sakalangkung murwat saha kedah bayar kenceng.

Katandhan tuwan Jaspres enko.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Serat saking Semak anyariyosaken manawi panuju malem Senen jam wolu langkung gangsal welas menit ing Demak wonten lindhu, ebahing siti dangunipun 30 sekondhe saha ngantos rmabah kaping sakawan.

Salebeting lepen Tuntang bawah ing Demak wonten bulusipun pethak kakalih menggah anggenipun wonten lepen ing ngriku sampun lami, saha kaserepan ing sok tiyanga, punapa malih bulus punika dipun aji-aji ing ngakathah, saking pawartosipun bulus wau angesahaken para buwaya ingkang sami wonten salebeting lepen ing ngriku.

Kala ing wulan maret wonten juru serat ing kantoripun kanjeng Tuwan RESidhen ing Samarang, Anyanjata peksi dhateng ing Demak, sareng boten angsal peksi, juru serat wau lajeng anyanjata bulus pethak ingkang satunggil kalampahan kenging lajeng pejah, andadosakening pangungunipunpara tiyang ing Demak, ananging lajeng sami ameca manawi juru serat ingkang mejahi bulus wau badhe kadhatengan ing kasangsaran.

Saben wonten ingkang unggul taksih kaungulan malih, ingkang rumiyin wonten uwit kalapa gadhah galugu kakalih, punika sampun kalebet Aeng, lajeng wonten malih uwit kalapa gadhah galugu tiga, wekasanipun ing mangke salebeting dhusun Dhoplang wonten uwit kalapa ingkang gadhah galugu gangsal.

Sa Wijaya panuju saweg anggodhog toya kala tanggal kaping 17 wulan Aporil ingkang sampun kapengker wonten salebeting griyanipun ing dhukuh Brontokan, lajeng wonten tiyang dhateng lumnebet ing griya wau, mawi ambekta gandhen, sareng makaten tiyang ingkang ambekta gandhen tumunten angaleleh wonten ing amben dipunpitakeni dhateng ingkang gadhah griya akathah kathah, tansah kendel kemawon andadosaken ajrihipun ingkang gadhah griya, sarta lajeng kakendelaken kemawon.

Wasana tiyang ingkang ambekta gandhen lajeng ngadeg mendhet sinjang ingkang sumampir salebeting griya, nunten kesah kalayan gumujeng, ng sanalika kabujeng dhateng ingkang gadhah griya sarta kaelokaken boten ngantos dangu kathah titiyang ingkang sami dhateng tandhang tulung tiyang ingkang ambekta

gandhen lajeng anggandhen tiyang satunggil kenging sirahipun
lajeng andhawah, sareng tiyang ingkang ambekta gandhen sampun
kacepeng, lajeng tetela manawi tiyang punika sakit ewah.

Kala tanggal kaping 11 tuwin kaping 12 wulan Maret ingkang
sampun kapengker ing Pamekasan Madura, tuwin tanah tanah
ingkang celak ing ngriku sami katrajang ing banjir ageng,
jalaran saking jawah deres ingkang salaminipun tanah ing
ngriku awis wonten jawah ingkang kados makaten deresipun,
tanah tanah ingkang sami kabanjiran wau dhasaripun kinubeng
ing lepen, saha manawi kajawahan toya jawah ingkang sampun
dhaah ing siti boten saged lestantun lan tur ilinipun, mila
lajeng angelebei sakathahing panggenan ing ngriku.

Menggah agenging toya wiwit jam 8 sonten sareng wanci jam
sadasa dalu punika ugi lebet ing toya ingkang wonten ing kitha
tuwin ing ngalun-alun 4 kaki.

Dalemipun para tuwan inggih sami kaleben, ananging boten
patos lebet sanget kados griyaning para titiyang ngalit,
saking santering toya kathah kewan sami keli rahajengipun
dene titiyang ing ngrikuy boten sirna dening toya.

Sareng ing wanci tengah dalu santering toya suda, saha wiwit
surud, enjingipun ing ngalun-alun sampun asat ananging taksih
sanget jeblogipun.

Kathah griya ingkang sami kalebetan ing sangkrah, sanadyan
kangelan ing sawatawis ewadenten titiyang ing ngriku sami
kalebet begja, amargi saged angungsekaken gesangipun.

Pinten-pinten kathah ing kapal lembu tuwin kewan alit alit
ingkang sami sirna dening banjir, punapa dene tataneman
pantun inggih kathah ingkang rusak, taneman rosan ing pabrik
teja inggih ugiha kathah ingkang sami rusak, kebon rosan ing
dhistriki Bunder wiyaripun 138 bau, ing dhistriki kitha, 72 bau
punika inggih sami rusak kenging banjir sanadyan jawah sampun
terang ewa enten akathah titiyang ingkang taksih sami ajrih
amarsudi dhateng kapitunan ingkang remeh.

Radinan ageng tuwin kreteg-kreteg inggih ugi sami karisakan
dening banjir wau punika sarta radinan ageng ingkang hdateng
Sumenep kinten-kinten tebihipun saking Pamekasan tigang pal,
punika sami anjemblong saha anela wiyaripun 10 utawi 12 kaki
lebetipun 8 utawi 9 kaki andadosaken boten kenging kaambah
ing tiyang.

Dene sanmesipun radinan ingkang sampun kasebut ing nginggil
wau inggih wonten panggenan ingang boten kenging kaambah
panjangipun kinten-kinten 10 pal.

Radinan ingkang dhateng Galis tuwin dhateng Teja, ingkang
kaambah boten patos andadosaken sangsara.

Kreteg ing Drema ing Konang tuwin ing Dhasok, punika inggih
sami larut dening banjir wau.

Katandhan Dahwen.

=====

Wangsulan dhateng Ronggajanur.

Samppun kula ecam rumiyin, manawi pangalem kula dhateng pitembunganipun Ronggajanur badhe andadosaken seling-serep saha adamel rengating manah sinten tiyangipun ingkang purun kaalem saneadyan sampu kaleres atampi pangalem inggih ugi kedah ngatingalaken ing bab botne condhongipun dhateg p[angalem wau, manawi rare alit utawi tiyang cobolo ingkang kaalem punika amesthi lajeng mundhuk mila ing mangke boten lepat ing pambatang kula, bilih rongga janur dados nyawa, Wreksa Candhana raganipun.

Menggah pitembunganipun Rongga janur makaten: "Sabab mangke mindhak andadosaken jalaraning utukipun ing temening sedya kula, amargi saking kayungyun kula dhateng tmbung pangalem sampeyan temah ical tuwin wudhar beninging kantun balentongipun", ujaripun Ronggajanur makaten punika amesthi saged cundhuk bilih wonten purugipun ingkang badhe anuntun dhateng sedya utami, awit pangalem kula dhateng pitembunganipun Ronggajanur dumunung ing papan ingkang sepen ing pangalem dados sami kaluan lalabetipun Ronggajanur tumrap ing jurumartani tansah dumunung wonten ing papan ingkang sepen ing lalabet makaten ugi timbanging kaliyan budinipun ingkang dados colat-coloting angen-angenipun, lah pitmbungan punika prayogi sampeyan agem wotnen ing dhadha sampun ngantos kagendhong wonten ing gigir, awit pun Wigya boten saged adamel gelar saking dening pangucap ingkang gingsir kaliyan batos ronggajanur karsa angasoraken sarira awit saking amastani manawi dereng pantes angampila epokipun puspa wilaga, punika kula sumongga ing sampeyan Mas Rongga, awit pangaken resik punika andadosaken wudharing dora cara, ananging kula boten amastani makaten sha boten saged adamel mamanis bilih boten wanten tetelakanipun dados ing wekasan pitembunganipun ronggajanur boten mencok awit kula dereng atepang saha dereng nate aningali dhateng piyambakipun kados pundi anggen kula purun angalem dhateng ronggajanur manawi dereng angsal tatlakanipun ingkang sayekti, tiyang dereng sumerep dhateng kawujudanipun kok lajeng angalem dhateng kawujudan punika wangsul [pitembungan sampeyan ingkang kawwrat ing jurumartani punika ingkang kula tepangi saha kula tingali dados pangalem kula wau amung tumrap dhateng pitembungan kemawon boten tumrap dhateng tiyangipun ingkang adamel pitembungan wau. Anjawi saking punika punapa ronggajanur sampun kasupen dhateng pitembungan kula ruiyin ingkang dhateng Abdulatop Gludhug tanpa jawah bilih makaten karsa sampeyan kula inggih saestu badhe anjurungi ingkang dados karsa sampeyan punika ananging sampeyan kedah asuka apratandhanipun wangsul manawi sampeyan boten amastani, kula inggih ugi nyuwun kateranganipun bab anggen sampeyan boten amastani wau awit pun Wigya badhe adamel gelar ing kalih prakawis wau: pratondha kaliyan katerangan, lo Mas Rongga sampun ngantos seling-serep pun Wigya sayektosipun angalem malih dhateng pitembungan sampeyan

ingkang sampun kawrat ing Jurumartani.

Wasana kula sampeyan ken lumebet malih ing pasamuwaning jurumartani punika kula inggih badhe anglampahi anggeripun para priyantun ingkang sami maos serat Jurumartani sampun ngnatos bosen kemawon punapa malih tuwan ingkang angarang serat jurumartani lestantun ing dhanganipun amacak serat kula awit ing ngajeng serat kula ingkang dhateng Puspawilaga tuwin dhateng Abdulatip kalampahan boten kapacal dening tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, bokmanawi anggenipun boten kapacak wau awit saking bosenipun ingkang sami maos.

Wigyanitisastra.

=====

Serat saha winestuy sakathahing pakurmatan sumaos ing panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani. Panuwun kula karsaha amacak ing Jurumartani serat kula ing ngandhap

punika.

Mas A.M. ingkang kaerang-erang wonten ing Jurumartani angka 20 dening Mas Kewusnedar ingkang jalaran namung sapala boten timbang yen tampiya pangerang-erang ingkang sanget ing munge dipun murinani dhateng satunggiling siswa ing Surakarta saha siswa wau ananggulang dhateng pangerang-erangipun Mas Kewusnedar ingkang sampun kapandukkaken dhateng Mas A.M. E Ongsiwah buja, dasi Awignamambirat wiranging jantar sinuwiyah.

Dhuh Mas Kewusnedar, teka tegel temen sampeyan amelehaen dhateng tiyang ing bab anggenipun sasinglon nama tuwin dunung ingkang boten sikara tuwin adamel wawelaking gesang sampeyan tur panarka sampeyan wau dereng kantenan yen leres, sampoeyan punapa priksa yen Mas E.M. punika kang wau priyantun Banyumas lajeng adaleme ing Sidaarja mila taksih kulina ing tembungipun lami wus boya bae yen wikana. Kalih dene malih Mas E.M. sampeyan purih ngangem tembung sanesipun piyambak kersah sumangga, punika rak boten susah mundhi paken sampeyan yen lakar prelu kangge, mongsa nglayarana parentah sampeyan.

Wah malih Mas E.M sampeyan purih rewa-rewa tiyang Banyumas tuwin Bagelen supados runtutipun kaliyan tembung piyambak saupami kula angangge tembung kawi sawatawis punapa kula sampeyan ken rewa-rewa tiyang Ngindhu, ingkang parama ing kawi.

Mas A.M. sampeyan tarka anggegosok dhateng pun kapok tuwin angerang-erang saha angojok-ojoki dhateng para ingang sami macak macipa ing jurumartani panggosok pangerang-erang tuwin pangojok-ojokipun Mas A.M. kasebut larikan piten kajawi namung nunuwun bokmanawi kapareng lah makaten mapan prabata. Saking kirange anggen sampeyan badhe damel soal dhateng Mas A.M. dalasan ungel-ungelan: kawontenaning dunya punika begya lan duka, gentos gentos dhatengipun, punika inggih sampeyan jawab sampeyan mastani bilih begya lan duka sareng dhatengipun rak sapun komram ing sabuwana ta bilih suka lan duka

punika boten saged sinandhang sareng-sareng, yen boten suka inggih ruweda yen boten ruweda amasthi rena, sasaminipun yen boten gesang masthi pejah yen boten pralaya amasthi dumadi. Sampeyan apitaken isining dunya dhateng Mas A.M. supados kapratelakna sadya ing jurumartani sarehning kula sasoroh dados pangawakaning Mas A.M. mila kula ingkang mangsuli papanggihan sampeyan kula kadugi anyerati isining bawana sadya, bilih sampeyan saged maringi dalancang dhateng kula ingkang wiyaripun kenging kadamel ambungkus onggga sampeyan ngantos rapet abrukut sakojur supados sampeyan boten angsal awa dangunipun 4 jam.

Salajenganipun sampeyan anarka bilih saking kirange pangoceh, Mas A.M. angobralaken kawigyanipu Raden Bei Ronggawarsita, Mas Wigya tuwin Mas Abdulatip wonten ing Jurumartani, inggih sanajan makatenna punapaha ta.

Wah malih Mas A.M. sampeyan wastami remen ing Kadurjanan tuwin ukiran awit piyambake remen tembung tangkis utawi tangsil E bilahi saindenge Mas Kendar, punapa masthi tembung tangkis punika anggenanggening durjana, ing reh tiyang sadaya gadhah tembung panangkis cok makatena tiyang sapramudita temah andurjana sadaya, awit manawi tiyang boten ruaos man-

dung, mongka kadakwa mandung piyambakipun masthi kijat saha masthi ngangge tembung panangkis ingkang kadamel gagaman minongka pangarab-arab sageda anyirnakaken tarka mamalaning raganipun.

I, Yalatawaluja, teka purun purune Mas Kendar amastani, yen A.M. remen ing kadurjanan tuwin ukiran siya temen pambekan sampeyan wewah-wewah sampeyan ajap wangsulane saemper anantang. Dhuh kula ingkang boten sampeyan erang-erangi tuwin tantang raosing manah kula kumejot kumitir. Saking welas kula dhateng Mas A.M. ngantos pangawasaning angen-angen kula tumandang acukat boten rakaos lumerberipun ing dalancang, adamel wangsul dhateng sampeyan.

Ing mangke kula anggelar panggunggung tuwin panyebelakula dhateng sampeyan Mas Kewus, kados ing ngandhappunika. Mas Kewusnedar, kang semu maciya-ciya isih anyaran sumedya amalang amegung tandange ana ing Jurumartani, iku mapan pranyata banter, mung seng amrih undhakin gkawruhe ananging knalarre isi tumpangsuh, ijeh mambu pikiring bocah durung pantes maju ing pabarataning para parama ing budi, katara brangasane, lan olehe ora pilih mungsuh apa dene dhemenane mamancah sairib kagege ubg pangarep-arep nuliya kuncara kapinterane.

Mas Kewus mila kula gadhah wiraos ingkang makaten sayektosipun kula angoel dhateng sampeyan bokmanawi sampeyan kabentus ing tawang kacocog ing braja lungid awit sampeyan taksih kakirangan lepiyan, karemenan sampeyan amigena ing tiyang punika manawi sisip tembiripun badhe damel kaduwung sampeyan ageng sokur yen sampeyan sampun monjoni babasan: tembung

panyenyela ing ngatase wong anom kang angudi kawruy minongka grindaning engetan.

E, mas Kendar tukang amigena, sampeyan kenging sambung rampet bilih angandhut sedya supados moncol ing ngapapak mrojol ing ngakerep, punika dahat kasinggiyan saha kula sewu jumurung ananing bok sampun mawi cara nahaning saya manahipun tiyang, tembung pangerang-erang punika dhawahipun ing kendhanganing karna rak sumlenget anyalekit angrenganggaken jenjeming manah, malah ing ngantasipun para ingkang sugih lingsem asring nyumingetbaken ing panon, titi.

Sinerat ing Pamulangan Surakarta, katandhan Siswa sisinglon nama Gunawan ambek welasan.

=====

Serat kula mugikapacaka wonten jurumartani pambatangipun cangkriman ingkang tumrap wonten serat jurumertani angka 15 April taun 1868 ing angkatandhan Surakusuma.

Pamudyaning weni tumrap, sedya samanyidreng sandi, bab basyyj akabg wys kawrat, madyeng srat Jurumartani, kang titimongsa kaping pitulas ing wulanipun, Pebruwari kang watsa sewu wolungatus tuwin, pan sawidak amarengi sirah astha.

Kang Dadya cangkrimanira, kadengsun ingkang wus nyawim, peparab Surakusuma, tembung nyapan wonten putri, pengawak surasani, tur buntal malela tuhu, swaranira lir gelap, kela-mun mutah mejahi, pan punika kawula batang sanjata.

Wonten dening kang dwi prakara, ingkang binasaken putri, amiyos ngasta gandhewa, prang rame bedhil-binedhil, tan asedya nguduri, mungsuh blasah mawut mawut, sareng dyah

mendhang langkab, punika tiyang musoni, leres-lepat kang yogya paring aksama.

Yen ingkang kacriyos ngandhap telale kang tanpa gadhing, awis mapinggir samodra, datan pegat mongsa jalmi, pandhawa kang mejai, punika pambatang ulun, inggih lemut jatinya, pandhawa punika driji, pan punika lamin pambatang kawula. titi

Sinerat kampung Bantul kaping 24 April taun 1868.

Katandhan Supala.

=====

Serat kula mugikapacaka wonten jurumartani pambatangipun cangkriman ingkang tumrap wonten jurumartani, angka 15 April, taun 1868 ingkang katandhan Bakul Kelingan, dhusun Sawulan dhistrik Ngutreran, Madiyun Ngabdulatip.

Murweng sarasinawung manis, ambasedya ambanyar cangkriman, kang aran kaum Pagelen duk gesang minta kubur, awusana tekan-ing pati, kang layon binucal punika yen ulun saestu kalamun grabah, pamintanya kubur asli sangking siti, rineka dadya grabah.

Pan wusana ing ngalami-lami, praptaning pati punika pecah, dadya wingka tuwin kreweng, binucal sakgenipun, datan wonten ingkang ngrimati punika lamun amba, suraseng srat rampung Ngayugya April salangkung prah, warsanipun Sewu wolungatus

tuwin, sawidak langkung astha. titi/
Katandhan Pangkur Prawira.

=====

Ongka 22, 28 Mei 1868

Tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani asuka uninga dhateng ingkang nama: Ka, Ma, manawi seratipun ing mangke boten kapacak ing Jurumartani amargi saking kirang prayoginipun makaten ugi para priyantun ingkang kintun serat kapurih macak ing Jurumartani, sami kaaturan uninga saupami seratipun boten kapacak ing Jurumartani, awit sakin gkirang prayoginipu mughi sampun ngnatos andadosaken rengating galih utawi manawi seratipun ngantos lami boten kapacak muga karsaha anyarantosaken ngantos dumgi ing pamacakipun manawi pamacakipun serat ngantos lami, amasthi awit saking kakathahen serat iongkang sami dhateng ing pangecapan.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet Aeng saking pundi-pundi.

Kanjeng tuwan P.W.A. Pan Sepal ingkang wau dados Residhen ing Japara ing mangke kula wisduha dados Residhen ing Pasuruwan.

Kala tanggal kaping 9 wulan Mei ing taun punika wanci sonten titiyang ing pulojawi meh waradin sadaya sami kaget awit saking dening karaos wonten lindhu, ananging boten sanget.

Serat pakabaran saking ?Samarang kala tanggal kaping 22 wulan Mei punika amratelakaken bab pasamuwan pista ageng ing Ngayogyakarta, kala kaping 16 wulan Mei wau menggah ingkang adamel pasamuwan pista punika para tuwan ing Ngayogyakarta minangka pakurmatanipun kang jeng tuwan Residhen ing Ngayogyakarta.

Serat pakabaran saking Tanah Jawi boten wonten ingkang anyariyosaken bab paamuwanipun Kanjeng Gusti Pangeran Afipati ARiya Mangkunagara, kala anyupitaken putranipun ingkang anama Kanjeng Pangeran Ariya Prabu Prang Wadana, saking pawartosipun pasamuwan wau kala tanggal kaping 6 wulan Mei punika ing wanci sonten sakalangkung endah saha rame sanget bibaring pasamuwan punika ngantos sadasa dinten laminipun, ing wekasanipun mawi sekart latu, sareng sekar latu sampun anggenipun anyuledi lajeng pasamuwan malih ngantos enjig bibaripun.

Para tiyang ing Tanah Prusi sampun sami angsal pamanggih adamel mriyem ingkang kennging dipun iseni mimis wawrat 300 pun, punapa denme Grupremen Brusel ing tanah Belgi, punika sampun atumbas mriyem satunggil ingkang mawi wela kathahipun 37 mariyem punika ing dalem samanut dangunipun saged mungel ping 370.

Kaleres ing dinten ageng kala taun 1601, tukang potang ing Tanah Eropah adamel sosis sapanjangipun 1005 elo, sarta wawrat 900 pun, menggah pandamelipun sosis wau angangge ulam Am ing kang ageng-ageng ngantos telas 18 iji, mricanipu ntelas wawrat 19 pun sosi punika lajeng kabekta mubeng ing kitha kairingaken para tiyang ingkang sami angungelaken salimpret, sasampunipun makaten sosi wau lajeng katedha ing titiyang kathah ingkang ambekta roti tiyang satunggil tuinggilipun 6 utawi 8 iji kapanduman sosos tiyang satunggil angsal 5 elo panjangipun.

Saking pawartosipun ingkang sampun saestu kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur Jendral benjing tanggal kaping 15

wulan Juli ngajeng punika badhe tedhak dhateng ing Surabaya.
Kala ing dinten Akad ing pintu Besi wonten tiyang estri,
ngumur 16 tau anandhangh cilaka saking dening a'kalintu

pamedhet tiyang estri wau badhe amedhet bangsaning dupa
ing kang badhe kabesmi, ananging kalintu ing pamendhetipun
dados ing kang kapendhet plesa satunggil isi sandawa, sareng
plesa punika dipun cepeng kadekekaken wonten sanginggiling
latu ing kang kaububan lajeng ambaledhos kalampahan tiyang
esti wau kataton mripatipun dhadha kaliyan bangkekanipun,
sami sanalika tiyang estri kabekta dhateng griya sakit,
ananging katingal boten wonten ing pangajengajengipun ing kang
andadosaken waluya.

Wonten tiyang amratelakaken bab jampinipun tiyang kacakot ing
sawé kados ing ngandhap punika.

Kala wingi anak kula kesah amalujeng sabin, sareng makaten
karaos sangandhaping sukunipun kados wonten ing kang ebah,
lajeng sumerep bilih ing kang ebah wau sawé, ing sanalika anak
kula wau lajeng mancolot, kalampahan lepat ing panyakoting
sawer, punika kasawé lajeng analorong dhateng anak kula,
kenging kacakot sanginggil ugel-ugelaning sukunipun anak kula
kala samanten amung kraos cumekrak sadherekipun jaler ing kang
panuju wonten ing ngriku lajeng angiris tatunipun nunten
rencangipun ing kang ugi wonten ing ngriku dipun anyerot tatu
punika, supados sageda amedalaken rtahipun dene sadherek wau
lajeng mantuk badhe mendhet bangsanipun toya keras ing kang
kanamanan Odhelise, punika badhe kadamel anjampani sadhereki-
pun ing kang kacakot ing sawer, salajengipun sukuning sadherek
ing kang kacakot ing sawer wiwit abuh, sarta cangkempipun
munthuk, wah ical raosipun sanalika sadherekipun mantuk malih
amendhet brenduwin sarta lajeng kaombekaken dhateng ing kang
sakit, kadadosanipun unthuking cangkem lajen gical, sareng
ing kang sakit kawatawis tagi wonten mayaripun lajeng kabekta
mantuk wasana tatunippun kairis malih dening tiyang sanes
ing kang wonten ing ngriku sarta lajeng kadekekan prusi, sami
sanalika abuhipun ical ananging icaling raos dereng pulih,
sareng anbak kula saged tilem punika lajeng saras babar pisan
menggah tiyang ing kang anjampani kaliyan prusi wau acariyos
bilih wonten tiyang sanes acariyos, manawi sampun nate anjam-
pani kaliyan prusi dhateng tiyang kathah ing kang sami kacakot
ing sawer lajeng saras, sarehning pambektaning pursi dhateng
pundi-pundi, punika sakalangkung gampil sanget, mila ing
mangke panginten kula sakalangkung prayogi, bilih jampi prusi
wau kaundhangna ing ngakathah.

Para kareteg ing margi ageng ing kang dhateng Salatiga ing
mangke saweg sami kadadosan enggal sadaya, awit sampun dumugi
ing mangsanipun andadosi bokmanawi anggenipun wiwit
andadosowau saking dening kalampahan wonten tiyang ing kang
cilaka angambah kareteg wau.

Ing lepen Grompol tuwin lepen ing Wongga ing mangke badhe

kadekekan kareteg tosan, kareteg ing Tanjung Anom taksih kalebeti enggal, ananging kareteg ing Munyung sampun kawaksa adereng kadadosan enggal malih mila kula gumun sanget dene mitra kula ingkang nama Ka, Ma, boten kintun serat malih kapacak ing Jurumartani, sarta apitaken punapa ingkang dados sababipun dene kareteg ing Munyung boten kasantunan kareteg tosan, punapa malih kalen-kalen ing ngriku ngantos dumugi -kalen kalen ing Pandheyan boten kadekekan kareteg buh banon wasana mitra kula pun Ka, Ma, bokmanawi kasupen anedha lan-

tera ing margi ageng saking munyung dumugi ing Baki, kados ing nagari Surakarta ing margi-marginipun sami kapadhangane ing lentera sadaya.
Katandhan Dahwen.

=====

Panuwun kula ingkeng klayan urmat serat kula punika mugi kacithaka ing Jurumartani ing ngajeng punika.
Kula eram sanget wendranipun para priyayi jawi ageng alit ing nagari Ngayogyakarta. Saklangkung langkung anget anggenipun sami remen kasukan lelangen peksi dara. Kalampahan peksi dara 1 rakit ngantos pengaos 30 rupiah pethak, kedhikipun pengaos 10 rupiah pethak punika kalebet asor piyambak inggalipun kala gusti Pangeran Angabehi, dereng ngarsakaken remen kathah-kathahipun peksi dara 1 rakit pengaos 2 gelo punika sampun kalebet ingkang punjul piyambak.
Wondene salebetipun Gusti Pangeran Angabehi remen wau wonten satunggal abdi dalem penatus ing dhusun Jati, bawah kapulisen Kapanjen ing Ngijon. kaleres sakileni nagari Ngayugya, Kabupatèn ing Sleman wastanipun Capawira, katrimah anggenipun nyaosi peksi 1 rakit ing sakeh rehning cecek kaliyan nala dalem sangking legaleganing nala dalem penatus pun Capawira wau, lajeng kaganjar kapal tumpakan pengaos 300 rupiah pethak saha kakresakaken milih piyambak pundi ingkang dipun remeni.

Anjawi sangking kapal ganjaran wau mawi kapatedhan gadhuh kathahipun 4 iji kapal sak ingonipun inggih kapatedhan, sru sampun sak estonipun panjenengan dalem gusti wau mekaten karsanipun tansah andadosaken pamuji sukasokuring para abdi dalem alit ingkang sami dedagangan wawadayan peksi dara. Inggih saklangkung-langkung bingah ing manahipun amargi kathah ing papajenganipun.

Wonten malih ingkang nglangkungi sanget remenipun dhateng peksi dara wau, ngantos supe dhateng kuwajibannipun inggih punika Raden Tumenggung, Danukusuma, Abdi Dalem Bupati Wadana Dhistrik ing Bantul Kadireja.

Wonten dene patrapipun mekaten yen enjing umun-umun punika mentas tangi tilem gregah, lajeng kimawon dhateng ing gupon sarta menek piyambak. Udheng-udheng ngajeplakan mawi ngorerema, menggah gupon medalaken dara ingkang pancen badhe kagetak, punapa malih anuwani punapa sak kawontenanipun salebet-

ing gupon ngriku, sareng sampun sak antawis dangonipun wonten sak lebetipun gupon wau raden tumenggung lajeng tumedhak amawas mawas peksenipun dara ingkang sampun sudhiya badhe kagetak, ing ngriku peksi dara sampun sami mirantos amlangkring ing wuwungan gupon saha sudhiya badhe gayuh dirgantara, wonten ingkang kaklinsik wonten ingkang kakebet. Kocapa raden tumenggung sareng sampun dumugi anggenipun anupeksi sarta amawas mawas ing dirgantara trang sumilak, lajeng animbali para garwa selir, kapurih samya tumut ngeplok panggetaking dara, lah ing ngriku raden tumenggung lajeng dhedhawah keblok, eh dungik ayo padha keplik wau dara sareng sumerep menawi prameswari ingkang ayu-ayu, ingkang keblok lajeng dedel pratiwi anggayuh ngakasa sakantawis eburipun ngungkuli wiwiting kalapa, saha sampun rampak, raden tumenggung lajeng lenggah nglethak angathang-athang wonten

ing kursi goyang, saingga Prabu Klana Sewandona kesmaran wanodya ayu sang dyah Retna Dewi Kumudaningrat dene kang para garwa selir tan tebih umarek ing ngarsanipun raden tumenggung saweneh aledhat-ledhot saweneh angapitanana keringing kursi. Dene anggenipun supe dhateng kuwajibanipun wau mekaten, kala ing dhusun bawahipun reh kapulisen Kepanjen ing Jasuma, kalebetan dursila kecu, amarengi ing dinten kemis paing wulan Dulkangidah ingkang sampun kapengker punika, enjingipun lajeng repot dhateng Kabupaten ing Bantul, sareng panewonipun parentah matur ing raden tumenggung nyaosaken serat pirepotan bab dursila kecu, punika dhawuhipun raden tumenggung mekaten iya mengko nganros daranipun tumedha k antawis jam 10 utawi jam 11 punika raden tumenggung sawek tindak, tlenyek tlenyek dhateng pendhapi mriksani serat serat pirepotan, raden tumenggung wau, sareng gadhah remenan peksi dara anggenipun pepriksa dhateng kuwajibanipun ngantos lat sangkng ngadati-pun, ing wekasan para tiyang ingkang sami retpot dhateng kabupaten ing Bantul wau, tiyang kathah ingkang sami ngresula awit taledhor ing paproksanipun boten kados adad. Langkung malih ingkang anggumunaken ing manah yen peksi dara ingkang kaleres dipun remeni wau nigan dumugi ing netesipun punika mawi angatur-aturi para priyayi panunggilanipun ingkang sami remen dara, tembungipun kaaturan lenggahan babaran, saemper seliripun ingkang dipun kasihhi gadhah lare medal jaler dene jagonganipun sapeken utawi kawandinten dumugi puputipun n mawi merconan para priyayi ingkang sami tunggil kasenangan dhateng peksi dara wau, inggih sami dhateng anjagong bab pasungatanipun malah anglangkungi prayogenipun saking tiyang gadhah lare temenan punika sarta dara satunggal tunggalipun mawi dipun namani mawarni-warni sak senenganipun piyambak-piyambak. Wondene ingkang gadhah akal ingkang mekaten wau raden panji Braja Atmaja abdi dalem panji prajurit Wirabaja. Wusana dirgantara sangking kathahing dara ingkang muluk ing

tawang makethi-kethi, suwaraning sawangan ingkang tumrap ing dara saingga piyano munya ing tawang gumrumung anguwung-uwung.

Sanging sangete eram kula dados adreng kumedah nglebetaken kabar margi sak sepuh kula ngantos ngumur 41 taun punika nembe sawek salebeting taun punika kula meninggi para priyayi ageng alit sakelangkung lalangkung remenipun dhateng peksi dara wau, delasanCina Wlandi sami ugi remenipun, Ayah dudu rasane ta, lepat nuwun sih pangapusntenipun para sumitra ingkang sami remen sadaya.

Sinerat ing Gupita ARja tanggal kaping 9 Besar Ehe Angkaning warsa 1797.

Katandhan Raden Natawardaya.

=====

Sakalangkung suka pirenaning manah kula dene mas Keusnedar sampun aparing wagnsulan serat saha anerangaken panyuwun kula priksa ing bab kateranganing karsanipun mas Kewus angraosi bab lere lepating kasusastran.

Kalih dening mas Kewus amundhut priksa ing kula bab Nga lelet kaangge pasangan kados kang sampun dados gugatipun mas Kewus, ingkang punika mas sampeyan kula aturi anglingling serat

saloka tuwin paribasan ing Twedhedhel saking tapak yasanipun swargi tuwan C.F.Winter, kang rumiyin dados juru basa ing Surakarta, yasanipun serat saloka ingkang kinarang dening Tuwan S.Keiser, katiten ing nagari Amsterdham taun 1858 ing ngriku mas Keus badhe priksa piyambak ing kayuktosanipun bilih panggugatipun wau dereng masthi arojongan ing sadyan-ingpara musanipan wangsung panyerat kula kaangge nga lelet kadamel pasangan dereng kening kalepataken, dados panyerat kula kang kaanggep kalintu dening mas Kewus ugi wenang, awit kula boten amiruga, ananging sesendhening tuladha kula dumunung ing aanggit kasagedaning pujongga ageng, ingkang asmanipun kedah sampeyan pundhi ing salamilaminipun inggih punika swargi Panjenenganipun tuwan Karel Predherik Winter, ingkang sampun angwiyasani ing pinten pinten kathahing wuwulang kasusastran jawi tuwin kawi kalampahan ngantos waradin asma-nipun kasub ing buwana.

Wondene pamancanipun mas Kewus atresondha serat paramasastra yen nga lelet kaleres dados pasangan kedah linintu ing pasangan la amargi yen botena makaten dados supami anyerat mungel jum bleng boten susah mawi kasingget ing pangkon temah kula serat makaten Jumbleng, ingkang punika inggih sampunleres mas ing panguningan sampeyan ananging sanan dening punapa anggen sampeyan maoni serat kula mawi kaserat makaten Jumbleng, leresipun pasanganipun la inggih kasantunana ngalelet dados jumbleng ananging sinten tiyangipun kang badhe nyerat tuwin angrojongi kang makaten wau sarta sinten kang badhe ngucap mastani yen nga lelet dede pasangan awit nga lelet punika panunggilaning pa cerek le, re, mila sastra kalih wau kula

wastani pasangan tuwin swara.

Saha malih sabab saking punapa sampeyan tuwin sadayaning kang para nyerat angangge pa cerek sinuwun ing sangandhap aksara wekasaning larik kang teksih tunggil gatra kados ta: tinon respati, wulangunresmi, mongka pa cerek wau tunggil bababagan lan nga lelet sokmakatena dados supami kula nyerat mungel sangnrepati, kenging kaserat sang nrepati, punapa inggih makaten wau ing karsamas menggah paring sampeyan pola bab paangan na, pasangan ta, pasangan la, yen karaketan sandhangan nya, re, cakra, mantuk dhateng kawujudanipun, wondene kang punika inggih sampun leres karsa sampeyan, ananging kados pundi anggen kula badhe suwala kang supami anggen kula atur saseratan kang badhe kaecap sampun patitis leres tumun-ten pangecapipun kalintu, lah boten sande inggih sampeyan cawadi, mongka para tukang cap punika anjawi tuwan kang ngarang Jurumartani piyambaking ngasta ana tacapipun bilih nammung para abdinipun kemawon kang ngecap akerep kalintu sabab sampun rambah rambah anggen kula ngektosi, bab serat capcapan kangge seh kalayan polanipun kang cinithak: utawi yen panuju wonten satunggaling tiyan gkang lagehanipun nyerat ing panggandheting sandhangan boten nyonthongi karsa sampeyan punapa tiyang wau inggih sampeyan lepataken ikalipun saweneh ing panyerat cakra tuwin pasangan wa punika asring kadamel boten gandhet ing aksara, kados ta kraton kaprabon.

Saha malih ing sapamriksa kula ing serat kawi kang denecap-ecapan kathah pasangan kaserat sastra guru kados ta mawanti, wijayanti, kathah kemawon kula pratelakna panunggilanipun lah

kados pundi ta pamancah sampeyan.

Anjawi punika kula nyuwun priksa ing mas Keus saupami kula nyerat badhe mungel 1 wasta, 2 pisan, 3 waseta, 4 pisata, dene tembung kang nomer 3-4 punika pikajengan kula kaserat panjing kadosta: Wnang, kneng, sasaminipun lah punika wau patitising panyerat kula kedah kados pundi kang mugi sampeyan paringana pola, sabab kula sring kemawon nyerat mungel sastra cok kula lintu makaten: Sastra, amargi sa dede warganing ta mila kula kumedah badhe sumerep ing leresipun.

SArta bab nga, lelet kaangge pasangan kang sampun kacithak ing serat saloka pratelan kula ngajeng wau, punika sinten kang sampeyan lepataken punapa kang ananggit punapa kang ngecap kang tetep kalintu. Wondene pandangu sampeyan punika kula angawur, dening saged mastani yen mas Keuws kagungan embah nama Ki Kerata, punika kula boten kok angawur ngawur makaten mila ngantos kula aturi tumut mriksani serat kula kang dhateng mas Kewus awit ki Kerata punika rumiyin kados sring karsa tumut galih bab kasusastran ing nalika angidini pamancahipun ngandulatip dhateng serat damelanipun Purwalelana.

Wangsul kula anyuwun priksa ing mas Kewus dening anggen sampeyan karsa sawetawis mamancah saseratan kula, punika

punapa saking wiyosing panggalih wening punapa amaung sakini g
pados pados nalar badhe mamoyok kemawon , nanging inggih
sampun kasinggihan ing karsa sampeyan mamancah wau awit
gampil sanget inggih Jayeng Santika kawawaonanipun.
Sinerat ing Sukawati tanggal ping 15 Mei ing taun 1868
Katandhan Mas Jayeng Santika.

=====

Ongka 23, 4 Juni 1868

Pawartos warni-warni

Kusumabrata apitaken bab jampinipun tiyang kenging godhong kemawuh, Purwadiwiry mangsuli kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Ingang kapisan, mendheta sekul sagegem lajeng kauuled kade-kekna prenah ing panggenan ingang kenging godhong kemawuh wau, kapetelna ingkang seru, manawi sampun anggenipun ametelaken nunten kasantunan sekul malih inggih ugi mawi kauled, kapetelna malih ing prenahipun ingkang sakit pangangenipun sekul uledan wau rambah-rambah ngantos ical sakitipun ananging sampun kandhat kasantunan sekul malih.

Ingang kaping kalih, mendhet ta culawarak sacuwil kausarusarna wonten prenahipun ingkang sakit kenging godhong kemawuh wau.

Ingang kaping tiga, mendhet ta pendhok pethakan utawi mas punika kagosokna ing prenahipun ingkang karaos sakit.

Ingang kaping sakawan mendheta lading kakerukna wonten prenahipun ingkang sakit.

=====

Ing dhusun tanah Prasman wonten lalampahan ingkang andadosaken sangsarannipun para tiyang ing ngriku pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Anuju satunggig dinten ing peken Kewan wonten lembu 200 iji sami badhe kawade ing ngriku sareng makaten lajeng wonten lembu satunggil angamuk mentas medhot saking cancanganipun, menggah sababipun boten wonten tiyang ingkang sumerep nunten oembu sanesipun ingkang wontening ngriku sami tumut angamuk saha lajeng amedhot saking cancanganipun salajengipun sami adamel karisakan para lembu ingkang ngamuk sami lumajeng dhateng salebetipun dhusun wonten ing margi ambijigi titiyang ingkang sami langkung, kadadosanipun titiyang ingkang pejah kabijig dening lembu kathahipun 15 sarta ingkang sami kataton 30 iji, saking pangintening titiyang bilih pangamukipun lembu wau awit dening kacokotan dhateng bangsaning lemut.

=====

Wonten pakabaran anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Para titiyang Abisini punika sami adamel bistik saking gadingipun lembu ingkang taksih gesang menggah pamendhetipun daging punika kairis saking badanipun ing lembu wau ananging pangirising daging boten kadamel raos sanadyana wawrating lembu ingkang kairis dagingipun mindhak suda inggih boten dados sakiting lembu, para tiyang sawatwis kathahipun ingkang asuka panjurunging serat pakabaran saking tanah Prasman wau sami amastani sayektos wontenipun lalampahaning titiyang Abisini punika bab pandamelipun bistik saking dagingnging lembu ingkang taksih gesang, malah wonten tiyang ingkang sampunaningali piyambak ing pandamelipun bestik wau, pangirising dafing kakrowok saking kulit dados kulitipun amung sasisih kemawon ingkang kairis manawi daging sampun kenging kairis kulit ingkang kairis wau lajeng kadondoman mawi kadekekan jampi talethong, boten gnantos dangu lembu punika

lakeng saged anedha rumput kados ngandatipun sarta enjingi-
pun kenging kawawratan malih.

=====

Wonten tiyang sami anedha salebeting pasamuwan panganten,
punika ngantos anelasaken tatedhan kados ingkang kapratela-
kaken ing ngandhap punika.

Ulam lembu telas 75 pon nederlan pedhet 2, menda 5. talekun
40, ayam kabincih 100, gendhis 50, pon nederlan, tigan telas
80 dhusin anggur kirang langkung telas 4000 gendul, brenduwin
40 kan, bubuk kopi 50 pon nederlan sampanye telas 12 pethi,
soklat 280 pon nederlan, anggur manis 12 pethi, tuwin roti
sakalangkung kathah telasipun.

Menggah telasing tatedhan tuwin inuman samanten punika kaange
nyegah tamu kathahipun 855 dene laminipun pasamuwan wau
ngantos gangsal dinten, kathahing tamu ingkang dhateng sapi-
san 240 kaping kalih 230, kaping tiga 200, kaping sakawan
100, dene kaping gangsalipun 75, menggahtamu sadaya wau
ingkang sami mendem tigang prapat.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang kalebet aeng saking pundi-
pundi.

Menggah pawartos ingkang medal saking telegrap anyariyosaken
bilih kanjeng tuwan Pandhebose Guprenur ing tanah Sumatra
sisih kilen kaliyan kanjeng tuwan Ape, Kolonel saking praju-
rit Infanteri saha ingkang wau dados wakil Residhen ing tanah
Borneyo sisih kidul tuwin wetan ing mangke sami kakula wisud-
ha dados Lit saking Rat ing Nederlan Indhiya.

Tiyangesri ingkang kabledhosan sandawa, kados ingkang kasebut
ing Jurumartani ongka 22 ing mangke sampun pejah.

Masjid ing Ngayogyakarta ing sapunika meh rampung anggenipun
andadosi amung payonipun sakedhik ingkang dereng rampung
masjid punika langkung sae katimbang kaliyan kala rumiyin.

Mas Sutadipura wadana ing Maribaya bawah Tegal sampun adamel
wangan toya, ingkang toyanipun saged angelebi sabin
kathah8ipun 30 bau, andadosaken bingahipun para tiyang alit.
Ingkang nama Ka, Ma panginten kula sampun anglebetaken serat
malih ing Jurumartani ing mangke kula getun sanget dene tuwan
ingkang ngarang serat Jurumartani boten karsa amacak amargi
saking kirang prayoginipun, bokmanawi pun Ka, Ma, anedha
kareteg tosan tuwin lantera ingkang madhang margi wiwit
saking Munyung dumugi ing Baki.

Ing sapunika wiwit wonten kecu malih bokmanawi para kecu
punika amung badhe anykani pandamele kemawon dhateng pulisi,
sayektosipun kula sampun bingah laminipun sataun, awit saking
pangajeng-ajeng badhe aningali para kecu ing Janglot kagan-
tung.

Patrapipun pulisi salebeting nagari Surakarta sae sanget,
kadosta: kala tanggal kaping 27 wulan Mei punika wonten
abdinipun para tuwan tuwaning liji kathahipun 22 iji sami
kasepengan amargi anggenipun sami kasukan titiyang wau lajeng
dipun patrapi paukuman krakal sadaya, laminipun 8 dinten
kamadamelaken wonten ing loji wau supados andadosna mirising
kancanipun para rencang walandi, sampun ngantos purun purun

kasukan malih.

Anjawi saking para andinipun tuwantuwan ing loji wau inggih kathah titiyang sanes ingkang sami kasukan wonten sangandhapipun uwit asem kaprenah celaking loji ageng wiwit saking ngajenganipun kantor Bank dumugi ing kamar bolah lami, dene ingkang sami kasukan wau sasumerep kula punika para nyai-nyai saradhadhu ing loji ageng, punapa malih ing ngajenganing kamar bolah lami inggih dados panggenanipun tiyang kasukan ingkang punika andadosaken eram kula sanget dene boten wonten karsanipun pulisi anyepeng i para tiyang ingkang sami kasukan wonten panggenan wau.

Griya panggenan pamulasaranipun kere ing beton saking watawis kula sapunika kados sampun boten kaopenan malih awit mehh saben dinten kathah kere saking ing ngriku sami ngemis dhateng loji, menggah kere wau sami cacad badanipun sadaya kadosta: wonten ingkang gruwung, ingkang picak sarta wonten ingkang badanipun risak awit saking sakit, dados para tuwan anggenipun sami anyukani panjurung arta minongka tedhanipun para kere wau ing sapunika tanpa damel kados pundi kok makaten punapa Opsinderipun ingkang boten amariksani kula sampun kacariyosan ing mitra kula pun Ha, manawi arta panjurung wau kathah sanget yen makaten kula gumun sanget dene para kere wau taksih kathah ingkang sami lampah papriman dhateng loji, dados punapa arta wau amung kadamel ambalonja opsinder pun kemawon punapa awit saking kirang rumeksanipun ingkang gadhah bebahan, kadadosanipun para tuwan badhe kathah sami boten purun suka arta panjurung malih.

Dahwen

=====

Panjenenganipun tuwan ingang ngarang serat Jurumartani menawi amriyogekaken serat kula punika kapacaka ing serat Jurumartani, awit cariyos kalebet Aeng sarta aneh sanget.

Ing dinten Senen kaping 10 Mei punika Ngabei Wongsadimeja, abdi dalem mantri sepuh Kabuminatan ing Surakarta, griya kampung ing Kauman bawah Sememen, ing wanci jam 7 sonten griyanipun kedhatengan balang, tuwin kasawuran wedhi, menggah balang wau dhawahipun boten ngemungaken ing payon tuwin ing nglatar kimawon saklebeting griya inggih kathah balang tuwin wedhi ingkang dhemawah, dene ingkang balang boten kantenan balang wau dhawahipun siyang dalu, lamenipun ngantos 6 dinten, 4 dalu ing tiyang kathah wonten ingkang mestani binalang ing gandarwo, saweneh wonten ingkang mestani binalang ing dhemit, saha lelembat dene balang agengipun ing watu kang ageng piyambak 1 1/2 (1,5) dim, sarta balang semanten agengipun wau tiyang ingkang sami kenging inggih kathah naming tiyang ingkang sami kenging balang boten wonten ingkang karaos sakit, raosipun kados kabalang ing kanthong ingkang kaisenan kapuk kapadhet, menawi tiyang mireng keprukipun balang ingkang angsal tiyang mesthi yen kamanah sakit ing wusana boten saha ingkan gdipun byaki wedhi inggih kathah, naming boten wonten tiyang ingkang klilipen, watu wau kaklempakna kados angsal 1 senik.

Wonten criyos aneh malih abdinipun Pangindhung Kanjeng Pang-eran Ariya Panular ing Surakarta, wonten tiyang picak mripatipun kalih pisan waget numpak kapal kasanderaken, nyongk-

lang sarta adheyan, menggah namanipun tiyang picak wau ki Kenthol Mertalesana.

Wonten cariyos malih abdinipun pangindhung Kanjeng Pangeran Panji Priyabada, tiyang bisu waget ngungelaken sastra jawi, mila kula setani waget sakyektos awit sampun kula nyatakaken kula sukani serat ingkang mungel cermetdan tiyang bisu wau lajeng kalangkung kekel gujengipun yen kula sukani serat ingkang mungel amoyoki, tuwin mada dhateng pun bisu wau inggih lajeng rengu, menggah namanipun tiyang bisu wau pun Bukik, saben sonten kimawon maca, serat wacan ingkang dipun remeni Serat Menak Lare nalika tiyang agung menak wonten Medayin, tuwin serat Panacitra, o yen maos ta suwaranipun sampunji bles tiyang sepuh nangis ingkang mentas kapehan rayatipun.

Wonten cariyos kula aneh malih anggen kula nanem pohong kasepa sakelangkung agengipun, menggah agengipun tigang cengkam mubeng paosipun kalih kilan sak uwit wohipun pitu tuwin nem iji, dene sak punika taneman kula pohung kantun kawan uwit ingkang gadhah woh ageng wau.

Serat mugi katur Mad Dahwen.

Mas Dahwen ing Jurumartani angka 14 wedalipun ing dinten Kemis kaping 2 April 1868 amratelakaken bilih tiyang jaler kaliyan tiyang wstri ingkang dede semahipun piyambak boten kenging menawi tilem tunggil sak patileman punika kalebet aneh. O sampeyan priksoa cariyos kula ing ngandhap punika ta tamtu gumun saking dening anehipun saklebeting aneh wonten aneh malih.

Tiyang jaler ingkang kula serepi, anggenipun monat-manut, boten gadhah kakencengan,nyarah kemawon naming dhateng tiyang estri pun rangkul inggih purun, ngrangkul inggih purun, punika kalebet aneh.

Katandhan Ki Kutis, bawah kapulisen Suradranan, Kabupaten Ageng.

=====

Kula gadhah taneman wit pisang kawestanan pisang kepok punika menawi awoh ing dalem sauwit wohipun kalih tundhun sami ageng-agengipun, menawi baten kalih tundhun inggih tuntuk kekalih, ngantos tiga, ageng-agenging tuntutan sami kemawon satuntut limrah.

Bayalali kaping 14 Mei 1868

Katandhan Mantri Juru Serat Ing Kabupaten Pulisi Bayalali; Mas Ronggasastra Andaya.

=====

Kabar punika prayogi dipun wiwiti kala surudipun kangjeng Pangeran ARya Suryaningalaga kala ing dinten malem Setu Oaing wanci jam 11 tanggal kaping 14 wulan Sawal taun Ehe angka 1796 utawi tanggal kaping 8 Pebruwari taun 1868 KANJENG Pangeran ARya Suryaningalaga, tilar dunya kundur dhateng rahmatollah kangjeng Pangeran wau putra dalem Panegak saking ampeyan ingkang sinuwun Kanjeng Sultan Jummrng kaping 2, ing negari Ngayugya, ingkang jejuluk kanjeng raja, kala suwud panuju yuswa 83 taun kapetang tau jawi sanegari Ngayugya boten wonten ingkang ngungkuli menggah panjanging yuswa sipat para priyantun ageng lajeng dipun sarekaken wonten ing Ngas-tona Arga Pajimatan dherek ing Ngastona Panjenenganipun para

ratu, tuwin anunggil leluwuripun dene pakurmatanipun inggih kados ngadat yen wonten para pangageng jawi sumare mawi abdi dalem prajurit 5 gendera tuwin para putra wayah kathah: abdi dalem bupati nayaka 1 bupati anom 4 wah panewu mantri saweta-wis ingkang sami andherekaken.

Mengkaten malih bab ahliwarisipun kanjeng Pangeran wau, kala ing dinten Kemis Pon tanggal kaping 21 wulan Sura taun Nimawal angka 1797 utawi tanggal kaping 14 wulan Mei taun 1868 sangkinng karsa dalem ingkang sinuwun kanjeng sultan saha sampun sabyantu panggalih akaliyan kanjeng tuwan risidhen Abosen ingkang nguwasani negari dalem Ngayogyakarta, sarta sampun dados adatipun wewaton pranatanipun ing negari, ingkang kakersakaken dados ahli waris putranipun kakun ginkang sangking garwa ngajeng, kakula wisuda dipunpatedhani pangkat kalenggahan dados Bupati Anom Bumi Sewu, nama Raden Tumenggung Sumadiningrat saha kaparingan lenggah sabin tuwin bayar, sapratigan sangking lenggahipun ingkang roma kanjeng Pangeran suwargi, kang sabageyan dhateng ahli warisipun kathahipun sabin 50 karya bayar 50 rupiah ing dalem sawulan.

Wondenten ingkang wau raden Tumenggung Sumadiningrat saderekipun kakersakaken dados ahli warisipun ingkang roma suwargi nama Raden Arya Sumadiningrat sasampunipun katetepaken anama RAden Tumenggung, sakelangkung ing pamundhi mundhe-nipun saking sih dalem wau mugi mugi ginanjara wilujeng sarta kasarasan ing salamen-lamenipun, wonten ing ngalam dunya manggiya kasenengan sampun kirang punapa-punapa.

=====

Nuwun mugi kacithak ing Jurumartani

Adrenging manah kula, kumedah pitaken dhateng ingkang silihan Gondapati ign Ngayugya.

Ing ngriku amacak saseratanipun wonten ing Jurumartani ingkang medal angka 15 wonteningkang ngodhengkaken ing manah, kados dene pitakenipun ingkang mekaten.

Tyang kula sumerep kala teksih sami sugeng asring runtung-runtung wau, ngantos sanjan sakingga sadherek satuha sareng seda kok boten sami tuwi, Lo punika punapa boten ngodhengkaken manah, yen makaten para kumisi ingkang sampeyan tedhani katrangan wau sampun sami seda, lah kados pundi nggenipun saget suka katrangan ing Jurumartani tiyang sampun sami seda. Lan malih Gonda Pati, ngaken tepang sanget kalayan swargenipun tuwan Kaptin Bigeman punika dora, sabab kula sumerep piyambak boten gadhah tepangan ingkang nama Gondapati wangsul kula taken dhateng pun Gondapati, piyambakipun punika jejer piyamtun punapa, lan pundi pekampungan ingkang sampeyan dunungi, dene mawi ngaken tepang sanget dhateng swargi tuwan Bigeman wau, yen tau aranipun saseratan sampeyan wau tranggenaha, ingkang masthi para kumisi salah satunggalipun wungu saking seda badhe mangsuli dhateng pitakenan sampeyan wangsul sareng saseratan sampeyan dereng kinging kamanah dados para kumngsi ingkang sami seda wau taksih sami nyrontosaken trangipun ing okara sampeyan.

Sumongga kisanak ingkang sami kesdu mriksani Jurumartani mugi samiya tumut anggalih suraosipun seratipun Gondapati ingkang kapacak Jrumartani angka 15 wau, ing mangke sak angsal-angsal

badhe kaleksanan wangsulanipun ingkang patitis, dhateng para mitranipun para kumisi salah satunggalipun kala teksih sami sugeng.

Yen makaten Gondapati boten pisan anganggeya paribasan ingkang mekaten sak durunge kolakoni pikiren dhisik, punika sampun boten ngangge pisan yen nganggeya paribasan ingkang kasebut nginggil wau mangsi ngangkaha kalepatan panyeratipun saha ingkang ukara.

Saestu pemanahanipun pun Gondapati, sairip kados dene gogsa ak rancak dipun tabuh rare ingkang ngumur mitung taun, wusana sangking kakenipun ing manah kula ngantos kiyu tangan kula anggen kula nyerat, sumongga kisanak sami kaprenoto ha ingkang saestu.

Kaserat ing kampung Nganeyan lami kaping 29 Besar Ehe, angka 1796.

katandhan, Ngabei Baujaya, ing Ngayogyakarta.

=====

Serat kula mugi kapacaka wonten Jurumartani, pematangipun cangkriman ingkang tumrap wonten serat Jurumartani, angka 16 april taun 1868 ingkang katandhan Angsan Semedi.

Kawula ingkang sumedya, ambatang cangkrimanipun semitra kula anamung supados ramening lenggah, punika pematang ulun, dene kawujut kukila, tanpa elar tanpa butut.

Punika canthing wastane, kang nama kawah puniku, ingkang langking toyanipun, inggih waja isi malam kang poncarowangnya mabur, sangking pemanggih kawula driji ganggsal wastanipun. Kang wasta langit punika kang wujut pethak puniku menawi boten kalintu sangking pangraos kawula, pan pethakan wastanipun. titi.

Sinerat kampung Prawirataman kaping 24 April taun 1868.

Katandhan Kinanthi Prawira.

=====

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 9 wulan Juni punika wanvi siyang sahanta-wisipun jam kalih kaliyan jam tiga, ing peken Kaliwon kampung Palugunan bawah Kadospaten ing Surakarta wonten griya kabesmen, menggah jalaranipun kabesmen punika saking dening tiyang estri anggodhog sogi ingkang kirang pangatos-atosipun.

Sareng para tiyang sami sumerep manawi wonten griya kabesmen boten ngantos dangu kanjeng tuwan RESidhen kaliyan Kanjeng Raden ADipati tuwin sanesipun priyantun sami tedhak dhateng panggenanipun griya kabesmen wau.

Sarehning kala samanten boten wonten ingkang sami tandang tulung, amurih pejahing latu, mila latunipunlajeng sangsaya ageng, punapa malih latu kenging ing ngangin mindhak amulad mulad, kalampahan griya gebyog payon sirap kathahipun watawis wonten saking sadasa iki, boten ngantos dangu sami telas kabesmi sadaya.

Sanadyan Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara ing nalika samanten boten kasupen karsa angintunaken kagunganipun pumpa saking Mangkunagaran ewa denten dhatengipun pumpa punika wontening panggenan kabesmen meh kasep, ananging meh kaseping dhatengipun boten andadosaken salang gumun awit ing Mangkunagaran dumugi ing peken kaliwon kaetang tebih, sareng pumpa kasemprotaken sapisan, lajeng tugel pirantosipun kadadosanipun pumpa lajeng tanpa damel awit boten kenging kaangge mejahi latu, sanadyan makaten menggah karsanipun kanjeng Gusti Pangeran ADipati ARIya Mangkunagara badhe atutulung dhateng para tiyang ingkang griyanipun sami kabesmi punika sakalangkung prayogi.

Menggah ingkang sinuwun Kanjeng Susuhunan Kala samanten inggih tedhak dhateng panggenan griya kabesmen sarta anyelaki griya ingkang sami kabesmi boten mawi angraosaken bab panas-ing latu.

Ing nalika samanten wonten tiyang estri saweg angilekaken barang sareng aningali ingkang sinuwun tedhak lajeng kendel anggenipun angileaken barangipun, sarta wicanten dhateng para tiyang jaler makaten: wis aha padha angilekake barang, awit gusti Allah kagungan welas marang kowe lan aku, dene angutus ingkang sinuhun marene saiki genine wis amesthi ora bisa mraman-mraman.

Wondening pitunaning para tiyang sakini gdening kabesmen wau, ing mangke dereng kenging kapratelakaken kathah-kedhikipun, ananging bab pepejah boten wonten tiyang satunggil-tunggila, sadya sami wilujeng.

=====

Balumbang ulam ing Silaran bawah Ngayogyakarta ing mangke sampun kadadosan malih, sauruting pinggiripun kadekekan pancak suji mubeng.

Menggah ingkang wonten salebeting balumbang wau ing sapunika ulam abrit mawi gilap kados mas, dados boten kaingahan ulam tombra cemeng, dene ulam abrit punika angsalipun ambekta saking Bandhung, punapa malih bulusipun pethak kakalih ingkang wonten salebeting balumbang, ing mangke sampun boten

katingal malih, kesahipun saking balumbang wau boten wonten ingkang sumerep.

=====

Kancanipun Kramawijaya ingkang ragi ewah punika kala tanggal kaping 6 wulan Mei ingkang sampun kapengker ing wanci sonten anggodhog toya wontening ceret, sareng makaten toya ingkang kagodhog wau lajeng dipun cemplungi awisan ngantos kathah. Sareng Kramawijaya saanak semahipun angombe toya wau lajeng sami karaos sakit kalampahan angundang dhokter saha lajeng anjampani pethaking tigan kadadosanipun sami saras. Ingkang punika lalampahan makaten wau andadosna tutuladan dhateng titiyang kathah, sampun purun-purun olah dhateng tyang ingkang gingsir pikiripun supados sampun ngnatos anandhang sakit.

=====

Ing Demak titiyang sampun anganggrak apyun peteng kathahipun kados ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Kala tanggal kaping 19 April 1868 angsal 4 pethi isi 149 katos

Kala tanggal kaping 20 April 1868 angsal 3 pethi isi 114 katos

Kala tanggal kaping 26 April 1868 angsal 1 kendhil isi 38 katos

Kala tanggal kaping 13 Mei 1868 angsal 1 pethi isi 63 katos

Kala tanggal kaping 14 Mei 1868 angsal 1 tromel isi 63 katos

Gunggung 364 Katos.

Menggah reginipun sadaya 70000 rupiah parandosipun ing sapunika titiyang ing Demak ingkang sami remen eses dereng saged ical.

=====

Atmawijaya lurah upas ing Samarang kala ing taun 1867 kadadosaken mantri gudhang sareng wonten ing Unaran tanah Ambahrawa, ananging ing mangke sampun kamantunan, menggah anggenipun dados mantri gudhang wau amung nemwulan, lajeng kagentosan ing juru seratipun Onder Kolektur, punika sakalangkung saged dhateng etang.

=====

Wonten tiyang angaturaken prakawis dhateng ing pangadilan, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Ing peken tanah Eropah wonten tukang Pak kaliyan tukang Potong, punika sami tunggil ing panggaostan tiyang kakalih wau sami alengghah wonten ing meja, sasarengan anedha ulam loh ingkang kaolah mawi kadekekan dudu, sareng makaten tukang potong satengahipun nedha amendhet uwang kertas satunggil ingkang regi 200 Pranes (frances) etangipun kirang langkung saking 100 rupiah arta punika badhe kabayaraken dhateng tukang Pak, sumerep pangaosing menda ingkang katumbas anang-

ing sareng badhe katampenan uwang kertas punika dhawah wonten ing duduh ulam loh wau, tukang potong nunten amendhet uwang kertas ingkang dhawah ing duduh ingkang wonten ing ngriku ananigng lajeng kacaplok dening sagawonipun tukang pak, kalampahan uwang kertas kauntal ing sagawon kadadosanipun tuk kang potong amuring-muring, lajeng angadeg saha awicanten makaten: uwang kertas punika kula tedha wangsulipun malih, mila sagawon sampeyan ing mangke badhe kula pejahi, supados kenginga kula bedhel witengippun, tukang pak amangsuli: kula

boten suka, manawi sampeyan badhe amejahi sagawon punika, awit reginipun langkung saking 200 Pranes, tukang potong wicanten malih dhateng tukang pak manawi sampeyan boten amarengi sagawon kula pejahi sambutan kula 200 pranes inggih sampun sah awit sagawon sampeyan sampun anampeni arta 200 pranes wau, tukang pak mangsuli malih sagawon punika dede tukang uwang kula punapa malih pundi serat pethuk sampeyan ingkang anedakaken bilih sampeyan sampun ambayar sambutan dhateng kula, tukang potong wicanten malih: bilih makaten karsa sampeyan ing mangke sampeyan badhe kula guguat wonten ing pangadilan.

Ing tanah Inggris wonten tiyang kagugat ing pangadilan bab prakawis kadakwa anyolong, tiyang ingkang kabebahan anglawanaken ingkang kagugat wau apitaken piyambakan dhateng ingkang kagugat, pitembunganipun makaten: sarehne kula anglawanaken sampeyan bab ingkang dados gugat, ing mangke panedha kula dhateng sampeyan mugi abalaka kemawon dhateng kula punapa sampeyan sayektos sampun amandung punapa boten, ingkang tinakenan amangsuli inggih sayektos kula sampun amandung tiyang ingkang nglawanaken gugatan wau wicanten malih: Sarehne sampeyan tiyang Ngamonca punapa sampeyan boten lingsem dhateng lajeng amandung wonten tanah ing ngriki, manawi makaten lampah sampeyan amesthi sampeyan punika adamel kanisthanipun nagari sampeyan, wangsulanipun ingkang ginugat mandung makaten: inggih kasinggihan pangandika sampeyan punika ananging manawi kula boten amandung sampeyan amesthi badhe boten pikantuk kurmat sagedipun anglawanaken gugat bab anggen kula mandung, supados kula kaluwarana.

=====

Ing serat Jurumartani, tanggal kaping 28 Mei angka 22 kula sampun amrangguli serat kintunipun Raden Natawardaya, angojahaken saking bab pajengipun peksi dara, saurutipun ingkang kapacak.

Lareya taksih bayi inggih mila lajeng ngudanani manawi peksi dara wau amung kadamel warana, sabab anggitanipun raden Natawardaya, terang bilih semu kapanjangan ing manah runtik dhateng priyantun kakalih, 1 Raden Tumenggung Danukusuma, 2 Raden Panji Brajaatmaja, ananging ingkang kaincer sanget inggih punika Raden Tumenggung Danukusuma.

Rehning kula boten semerep punapa ingkang dados wawinihing

eru, dados kula tansah amandhek mangu angupadosi, iba ageng-ing nalar dene saingga raden Natawerdaya ngagntos tanpa tedheng aling-aling, anglairaken tatembungan mawi anyabet koncaning priyayi kalih, kalih manawi Raden Nata WErdaya asmanipun boten sasambutan saklangkung malih pengalembana kula rehning krsa amiyosi ing ngayuda sastra tanpa kekelir, mila pamuji kula mugi mugi priyayi kekalih ingkang sami tinudingan wau, karsaha anjawab saha amijang-mijang, saking bab pandakwanipun Raden Nata WErdaya, sabab pengrayangan kula, anggitan wau boten sak baresipun saha mongsa peksi dara ngantos angetheraken kapulisen dene tiyang remen dhateng kalngenan makaten bilih boten anyingkrangi dhateng kuwajibanipun, pamanah kula sampun limrah kalih angertobaken prayogi, nalar angarjakaken praja pengraos luwung dhateng klangenan ingkangmakaten kalayan dhateng kasukan kertu utawi sak pa-

nunggilanipun sabab manawi sampun matuh sampun masthi anyudakaken daya, lan ing ngetan saha kaprawiran, mila prayayi kalih kula puji sanget sageda ing ggal amangsuli bilih boten manawi kadaluwarsa, dipun engeta dhateng ing paribasan. Tiyang badhe amalutosan makaten prayogi bilih taksih benter tegesipun manawi sampun asrep rekaos panggebakipun. Ngayogyaka ping 3 Juni 1868
Katandhan C.F.P.

=====
Wangsulan dhumateng ingknag badhe nganggep.
Danareda ing Madiyun acariyos ing Bintang Timur, sarta lajeng kacithakaken dhatng pun Dahwen wonten ing Jurumartani angka 15 bab sarananipun tiyang sageda ngrawati barangipun sampun ngnatos kinging kapendhet ing pandung sapanunggilanipun tiyang durjana, menggah ingkeng dados sarananipun tiyang kedah angingaha sagawon kathahipun 12 iji, ingkeng wedalan tanah Jawi ing ngikri, awit sagawon wau asring dipun ajrihi ing pandung sapanunggilanipun tiyang durjana.
Ing mangike sarana ingkeng makaten wau, dereng kinging kaanggep awit sagawon 12 uhu wau teksih kening dipun saranani, katedhanan cikalana kalapa, ingkang teksih wonten bathokipun sarta dipun kayas. Sumongga durjana ingkeng miyangkah 2 bab wau sarananipun.
Ngayogyakarta, tanggal kaping 2 Mukaram Jimawal angka 1797.
Katandhan Pun Sarjana.
Panyuwun kula dhumatng panjenenganipun tuwan ingkang ngarang seat Jurumartani mugi karsaha macak serat kula panjurung ingkang kapratelakaken ing ngadhap punika.
Kula sampun amaos serat Jurumartani Kemis kaping 16 April 1868 angka 16 wonten tapak astanipun Kama anyebutaken kawontenanipun radinan ng Baki, 2, Penaiban 3 Kareteng, 4 Patrolan punika kula ngaturi wangsulan inggih leres sadaya kawontenanipun ing radinan awit ing Tanjung Anom dumugi wande Dhuwet sampun raga sae awit Dhuwet dugi wandi Jumeneng, punika awon

sanget, utawi Wangan sak panunggilanipun boten kadekekan kretag, ingkang gadhah bageyan Rongga Pulisi ing Kartasura bawah pulisi Baki Wangan kadekekan kareteeg nnamung galugu damelipun tiyang alit punika andadosaken amutawatos margi asring kaambah kareta bendhi sak panunggilanipun awit para ageng kathah kimawon asring lumampah tindak margi ageng ing Baki, menawi botne dipun yasani kareeg ingkang gadhah wajib damel sumelang kretag galega wau, denten wontening patrolan bawah pulisi Baki inggih taksih sami patrolan namung ragi kendho, margi sami angilo bawah klapulisen sanes boten sami patrol kasebutaken boten nate patrol bawah pulisi Baki, punika antawis tagi kaelntu, margi bawah pulisi sanes kalebet bawah pulisi Baki, 1 bawah pulisi Klithak 2 bawah Pisangan punika sami nunggil bawah pulisi Baki, ingkang boten nate patrol utawi Ngrantan Pilalan sak panunggilanipun siti 17 jung sami ngaken miji boten kabawah ing Pulisi 3 ing Gragol 12 jung, 4 ing Ngluyu, 5 jung punika inggih boten nate patrol inggih sami ngaken miji pulisenipun wonten lurahipun ing nagari, punika andadosaken resah wonten ing dhusun boten kabawah ing pulisi andadosaken pakewet anggenipun anindakaken samukawis bawah ing kapulisen kabar sampun kasuwun rambah

dereng saget kalampahan kabawahipun dhateng ing pulisi menawi dhusun sami miji pulisenipun sami wonten ing lurah nagari lurah nagari boten nyumerepi awon saenipun tiyang dhusun utawi kewan peteng barang peteng sapanunggilanipun ing kadur-silan punika andadosaken resah amung sakedhik pulisi ing Baki kasangetan anggenipun angencengaken samukawis dhawah sangking kanjeng parentah, mila sak punika bawah pulisi Baki, rtagi kathah kertanipun boten kados kala pulisi lami, kathah rare-sah, margi ngajeng kasuwur Baki Pangenaning tiyang awon. Sinerat Pasar Kliwon kaping 1 Juni 1868
Katandhan Ma, Nga.

=====

Wangsulanipun Kewusnedar dhateng Mas Jayeng Sentika.

Kula sampun maos seratipun Mas Jayeng Sentika wonten ing Jurumartani ingkang medal kala dinten Kemis tanggal kaping 28 wulan Mei 1868.

Mas Jayeng amastani yen ngalelet kenging kadamel pasangan awit asesendhen serat saloka, yasanipun swargi tuwan Karel Predherik Winter ingkang rumiyin dados jurubbasa ing nagari Surakarta, ingkang punika inggih langkung sasinggian pangan-dika sampeyan mas ananging ing sarehning babasan kula punika boten anyalemong nanging awewaton serat ywa karana jawi utawi paramasastra inggih punika tapal yasanipun swargi tuwan Winter, ingkang kaanggit sakin gkarsaning kajeng gupermen kaecap ing nagari Samawis dening tuwan Pandorep ing taun 1861. Mas Jayeng asesendhen serat anggitan kula ing taun 1861 tur sami anggitanipun priyantun satunggal lah punika ingkang kaanggep leres tuwin lepat ingkang pundi, kalih dene malih

ing pundi kula badhe sumerep serat ingkang kangge ing pamulangan ingkang angangge [pasangan Nga lelet dados bab prakawis punika ing ngatasing kanggenipun sampun kapra tur ingkang kaanggep ing kanjeng Gupermen ater sondha saking serat-serat ingkang kangge ing pamulangan jawi lah kados pundi ta anggen kula boten amaelu prakawis punika saha malh punapa sampeyan boten sumerep bilih kawruhipun pujongga tuwin sanes punika saben taun mindhak-mindhak asarana saking piwulanging tiyang sanes saha sakin goakempalanipun serat serat piwulang, ing rehning ing twektu punika sampeyan saben dinten yen badhe anyerat prasasat anglampahi parentahipun swargi tuwan Winter inggih punika serat saloka ingkang sampeyan imanaken lah kenging punapa sampeyan koboben anganggep anggitaning panutan sampeyan tur anggitan ing ggal punika, ingkang kangge ing jaman sapunika sarta sampun kaanggep ingkang jeng gupermen tur sampun mupakat ing pamanggih ing para saged ing tanah Nederlan Indiya, punapa inggih wonten tiyang ingkang badhe angrajongi karsa sampeyan mas sabab sadayaning tiyang sami angangge piwulang inggal ingkang angleresaken piwulang lami kang kaanggep lepat ing jaman sapunika sok makatena sampeyan punika badhe boten mindhak-mindhak kawruh sampeyan sabab yen sampeyan manggih piwulang sanadyan piwulang inggal punika langkung prayogi saking piwulang lami ingkang sampun sampeyan angge, ewa samanten piwulang wau badhe sampeyan tampik dene pamanggih sampeyan kang kados makaten wau punapa badhe kaanggep ing para tiyang sarta punapa badhe andadosaken priyogi ing ngatasipun sampeyan. Saha malih sampeyan amastani yen nga

lelet punika panunggilanipun aksara swara tuwin pa kacerek ing sarehning pa serek kengging kadamel pasangan dados pamanggih sampeyan panunggilanipun inggih kenging sapunika kula nyuwun priksa sabab punapa aksara swara a,i,u,o,e, punika kawontenn ingkang kenging kadamel pasangan wonten ingkang boten kadosta a, i, kenging kadamel pasangan bab punika yen sampeyan mung anggalih saing tunggil bonggsa tuwin warga rak badhe ambingungkaken mangke badhe nyerat mungel datan kenigng kaserat dasan sabab punika sami aksara ilat, rak langkung prayogi miturut ingkang sampun kapesthekaken boten kaangge gondholi saking tunggiling warga kados karsa sampeyan punika. Sampeyan apitaken sabab punapa anggen kula suka tuladha kang mungel jumbleng kok kula serat jumbleng boten kula serat jumbleng le, sabab ing ngajeng kula sampun boten rumojong bab kagggening pasangan nga lelet, lo pitaken sampeyan punika punapa mung badhe angikal babasan punapa sampeyan pancen boten mangertos ing babasan kula, dene yen sampeyan boten mangertos pun Kewusnedar ing wingking kadugi anerangaken. Mas Jayeng anyebutaken bilih lepat panyeratipun pasangan na, ta,la, punika boten saking piyambakipun nanging lepat anggenipun anyithak nan wangsulan sampeyan punika anglengkara sanget mas wangsulan makagen punika rak namung lumuh winasta-

nan lepat kimawon sanadyan lepata pangecapipun inggih mung satunggil kalih mongsa ko seratan sakorab lepat sadaya, sabab tukang cap punika pangecapipun serat serat wau sami lepat kadi dene anggenipun macak serat sampeyan nanging ing salami kula angecapaken serat kula ing Jurumartani kok boten nate salisir kaliyan babonipun saweg sapisan punika kula mireng pangocoh kang kados makaten saha malih kados pundi sageding patitis tiyang angrembag kasusastran wonten ing Jurumartani yen kaewahan sastra panggantheting warga saking panyeratipun, sampeyan amratelakaken wonten ugi tiyang ingkang saben saben anyerat (pasangan ra, wa) kapisan kaliyan aksara punika temenipun inggih lepat ananging punapa sampeyan samm-pun kasupen ing babasan kula. Kula boten praduli menggah panyerating tiyang ingkang remen kados makaten sinten tiyangipun ingkang kadugi amumulang ing tiyang kang badhe boten kaanggep ing basanipun, awit sampeyan amratelakaken kathah kimawon tiyang boten purun angangge piwulanging liyan mung kanggendeng saking isin dene kula namung gadhah sedya angladosi sawatawis priyantun ingkang karsa angrasosi ing reh kasusastran.

Sampeyan asring kemawon sumerep ing serat kawi kang dede cap-capan pancen kang mungel mawanti kaserat mawanti, punika punapa kenging sampeyan damel wawaton sabab kathah tiyang ingkang sampun saged anyerat nanging dereng wirama ing sastra, lajeng anyerat serat Kawi, punapa punika badhe sampeyan wastani lepat, yen makaten rak kenging katembungaken iya luput nanging bener,

Anjawi punika kula nyuwun priksa kang sampeyuan wastani sastra guru [punika punapa aksara ta, dados pasangan nanging taksih wujud aksara wuda kados ta kunda, ppunapa punika kang sampeuamn sampeyan wastani Sastra guru, lah yen makaten panyeratipun sastra lampah kados pundi nanging kang sampun kalimrah ing tanah kula Madiyun tuwin Dalapatur sampun mupa-

kat ing ngakathah ingkang kawastanan Sastra Guru tuwin sastra lampah kados pundi. Nanging kang sampun kalimrah ing tanah kula Madiyun tuwin Dalapatur sampun mupakat ing ngakathah, ingkang kawastanan sastra guru tuwin sastra lampah punika jalaran saking luhing aksara ingkang ambukani wanda, kados ta pangeran sastra guru pangeran sastra lampah. Bab punika namung sasenenganipun ingkang badhe anyerat.

Sampeyan anedha priksa aupami saseratan 1 pista 2 wasta 3 wisata, 4 waseta, dene kang wonten ing angka 3 uwin 4 badhe sampeyan serat panjing kados ta wenang, keneng kaserat wnanng kneng punika manawi kapinujon ing karsa, kados kaserat makaten pista saha wasta.

Dene pasangan nga lelet igkang kangge wonten ing serat saloka punika pamanggih kula ingkang ngecap boten kenging winastanan lepat sabab kang wau swargi tuwan Winter angagem pasangan nga lelet nanging ing samangke pasangan nga lelet punika sampun

kaanggep lepat, titi.
Ing Dalapa tanggal kaping 1, Juni 1868
Katandhan Kewus Nedar.
=====

Para priyantun ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor
lelang ing Surakarta, kala ing wulan Pebruwari ingkang sampun
kapengker ing mangke sami kaemutaken, ambayara sambutanipun
wau saderengipun utawi satelasing wulan Juni punika, manawi
boten angleksanani ing pambayaripun amesthi badhe katagih
medal saking panguwasanipun parentah.
Surakarta kaping 1 Juni 1868
Katandhan dening ingkang nguwasani kantor lelang Tuwan Bosow-
er.
=====

Ongka 25, 18 Juni 1868

Lotipun loterei, ingkang minongka kauntunganipun griya panggenan rare lola ing Surabaya, punika ical wonten ing Surakarta, kaosta: lot nomer 341, 3442, 343, 347, 348, 18338, 18339, tuwin 18340, sinten ingkang manggih lot wau mugi kaaturna dhateng Kanjeng Tuwan Residhen ing Surakarta.

=====

Pawartos warni-warni

Raden Panji Brata Asmara kapitan saking prajurit Inpantri ing Pamekasan tanah Madura, ing mangke kamantunan anggenipun dados kapitan ananging kalilan taksih angangge panganggenipun kapitan.

=====

Serat Pakabaran saking Surabaya anyariyosaken manawi ing Sidaarja ing sapunika kathah kapal ingkang pejah awit saking kenging sakit, para kapal igkang sami kenging sasakit punika wetengipun lajeng malembung tanpa pasangkan, sarta boten saged wawratan.

=====

Sampun lami tityang badhe ambekta kareta asepi sedya langkung lepen ing Tuntang kaprenah wonten ing Kedhung Jati, supados pandamelan ingkang kagarap wonten satepining lepen wau sageda enggal rampung, salajengipun kala tanggal kaping 26 wulan Mei ingkang sampun kapengker tityang wiwit anyabrangaken kareta asepi wau, ananging sareng watawis ragi tebih anggenipun anyabrangaken pirantos ing kareta asepi ingkang dipun enciki ing kareta asepi punika angglewang, kadadosanipun kareta asepi kacemplung ing toya lajeng kelem, menggah tityang ingkang anumpak ing kareta asepi wau sami wilujeng sadaya, dados boten wonten satunggil-tunggil ingkang anemahi pejah.

=====

Ing dhusun Kalinyamat wonten babon anigan, tiganipun ageng sanget, ananging tigan wau lajeng pecah, awit kapidak dening babon sanesipun, sareng makaten tiyang sumerep bilih salebetipun tigan punika wonten tiganipun malih satunggil taksh wetah, dados kenging kawastanan tigan susun, salajengipun tigan wau katetesaken.

=====

Pawartos saking Batawi anyariyosaken manawi kabupaten ing Bandhung wonten maesa manak medal kalih sami estri sadya, gudel kakalih wau ing mangke sampun dados ageng, sarta sapriki sampun ngumur kirang langkung saking gangsal wulan.

=====

Ing Kaliporni tanah Amerikah para tiyang sapunika sami amendheti toya es wonten ing guwa satunggil ingkang sakalangkung angeram-eramaken, guwa punika anggung boten saged telas toyanipun es, sarta tebihipun saking lepen Kolombiyah tigang-dasa mil, pamendhetipun toyua es wau mawi kawadungan, angsalipun prongkalan, lajeng kaemotaken ing bihal kabekta dhateng ing lepen, dumuginipun ing ngriku lajeng kabekta ing baita dhateng panggenan ingkang badhe kapurugan.

=====

Pasiten ingkang ageng piyambak punika gahdhanipun jendral ing
Kuwisah ing tanah Amerikah dene wiyaripun pasiten punika 900

mil pasagi, cekap kaenggenan kapal lembu tuwin menda ngantos
ewon, saking pasiten wau para kewan ingkang kapragad dening
tukang potong kathahipun 31000 iji ing dalem sataun cacahipun
kapal ingkang wonten ing ngriku sakalangkung kathah, manawi
kadel tumpakanin gprajurit ewon amesthi boten kirang sarta
saben taun wulunipun menda kabekta ing baita kapal cekap
dados wawratan baita kapal satunggil.

=====

Yen prayogi mugi serat ing ngandhap punika mugi kapacak
wonten ing koran supados kawentaring kathah, mintra ing monca
supados sumerep.

Raden Riya Sumadiningrat kinulawisudha, nama Tumenggung

2. Raden Ragaprawira Sentika, kinulawisudha nama Riya, ugi
sami wonten bawah Redi Kidul.

3. Yadi konca jajar punakawan Kadipaten anggentosi ramakipun,
anama Panewu, Dermawilaga, punika anak ingkang nem amargi
ingkang sepuh boten cukup.

4. Sastrawikdaya, Puriyer, Kinulya wisudha dados Bekel Paser-
atan nama Ngabei Mangunsari.

5. Bekel Carik ing Kadanurjan anggenipun nyepeng paos ing
Redi Kidul kapundhut, amargi kisruh sarta boten cukup, sapu-
nika ingkang gadhuh Jajar Carik, wasta Sastra Wardaya.

6. RAden Riya Mangkuwinata, gegaduhanipun lisan, kapundhut,
kaparingaken gadhuh wonten RAden Tumenggung Suranegara. titi.
Katandhan Sokawati Sastra Kusuma.

=====

Ki KUtis acariyos kathah ingkang kalebet aneh wonten ing
Jurumartani ingkang sampun medal punika andadosaken eraming
manah kula, ing Bata anggening adamel sayahipun piyambak,
dene teka purun katut ing ngalun, ki Kutis punapa aboten
purun anyariyosaken, manawi ing Mangkuyudan wonten uwit asem
ingkang saged amedalaken luh, menggah ingkang kawastanan luh
punika sayektosipun boten sanes anjawi saking luberaning toya
ingkang wonten salebeting uwit.

Katandhan Dahwen.

=====

Panyuwun kula ing Panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat
kabar Jurumartani, criyos kula ing ngadhap punika sarehning
sawetawis ragi aneh ingkang menawi kapareng mugi kapacaka
wonten ing Jurumartani.

Ing dhusun Ngadibala, bawah Residhensi ing Surakarta, wonten
satunggilipun tiyang ngestri welanjar wetawis ngumur 24 taun,
welanjar wau samangke sampun badhe kapendhet bojo Bekeling
dhusun Gawok, inggih ing gawik panggenan lurik punika, anang-
ing dereng ngantos kelapahan dhaup kaliyan Bekel ing dhusun
Gawok welanjar wau lajeng wawrat ingkang andadosaken saweta-

wis ragi aneh, awit gumyuh ing cariyosipun tiyang sak dhusun
Ngadibala wau, ingkang ngetengi welanjir punika jim.
Ing wasana wonten malihj ingkang angeram-eramaken sangetr
inggi punika bekel ing dhusun GAwok wau, sareng pepacangani-
pun kawartosaken meteng kaliyan jim, sakelangkung langkung
suka bingah ing manahipun, sarta kala ing wulan Mukaram
ingkang sawek kapengker punika, wau bekel ing dhusun Gawok
lajeng amretamu dahteng Ngadibala, pitembunganipun dhateng
para akrabing welanjar wau, mekaten sanget suka pirenaning

manah kula, dene pepancangan kula saget wawrat kaliyan jim
bingah ing manah kula wau awit kula badhe gadhah anak kuwalon
saking jin, ingkang amasthi badhe dados jalaran mindhak-
mindhaking kadrajatan kula.

Kaserat tanggal kaping 17 wulan Juni taun 1868 Katandhan
Surengpati.

=====

Rajapejah

Nalika tanggal kaping 18 April 1868 tyang wasta 1 Kertasemi-
ta, 2 Saiman, 3 Truna Semita, 4 karyadrana, sami, i tyang
dhusun Kuwon, Persil ing Tulung, bawah Kabpaten Pulisi Bayal-
ali, tyang 4 wau sami mandung 1 menda, gadhahanipun tyang
wasta TRunamenggala, ugi nunggil ing dhusun Kuwon, mendha
lajeng kapragat ulam kabagi 4, sareng watawis dinten tyang
sakawan wau mirng kabar yen Trunamenggala kang gadhah mendha
wau badhe jenangkaken abrit sakancanipun tyagn sadhuwun tyang
ngkang nomer 2,3,4, anggadhahi sumelang dhateng tyang nomer
1, menawi kajenangkaken abrit bokmanawi lajeng ngaken pamand-
hingipun menda, nunten tyang nomer 2,3,4 pirembagan tyan
nomer 1 wau prayogi kadhelikaken ing sanes dhusun kalampahan
tyang nomer 1 ing wanci dalu kasingitaken dhateng dhusun
Tnggul Angin, ing griyanipun tyang wasta Muryadongsa, ka-
leres bapa pamanipun tyang nomer 1, dhteng tanggul Angin wau
tyang tiga sauwa samget sumelang manahipun, lajeng sami pirem-
bagan tyang nomer 1, wau prayogi dipun pejahi kemawon sareng
sampun gilik rembagipun tyang titiga lajeng sami mangkat
dhateng tanggul angin ing wanci dalu, murugi tyang nomer 1,
lampahipun tyang titiga mawi ngampiri tyang wasta Kertadik-
rama, ing Gathak pulon kaleres sadherekipun Jaler tyang nomer
2, dipun tedhani pitulungan kaajak mejahi tyang nomer 1 wau,
Kertadikrama purun, lajeng sami mlampah gungungtyang 3,
dumugi Tanggul Angin wanci tengah dalu, panembungipun dhateng
Muryadongsa kang dipun titipi tyang nomer 1 wau, sengadi
badhe kalih dhateng dhusun Jambon, Muryadongsa angulungaken,
tyang nomer 1 purun, lajeng sami mlampah sareng tyang 5
sareng lampahipun dumugi ing Jurang sakilen dhusun Jatinon,
presin GEbaren, tyang 5 sam kendel wonten tengah jurang, ing
gisik kang boten wonten toyanipun tyang nomer 1, panuju
linggih, lajeng katubruk dening tyang nomer 2, karangkus
tanganipun, lajeng katekak gulunipun dening Kertadikrama,

kang dipun ampiri wau, tumunten kkadhadhung gulunipun dening tyang nomer 3, kasingsetan kapantheng tyang kalih, nomer 3 kaliyan nomer 4, lajeng pejah, sareng sampun pejah pangang-gening jisim lajeng kathethel dening tyang nomer 3, bangke lajeng dipun tebi sekla rambah ping 2 dening tyang nomer 2, nunten tiyang nomer 3 anuttuti ngentbi sela ugi rambah ping 2, lajeng kalebetaken ing gampeng salebeting toya sarta katindhiyan se;a tyang 4 lajeng sami mantuk sareng watawis 7 dinten ingkang ngestri tyang kang pejah wau darbe atur gugat ing parentah pisebut boten tarimah, wit kang jaler kaajak kesah dening tyang nomer 2,3, 4, samun 7 dinten dereng mantuk parentah lajeng narik dhateng tyang nomer 2,3,4 kapriksa sangking gugatipun tiyang ngetri wau, tyang nomer 2,3,4, utawi tyang kang dipun amampiri wau, lajeng sami blaka, yen tiyang nomer 1 wau temenipun sampun dipun pejahi kados kase-

but ing nginggil wau sadaya, tyang nomer 2,3,4, utawi Kerta-dikrama kang dipun ampiri wau, lajeng sami kacepeng dados pasakitan, paukumanipun kasumanggakaken ing Kanjeng Parentah AGeng Nagari

Bayalali tanggal kaping 18 Mei 1868

Katandhan Panewu Pulisi ingkang nindhakaken prakawis Kriminil. Raden Ngabei Danusastra.

=====

Ing Ngayogyakarta sami ugi kemawon pangresulanipun para titiyang ingkeng lumampah ing margi ageng salebeting negari, tuwin sawijining negari ingkeng sami anumpak kareta, bendhi, kapal punapa dene ing keng lumampah dharat.

Awit dening ing tengahipun margi ageng wau kathah selanipun glundhungan ingkeng boten dipun praduli ing pulisi ingkeng agengipun sak jeram gulung. Mila kelampahan kala ing wulan Besar ingeng sampun kapengker, tanggal kaping 13.

Bendara Raden Ayu, Purwadiningrat putra dalem ingkeng Sinuhun Sultan ingkeng jumeneng sapunika amanggih sangsara agemipun kareta tugel indhenipun ajalaran rodhanipun nyandhung glundhungan sela wonten satengahing margi, sak wetan kareteg Pakualaman ingkeng kilen, wonten ing ngajengan griyanipun tuwan Y.A. Didikasma, kelampahan tumedhak saking kareta, sarimbit lan kang raka, RAden Tumenggung waktu semanten sumeja badhe tindak jagong dhumateng ing Gonda ATmajan gadhah damel mantu, pinuju, bendara, Pangeran Litnan Kolonel Pan Setap Arya, Suryadiningrat sangking wingking anitih kareta ugi badhe jagong tunggu sapuruk, wusana lajeng dipun kersakaken dharek tunggu sakereta dhumateng ing Gondaatmajan wau, amargi reta ingkeng tugel indhenipun ingkeng jalaran saking gumludhunging sela ingkeng boten kapaelu ing para pulisi boten kinging dipun aken babar pisan, dumugi sapriki radinan agng ing Ngayugya tansah dereng wonten kaindhakanipun sela ingkeng sumingkir sangking tengah ing radinan ageng.

TAKsih andadosaken sumlanging para ageng alit ingkang sami lumampah saben ing radinan.

Ngayugyakarta ping 2 Mukaram Jimawal onga 1797

Katandhan Sarjana.

=====

Mugi kapacaka ing Jurumartani.

Ing ngriki kula pitaken dhateng ingkang silih aran, katandhan Dahwen, kadosta saseratanipun ingkang kapacakaken ing Juru-martani, onga 15 ing ngriku anyariyosaken pangeran ingkang jumeneng piyambak, punika sinten amargi seklangkung kodhengi-pun ing manah kula saha para priyayi ing Ngayugya sadaya. Sabab ing Ngayugya boten wonten pangeran ingkang jumeneng piyambak, sanadyan ingkeng sinuhun kanjeng Sultan kalawan dipun jumenengaken, boten sah, jumenenga karsa pribadi, boten langkung panedha kula dhateng sampeyan Dahwen mugi sukowa katrangan, ing Jurumartani, sanget sanget ing pangajeng-ajeng kula.

Ngayugya ping 30 Besar Ehe 1796, Sarjana.

=====

Wangsulani pun Kewusnedar dhateng Murid ing sakolahan, Surakarta nama Gunawan ingkang bakperes sugih wani bondha purun

anumbak tambah, sedya asereoh jiwa bebantu dhateng A.M. ingkang seratipun kula jawab wonten ing Jurumartani.

Kula sampun nupiksani serat Jurumartani onga 21 medal nalika dinten kemis tanggal kaping 21 wulan Mei 1868 ing ngriku kula maos eratipun Gunawan dhateng kula.

Mas Gunawan jengandika amastani yen kula angerang-erang dhateng pun A.M. lo, sampeyan kalintu serep dene kula boten pisan pisan angerang-erang dhateng pun A.M. kajawi kula namung nyuwun priksa menggah karsanipun A.M. angecapaken seratipun ing Jurumartani punapa inggih namung angengetaken dhateng pun kapol supados amacaka serat wonten ing Jurumartani malih yen namung makaten kimawon rak kedhik damelipun yen mila pyambakipun remen angecapaken seratipun ing Jurumartani mongsa kiranga criyos ingkang sae.

Kula anglajengaken pamaos kula, lo ih, ih, ih, kalebon Cina gundhulan dene wewatonipun A.M. wau dede bongsa kula agami Islam dene wewatonipun inggih sebutipun Iongsiwah tuwin Ilayatawaluja, dene ingkang nyebut makaten punika inggih namung tiyang Indhu ingkang boten tunggil agami kaliyan titiyang jawi, sanajan sampeyan sampun amratelakaken yen dede tiyang Indhu, inggih sampun tetela yen sampeyan punika boten tunggil agami kaliyan kula.

Mas Gunawan sampeyan amestani yen kula angelehaken dhateng pun A.M. satrta anggen kula angelehaken wau dereng kantenan yen leres lah punika boten mas kula rak namung nyuwun priksa kimawon dhatng pun A.M. punapa inggih sayektos griyanipun ing Sidaarja, mila kula ngantos nyuwun priksa awit tembungipun boten memper pisan pisan yen para tembung wau tembung ing

Sidaarja, sabab kula sampun asring dhateng ing Sidaarja. Yen kula wastani tiyang Banyumas tuwin Bagelen inggih sewu mokal kedhik sanget emperipun tatembungan ing Banyumas tuwin Bagelen punapa inggih tiyang kulina dhateng tembungipun namung sakecap lah nglengkara sanget, kajawi saking punika kula timbang timbang yen seratipun A.M. ingkang kapacak ing Jurumartani punika ragi kedhik damelipun mila kula ngaturi makaten awit tiyang maos serat Jurumartani punika yen amaos serat ingkang sapele tegesipun asring lajeng andadosaken kembanganipun.

Panampi sampeyan kula parentah dhateng A.M. supados piyambake angangge sanes pitembung piyambak lah rak gatelen janggute mas Gunawan, mongka kula boten pisan-pisan gadhah piwulang dhateng piyambakipun supados anganggeya tembung sanesipun piyambak dene suraosipun serat kkula ingkang sampun kapacak wonten ing Jurumartani wonten kados panampi sampeyan punika, kula rak namung nyuwun priksa dhateng A.M. punopoha piyambakipun tiyang ing Sidaarja kok boten ngangge tembungipun piyambak.

=====

Jengandika amastani yen saking kiranging panyal kula dhateng A.M. dalasan tatembungan begalan cilaka punika kagentos gentos dhatengipun punika kula jawab bilih sukalan duka punika dhatengipun sareng 6, 7, sampeyan punika boten manger-ertos pisan-pisan dhateng suraosing tatembungan kasagedan sampeyan dhateng pitembungan jawi kula dugi boten saged angungkuli pucuking panggonda sampeyan dene kajeng kula

boten makatenmas, ing sarehning sok tiyanga sampun sumerep tuwin gadhah bebasan punia wau rak inggih boten perlu yen A.M. anyebutna wonten ing Jurumartani tur tembung wau kangge bab nenasan ingkang remeh, kajawi yen kanggening pitembungan wau anggepok ing kawruh, pandugi kula sok tiyanga remen amirengaken, Sampeyan sagah anyerati isining ngalam dunya, ananging sampeyan anedha dalancang ingkang wiyaripun kening kadamel buntel badan kula ngantos barukut sarta supados kula sampun ngantos angsal awa dangunipun 4 jam lote kawonten barang ingkang boten angsal ing awa, sae mapir pangandika sampeyan punika kados wonten barang ingkang boten kalimputan ing awa, ananging pamanggih kula sampun malih tiyang namung binuntel ing dalancang boten wonten awa ingkang angliputi ing ngawakipun, la bok ing salebetipun pethi mas ingkang boten marojol ing toya ing nglebet mesthi wonten awanipun sarta sampeyan kok namung anedha kartas kang sampeyan damel ukuran awak kula, punika rak namung anuruti kedering lathi sammpeyan kemawon, tur yen sampeyan mendhet ukuran sanesipun mongsa kiranga, ewa samanten kula inggih gadhah dalancang sarta kadugi ngaturaken kathahipun namung sakebat wiyaripun anyam mlengka damel nutupi para upan sampeyan supados sampeyan sampun ngnatos saged angedalaken napas dangunipun 12 jam

nanging pandugikula saserepan sampeyan yen sampeyan serati sadaya boten saged angebaki dalancang kula wau, dene sababipun kula sumongga ing sampeyan.

Wah jengandika amastani yen tembung tangkis wau boten mesthi kangge ing ngatasing durjana ugi kangge sanget ing ngatasing sarjana, pangandika sampeyan punika inggih kasinggihan nanging sarjananipun ingkang ngangge babasan wau inggih namung sampeyan, dene yena sarjana kang sampun limrah menawi tinarka juti adat kang anyyirnakaken panarka wau namung munah resik tuwin solah sabar.

Sampeyan sanjang yen kula saweg inggal inggalan lo, dunungi-puninggal wau wonten pundi, punapa ta anggen kula amacak serat Jurumartani yen makaten wonten wawatesaning pamacak, kadidene pun Wigya Wigya nalika macak seratipun sapisan punapa inggih sampeyan wastani badhe-badhe, ananging saemper suraosing srat sampeyan kula punika kenging raos kados saweg anenek ing satunggiling panggenan.

Sarta kula sampeyan wastani taksih lare tembung kula tumpangsoh, lo tembung tupangso wau ingkang pundi, ko boten sampeyan orehaken wonten ing Jurumartani punopoha, o, dika niku kok baut temen angathik-athik basa, kula dika arani bocahniku luput gus satemene anak kula pun Lima.

Sarta kula lajeng ngandika kinten gadhah sedya badhe mrojol ing ngakerep punjul ing ngapapakk, lah punika kula anyumanggakaken dateng kang sami para amastani, nanging yen kula boten gadhah sedya ing kang makaten, kajawi sangking ingkang sampun kasebut ing nginggil, ing sarehning sampeyan punika murid ing sakolahan ageng ing Surakarta, mugi sampeyuan batang cangkriman kados ing ngandhap punika, sampeyan rak sampun sumerep bilih ing dalem sataun punika wonten 360 dinten samanten wau inggih boten mesthi, ananging wonten tanah kakalih ingkang ing dalem sataun namung wonten siyang sapisan tuwin dalu sapisan punika ing tanah pundi, kaping

kalih wonten lare sampun umur 4320 jam dereng sumerep surya punika inggih tanah pundi, kaping tiga ingkang sampun kalih mrahan kukusing latu punika mesthi amuluk ewa denten wonten kukung ingkang boten saged uwal saking latu tansah anggubeli kemawon punika ing tanah pundi.

Yen mila sampeyan dede murid ing Surakarta, mongsa sageda ambadhe cangkriman wau sanadyan pujongga kang nama raden Panji Puspawilaga pisan ingkang pyambake sampun nate dhateng ing tanah Eropah sarta anggenipun angejawi wartosipun kasasar dhateng pulo Sepibergen kula dugi inggih boten saged ambadhe, dene yen dede murid ing Surakarta sampeyan kula kilani yen sageda amethek la mbok daging sampeyan ngantos sisah lan balung sampeyan mongsa sageda ambadhe boten.

Ing wasana manawi sampeyan taksih karsa anglegantunaken amacak serat Jurumartani kula inggih langkung sokur ananging yen sampeyan amangsuli serat kula punika kula inggih saged

sumerep ing wangsulan sampeyan ananging kula boten saged
mangsuli sabab kula pinuju kether anggen kula anggarap pada-
melanipun lurah kula wedana ingkang mesthi sinedhahaken ing
kula, ewa samanten yen raosih panggalih sampeyan nemba kamba
kapalang ugi sampeyan taksih angsal wangsulan saking Adhikula
nama Suparman. titi. Katandhan Paknugi inggih pun Kewusnedar.

=====

Kabar saking Ngayugya

Getun ngungunipun ing manah kula wau, ing Prajacilaka ing
Dhusun Sumatingal, punika wonten pandung langkung Juligipun,
kathahipun 6 dene ingkang sampun kawentaring kathah 3 punika
tyang 2 wau, menawi purun mandung gela yen ingkang gadhah
griya wau yen tilem sabab boten angsal kathah wondene pandung
wau, kepareng ingkang gadhah griya melek langkung saking
murwat pandung 3, wau ingkang kasebut wonten ing serat Surya
Alam karatah, utama, tuwin, saekah utama, wondene tyang 3,
wau penuju sanget boten kagalih ing nagari kula sumongga.
titi. Katandhan pun Clak.

=====

Ongka 26, 25 Juni 1868

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 3 wulan Mei ingkang sampun kapengker ing dhusun Kuwayuwan dhistrik Soka Kabupaten Karanganyar, wonten Sima tutul satunggil amenek ing uwit, nunten wonten tiyang satunggil ingkang sumerep dhateng sima punika lajeng bengok-bengok saha angungelaken gentangan, kadadosanipun kathah titiyang ingkang sami dhateng tandang tulung mawi ambekta waos sanjata sapanunggilanipun wasana sima kawaos dening jajaka satunggil anama Kertadiwiryana, punika sareng sampun maos sima lajeng sumlengeran boten saged kesah saking panggenan sangandhaping uwit, kalampahan jajaka kabekta mantuk ing titiyang kathah dhateng griyanipun sdumuginipun ing griya jajaka punika emut malih, wekasanipun sima kapejahan ing ngakathah menggah ingkang dados gumuning ngakathah dene dhusun ing Kuwayuwan punika tebih saking Wanateka kasaba ing sima.

=====

Kala tanggal kaping 25 wulan Mei ingkang sampun kapengker griyanipun Raden Ngabei Tirtadipura kabesmen jalaran saking tiyang anggodhog toya, menggah Raden Ngabei wau panuju kekesahan dhateng Surakarta, sareng sampun mantuk raden Ngabei tirta dipura punika angupadosana ingkang jalimet dhateng griyanipun amesthi boiten saged kapanggih.

=====

Minangka praeondha ing bab kadadosanipun bilih tiyang amesndhem jisim enggal-enggal, kados ngadatipun tiyang Jawi utawi Cina, pratelanipun kados ing ngandhappunika.

Wonten rare ngumur 4 taun pejah, rare punika anakipun tiyang Cina anama Sintongyu, menggah pejahipun wau jalaran saking sakit boten ngantos lami, bapakipun tumunten atumbas pirantosipun tiyang amendhem jisim, salajengipun anakipun ingkang pejah wau ing wanci pukul sakawan kalebetaken ing pethi, ingkang taksih kabikak, boten dangu tiyang lajeng sumerep manawi rare ingkang pejah punika katingal gesang malih sareng antawis sajam engkas rare wau tangi saking ing pethi sarta medal lajeng lumampah-lumampah wonten salebeting griya kados ngadatipun kemawon.

=====

Mas Sinta asuka kabar bab wedalipun para sabining Temanggung, saha bab mirahipun uwos ing Temanggung, sarembat angsal 2 rupiah 50 sen, mongka kala tumiyin ing mongsa mirah uwos sarembatipun regi 5 rupiah, saha manawi nuju mongsa awis sanget ngantos regi 10 rupiah.

=====

Ing tanah Pramasn dereng lami ing wanci sonten sampun peteng wonten jajaka angadeg sapinggiring lepen, katingal manawi bingung ing manahipun, saha tansah kendel ing panguwuh dhateng namaning kancanipun boten ngantos dangu tumunten titiyang kathah sami dhateng panggenan ing ngriku, jajaka wau lajeng acariyos manawi kancanipun ingkang kaundang namanipun punika kacemplung ing lepen, saha badhe pejah kabalabak,

sareng jajaka wau sampun anggenipun acariyos, lajeng lumajeng
dhateng ing kareteg, , wonten ing ngriku angundang malih
dhateng kancanipun, ing nalika samanten titiyang sami mireng

swara ingkang ririh sanget wonten sangandhaping kareteg,
inggih punika swaraning kancanipun jajaka wau, saroning
peteng dados titiyang boten saged aningali dhateng ingkang
nyuwara punika, salajengipun jajaka wicanten dhateng kancani-
pun ingkang wonten sangandhaping kareteg, punika kapurih
cepengan ing cagaking kareteg supados sampun ngantos katut
kabenta ing toya, sareng jajaka sampun wicanten makaten
lajeng gadhah panedha dhateng para tiyang ingkang sami wonten
panggenan ing ngriku, mugi kasambutana kacu ingkang badhe
katangsulaken, supados kenginga kadamel cepengan dhateng
kancanipun, para tiyang sakalangkung dhanganipun saha sanali-
ka sami anyukani kacunipun, wonten ingkang kacu sutra utawi
sinjang sakalangkung kathah angsalipun kacu jajaka wau para
kacu punika tumunten kabundhelan ngantos panjang, sasampuni-
pun lajeng kakerek dhateng sangadnhaping kareteg, ananging
sareng sampun meh telas anggenipun angerek, panyepengipun
kacu jajaka lajeng mrucut kalampahan kacu dhawah ing lepen
ing sanalika jajaka lumajeng dhateng sapinggiring lepen,
katut wingking dhateng ing titiyang kathah ananing sareng
dumugi sapinggiring lepen wau, wonten ing ngriku jajhaka
lajeng ical boten kantenan purugpun titiyang boten wonten
saged sumerep awit saking peteng sanget kadadosanipun jajaka
lajeng amandum kacu angsal-angsalipun saking anggenipun
anandukaen apus, menggah pamandumupun wau wonten panggenan
ingkang asepen, dene para titiyang ingkang kecalan kacu sadya
sami muring-muring, ananging ingkang kauring-uring sampun
boten wonten.

=====

Pakabaran tuwin lalampahan ingkang Aeng-aeng saking pundi-
pundi.

Kareta asepe ingkang kelem wonten ing lepen Tuntang, sapunika
sampun dipun entasaken kabekta dhateng sapinggiring lepen
saha boten wonten ingkang risak sanadyana sampun adus wonten
ing lepen wau, awit sareng sampun kaentasaken kareta asepe
lajeng kalampahaken saking Kedhungjati dumugi ing Padhas.
Sarjana ing Ngayogyakarta apitaken dhateng kula kawrat ing
Jurumartani kala kaping 18 wulan Juni punika onkha 25 bab
Pangeran ingkang jumeneng piyambak punika sinten, ibata
anggenipun kedah badhe sumerep sarjana punika, tiyang punika
manawi sampun purun amacak serat wonten ing Jurumartani,
amesthi kedhik-kedhik kedah sumerep dhateng pitembungan
ingkang kapacak ing Jurumartani wau, pikajengan kula bab
anggen kula suka panjurung pawartos ing Jurumartani, punika
boten saking badhe anerangaken samukawis ingkang kula pacak
wonten ing Jurumartani wau, ewa denten ing mangke kula suka
pitedah kemawon, supados sageda damel mareming manahipun

sarjana ing Ngayogyakarta saking bab ingkang badhe kasumerepan wau, punika sarjana mugi apitakena piyambak dhateng para pangeran ingkang sami kagungan sasebutan, ingkang jumeneng piyambak.

Ing Batawi titiyang saged pikantuk atumbas serat carakan jawi tuwin serat sanes-sanesipun wonten ing pangeceanipun kanjeng Gupremen, menggah serat-serat punika sakalangkung amikantuki dhateng titiyang bodho.

Katandhan Dahwen.

=====

Serat sarta ingkang tabe akathah-kathah, kaatur ingkang saudara tuwan F.H. Jaspres ingko, ing Nagari Surakarta. Sasampunipun ingkang kadya sapunika wiyosipun mugi serat kula punika kapacak kawonten serat Jurumartani.

Kala tanggal kaping 14 wulan Sapar Jimawal punika kula pinuju kekesahan dhateng dhusun Imagiri, tuwi sinten kula, rencang kula pun Kramadiwiryatiyang saking dhusun Banjarsari bawah Madiyun,, kaleres tuwi dhateng Ngayogyakarta, sarng dumugi ing Megiri (Imagiri),lajeng kula dipun jak sujarah dhateng pesareyan ing Girilaya, punika pesareyan wau, sekar sekaranipun sampun sami rusak sedaya, owel sanget yen boten dipun mulyakaken malih, bakda dikir kula lajeng kendel, wonten palenggahanipun ingkang sinuwun Kanjeng Sultan AGung, kala andhawahi dhateng kyai Larmunga, wonten ing Sela Lumbung, ing ngriku wonten wit-witan 1 iji, godhongipun warni 7 lembar 1 memper godhong ringan, 2 wugut, 3 ketos, 4 jangka, 5 kesambi 6 gadhel, 7 kumuning, punika godhong 7, wit dados satunggil wau criyosipun sentana kula kathah paedahipun ingkang sampun wonten ngaenipun, kadamel jampi tiyang estri, ingkang boten gadhah anak, kajantonan adas pulasari, kapipis dados satunggil lajeng dipun ombe.

Sareng antawis 1 jam kula dhateng Selalumbung, wonten ing ngriku kula boten saged minggah, margi uwotipun kajeng, sampun boten wonten, punika eman sanget yen boten dipun sukani wot malih, antawis 2 jam kula lajeng sujarah dhateng pesareyan dalem ing Ngargapajimatan, marengi ing dinten Jumungah, pesareyan ing kanjeng Sinuwun Kanjeng Sultan AGung Prabu Anyakrakusuma ing Mentaram, kaleres menga, kula boten nyana-nyana yen wonten pesareyan kraosipun badan kawula kados dene wonten kedhaton kalla teksih jumeneng rumiyin engget kula menawi pesareyan sumerep dhikiripun kyai Balad, sampun saengga dewi Kuranten nglela-lela dhikiraken, Gusti Rasul, kulangantos nangis, kula lajeng sujarah dhateng pesareyanipun ingkang Sinuwun Sedabesiyar, ugi raosipun sami kimawon. Wonten ing ngriku kula tansah amumuji, ya Sultanul Ageng Lailahailalah Kalipatolah kula lajeng mantuk, amung getun ngungun ing manah kula wau kok lajeng ayem, engga sak priki. Titi. Katandhan Bacarestu.

=====

Wawangsul dhateng Mas Kewusnedar.

Sareng kula awit anyerat badhe wangsulan kula, dhateng sampeyan rumiyin sampun acipta bilih serat kula wau ing sawatawis andadosaken eruning galihipun Mas Kewus, dene samangke sampun kayaktosan saking panginten kula, katilaran saking pitaken kula wonten ingkang ragi dipun kodhengi.

Kula amung amangsuli sakedhik kemawon inggih mas awit saking pangandikanipun mas kewus bilih panguninganipun ing kasusastran asasendhen Serat Wiyakaraga, tuwin Paramasastra, ingkang punika inggih sampun saklangkung kasinggihan pangandika sampeyan, amargi tresodha sampeyan kekah saha sampun mupakat, ananging ing panyerat kula kang sampeyan wastani lepat punika inggih taksih wenang ugi, awit kula boten anyaleneh sarta boten pisan yen mirunggaha, punapa dene mawi kula upadosi piyambak sabab wenangipun denenga: lelet kaangge pasangan,

wangsul sampeyan lajeng nganggep sanget sanget ing serat wiyakaraga punika rak sareng sampun kamupakatan ing ngakathah sarta sampun kapanggih dados serat wuwulang, sarta anggitan anyar tur sampun kaanggep dening Kanjeng Gupernemen mila lajeng anggekeng anggen sampeyan nganggepi, sarta lajeng saged amabeni panyerat kula punapa kang dereng sampeyan condhong, kok wuwulang wau sampeyan galih kaupadosan piyambak ing lulukitanipun sampun boten kok saupami mas Kewus derenga manggih kawruh saking serat Wiyakaraga wau, ingkang badhe kadamel wawaton mabeni kula kemawon punapa, paran dene kados teksih wonten kang dipun kodhengi, mila mawi andangu bab aksara swara wonten kang kencing kaangge pasangan miwah kang boten kadosta: a, e, i, u, kawuningana mas mila aksara swara punika wonten kang kencing tinrap pasangan miwah kang boten awit astra: e, u, o, punika yen kaaanggeya pasangan andadosaken cemburuan kalayan pasangan da, tuwin bilih kalintu winastan pasangan dede aksara swara.

Inkang sabab anggen sampeyan boten marengi yen le, re, kage lengaken astra suwara, punika boten langkung kula amung nyumanggakaken ing karsanipun para saged nanging yen kula piyambak mastani aksara kalih wau inggih kalebet swara tuwin aksara luluh, mila wenang kaangge pasangan, wondene paparing sampeyan poola panyerating tembung 4 prakawis punika sampeyan kalintu serep, as mongka kang kula pitakekaken boten kados paring sampeyan kaserat sastra lampah, yen bab sastra lampah boten susah mawi sampeyan paringing pola kula sampun dhamang sanget, mila prayoginipun ing tembe bilih mas Kewus kersa mangsuli malih, dhateng seratan kula sayogi ingkang nastiti panupiksanipun dhateng serat kang badhe winangsulan supados wawangsul wau sampun ngantos sanes raos kalayan kang badhe kajawab.

Anjawi saking punika kula sayaktosipun ngungun sanget dene wawangsulan sampeyan serat kok mawi kamomoran tembung kang kirang pantes katumrapaken kalayan prakawising serat wawang-

sul sarta kang kajawab kadosta: pangoceh, lo punika punapa sampeyan wastani pantes kaagem tinrap ing serat wangsulane ing ngatsing tiyang badhe wicantenan satuhu, tur angraosi kasusastran lah yen sampeyan amung badhe mameraken tembung pipisuh kemawon ing tanah kula Sukawati boten kirang tiyang ingkang saged ngocehaken tembung wadhag kadi dening pangom- yanging serat wangsulane sampeyan, sanadyana kula sampun sampeyan wastani bilih boten badhe mindhak ing pangawruh, ewadene taksih raga kogel micantenaken tembung kang makaten wau, yen boten saweg anujoni waktunipun ing serat kang mawi gugujengan, awit pamanah kula yen serat wau pancen raga prelu, mongka winoran tembung kang kirang pantes punika kok lajeng anannarik kembaning manah, utawi katingal kados kirang kurmat dhateng priyantun kang sami karsa amaos, ananging inggih sampun pantes kemawon wawangsulane sampeyan dhteng kula kamomorane tembung asubrana, awit pangraosing galih sampeyan bab wawangsulane ing jengandika ing panjawabing pitaken kula sampun sampeyan anggep trang sarta anyekapi, punapa inggih mas Kewus sampun ngaos leres patitis anggenipun suka pola, panyerating pitembungan kawan prakawis sarta panjawabipun ing bab sastra guru, mongka temenipun inggih duka sampeyan lepat

leresing panjawab wau dereng kantenan ing tamtunipun. Wasana bab punika kula mrayogekaken mas kewus karsaha anyaman- takaken dhateng para wigya, menggah ubg ज्या satajtisuoyb derebg saged mratelakaken katranganipun dados teksih dereng dhamang kados sampeyan, lah mila andadosaken cuwa gelanipun ingkang apitaken.

Sinerat ing Sukawati ping 13 wulan Juni ing taun 1868.

Katandhan Mas Jayeng Santika.

=====

Panuwun kula, ingkang klayan kadherek sakathah ing kaurmatan, mugi-mugi panjenenganipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, karsa amacakaken serat kula ing ngandhap punika.

Kula sampun maos serat Jurumartani angka 21 ingkang mawi tondha Gunawan ambek welasan priyantun ing pamulangan negari Surakarta, menggah suraosipun wawangsulane dhateng Kewusnedar ingkang sisilih aran sabab anggenipun animbrung utawi anger-ang-erang dhateng seratipun A.M.

Inggang punika, inggih sakalngkung langkung suka pirenaning manah kula, saha kula angaturi panjurung pupuji sokur ing ngalah dene mas Gunawan kagungan panggalih murihnani amapas dhateng ingkang nama mas Kewus, ingkang sampun melik sampeyan galih taksih tumpang suh pamanggihipun tur inggih sayektosipun. Yen ta mas Kewus wau botena rumaos seling serepipun, sareng tampi serat sampeyan, yen animbang sangking ambek kuwanteranipun, pandugi kula inggal mangsuli, ingkang klayan boten badhe srantos agentosi senen kemis malih. Kula inggih boten pisan pisan maiben dhateng kersanipun ma Kewus ingkang mekaten wau awit saking kabanteranipun boten nateng dhateng

runtuting gendhingipun, inggih purun anandhukaken, nanaging bokmenawi katanggor dhateng satunggiling sujana, ingkang ambek welasan punika, la kados pundi lelejemipun.
Mila ingkang punika boten angejawi saking panuwun kula ingkang mugimugi panjenenganipun mas Gunawan kersaa anglajengaken pambektanipun welasan anyenyampah dhateng para wance-
nan, ingkang sapele paedahipun.
Wehing gusti, wicalan kalih lan sanga sapa welas gusti Allah paring welas sinerat ing kampung Sidareja kaping 5 Juni 1868
Katandhan A.M.

=====

Serat sarta ingkang tabe kaurmatan ingkang kathah-kathah, katur ingkang saudara tuwan Jaspres enko, ingkang ngarang SErat Jurumertani, ing negari Surakarta, ingkang mugiserat kula punika, kapacaka wonten serat Jurumartani.
Kula sampun maos seratipun ingkang nama Natawerdaya, ingkang kapacak wonten salebetipun serat Jurumertani, ingkang punika sanget gumun getun kula ing manah, dhateng keng nama Natawerdaya wau, dene ingkang dados gumun getun kula wau, pun Natawerdaya punika yen kula raos saking ngumuripun kados sampun nama tiyang sepuh, namung sareng kula raos sangknng seratani-
pun kok teksih thole sanget mila kula wetani thole, dene mawi gadhah gumun punapa gegujeng dhateng para priyayi ingkang saweg sami, kagungan kasenengan menawi gumun tetep taksih thole sanget menawi gegujeng tetep boten nalar sanget sang-
king pangraos kula sampun sadaya kimawon boten ageng boten alit mesthi seing sami anggadhahi kasenengan ingkang kalayan

sanget sampun limrah kaprah jimrah sakathah tiyang punika yen saweg remen mesthi mekaten ing donya kados kapenger sadaya, mila yen basanipun ngelmi, kapenging sanget yen tiyang gadhah sasenangan punika, amargi mesthi kenungkul dhateng sedayanipun. Namung sampun boten saged boten mesthi wradin sami gadhahi sasenangan, delasan ingkang para Ambiya tuwin kepara wali, ugi teksih kagungan kasenengan ingkang kalayan sanget yen kula sampun boten gumun utawi malih sampun jamakipun sadaya, ageng alit boten sanes tiyang punika yen wonten griyanipun piyambak boten wonten ketang sepele kumedah sengguh menthengkrang, sampun wonten bebasanipun tiyang punika, yen wonten griya mesthi gumunndhik gundhik laron ing sak punikanipun kula lajengaken anggen kula gumun getun ngungun dhateng thole Natawerdaya wau, punika tetep tiyang tanpa nalar sanget, yen mila tiyang sampun nalar mongka priksa mengaken punika pancenipun malah rumaos bathi sabab sumerep leres lepatipun lelampahan donya punika, piyambakipun lajeng ngamangenget-enget, yen mekaten punika lebet lelampahan kelajeng, amung punika kula sumongga.

Ngayogyakarta kaping 15 wulan Juni taun 1868.

Katandhan pun Yasa Utama

=====

Benjing ing dinten Saptu tanggal kaping 27 wulan Juni punika badhe wonten lelang ing griyanipun Kapitan G.C.R.R. Dhegrap ing Bayalali, menggah ingkang badhe kasade barang dandosani griya warni-warni.

Benjing ing dinten Salasa tanggal kaping 30 wulan Juni punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan A.I. Bonemer ing loji wetan Surakarta, menggah ingkang badhe kasade barang dandosani griya tuwin kajeng, sarta ing wanci jam 10 enjing badhe anglelang pemahan suweng ing Jebres gadhahanipun swargi tuwan C.A. Ponwolsoen.

=====